# МАХ ДУГ

*Паддзахæдтæ бабын вæййынц, сæвзæрынц, хæрзтæй куы нал фæцæуынц, уæд.*

Антисфен



**11**

**2001**





# НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ
ХУДОЖЕСТВЕННОЙ ЛИТЕРАТУРЫ, ПУБЛИЦИСТИКИ


**Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ**

**Редакция:**

Ответственный секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ

Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет:**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ, Фариза ДЗАСОХОВА, Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ, Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ


Владикавказ, 2001

# МАХ ДУГ

## 11 '01

Джиппы уагъд цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

АИВ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ,
ПУБЛИЦИСТИКÆЙЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ


**Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар**

**Редакци:**

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис

Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæйы лæгтæ:**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
ДЗАСОХТЫ Фаризæт, КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал



Дзæуджыхъæу, 2001

НОМЫРЫ ИС:

*УАЛЫТЫ Лаврент.* **Ам булæмæргъ зарыд.** Æмдзæвгæтæ 5

ДЗАНТИАТЫ АНАТОЛИ: 60 АЗЫ

*ДЗАНТИАТЫ Анатоли.* **Гобæ.** Радзырд 14

*ХÆМЫЦАТЫ Албег.* **Хъазыд урс фынчыты мæй.** Æмдзæвгæтæ 30

*ХЪЕСАТЫ Валодя.* **Зæринджын.** Уацау цыбыргондæй 40

*СИТОХАТЫ Саламджери.* **Ирвæзынгæнджытæ.** Радзырд 81

ТÆЛМАЦТÆ

*Хъайсын КУЛИЕВ.* **Рынчындоны сагъæстæ.** Æмдзæвгæтæ 86

КЪУБАЛТЫ АЛЫКСАНДР: 130 азы

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил.* **Æхсар æмæ намысы кадæггæнæг** 97

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

*ХЪАЗИТЫ Мелитон.* Ирон хæзна. Дарддæр 121

УИДÆГТÆ

*ДЗИЦЦОЙТЫ Юри.* **Скифаг-сæрмæттаг-ирон этнографион æмæ фольклорон параллельтæ (III)** **139**

*ДЖУСОЙТЫ Нинæ.* **Ирон фарны артдзæст** **148**

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 159

АРВИСТОН 165

*УАЛЫТЫ Лаврент*

# АМ БУЛÆМÆРГЪ ЗАРЫД

## КÆМ ДÆ, ПОЭТ

Кæм дæ, поэт, уынгæджы бон дæ Ирæн!
Йæ сагъæстæй кæм бафснайдтай дæ сæр?
Æви уыди къæбæрсайæн дæ лирæ
Æмæ фæзарыс джиго-цъиуау сæрд?

Кæм дæ, поэт, нæ тызмæг дуг дæм сиды,
Æви нæ хъусыс дзыллæйæн йæ рыст!
Дæ уды кæд поэты туг æхсиды,
Уæд наронау нæ сæрхъуызойæ сыст!

Ды хордтай ард, ды мин хатты фыстай:
Фыдыбæстæ, дæуæй мын нæй зынаргъдæр,
Дæ лæггæдтæ дын фиддзынæн куыстæй,
Къостайау дын фæцæудзынæн цырагъдар.

Ныр мæнæ, гъе, лæгæвзарæн æрцыд
Æмæ ыскæн рæсттæрхонгæнæг дугæй.
Дæ риуы кæд поэты туг фыцы,
Дæ дуджы сагъæс уæд ныффысс дæ тугæй!

* * *

Кæй нæ вæййы хорз лæгтæ бирæ,
Ысвæййынц нын уымæн зынаргъ.
Æрттиваг хъæндилау мæ Ирæн
Æз иу уысм куы ссудзин цырагъ,

Зæгъин уæд: мæ Хуыцау мæ хорзæн
Ысфæлдыста ацы зæххыл,
Нæу афтид мæ фæндаггон хордзен,
Хуынимæ уæ фынгмæ тындзын.

## ХЪУЫДЫТÆ МÆ ФÆЛТÆРЫЛ

Бæлццæттæ стæм, фæндаджы хорзæх
Хуыцауæй курæм, фæлæ мах
Цы сарæзтам нæхæдæг хорзæй,
Кæм и нæ зондæй конд гæнах?

Цæмæй нæ фидæн уа сæрыстыр,
Цæмæй нæ бабуц уа фыдæл,
Æххуыс кæмæн ыстæм йæ рысты?
Нæ хъал нæ фынæй у фыддæр.

Цæлы фынг агурæм, мах нозтæн
Ыстæм йæ цагъартæ, нывонд.
Цыма нæ мæгуыр удтæн хосæн
Нæ рагфыдæлтæй у нывгонд.

Æрдызт нæ зæрдæтæ, нæ хъуыды,
Нæ бæллиц базырцух, лæхъуг.
Бæргæ нæ райгуырын нæ хъуыди:
Дзæдæлтæй байдзаг ис нæ дуг.

Нæ зонд ныл гадзрахатæй рацыд,
Фæлыгъди афтид сæрæй дард.
Дæлимон систа мах йæ арцыл,
Ныббаста ныл йæ хингонд цард.

Æмæ нæ быдыр у зæрæстон,
Нæ уалдзæг уæлмæрдау æнкъард.
Тындзы, ызгъоры дуг нæ рæзты,
Нæ мæсыг хи дурæй ныккалд!

## ПОЭТ ÆМÆ ХУЫЦАУ

— О Хуыцау, дæ хъæбул куы дæн,
Бахæрон дæ рын.
Сахуыр мæ кæн ацы зæххыл
'Нæ намыс цæрын:

Уый уæзæй мæ зæрдæ риссы...
Уый у, уый, мæ рын...
— Лæппу, бафтыдтай мæ дисы,
Мæстæй дæм мæлын:

Намыс у мæ хуыздæр лæвар
Æмæ дзы хуым тау.
Æви дæу фæнды, мæ хæдзар,
Хорз цæрын хуытау!?

## САУДЖЫН ÆМÆ ПОЭТ

— Хуыцауæй дæ хъысмæт дæ ныхыл и фыст:
Дæ фидæн Дзæнæты уыгæрдæн.
Куыдфæнды куы тæлфа нæ карды бын фыс,
Уæддæр æй нывондæн æргæвдæм.

— Уый раст у. Æз зонын хъысмæтæн йæ тых,
Фæлæ ма лæгæн ис йæхи зонд:
Хæлиуæй куы хæсса æдзухдæр йæ дзых, —
Ыскæндзæн ыл сауджын хæрхидон.

## ХИ СТАУДЖЫТÆМ

Мæ хæлæрттæ, æз ууыл кæнын дис:
Поэзийы йæхи чи уарзы, уыдон
Æппынæдзух цæуыл кæнынц фæдис,
Æви æцæг æрдзæй ысты æвдудон:

Цы хъизæмар нæ бавзæрстой, мæгуыр,
Зындон æмæ дзæнæты æхсæн тохы.

Æлхъивы сæ нæ фыдгулты фæлгуыр,
Уæддæр ысты нæ хæрзиуæгæй рохы...
Фæлæ сын æз мæ рæстдзинад зæгъын:
Нæй иуæн дæр уæлдайаг уд зæххыл.

Поэзи у сыгъдæг удты æлдар,
Æмæ йæ уарзт цы зæрдæйы æвзæры,
Ысвæййы уымæн барвæндæй бындар,
Йæ кад, йæ уарзт ын булæмæргъау зары.

## ЗÆРОНД БИРÆГЪ

Æз, зæронд бирæгъ, нал дæн тæссаг
Фыстæн, хъуццытæн, бæхтæн.
Уæ тæхудиаг, чи мары саг,
Стæры кæй хæссынц йæ къæхтæ!

Тархъæды-иу хуыдтой мæн бырдæн.
Уыд рæстæг æмæ худтæн æвзæртыл...
Фæлæ уæрыччы тыххæй ныр дæр
Æз фæцагаин авд хохы сæрты.

## АРФÆ

Бузныг, хъæды маргъ,
Ды мæм къалиуæй авдæнмæ зарыдтæ,
Уыдтон дæ мæ фыны
Æхсæв уа,
Йе боны рæбыны,
Ыстæй-иу куы цыди
Фæззыгон уарынтæ,
Уæд-иу дæм æхсайдта мæ зæрдæ.
Бузныг, кæй мæ кодтай ахуыр
Тæхын дæр, зарын дæр.
Æз дæу фæзмгæйæ
Бон уа, æхсæв уа
Мæ зæрдæйы сагъæстæ зарыдтæн;
Суадонæн – арфæ:
Куы-иу дзы нуæзтон, –
Кастæн-иу джихæй йæ арфмæ,
Уыдтон дзы стъалыджын арв дæр.
Æмæ мын-иу кодта йæ тарфæй,
Йæ хæл-хæлæй аргъау,

Йæ сатæгæй тахтæн
Сусæны тæвды дæр маргъау.
Йæ сыгъдæг мæ риуы фæхастон æз дисæн,
Уымæй æхцон уыд мæ удæн.
Мæн чи зоны, уыдон,
Мæн чи уарзы, уыдон — æвдисæн;
Зæрватыкк, бузныг!
Хæс фидауы йæ фыстæй:
Иу æмæ дын дыууæ хатты
Нæ байтыгътон рудзынг
Мæ уатмæ, мæ тыргъмæ:
Хуыцаумæ ды хастай
Тыхст лæгæн йæ фыстæг
Ыстъалыджын арвы тыгъдадмæ.
Уый дæр куыннæ,
Фæлæ дын бузныг:
Ахуыр нæ кодтай амайын, аразын
Цæрынæн хæдзар,
Адæмæн уымæн дæ уарзон, хæлар!

## НЫФСДЖЫН ЗÆРДÆ

— Зæрдæ, зæрдæ, хъæуы мæ дæ хорз:
Кард кæм райста мæ хъысмæт.
— Уымæн иумæ ыскæндзыстæм хос, —
Уæд хъуынджындæр дæ нымæт.

Мæн лæгдзинад нæ ныууагъта рох:
Ис йæ цæхæр мæ уды.
Уый алантау ныхъхъæр кæны: тох!
Æмæ ме знæгтыл худын.

## СÆНТТÆ

Цæй , цы зæгъон ныр мæ цардæй, —
Хорз, фæндиаг нæу.
Мæн нæ батавтай дæ артæй,
Не ссардтон æз дæу.

Уд ысфæлмæцыд фæлывдæй,
Нæй йын, нæй, æнцой.
Урс цинты кæмæ бæллыдтæн,
Чи у уый, кæцон!?

Æви нæй зæххыл йæ кой дæр,
Нæу нырмæ цæттæ.
Йе фæцыд æндæрмæ моймæ,
Йе цæгъдын сæнттæ?

Фæндаг кæд дæумæ нæ хоны,
Уæд цы у мæ цард!
Уæд мæ хуыцæутты тæрхоныл
Бафтаудзынæн арт.

Уд куынæ сæмбæла удыл,
Уæд зындон у цард:
Зæрдæ дзы дзыназы, дуды,
У цæрдудæй мард.

## АМ БУЛÆМÆРГЪ ЗАРЫД

Мæй арвæй хъуынтъызæй, æнкъардæй кæсы,
Йæ дæллагхъуыр мигъы бындзгуытæ лæсы,
У æхсæв цæмæндæр ингæнау æдзæм,
Кæд мæйы зæрдæйы дæр сагъæс ысцæм!

Ныгъуылийау хъамылы уахъæз нымбæхст,
Дæ хъуымбыл дзыккутæй нæ хъазы:
У, чи зоны, уый дæр дæ митæй æргъæфст,
Нылхъывта йæ зæхмæ дæ азым!

Мæ дыргъдоны бамынæг уардиты арт:
Дæ дзыккуты хæрздæф нæ мысынц…
Ам булæмæргъ зарыд, мыййаг, кæд фæмард, —
Йæ æрдхæрæн зарæг нæ хъуысы.

Мæй зæхмæ æдзынæг, æнкъардæй ныккаст,
Йæ уадултыл — мигъы бындзгуытæ,
Цыма дын дæ цæсгомыл дымгæ æваст
Ысцагъта дæ хъуымбыл дзыккутæ.

## УАРЗТЫ РУХС

Ды дæ мæ цæсты рухс, мæ цардæгас ыстъалы,
Дæ иунæг бакастæй фæдис кæны мæ туг.
Дæ сонт рæсугъддзинад мæнмæ йæ сæр нæ дары, —
Уæддæр мын дудаг рис хæссы дæ цыбыр дуг:
Кæд федтай уый, æмæ уа адæймаг æнусон,
Рæвдауа розæты сæ рагуалдзæгау хур.
Бæгуыдæр, хъал дæ ды дæ æвзонг буары рухсæй,
Æмæ дæ зæрдæ у мæ утæхсæнмæ дур.
Уæд та ма иунæг хатт дæ дидиндонмæ бакæс:
Цъæх уалдзыгон райсом куыд фæкалы цæхæр.
Фæлæ йæ бадомы хъуынтъыз фæззæджы сагъæс,
Йæ æдзард риуыл ма æркъул кæны йæ сæр...
Ис ацы арвы бын, ис хурæнгæс чызджытæ
Æмæ сæ хъал дæр у, кæйфæнды дæр сæ хон.—
Уæддæр æй зонæм мах: æрцыдыстæм сыджытæй
Æмæ нын уый кæны нæ фидæнæн тæрхон.
Уæдæ хæрз дыдзы дуг нæ бæрны сты нæ удтæ,
Æмæ хуынæн хæссæм кæрæдзийæн нæ рухс.
Æз зонын уый, æмæ фæлмæн мидбылты худтæй
Кæны æнæкæрон чызджы цыбыр æнус!

* * *

Мæ зæрдæйы ды амардтай дæхи,
Дæхи дзы айс, мыййаг дын нæу ингæн.
Ды басыгътай мæ удмæцæуæн хид,
Æндæры уды ныр дæ мард ныгæн.

Мæ зæрдæйы ды амардтай дæхи.
Дæхи сæрыл æртыхсти ныр дæ хин.

## УЫЦЫ ЧЫЗГМÆ

Нырма дæр дæ мæ сонты бонтау уарзын,
Дæ иунæг коймæ фестъæлфы мæ уд.
Мæн бадомдта дæ сау цæстыты хъазын,
Мæн фесæфта дæ уарди былты худт.

# ДЗАНТИАТЫ АНАТОЛИ: 60 АЗЫ



Кæмфæнды уон, ыстыр Хуыцауæй курын:
Мæ амонд дæр ма уыцы чызгæн ратт:
У булæмæргъы зарæгау йæ худын,
Æвдадзы хос — йæ судзгæ былты ад.

Æрмæстдæр йемæ зарыди мæ зæрдæ,
Æрмæстдæр уый мæ риуы ссыгъта арт.
Æрвыстон йемæ амондджын изæртæ,
Æмæ кæд ныр мæнæй фæлыгъди дард,

Уæддæр йæ фæлгонц мысинаг æрхæссы,
Æдзух уынын йæ сау цæстыты хъазт,
Æмæ та хур мæ зæрдæмæ ныккæсы,
Æмæ та риуы ног ыссудзы уарзт.

Цы уыди мæн, уый нал уыдзæн æндæры,
Дыууæ хатты кæд кæй басыгъта арт.
Мæн чи бауарза, уарздзæн уый æндæргы,
Мæн чи бауарза, бауарздзæн уый мард.

## ВÆЙЙЫ МА ÆВЗÆРДÆР

Хуыцауы тæрхæттæ нын не сты зындгонд,
Нæ нын цæуынц фæндæгтæ амынд.
Дæ амонд дын фестдзæни райсом зындон,
Дæ зындон дын раивдзæн амонд.

«Дæн амондджын», — ма дзур: у хæйрæг къæрцхъус,
Дæ амондæн сæфы йæ хуыз дæр.
Дæлимоны фæндтыл ныллæудзæн дæ ус:
Дæ ус у йæ хотæн сæ хуыздæр.

Уæдæ ма ис иунæг ирвæзæн фæрæз:
Дæ куырдадзы бахсид дæ зæрдæ.
Дæ цины бон цин кæн, дæ хъыгæн фæраз:
Зæгъ афтæ: вæййы ма æвзæрдæр!

# ГОБÆ

*РАДЗЫРД*

Сагъуыд мыл æмæ ныр цалæмдæр хатт фæд-фæдыл уыцы иу фын уынын: цыма дын уæлхох уыгæрдæны дидинджыты астæу уæлгоммæ хуыссын. Æмæ дæн кæддæры æвзонг лæппу, æнæсагъæс æмæ æнæмæт — рогуæнг, рогзæрдæ... Сæгъы цæстау сыгъдæг цъæх арвы къуырфы æнæрынцойæ зилдух кæнынц хъандзалбазыр цæргæстæ, мæ алыварс та, дидинæгæй дидинæгмæ пæррæстытæгæнгæ, сæ дыв-дыв цæуы дыдынбындзытæн. Уалынджы дын мыл — кæцæй фæгуырд, уымæн ницы æмбарын — йæхи цыдæр æнахъинон цæрæгой куы æрбауадзид! Йæ сыкъатæ — дыкъухыг сагойы хуызæн, нырræхойынæввонгæй мæм сæ ныттынг кодта, дынджыр тарбын цæстытæ æмæ йын æнахуыр пака хъустæ. Стæй мын йæ мукъутæ комкоммæ мæ цæсгоммæ 'рбахаста, куыддæр мæм хæларзæрдæйæ бауасыд æмæ мын мæ рустæ сдæрынмæ фæцис. Йе 'взаг куыд дæрзæг у, уый дæр æнкъарын æмæ, уыгæрдæны дидинджытау ын куыд сæнтсырх у, уый дæр уынын.

Æмæ йæ уæд базонын:

— Мæнæ ма нæхи Гобæ!

Фын æрбайсæфы, цыдæр æрбавæййы, мæнæ арвæрттывдæй æхсæвы тар куыд ныррухс уа, уыйау ныррухс вæййы мæ зæрдæ дæр:

— Гобæ, нæхи Гобæ...

Кæд уыдис уый, кæд — йæ арвыл иу къæм дæр кæмæн нæй, уыцы сабидуг кæд уыдис? Номгæнæгæй, номхæссæнæй та йын мæ зæрдæйы нæ гуымыдза хъуг Гобæ баззад — Гобæ нын сфидауын, схуызæнæн кодта нæ сабибонтæ, йæ сурæтимæ сæ мыггагмæ сбаста, афтæмæй йæ мах та... Мах та йæ...

Арфæйагæй уæлдай ма Гобæ нæ зæрдæты баззад æнусон уайдзæфау, къæмдзæстыджы хосæн — æнæнхъæлæджы йыл фыдæй кæй рацыдыстæм, гадзрахатæй, уый нын нæ бары, нæ нын æй хатыр кæны. Æмæ йыл æцæгæй дæр гадзрахатæй кæй рацыдыстæм, уый мæнæн абон, бирæ азты фæстæ, уæлдай бæлвырддæр у...

Уæрдæхбыд ставд гæнбæндæны кæрон мæ фыды къухтæй айста дæлæмæдзыд къуызыппа лæг, æмæ уæд Гобæ дæр, æрмахуыр хайуан куыд уисæнгæнаг вæййы, афтæ коммæгæсæй, ноджы уæздан æмæ хиуылхæцгæйæ, фæраст æцæгæлон адæймаджы фæдыл. Йæ фæстаг къæхтæ дæр сæ рагон ахуыр нæ хæлдтой: дурдымст егъау фæздон сæ хæлиувадæй цæуыныл фæцалх кодта... Стырæй та ахæм стыр уыд фæздон, æмæ-иу йæ сырхбын фæдджыты сæхи зæххыл ахафынмæ бирæ нал хъуыд.

Къуызыппа хъуджы фарсмæ сирæгау уад — йæ уæлæ æфсæддон хæдон æмæ галифе, галифейы фадгуытæ, сæ фырдæрдджынæй, сæ фырзæрондæй чи фæурсдзæфтæ, фæлæбырдхуызтæ, ахæм цырыхъхъыты хъусты тъыст.

Хъуг цыма йæ рагон бæрæг фæндагыл бафтыд, уыйау йæхигъдауæй цыд — нæдæр æй тæрын хъуыд, нæдæр сыфцæй тыхласт. Дæлæмæдзыд лæг æмæ хъуг кæрæдзимæ, дардæй кæсгæйæ, æппындæр ницы бар дардтой — алчи дæр сæ йæ фæндагыл цæуы, лæджы къухы цы бæндæн уыд, уый иу хатт дæр нæ айтынг, нæ аивæзт, зæхмæ уыцы æмхуызон зæбулæй лæууыд. Ноджы ма афтæ фенхъæлæн дæр уыд, æмæ лæг нæ кодта хъуджы йæ фæстæ, фæлæ йын йæхи ласта хъуг йæ фæдыл — фæндаг ын амыдта...

О, афтæ æрмæстдæр фенхъæлæн уыд, æцæгдзинадæй та, чи зоны, æмæ нæ хæдзардарæг стур уынгæн йæ фисынмæ тындзыдта: мах цæстытæй тагъддæр фæауuон уа, тагъддæр æмæ — мыггагмæ...

Мæ хистæр хо Альбинæ, цыма йе 'мбал чызджытимæ æмбæхсджыты хъазы, уыйау, йæ цæстыты уæлтъыфалтæ йе 'нгуылдзтæй нылхъивгæйæ, куыд лæууыд, афтæ дын кæстæр хо Розитæ скæуынæввонг хъæлæсæй куы бакæнид:

— Уый нæ бæсты дæр æфсæрмæй судзы, нæ бæсты!

Æз æм фæстæрдæм фæзылдтæн — лæугæ мæ чъылдыммæ кодта, — æмæ йын йæ цæссыгтæ куы ауыдтон, уæд мæ риуы цыдæр сæлхъывта, мæ зæрдæ цæхгæр срысти.

Гобæ уыд хохаг хъуджы хуызæн дæлæмæдзыд, цыбыркъах, фæлæ уыйхыгъд сæвджынтæ, домбай адæймагау мæкъуыстæгджын. Йæхи дæр уыцы уæздан дардта, рæгъауы хъуццытимæ нæ хыл кодта. Нæ хæдзаргæс куыдз Силæм-иу йæ алыварс куы ссиллæг ахъазынмондагæй, схудынæввонг цъæлрæйдгæнгæ, уæддæр æм-иу Гобæ нæ фезнæт, æрмæст-иу йæ сæр ныллæг æруагъта æмæ-иу æм йæ сыкъатæ фæцарæзта, макæ, науæд дæ иуварс фехсдзынæн, зæгъгæ. Сыкъатæ зæгъын, фæлæ йын цæй сыкъатæ уыд, цæй — афтæ цыдæр æнæбары къуызыртæ: гобæ цы вæййы, уый уыд, ома хæрз гуымыдза!

Мæхи кæдæй зонын, уæдæй фæстæмæ хъуыды кæнын Гобæйы дæр. Йæ размæ нæм, хæдзар хæдзары хуызæн цæмæй вæййы, ахæмæй æрмæст Силæм æмæ ма иу дæс карчы уыдис. Гъемæ нæм Гобæ куы фæзынд, уæд ыл æртæ æнахъом сывæллонæй афтæ тынг сахуыр стæм, афтæ æнувыд ыл систæм, мæнæ раст исты æнæмæнгхъæугæ дзаумайыл куыд сахуыр уай, уыйау — иудадзыг дæр дæ цæстыты цур уыд, ис æмæ æнæмæнгæй уыдзæни. Фæлæ, гъа, нал ис, зæгъгæ, уæд та дуне фæкъахыр вæййы, зианæрцыдау дæ цыдæр фæхъæуы, стыр æхсызгон цæмæйдæр бавдæлон вæййыс...

Сæумæраджы-иу æз Гобæйы хъоммæ атардтон, ахæццæ-иу æй кодтон горæтгæрон быдырмæ — нæ сыхбæстæ иууылдæр сæ фос ардæм æмбырд кодтой æмæ-иу сæм сæ цæст дардтой, цалынмæ-иу хъомгæс нæ фæзындис æмæ-иу сæ уый бæрны нæ бакодтаиккой нымадæй, уæдмæ. Уый-иу йæ даргъ ехсæй уæлдæфы цалдæр гæрахы фæласта, стæй-иу рæгъау йæ разæй айста хизæнуатмæ. Фæлæ изæрæй Гобæйæн йæ размæ цæуын нæ хъуыд — хæдзар-иу йæхæдæг бацагуырдта, рæгъауимæ фæхизыны фæстæ ма-иу алы фæсвæдты кæрдæгдзуан куы 'рзылд, уæд. Æфсæстæй-иу горæты уынгты уыцы сæрбæрзонд æмæ хиуылхæцгæйæ æрцæйцыд, йæ кад æмæ йæ рад чи зоны, ахæм удгоймагау — алы дзæгъæлрæйæг куыйтæ, алы хæдтулгæтæ-йедтæ йæм нымады дæр не сты, мур дæр сæ ницæмæ дары! Нæ кулдуары гыццыл дуарыл-иу, тыхтæйамæлттæй æрбамидæг, афтæ тынг-иу ныннæрсти кæрдæгæфсæстæй. Йæ дынджыр фæздон дæр-иу афтæ ныддымст, æмæиу ын лæг старсти, ныртæккæ йын атъæпп ласдзæни, зæгъгæ.

Нæ мад æй бон дыууæ хатты дыгъта — сæумæрайсом æмæ изæрæй. Уæды заман, ай-гъай, никæмæ уыд уазалгæнæн, æмæ-иу ногдыгъд æхсыр мад нæ талынг æмæ сатæг ныккæнды сæвæрдта. Куыддæр-иу уым чысыл алæууыд, афтæ-иу йæ уæлæ æхсырысæртæ фæзынд, сойджын цъар! Хæдзары цыдæриддæр скæнæн ис æхсырæй — æхсырыцъæрттæ, мисын, цыхт, нæлхæ, царв — уыдон нæм æдзухдæр уыдысты, нæ ихсыдысты, иннæ ахæм нæм сылы дæр дзæгъæлы никуы сæфти: нуазгæ дæр æй кодтам, стæй-иу куы стуаг, куы схуырх, уæд та нын дзы-иу нæ мад нæ сæртæ цæхсадта. Раздæр-иу дзы йæхи сæр ныхсадта, цыма-иу махæн ныфсытæ æвæрдта, уыйау: мах тынг зивæггæнгæ разы кодтам хуырхæй нæ сæртæ 'хсын — туаг хуырх цæстытæ фæкъахы æмæ фæдудынц, фæлæ-иу уый фæстæ дзыккутæ æнахуыр фæлмæн æмæ лæгъз уыдысты. Цыллæ раст, цыллæ! Стæй-иу цæхæртæ калдтой, поджы ма-иу кæнк дæр фесæфт дзæвгар рæстæг...

Æхсыр дæр не 'ппæты зæрдæмæ нæ цыд — мæ хотæ-иу сæхи сæнцъылдтæ кодтой, тыхнызтæй дзы кæд банызтаиккой, æндæр æй сæхи дзыхæй никуы бацагуырдтой, фæлæ дзы æз та бафсис нæ зыдтон, мацы мын ратт, æрмæст мын æхсыр уæд! Уазал кæрдзын куы бассæндай тæвд æхсыры, уæд ма уымæй хæрзаддæр хæринаг, цымæ, зæххыл ис?!.

Ногдыгъд æхсыр-иу афтæ хъарм уыди, раст æй цыма мæнæ ацы сахат уæлкъæйæ райстæуыд, уæлартæй. Мæнмæ та-иу афтæ дзырдта мæ зæрдæ, æмæ æхсыр Гобæйæн йæхи мидæг схъарм, ома бон-изæрмæ хур Гобæйы куы фæтавы, уæд æхсыр дæр хурæй йæ хай райсы, хуры ад дæр ма цыма скæны...

Хуры ад, зæгъгæ, мын æнахуыр загъд у, фæлæ мæм-иу æцæгæй дæр афтæ касти, стæй ма-иу мæ былтыл кæрдæджыты тæф дæр уад, уыимæ-иу æхсыр кæд æмæ кодта Гобæйæн йæхи тæф дæр! Уæдæ мын хъуг йæхæдæг та æхсыры тæф уайын кодта мæ зæрдыл.

Афтæ дæр загътаис, æмæ Гобæйæн йæ иунæг амонд æрмæстдæр уый у, цæмæй хорз фæхиза сойджын уыгæрдæнты, сынæр дзæбæх сцæгъда æмæ сæрмагондæй махæн æхсыр кæна — рæдауæй, æнæвгъауæй... Изæрæй-иу тæккæ кæртыдуарæй æрбауасыд, мæнæ уын дæн, уæ бинонты ахсджиагдæр, зæгъгæ, стæй-иу уыцы хъуыддагхуызæй комкоммæ йæ кæвдæсмæ бараст æмæ-иу фæстæмæ сгаргæ кастæй ракаст: кæм фæстиат кæнæс, æфсин, мæнæ дæ изæры догъ мæ мидæг дарын куы нал

фæразын, уæд! Уыцы сахатыл-иу Гобæ уæлдай тынгдæр кодта æхсыры тæф, мæнæ хурджын фæззæджы дыргъдоны рæгъæд фæткъуытæ куыд байдзаг кæнынц уæлдæф сæ диссаджы æхцон тæфæй, афтæ.

Нæ мад Гобæйы бинонты дарæг æмæ ныфс хуыдта. Куы-иу æм зылди, хæринаг ын-иу куы лæвæрдта, уæд-иу йемæ, зæрдæйæ зæрдæмæ дæ хорз чи 'мбары, ахæм адæймагимæ куы дзурай, уыйау дзырдта.

— Æ, мæ хур акæнай, кæд ды нæ хæдзардарæг дæ, уæд! Æнæ дæу мах куыд уаиккам, цы уаиккам, мæ къона?! Ауыил, ауыил, мæ зæрдæйы уидаг, дæуæн де 'хсыр дæ фæздоны нæй, фæлæ де 'взаджы кæрон ис! Иуæй=иу йæ дарæг стурæн ницы буц хæринаг авæрдзæн, афтæмæй та дзы хъæстаг вæййы, къæртайы дзаг нын нæ дæтты æхсыр, зæгъгæ. Æз, Гобæ, райсомæй куы сыстын, уæддæр дæуæн кувын æмæ фæсахсæвæр, мæхи куы руадзын, уæддæр дæу тыххæй ныллæгъстæ кæнын не 'ппæты сфæлдисæгæн, цæмæй дæ алы рын æмæ сонæй хиза, мæ дуне!

Гобæ-иу æм æнцад, фæлæ зæрдæрайгæйæ хъуыста, йе 'фсæртæ та-иу сæ куыст кодтой, йæ егъау хъулон цæстытæ-иу алырдæмты разил-базил систой, ноджы уыцы хъуыдыдзастæй — Хуыцау мæ амарæд, кæд-иу ын уыцы сахат лæг йæ цæстæнгасæй не старст бар-æнæбары дæр! Æмæ йын, уæвгæ дæр, цы бæрæг и: кæд мах стæм фосы цæсты æцæг фос, уæд та?..

Иуахæмы дын хъуг хизæнæй иунæгæй не 'рыздæхт, фæлæ 'мбалимæ — сау-сауид æбуалгъы стыр богъимæ. Йæ мукъутæ йын цыма исчи мидæмæ фæхоста, уыйау цыбыр æмæ йын ставд уыдысты, фæлæ йæ сыкъатæ та даргъ æмæ æрцытау цыргъ — йæ балгъитæг дæр-иу уыйау фæуæд, уыдоны ахасты чи бахауа, уымæн!

Богъ Гобæйы фæстæ æмцыд кодта, смыста йæм, стæй та-иу ыл сгæпп ласта æнæнхъæлæджы рогæн æмæ-иу йæ раззаг къæхтæ хъуджы рагъыл авæрдта, цыма-иу æй сбынæй кæнынмæ хъавыд, йæ быны нынныордынмæ, уыйау. Богъæн йæ фындзы ахæм дынджыр цæг тъыст уыд, æмæ айдагъ йæ уындæй дæр лæджы зæрдæ мæгуыр кодта. Йæ сау-сауид буар сойæ сæрстау цæхæртæ калдта, йæ цармы бын удæгæстау змæлыдысты къуызыртæ здыхт нуæрттæ — уыдонмæ кæсгæйæ йын йæ цæгыл нал хъуыды кодтаис тæригъæдгæнгæйæ, фæлæ разыйæ загътаис,

ацы джауырæн, ацы уæгъуырæн цы хъуыд, уый йын сæрæн лæппутæ йæхирдыгæй дзæбæх куы фæкодтой, зæгъгæ...

Гобæ йæ ных йæ ирвæзынгæнæг дуармæ сарæзта, куыд фæкæны, афтæ йæ йæ сæрæй бацавта æмæ тыхамæлттæй фæмидæг. Богъы дæр, йæ хæдфæстæ куы фæкуыси уаид, уый бæргæ фæндыд, фæлæ стыр дуармæ фидаргонд æндон хъандзал гыццыл дуар фæстæмæ уыциу тъæпп ракодта, æмæ богъы хæмхудтыл ахъаззаджы хафт сæмбæлд — уый фæуыргъуыйау, хорзау нал фæцис: дзыхълæуд фæкодта æмæ рохстæй каст æнæнхъæлæджы цæлхдурмæ.

Дыккаг бон дæр та нæм богъ изæрæй саккаг кодта, фæлæ ныр цæмæндæр Гобæйæ фæстæдæр фæзынд. Уæдмæ хъугæн йæ кæвдæсы бастæй æнтыды къæрта фæдæле — йе 'рвылизæры буц хай. Мах та сыхы лæппутимæ нæ тæккæ хъазгæйæ уыдыстæм нæ рудзгуыты бын. Никелытылд къори бæрæг ранæй зæххыл асхой æмæ хъуамæ, уымæй размæ йын йæхицæй асфальты цы дзыхъхъытæ скодтам — къори дурæй хой, цалынмæ йæ быны дзæбæх нæ ныкъкъуырф ис, уæдмæ, — уым ныххауа. Къори мæ тулыны рад куы 'рхæццæ, уæд дын кæсын, æмæ мæ цуры цъиузмæлæг дæр нал аззад, — лæппуты цыма зилгæдымгæ фæхаста, уыйау æрбацыдæр сты. Цы 'рцыд, цы сыл амбæлдис, уымæн ницы æмбæрстон, цалынмæ æз дæр уыцы богъоли-маммы не суыдтон, уæдмæ. Фисынæй куыддæр разынд, афтæ махырдæм æрлæвæрдта цыппæрвадæй — æмæ уыцы удæгас хох згъоргæзгъорын йæ уæрджытæм куыд нæ ныгъуылди зæххы, зæхх æй куыд урæдта, уый дæр æнæдиссаг нæ уыди! Мæ фыртæссæй дуарыл дæр нал, фæлæ нарæг фæйнæджытæй конд быруйы сæрты уыциу тæррæст бакодтон — æндæр уавæрты мын йæ сæрты бахизын æнцонты нæ бантыстаид... Фæлæ быруйы фале дæр мæхи æдасæй не 'нкъардтон, æмæ ма мæ сæр уый æрцахста, æмæ кулдуармæ быцæу ацарæзтон. Богъ уæдмæ мæ тæккæ комкоммæ лæууыд, йæ бакастæй дæр лæгыл тас æфтыдта. Уалынджы айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ йæхи кулдуарыл æрбауагъта, йæ сыкъатæй йæ æрбамыхъхъытæ ласта — дуарæн йæ тæригъæддаджы къæс-къæс ссыди, баурома йæ, ууыл мæ зæрдæ нал дардтон.

Цыма барæй афтæ рауад, уыйау нæ фыд дæр хæдзары нæ уыди. Мад Гобæйы скъæты фæмидæг кодта, дуар ыл сæхгæдта, махæн та карзæй ныффæдзæхста, къæсæрæй дарддæр нæ иу дæр йæ фындз куыд нæ адара,. афтæ! Мах рудзгуытыл баныхæс-

тыстæм æмæ иуæй диссагæн, иннæмæй та удаистæй кæсæм æррадзæф богъмæ. Уый йæ раззаг сæфтджытæй зæхх хойы, цæф сырдау богъ-богъ систа, йæ донгæмттæй бæзджын урс фынк кæлы. Мæ хотæ мады баййардтой, ай цы бæллæх у, нæ сабыр Гобæ уыцы знæт сырдæн уагæр йæ зæрдæхудты цæмæй бацыд, уый ма нын бамбарын кæн, зæгъгæ. Уый дæр сыл йæхи сцагъта, æдылы фæрстытæ мæ ма кæнут, уартæ уæхицæн æнцад уæ чындзытæй хъазут, науæд, дам, уын... Фæлæ йæ куы нал æмæ нал уагътой, уæд сын загъта:

— Æппындæр дзы диссагæй ницы ис! Дзæгъæлы мæм ныууырдыг стут, — йæ хъæлæс фæфæлмæндæр, фæуæзбындæр. — Уæйыг богъ у, уæйыг богъ æмæ, йæ тых цы фæкæна, уый нæ зоны — йæ хъал ныл калы, хъазы йæхицæн...

— Уанцон хъазт нæу уый! — фæкодта Розитæ. — Чысыл ма бахъæуа, нæ кулдуар нын йæ сæрыл ма 'рбахæсса! Ныртæккæ нын æй ныддæрæн кæндзæни дæлæ!..

Уалынджы арв æвиппайды æрбахгæдта, кæцæйдæр нæ хæддзу уазæг богъайы хуызæн сау мигътæ знæтæй æрбагуылф кодтой, арвырæхыс цæхæртæ акалдта, хус гæрæхтæ фæцыд, æмæ сæ цæлхъæй зæхх хæрдмæ фесхъиудта. Сæхкъæвда ныккалдта æмæ, цыма богъæй мах мæстытæ иста, уыйау ыл уарын йæ мин ехсæй ралæууыд хъæлдзæг дзæхст-дзæхстæй. Фæлæ уый богъмæ нымады дæр нæ уыд, чи зоны, æмæ ма йæ фыцгæ тугæн æрвон уазал æхсæрдзæн æхсызгон дæр фæци. Куыд лæууыд, афтæ, йæ цыппар сæфтæджы зæхмæ ныббыцæугæнгæйæ, æнæфенкъуысгæйæ сау айнæг къæдзæхау лæууыд æмæ йæ туджызилæг цæстытæй кулдуармæ дзагъырдзæстæй касти — зæххон цæрæгойы хуызæн дæр нал уыд тæрккъæвдайы астæу, уарыны бынмæ, фæлæ аргъæуттæй рафтгæ цыдæр тæрсæн, æнахуыр сырд, сау згъæрæй конд.

Æхсæв йæ бартæ иста, æмæ уый адыл богъы æндæрг цадæггай ныгъуылди мæйдары, стæй дзы бынтондæр атади, сиу йемæ. Чи зоны, афонмæ цæугæ дæр акодта, зæгъгæ, дæр загътаис, фæлæ та-иу арв куы ферттывта, уæд та кæс, æмæ далæ раздæрау уыцы æнæфезмæлгæйæ лæууы, цыма йæ мидбынаты æндзыг бацис, уыйау. Богъ кæй у, уый бæлвырдæй куынæ зыдтаис, уæд æй сау мæры обау фенхъæлдтаис — цæхæрадоны акалынмæ йæ 'рбаластой...

Иу хорз, æмæ нæм уæдæй фæстæмæ йæхи никуал равдыста, не 'мгæрæтты дæр никуал ауад. Иу æртæ мæйы аивгъуыдтаид, æмæ дын Гобæ нæрсын райдыдта.



*Анатолийы бинойнаг Екатеринæ æмæ сæ дыууæ чызджы — Бертæ æмæ Эолæ.*



*Анатолийы æфсымæр Юри, зындгонд нывгæнæг.*



*Анатоли æмæ йе 'фсымæртæ Измаил æмæ Марат.*



*Дзасохты Алыксандр, Гергиты Валери, Дзантиаты Анатоли.*



*Дзантиаты Анатоли, Дзасохты Алыксандр, Цыбырты Людвиг, Ӕрчъегкаты Аслан.*



Данийы сæйраг горæт Копенгагены.



Дзантиатæ: Игорь, Хъазыбег, Анатоли.

— Æвæццæгæн, сойджын кæрдæгмæ баирвæзт æмæ дзы йæхимæ фæкæсы дзæбæх, — хъуыддагæн йæ бæлвырд зонæг йæхи акодта Розитæ.

— Уæдæ ма кæд бафсæддзæни цъæх кæрдæгæй, ацы фæстаг хур бонты ма йын куынæ бантыса, уæд! — йæ былтыл хинæйдзаг худт хъазыд, афтæмæй загъта нæ мад дæр. Цæмæн афтæ худт, уый та мах фæстæдæр бамбæрстам...

Куыд фæстагмæ уыйбæрц фæцыди Гобæ фæйнæрдæм, æмæиу гыццыл дуарыл йæ бон бацæуын нал уыди, кæртыдуар ыниу бахъуыди гом кæнын. Цы гæнæн ма уыди нæ мадæн дæр æмæ нын æй бамбарын кодта, хъуг иу кæрдæгхæрдæй дæр кæй нæ дæнгæл кæны, фæлæ йын род кæй гуырдзæни. Махмæ бакæсын диссаг уыди: фыццаг фæкуыддæрау стæм, гъестæй нæ хъæр, нæ хъыллистæй бæстæ нæ сæрыл систам, нæ мад ма йæ хъустыл дæр ныххæцыд, йæхицæн бакъуырмайæ старсти. Уæдæй фæстæмæ æрхъæцмæ нал хъæцыдыстæм, Гобæйæн род кæд фæзындзæни, зæгъгæ.

Уæддæр нæ уыцы хабар æнæнхъæлæджы æрæййæфта, ноджы ма кæд æрцыд æмбисæхсæв. Нæ мад-иу йæ хъус куыд нæ дардта скъæтмæ æмæ цыдæр æгъдауæй айхъуыста Гобæйы нæтын, фестади, бауад æм, стæй фыды дæр райхъал кодта. Æз кæддæриддæр къæрцхъусæй фынæйгæнаг уыдтæн æмæ фехъал дæн сæ ныхæстæм — мад куыд фæдисон, куыд удаист хъæлæсыуагæй дзырдта, уымæ гæсгæ мæ зæрдæ фæкъæпп ласта: æллæх, цыдæр фыдбылыз ныл æрцыди!..

Фыд йæ уæлæдарæс тагъд-тагъд акодта, æмæ дыууæйæ дæр скъæтмæ атындзыдтой. Мæн ма дын æфсæн рæхыстæ дæр баурæдтаиккой — сæ хæдфæстæ уым балæууыдтæн. Æдас, айгъай, нæ уыдтæн, тарстæн, ныртæккæ мæм дзы фыд дзæбæх æрдæтдзæни, зæгъгæ, фæлæ мæм кæд кастысты, уæддæр мæ нæ уыдтой — мæнмæ сæ не 'вдæлди. Фæтæген цырагъы дзирдзургæнæг рухсмæ — мад ыл хæцыд, йæ къух размæ бадаргъгæнгæйæ, — скъæты къуымы Гобæйы ауыдтон, йæ фарсыл æнарæхст хуысгæйæ. Раздæр фенхъæлдтон, мады фæдис цыдæр цъиувæдис уыд, ницы ахæмæй æрцыди хъугыл, зæгъгæ, фæлæ йæм лæмбынæгдæр куы бакастæн, уæд ын тæригъæд дæр ма фæкодтон: Гобæ ахæм хуызы фæлдæхтæй хуыссыд йæ фарсыл, раст цыма йæ къæхтæ йæхи бар нал сты, цæхгæр саст ын фесты, науæд та æппындæр йæ коммæ нал кæсынц æмæ сыл нæдæр йæ бон сыстын у, нæдæр æнцад æмæ фидарæй лæууын...

Ноджы ма йæ дынджыр хъулон цæстытæ ахæм тæригъæддаг хъизæмайраг уыдысты, лæгъстæйаг куыддæр, æмæ мæ зæрдæ æмбойны æрбауынгæг.

— Фосыдохтырмæ нæ ма бахъæуа бадзурын... Род фæлдæхтæй гуыры, йæ къæхтæ фæразмæ сты, — саст хъæлæсæй загъта мад, цыма йæ Гобæ куы фехъуса, уымæй тарст, уыйау. Фæлæ Гобæ, мады хъæлæс афтæ удаист кæй у, уымæй дæр æмбæрста, йæ уавæр сæ хæрзтæй кæй нæу, уый.

— Æмбисæхсæв дын кæм ссарон дохтыр?! Стæй цалынмæ уый агурæг уайон, уæдмæ... — Фыд дæр сабыргай бахъуырхъуыр кодта æмæ йæхæдæг бавнæлдта хъугæн æххуыс кæнынмæ. Уæд мад дæр цырагъ мæнмæ радта æмæ фыды фарсмæ æрлæууыди — роды хъавгæ, арæхстгай йæ къæхтæй æддæмæ ласын райдыдтой. Гобæ йæхи ныхъхъæддых кодта, быхста йæ рыстæн, чи зоны, æмæ ма махæй хатыртæ дæр ракуырдтаид, фыдæбойнаг æмæ нæ æгъуыссæг кæй фæкодта, уый тыххæй...

Не 'ппæты фыдæбæттæ дæр арфæйаг фесты — род иуæй æгасæй баззад, иннæмæй рауад зæрдæисгæ рæсугъд: йæ ныхы бæстастæу цæхæр калдта урс-урсид стъалы...

— Уый æнхъæл никуы уыдтæн, æмæ мæ искуы æвгъæдгæс рауайдзæни! — фæлладхуызæй, фæлæ уæддæр разыйæ загъта фыд, йæ дысвæлдæхт къухтæ хосы гуцъулайæ сæрфгæйæ.

— Кæсут-ма йæм, кæсут, цы æнæнтыст у, — цинæйдзаг рæвдаугæ хъæлæсæй дзырдта нæ мад, род йæ тæссонд даргъ къæхтыл слæууыны фæлтæрæнтæ куы кодта, уæд.

Родæн-иу йæ къæхтæ куы фæдыдæгъæ сты, куы та-иу ын, цыма цъенгæ ихы сæрыл лæууы, уыйау кæлæхы галау æнæбонæй фæйнæрдæм абырыдысты. Фæлæ худæг йеддæмæ тæригъæддаг нæ уыд — уый куыд ауайдзæн йæ къæхтыл, афтæ æнæмæнгæйиу куы 'рцæуиккой иннæ хорздзинæдтæ дæр...

Иу хорз уал ныл мæнæ цæстуынгæйæ æрцыд: Гобæ æвыдæй аирвæзт, дзæбæхæй баззад! Æрмæст тынг сæдых уæддæр. Мад рæтыд хъæццулы зæронд рахаста æмæ дзы Гобæйы бамбæрзта, раст æй сæйгæ рынчынау бæстон батухæгау кодта.

Бег нын — афтæ схуыдтам роды — уалдзæгмæ нæ уарзондæр хъазæнхъулау сси: йемæ сыкъатæй хæцынты хъазыдыстæм, нæ армæй йæ алы буц хæринæгтæй хастам, суанг ма йын фæткъуытæ дæр лæвæрдтам; йæ рагъ ын сæрвасæнæй фастам, рæвдаугæ йæ лæгъзытæ кодтам... Гъемæ уый дæр æрмахуыр сси, нæ фæдыл-иу згъордта æфсоны сидтæн дæр. Фæлæ куыд стырдæр

кодта, афтæ рæзыдысты йæ фыдæбæттæ дæр, йæ мæт дæр. Æмæ йæ уæд фесафынвæнд скодтам æмæ йæ радтам хъæумæ нæ хæрзæрвадæлтæн.

Фæлæ уæддæр Гобæйæ кæй бавдæлон стæм æмæ нæ уый куыд зæрдæхæлд фæкодта, афтæ хъыг нын нæ уыди, Бегæй кæй фæхицæн стæм, уыцы маст. Ам ма иу ахсджиаг хъуыддаг дæр сахадыдта: роды барвæндæй радтам кæмæндæр, Гобæйæ та кæйдæр азарæй фестæм æнæхай, кæйдæр налат æмæ сæрхъипп æхсары тыххæй дзы баззадыстæм нæ къухтæ нæ дæлармы тъыстæй...

Нæ фыд куыстæй уыцы изæр уæлдай хъуынтъыз æмæ æрхæндæгæй æрбацыд. Æдзæмæй, æнæ иу сныхасæй бахордта йе 'хсæвæр, стæй дын, йæ цæстытæ уæлæмæ нæ исы, афтæмæй куы зæгъид диссæгты диссæгтæ:

— Гæнæн нæй... Хабæрттæ афтæ сты, æмæ нын Гобæйы дарæн нал ис, бар нал ис ома фос дарынæн...

Мах иууылдæр цавддууртау сагъдауæй аззадыстæм. Куы æрчъицыдтам, уæд мад тыхлæмæрстæй бахудт æмæ фыдæн афтæ бакодта:

— Кæд æндæр хъазын нæ зоныс, уæд ма хъаз!.. Уый цытæ дзурыс, цытæ?!.

Фæлæ нæ фыд хъазыныл нæ уыд, дæрзæг хъæлæсæй ма йæ ныхæстæм бафтыдта:

— Горæты æххæстком сæрмагонд уынаффæ рахаста, горæты мидæг фос дарæн кæй нал ис амæй фæстæмæ, уый тыххæй. Коммæ чи нæ бакæса, уыдоны та ивар кæндзысты, стæй сын сæ фос дæр исдзысты паддзахады пайдайæн!

— Уый та циу — ивар?! — бафарста Розитæ, æз та, æххæстком циу, уый нæ зыдтон, лæджы ном æй фенхъæлдтон — мæнмæ гæсгæ, уый уыд рихиджын тызмæг лæг, æнæмæнгæй æфсæддон, булкъон исты...

Хæдзары хистæртæ нын не 'нæфенд фæрстытæм сæ хъус не 'рдардтой. Бæстæ цы уыд нæ алыварс — хæдзарæй, сыхæй, уынгæй, горæтæй, дунейæ, — уымæй иууылдæр ныссабыр, йæхимæ хъусыныл фæцис. Æппынфæстагмæ нæ мад бандоныл æрхауæгау кодта йæ фырлæмæгъæй.

— Хицауад махæй дарддæр кæсынц, æмæ, чи зоны, сæ уынаффæ дæр раст у: горæт рæзы, уæрæхæй уæрæхдæр кæны, адæм æм фылдæрæй фылдæр æфты, машинæтæ сарæх сты æмæ... — цыма дзы йæхæдæг дæр исты азымджын уыд, уыйау йæхи

растгæнæгау загъта фыд. Иннæрдыгæй та нын, æвæццæгæн, нæ рыст мынæгдæр кæныныл архайдта...

— Горæт уæрхмæ дæр æмæ хæрдмæ дæр куы рæза, уæддæр адæмы хæрын хъæуы, хъуамæ исты урссаджы хъæстæ кæной, — æндæр ницыуал зæгъынмæ сарæхст мад дæр. Уымæ байхъус, уæд бирæуæладзыгджын хæдзæртты цæрджытæ дæр хъуамæ дуцгæ хъуццытæ дарой...

Мах бафынæй стæм цыдæр мадзалæй, фæлæ ма нæ мад æмæ фыд бадтысты æмæ бадтысты — Гобæйы цы фæкæной, ууыл сагъæс кодтой зæрдæрисгæйæ. Æмæ йæ ауæй кæныны фæндмæ 'рцыдысты.

Фыццагдæр цы хуыцаубон уыд, уæд æй базармæ аластам — мæн дæр демæ ауадз фæсте тæрæгæй зæгъгæ, ныллæгъзтæ кодтон фыдæн. Тæккæ сихорафон æртæйæ дæр фæстæмæ нæхимæ уыдыстæм — мад æмæ мæ дыууæ хойы цинæн кæрон нал уыди. Базары æлхæнджытæ дзæвгар дæр ма уыди, фæлæ Гобæйы иууылдæр йæ хæрзхастмæ гæсгæ æргæвдынæн агуырдтой. Æмæ йын кæд хорз аргъ лæвæрдтой, уæддæр фыд не сразы уыцы æбуалгъ хъуыддагыл, цæхгæр «нæй» сын-иу загъта.

Ууыл нымадæй цалдæр боны куы рауад, уæд æй колхозæн ауæй кодтам: фыды зонгæ сæрдар ног хъомдонæн æвзаргæ фос æлхæдта...

Нæ цæссыгкалгæ йæ фæндараст кодтам йæ ног цæрæн хæдзармæ — абоны хуызæн мæ зæрдыл лæууынц уыцы боны цаутæ. Къуызыппа лæг ставдбыд бæндæныл барджынæй хæцы... Куы хъуджы разæй фæвæййы, куы та йæ фæстæ аззайы... Ныртæккæ цыппар уынджы фисынмæ фæхæццæ уыдзысты... Æмæ уæд... Æмæ уæд лæг дæр æмæ хъуг дæр фæауuон уыдзысты... Ноджы ахæм ауuон фæуыдзысты, æмæ мах Гобæйы кæд никуал фендзыстæм! Раст тæккæ уыцы уысм фегуырди Розитæйы сæры уыцы æнахуыр хъуыды, Гобæ нæ бæсты æфсæрмы кæны, зæгъгæ! Æрмæстдæр сабийы сæры райгуырдаид ахæм хъуыды: хъуг, дам, фос, дам, хайуан, дам, æфсæрмы кæны адæймаджы бæсты!

Тигъмæ сæ бирæ нал хъуыд, афтæ хъуг фæлæууыди, разылд йæ уарзон хæдзарырдæм æмæ... Æмæ — нæ, уасгæ нæ ныккодта — раулæфыд йæ зæрдæйы бынæй, йæ риуы арфæй:

— Му-у-у-у!

Йæ сæр æруагъта, систа йæ æмæ та ногæй, ныр хъæрдæр æмæ зæрдæхалæндæрæй, Хуыцаумæ сæрвыста йæ хъаст:

— Му-у-у-у!!!

Хорзæй хорз зæгъын хъæуы, лæг къуызыппа лæг куы уа, уæддæр — нæ хъыгдæрдта Гобæйы йæ фæстаг зæгъинæгтæ зæгъынæй, нæ йæ ивæзта йæ фæстæ, уæгъдæй йын уагъта йæ бæндæн, æнцад ын æнхъæлмæ каст йæхи уæздандзинадмæ...

Æфсармы тыххæй нæ дзурдзынæн, фæлæ мæм уæд мæ зæрдæ хорз не сдзырдта: мах æнæхъæн бинонтæй дæр цы тæригъæд райстам нæхимæ, куыд æнцонæй ауагътам нæхицæй Гобæйы, уымæн æрмæстдæр иу номæй ис схонæн — гадзрахат! Æмæ уæйгæнæг та иууылдæр уыдыстæм — чысылæй-стырæй, мадæй-фыдæй... Цы уæлдæфæй улæфыдыстæм йæ фæстæ, уый дæр, цы уыд, уымæй хуыдуггæнæг уæлдæф уыд, æфхæрæг уæлдæф — махæн чи нæ фæтчы, ахæм уæлдæф...

Уæвгæ та, цы аккаг стæм, уый нын Гобæ йæхæдæг хуыздæр равдыста: тигъы ауусон фæуа, зæгъгæ, афтæ фæлæууыд, йæ къæдзил бæрзонд систа æмæ дын махырдæм йæ хордзæуæнæй бурамæст тæнгъæд куы ныццæвид, гъа, ме 'хсырæй хаст адæм, ай æндæр куы ницы аккаг стут!

Розитæ уыциу куыд ныккодта, æмæ йын дзæвгар рæстæг бауромæн нал уыд — ныр та уый йæхæдæг сыгъд не 'ппæты бæсты дæр фырæфсæрмæй...

*ХЪЕМЫЦАТЫ Албег*

# ХЪАЗЫДЦ УРС ФЫНЧЫТЫ МÆЙ

* * *

Рауадз-ма д 'арахъхъæй, ме'фсымæр,
Ссарæм Хуыцауы ном мах.
Мауал кæн, курын дæ, ацы 'зæр
Не 'рра хъысмæтимæ загъд.

Амонд хæйрæг у, æрвæрттывдау,
Айсæфы худгæ æваст.
Зонын, дæ цардбæллон рухс удау
Ничи у а зæххыл раст.

Гъе 'рмæст — дæлдзиныг нæ рæстдзинад.
Искæуыл чи кæны мæт?
Ралæууыд абон хæйрæджы рад, —
Цардæй тыхджындæр — мæлæт.

Иры бæрзонд мæсыг хи дурæй
Ниугæ, кæугæйæ кæлы.
Лидзы фыдæлты фарн мах цурæй
Не 'хсар æгадæй мæлы.

Фæлæ цыдæр ныфс ирон туджы
Базмæлы, не 'нкъары рис:
Нæй йын, бæрзонд хурау, а дуджы
Фесæфæн... сиды фæдис!

Рауадз-ма д 'арахъхъæй, ме 'фсымæр,
Кад æмæ радыл ныззар!
Чи зоны, зæрдæты ацы 'зæр
Райгуыра царды æвзар.

# ФÆСКЪÆВДА

Кæсынц уырдыгмæ митбадæн æфцгуытæ.
Фæсабыр хæхты къæвдайы сæх-сæх.
Ныллæг кæрдæгыл — дондæппал фæрдгуытæ.
Ысулæфыд йæ хъарм риуыдзаг зæхх.

Уæззау цæнд—мигъытæй фервæзтысты кæмттæ.
Хуылыдзæй хъусы мæргъты зардмæ хъæд.
Фæдисы уайынц кардæлвæстæй дæттæ.
Къæдз-мæдз фæндæгтæн разынди сæ фæд.

Бæрзонд цъуппытыл арвæрдын æркъæлæт.
Ныссыгъдæг и фынкбарц денджызау арв.
Тыхджын дымгæ та банкъардта йæ мæлæт, —
Нымбæхст хуыснæгау хохы скъуыдты арф.

* * *

*Арв куыд нæры, афтæ нæ цæвы.*

Ирон æмбисонд.

Æмбæхсы сау дуг сусæг фæндтæ бирæ.
Цы уыдзæн сомбон — базонæн ын нæй.
Нæртон фарн, цинау, адард вæййы Ирæй,
Фæлæ та 'рцæуы рухс амонд фæрнæй.

У цард хæйрæг, нæ рыст зæрдæтæй хъазы,
Ыскæны хатт хынджылæггаг нæ уарзт.
Уый фесты сырд — æрра бирæгъ нæ разы,
Фæлæ та 'ртайы митхъæпæнау маст.

Хъысмæт — æлхынцъ уыци-уыци, фæхоны,
Гыццыл сабитау, карды комыл мах.
Фæцæйсæфæм уæззау фæндæгтыл, доны,
Фæлæ та фенæм митсæр хæхтæ, рагъ.

Нæ къонатæ ныззаууат вæййынц. Кæмтты
Хъæрæй фыццагау нал фæхъуысы зард.
Нæ ныфс, къæйау, ыстыр дуртыл ныссæтты,
Фæлæ та схуды 'нкъард хæхбæсты цард.

Æмбæхсы сау дуг сусæг фæндтæ бирæ.
Цы уыдзæн сомбон — базонæн ын нæй.
Нæртон фарн, цинау, адард вæййы Ирæй,
Фæлæ та 'рцæуы рухс амонд фæрнæй.

* * *

Æнкъард фæззыгон бон. Сындæг сæ фазыл
Уæззау цъæх мигътæ къæдзæхтыл бырынц.
Фыццагау хъал дон нал арæхсы хъазын.
Ныpхæндæг удау комы сæрмæ рындз.

Бæгънæг хъæд фахсыл сонт дымгæмæ хъусы,
Йæ сæрмæ цъах-цъах — сау халæтты зиу.
Хуыссы кæйдæр гал хосы муртыл мусы,
Цæгъды сынæр, цыма æууилы чъиу.

Нæ хæдзар — къуыппыл, фисынмæ ныггуыбыр,
Кæсы ныфсæнхъæл даргъ фæндагмæ раст.
Мæ зæрдæ мысы уалдзыгон цъæх быдыр,
Бæрзонд цъуппытыл хуры тынты хъазт.

* * *

Цæуы мæлæт мæ ауонау мæ фарсмæ,
Нæ уадзы уæгъд йæ цъысымæй мæ уд.
Мæн фесхойы, куы фæцæйхауын размæ,
Куы сыстын ногæй, — айсæфы йæ худт...

Мæлæт — хæйрæг, хатыр кæнын нæ зоны,
Мæ уæлхъус сагъдæй алæууы æваст.
Мæн баппары, тыччыйы мурау, доны,
Куы сленк кæнын, — фæцæйтоны йæ маст...

Йæ цуры раст уд мисхал дæр нæ давы,
Уæлдай йын нæу мæгуыр лæг дæ, хъæздыг.
Мæн цардæй арæх атонынмæ хъавы,
Куы фервæзын, — фæкарз вæййы йæ хъыг...

Мæлæт ызнаг у, басæттын нæ комы,
Хæссы бæрзонд мæстæймарæгау сæр.
Мæн фехсы, дурау, сæрсæфæнмæ комы,
Фæлæ та схизын æфцгуытæм уæлдæр...

# ФЫН

Ыстыхсти кобрæ — маргджын калм нæ Ирыл,
Æхсæв уа, бон уа — цъиры йын йæ туг.
«Фыдлæг, фыдбон, — фæрсын, — нæ хæссынц бирæ, —
Уæд махæн ай цы рæстæг у, цы дуг?»

Мæ ныхас калм æрдумæ дæр нæ дары,
Æвзист бæндæнау акалы цæхæр.
Йæхицæн хин цъæхснаг æхситтæй зары,
Уæлиау сисы, дур дзæккорау, сæр.

Лæгхор цæстытæй тарст хъæумæ ныккæсы,
Тымбылтæй хохыл фездыхсы æваст.
Кæсын æм æз — къæдз-мæдз комы фæлæсы,
Тызмæгæй калы адæмыл йæ маст.

Кæны хынджылæг... Ницы сты йæ разы
Ыстыр Хуыцау, лæджы фидæн, нæ цард.
Фыддæрагæн мæгуыр хохæгтæй хъазы,
Æнамонд Ир — нæртон уæзæг нынкъард.

Кæлы йæ цæссыг уазал хæхтыл донау,
Рыст зæрдæ риуы нал кусы, ныддур.
Æлхъивы йæ фыдгæнæг кобрæ ронау.
Хъæрзгæ йыл тагъд æрныгуылдзæнис хур!

Фæлæ йæм хур бæрзонд арвæй ныккасти,
Йæ тынты бæстæ — фарны къус æвдылд.
Фæзынди Кард!.. Йæ уындæй калм фæтарсти, —
Йæ сæр тыхцæфæй къардиумæ ныттылд...

Æмæ фырцинæй фехъал дæн. Мæ цуры —
Æрмæстдæр мусонг. Цъиуызмæлæг нæй.
Мæхи æруагътон уазал бандон — дурыл,
Æддæуæз хъазыд урс фынчыты мæй!

* * *

Ызгъорынц рухсау уылæнтæ фæд-фæдыл,
Хуылыдз ызмисыл атайынц æваст.
Фæлмæн дымгæ гæзæмæ змæлы хъæдыл,
Ыстынг мæ цуры урсхъуыр мæргъты хъазт.

Кæдæмдæр денджыз ме 'мбæхст хъуыды сайы,
Йæ уæлæ стылд сыгъзæрин тæлы – хур.
Зæдау дæ хуыз мæ сау цæстытыл уайы.
Æддæуæз былыл доны цæлхъ фæсур...

Æз бадын дурыл... Ахсайдта мæ зæрдæ
Нæхимæ – хохмæ, 'рымысыдтæн хъæу.
Уым арвмæ систой къæдзæхтæ сæ сæртæ, –
Цæрын мæ бон æнæ хæхбæстæ нæу.

* * *

Дæргъвæтин уаст ныккæны поезд тары.
Хуыснæгау зæрдæ фестъæлфы æваст.
Фæззыгон къæвда уары æмæ уары.
Хæссы кæдæмдæр хъал дымгæ йæ маст.

Æз хастхуызæй гыццыл купейы бадын,
Фæлыгъд мæ хуыссæг, ивгъуыдау, мæнæй.
Мæ фарсмæ хъуысы расыг лæджы зарын,
Ныххуды 'нæфсарм йе 'мбæлццон хъæрæй.

Ызгъоры рæстæг. Фæрссагæй ныджджих дæн,
Сындæггай гуыры, рухс хъуыдыйау, бон.
Нæ вагоныл сæхи ыскъуырынц мигътæ,
Нæй риуы хъомпал сагъæстæн кæрон.

Фæзынынц хатт мынæг рухсытæ разæй, –
Тæхынц фæстæмæ тарст зынгты хуызæн.
Мæ сыхаг сæр ысхъил кодта йæ базæй, –
Фæрсы цыдæр хуыссæгхъæлдзæгæй мæн!

Æз æй нæ хъусын... Рох азтæн сæ сæрты
Тæхын мæ фæндты дард балцæй хъæмæ:
Кæйдæр уæзæгыл басыгъди мæ зæрдæ,
Хæссын ма ныр йæ сыгъдæттæ дæумæ.

* * *

Фæгуыбыр уынджы иу кæлæддзаг къæс,
Йæ кауын къултыл уарындон лæдæрсы.
Уый бафыста Хуыцауы раз йæ хæс, –
Кæйдæр æлгъыст, хæрам дзырдтæй нæ тæрсы...

Уыдис сæрыстыр, амондджын æдзух,
Гыццыл фæрссæгтæй рухсы цыхцыр калди.
Нæ уыдис кадджын буц уазджытæй цух,
Хæлæгæй йæм фыдзæрдæ сыхаг марди.

Ныр рох кæрты хæрз иунæгæй нынкъард,
Йæ зыхъхъырты фæззыгон дымгæ ниуы.
Зындон ын фестад, тар ахæстон — цард,
Тыхджын дымгæмæ, расыг лæгау, чиуы.

Йæ талынг къуымты нал цæуы йæ маст.
Кæм ма ис тых, зæронд къæсыл фæхæцæг!
Мæлы, мæгуырæг, адæймагау, раст
Æмæ йын нæй йæ цæстытыл æрхæцæг...

* * *

Ныууарыди уæрагмæ мит нæ комы,
Кæны тымбылтæй хохаг хъæу фынæй.
Æмбæхсы мигъ бæрзонд къæдзæхы роны.
Фæзынæн донæн их уæлцъарæй нæй.

Æххормаг бирæгъ хъæдбынæй нынниуы,
Сæ сæрыл сисынц сыхы куыйтæ уынг.
Æнæбын арвæй стъалытæ ысхъиуынц.
Æвзист фæдгæнгæ атайы сæ зынг.

Зымæгон уазал ме стад уæнгты хъары,
Ивазы размæ сонт дымгæ мæ кæрц.
Хæстæг къуыс-къуыс бæгънæг бæлæстыл зары,
Фæцæуы хатгай къæлиутæн сæ къæрцц.

Ыстъæлфау, цудгæ арф миты ызмæлын.
Мæ цуры дуне — 'нæкæрон, сæнтурс.
Цæуын нæхимæ, сæфт бæлццон, фæкæлын.
Кæлы тынау нæ салд фæрссагæй рухс.

Æмæ мæ зæрдæ цины малы хъазы, —
Кæсыс æнхъæлмæ хастхуызæй мæнмæ!
Фæзынди мæй дæр дард къæдзæхы фазæй,
Цыма мæнау æрыздæхти хъæмæ.

# ЗÆРОНД ХÆСТОН

Хъæбатыр хæстон амондæй фæхицæн,
Тыхстæй, мæгуыр, цы фæкæна йæ сæр!
Йæ хъал цоты дæр нал хъæуы... сæхицæн
Цæрынц дзæбæх, æнæмæтæй кæмдæр.

Æвæгæсæгæй бахус и, ныггуыбыр,
Дыдзы хурау фæныгуылы йæ цард!
Уæззау тохтæ, рыг фæндæгтæ, сыгъд быдыр —
Ысты ныр уымæй, арвгæронау, дард.

Æрвиты бонтæ Зæрæдты хæдзары,
Хуыфгæ изæрæй бакæны хуыссæн.
Рыст зæрдæ ма кæйдæр къæбæртыл дары,
Къæдз лæдзæг ма йын баззадис ныфсæн...

* * *

'Взист мæй пух фынчыты хъазы,
Амбæхсы æваст.
Дымгæ фестъæлфы мæ разы,
Тарст хуыснæгау раст.

Къæхтæ аныгъуылынц миты, —
Ферох кодтой рыст.
Худы 'ххормаг сырдты митыл
Карз зымæджы хъызт.

Салд бæгънæг бæлæстæ цудынц,
Расыджы хуызæн.
Хохæн бамбæрзта йæ цыргъ фындз
Урс миты хъæпæн.

Мигъвæлм нарæг комы къулыл
Нал кæны фынæй.
Къутæртæн цыдæртæ дзуры
Даргъ къуыс-къуыс хъæрæй.

Донæн сабузтой йæ былтæ,
Ихы бын хъæрзы.
Гæды пецы цур — тымбылтæ,
Уазалæй тæрсы.

* * *

Мæйдар æхсæв. Æрныгъуылд сахар тары.
Ныхъхъус и уынгты хæдтулгæты хъæр.
Мынæг рухсытæ мигъы фæлмæй хъарынц,
Нымбæхст фæллад Терк хиды бын кæмдæр.

Дзæгъæлдзу дымгæ афтид уынгты зилы.
Бæрзонд хæдзæрттæй нал хъуысы сыбыртт.
Нæ тута кæрты йе стыр цæнгтæ тилы.
Ныллæг авдæны бафынæй мæ фырт.

У бæстæ сабыр, рох къодахау. Арвыл
Нæ зынынц худгæ 'взист тæрæзтæ, мæй.
Æппарын иугай хус къæцæлтæ артыл.
Фæлыгъд мæ хуыссæг — хин рувас — мæнæй.

Цыдæр ныв, рухсау, зæрдæйы æвзæры...
Кæдæмдæр рæгъытыл фидæнмæ тæхын.
Кæрæдзи сурынц дард бонтæ мæ сæры.
Кæсы мæм цард куы хурыскаст, куы — фын...

## МÆЙДАР ÆХСÆВ

Нытталынг бæстæ. Ницы уыны цæст.
Фыдуаг цæугæдон нарæг комы тъизы.
Уæлиау мигътæн бацайдагъ и хæст, —
Уæйыг гæрæхтæй хохы уæхск нырризы.

Мæ фæндаг, калмау, бамбæхсти кæмдæр.
Фæныхсы дысты сонт дымгæ — цæсткъахæн.
Ныртгивы дардыл арвæрттывд, уæддæр
Нæ бæззы саугуырм талынджы цырагъæн...

## КÆДДÆРЫ НЫВ

Æрфынæй хъæу. Хæстæг уынджы цырæгътæн
Тæппытæй хъары талынджы сæ рухс.
Нымдзаст æрхæндæг цалхыдзаг мæй рæгътæм,
Пырх мигътыл хатгай асæрфы йæ рус.

Æз иунæгæй – æххормаг лæппу – бадын.
Тæдзы нæ пецæй салд сугты цæссыг.
Дæ фæлмæн ныхас нал айхъуысы уаты...
Ныууасы тигъæй, удхæссæгау, уыг.

Лæууы тыххæй нæ тæнтæхауд къæс къахыл,
Кæны йæ сæрты хъал дымгæ сæррæтт.
Нæ рудзынгыл фæлурс мæйрухс æрбахылд, –
Кæдæмдæр суры хаст зæрдæйæ мæт...

* * *

Лæгау æрфынæй арф миты бын зæхх.
Уыны хæрзфынтæ уазал æфцæг – базыл.
Ныдджих и хъæумæ урсхъæпæн къæдзæх,
Йæ бынмæ дымгæ мигътъыфылтæй хъазы.

Тындзы кæдæмдæр ихбыл уадздзаг – дон.
Бæгънæг хъæд хатгай фехъал вæййы, ризы.
Æрвиты уад, æмбæхст хуыснæгау, бон, –
Рæстæгмæ фенцад хъæууынгты йæ тъизын.

У дуне сабыр. Цъиуызмæлæг нæй.
Тæхынц сындæггай митбындзгуытæ коммæ.
Кæуы фыццаг уарзт зæрдæйы хъæрæй, –
Нæ кæсы уый, фыдуаг сабийау, коммæ...

* * *

Райдыдтой уарынтæ. Комы
Бады уæззау пъæззы – мигъ.
Къалиутæ æхсæвы роны
Сæвæрынц уазал цъар – их.

Быдыртæ – афтид, сæ сæрты
Халæттæ къордтæй тæхынц.
Дымгæ ныффутт кæны кæрты.
Нал зынынц къуыбыртæ, рындз.

Дæттæ ныхъхъус ысты. Дуртыл
Бафынæй уылæнты дзæхст.

Хатгай гыццыл ныфсы муртыл
Ракæсы хурæн йæ цæст.

Уад дæр нынниуы, нæ хъæумæ
Миты бындзгуытæ хæссы.
Нал кæсы зымæг æнхъæлмæ, —
Урс нывтæ хæхтыл фыссы.

* * *

Уæззау фæндæгтыл бастадтæн, хæрæгау.
Нæ йæ зонын, цы агуырдтон кæмдæр.
Фæлладæй ныр, куывддон бæстæм цæуæгау,
Хæссын нæхимæ, дард хæхтæм мæ сæр.

Мæлы мæ зарæг… нал хъуысынц йæ зæлтæ,
Хуыскъ цæугæдонау, ферох ис, ныхъхъус.
Фæцъæх æнуд, рыг сахартæй мæ зæрдæ,
Цъæх поездты уаст ацахсы мæ хъус.

Кæйдæр кæл-кæл, кæйдæр рæсугъд ныхæстæ
Кæнынц мæнæн сæрзилæн ми, кæлæн.
Фæлæ дæуæй, дæ хъæбысæй, хæхбæстæ,
Бæрзонд къæдзæхау нал байсдзысты мæн.

Фæзындзысты мæ къахы фæдтæ рæгътыл,
Лæджы 'хсар домдзæн тарст зæйраскъуыд — сырд.
Ыслæудзæн ног мæ рох зарæг йæ къæхтыл,
Йæ гаччы сбаддзæн раздæрау мæ дзырд.

*ХЪÆСАТЫ Валодя*

# ЗÆРИНДЖЫН

*УАЦАУ ЦЫБЫРГОНДÆЙ*

Хæххон рагон хъæу Зæринджынмæ æрбафтыд æнахуыр уазæг. Хъæуы астæу йæ размæ фæци æмбискары лæг Миттыл. Уазæг иронау кæй сдзырдта, уый тынг диссаг фæкаст Миттылмæ, уымæн æмæ йæ бакаст, йæ уындæй, йæ дарæсæй бæрæг уыд, фæсарæйнаг кæй у, уый. Йæ сæрыл уæрæхчъил сау шляпæ, йæ хъуырыл дæргъæй-дæргъмæ сырх хъуырбæттæн тыхт, йæ уæлæ даргъ сау плащ, йæ къæхтыл — сырх цъындатæ æмæ сау цыргъфындз бæрзондзæвæтджын туфлитæ. Дыууæ чумæданы йæм. Салам раттыны фæстæ уазæг загъта:

— Бахатыр кæн, хорз лæг, фæлæ, мæхицæн фысым агурын.

— Кæд ныл барвæсдзынæ, — загъта Миттыл, — уæд дын мæ хæдзар фысым уыдзæн. Уазæг — Хуыцауы уазæг.

Миттыл йæ уазæджы бакодта хицæн уатмæ: уыдис дзы сынтæг æд хуыссæнтæ, стъол, бандæттæ, дыууæ скъаппы: иу — дарæсæн, иннæ та — хæдзары дзаумæттæн. Уыд сыгъдæг, райдзаст уат. Уазæгæн дзы йæ зæрдæ барухс. Миттыл æй уым иунæгæй фæуагъта, йæхæдæг йæ 'фсин Хуызæйæн уазæджы хабар загъта.

Цыбыр рæстæджы фæстæ дзадджджын фынджы уæлхъус бадтысты Миттыл æмæ

йæ уазæг. Фысым здыхт сыкъаты арахъхъ рауагъта æмæ дзуры йæ уазæгмæ:

— Уæдæ уал, нæ буц уазæг, раздæр кæрæдзи базонæм нырыккон æгъдауæй, уый фæстæ нæ хабæрттæ кæндзыстæм. Æз дæн Миттыл, райгуырдтæн ацы хъæуы, цæрæм нæхи фæллойæ, Хуыцауæн табу, ницы хъуаг стæм.

— Мæ ном Джордж хуыйны. Æз æрбафтыдтæн ардæм Америкæй.

— Уæдæ нæ, Джордж, Стыр Хуыцауы хорзæх уæд, табу йæхицæн, дæу хуызæн уазæг мæ хæдзармæ чи 'рбакодта!

Джордж куы Миттылмæ бакæсы, куы йæ сыкъамæ æркæсы катæйттæгæнгæ, стæй уæд арахъхъы йæ был атылдта æмæ йæ къух фæстæмæ æруагъта. Йæ былтæй ацъæм-цъæм кодта æмæ загъта:

— Вискийы ад кæны, фæлæ цыма хъæбæрдæр у, афтæ мæм кæсы.

— Ма дзы тæрс, сыгъдæг хорæй конд у, аназ æй æмæ фынгмæ æрæвнал.

Джордж анызта йæ нуазæн æмæ тынг ныккæрзыдта. Дарддæр сæ ныхас йæхædæг йæхи амыдта.

Афтæмæй æрбынат кодта, æрцард Миттылтæм æнæнхъæлæджы уазæг Джордж. Хъæубæстыл айхъуыст йæ кой, диссаг сæм каст йæ фенын, чи у, цавæр у, æмæ йæм Миттылы хæдзармæ фенынмæ цыдысты.

Хъæуы йæ уидæгтæ гыццылгай уадзын байдыдта Джордж. Йæ зæрдæмæ фæцыдысты уæлвонг бынат, уæлдайдæр та æгомыг хæхтæ æмæ урссæр къæдзæхтæ. Спортивон дарæсы-иу разил-базил кодта хæхтæ æмæ рагъыл, схызтис-иу къæдзæхтæм. Цин кодта, йæ къухы ардæм æрбацæуын кæй бафтыд, ууыл. Бонæй-бон хуыздæр йæхи æнкъардта. Æмæ куыннæ æнкъардтаид йæхи хуыздæр хæххон уæлдæфы?

Хæххон æрдзы рæсугъддзинадæн æмбал нæй. Ам мæргътæ дæр рæсугъддæр, хъæлдзæгдæрæй зарынц, æмæ сын хæлхæлгæнаг суадæттæ, фынккалгæ цæугæдæттæ æнæсцухæй рæсугъд фæхъырнынц.

Цард-цæрæнбонты дæр кæрæдзи хорз æмбарынц хæхтæ æмæ хохæгтæ. Кæрæдзийæн сты зынаргъ, хæлар æмæ уарзон. Сæ дыууæтæ дæр сты фæлмæнзæрдæ æмæ уазæгуарзаг, сæ дыууæтæ дæр сты тызмæг æмæ æгъатыр. Лæмæгъ адæймаг хæххон уавæрты цæрын нæ фæразы æмæ йæхицæн бацагуры æнцонва-

дат бынæттæ. Афтæмæй сидзæрæй баззайынц кæддæры нæргæ хъæутæ. Сæ фылдæр æдзæрæгæй хæмпæлгæрдæджы бын фесты, æнæзылд, æнæхицау хæдзæрттæй рауади дурты рæдзæгъдтæ — ныккалдысты. Фæлæ ма дзы ис цардхъом, домбай æнусон хъæутæ сæ фидар мæсгуытимæ.

Джорджæн йæ сæйрагдæр хæс, йæ сæйрагдæр нысан уыд адæмы йæхиуыл æрæвуæндын кæнын, сæ зæрдæ сын истæмæйты балхæнын. Миттылтæм-иу чи 'рбауад, уыдонæн зæрдылдарынæн лæвæрдта фæсарæйнаг лыстæг дзаумæттæ, сывæллæттæн — хъазæнтæ, адджинæгтæ. Хъæумæ ласта алы æнахуыр хæрд æмæ нуæзт æмæ сæ адæмæн лæвар хæрын, нуазын кодта. Райдыдта куывдтæ кæнын дæр. Сфæнд кодта суанг хъæугуывд скæнын дæр. Миттыл арвыста хонæг хъæубæстæм, се 'ппæтæн дæр фехъусын кæн, Джордж уæ хъæугуывдмæ хоны, зæгъгæ.

Хъæуы хистæр Ахболатмæ хонæг куы бацыд, уæд ын афтæ зæгъы:

— Ацу, мæ хур, æмæ Миттылæн бамбарын кæн, æз, зæгъ, æнæзонгæ адæймаджы куывдмæ нæ цæуын.

Хъæуы иннæ хистæртæ куы базыдтой, Ахболат нæ цæуы куывдмæ, уый, уæд уыдон дæр нал ацыдысты. Миттылæн йæхицæн хистæрæн бадгæ æрцыд. Дыккаг хистæрæн сбадын кодта Джорджы, æртыккагæн та — хъæуыхицау Хъайтары. Фынгтæ хæрд-нуæзты уæзæй æртасыдысты: ирон хæринæгтæй уæлдай ма дзы уыйбæрц фæсарæйнаг хæринæгтæ, нуазинæгтæ, адджинæгтæ, дыргътæ, халсартæ уыд, æмæ сын сæ нæмттæ дæр бирæтæ нæ зыдтой... Ананастæ, апельсинтæ, гранаттæ, вискитæ, шнапстæ... Ананас куыд хæргæ у, уый та сæ иу дæр нæ зыдта. Миттыл сыстад æмæ кувы:

— Хуыцау, табу дæхицæн, æппæт хорздзинæдтæ дæр дæуæй цæуынц æмæ дын табу кæнæм ацы хъæлдзæг куывды. Хуыцауы фæрцы нæм æрбафтыд сызгъæрин зæрдæйы хицау лæг Джордж. Хъæубæсты адæмæн цы хорздзинæдтæ аразы, уый уе 'ппæт дæр зонут. Йæ сызгъæрин зæрдæйы цы сфæнд кодта, уый йын Хуыцау йæ къухы бафтын кæнæд. Нæ хъæумæ ныры онг иу хур каст, ныр та нæм дыууæ хуры кæсы, нæ дыккаг хур у нæ цытджын уазæг, америкаг сæрæнгуырд, амондхæссæг Джордж. Цæй, æмæ лæугæйæ баназæм, тынг нæ чи буц кæны, йæ хæрдзтыл нæ ауæрдгæйæ нын æцæг цард чи уынын кæны, абон дæр та нын нæртон куывд чи скодта, уый цæрæнбоны тыххæй, нæхи Джорджы цæрæнбоны тыххæй!

Миттылы ныхæстæ иутæм æгæр цæхджын фæкастысты, иннæтæ та йын æхсызгонæй «оммен!» хъæр кодтой. Адæймаджы зæрдæйы уаг базонын дæ куы фæнда, уæд æм расыгæй байхъус: дзæвгар куы абадтысты, куы аныхтой алыхуызон хъæбæр нозтытæ, уæд дзы бирæтæн сæ дзыхтæ фегом сты, æмæ сын бауромæн нал уыд. Лæвархортæ сæхи хæстæг ластой Джорджмæ, цæстмæхъус ныхæстæй йæ хъуаг нæ уагътой. Хъæуы хицау Хъайтар Джорджимæ афтæ хорз зонгæ нæма уыд, æмæ йæхимæ дзырды бар нæ иста: æнæ уæлдай ныхасæй кодта хæрын æмæ нуазыны куыст.

Джордж та иу бон йæ фысымы фæрсы:

— Миттыл, ды йæ хъуамæ зонай, уæ хъæу уын афтæ цæмæн схуындæуыд?

— Куыд фехъуыстон, афтæмæй,дам, нæ хæхты, суанг ма нæ хъæуы бын дæр ис бирæ сызгъæрин. Сызгъæрин цыбырæй зæрин хуыйны, æмæ фæстагмæ нæ хъæуы цæрджыты хонын байдыдтой зæринæгтæ, хъæуæн йæхи та — Зæринджын. Æз дзы сызгъæрин никуы федтон. Уæдæ сызгъæрин къахæг, агурæг дæр никуы федтон.

— Тынг хорз, Миттыл, тынг хорз! — бацин кодта Джордж. — Кæй дзы никуы ничи агуырдта æмæ къахта, уый тынг хорз у! Фæлæ дæ хæдзары лæвар кæй хæрын, лæвар кæй цæрын, уый раст нæу.

— Цытæ дзурыс, Джордж, мæ хæлар, мах цин куы кæнæм, махмæ кæй цæрыс, ууыл. Уæдæ дæхи хæрдзтæн банымайæн куы нал ис. Уый кой мауал скæн, — загъта Миттыл.

— Уæд та гыццыл курдиат — дæ дуцгæ хъуццытæй мын иу рауæй кæн. Никуыдæм æй акæндзынæн, дæхимæ уыдзæн.

— Цыхтæй, царвæй, æхсырæй — алцыдæр дын, цас дæ хъæуы, уыйбæрц ис. Цы ма кæныс хъугæй? Æз дын æй лæвар дæр ратдзынæн.

— Уадз æмæ мæ номыл уа, куыд æй дыгътат, афтæ йæ дуцдзыстут, фæлæ уадз æмæ мæ номыл уа, уæд мын æхсызгондæр уыдзæн.

Бирæ радзур-бадзуры фæстæ Джордж балхæдта Миттылы хъуг. Къорд рæстæджы фæстæ йын сайма-саймайæ балхæдта йе 'ннæ хъуццытæ дæр, фæлæ сæ цыма нæ балхæдта, афтæ сæм зылдысты æмæ сын сæ пайда истой раздæрау фысымтæ. Миттылмæ хорз фæкаст америкаджы базар: фос — йæ хæдзары, сæ пайда — йæхи, æхца дæр ма сæ бакуыста. Йæ сусæг

базар никæмæн хъæр кодта: кæд ма йын йæхæдæг истытæ абазар кæнид, кæннод сыхæгтырдæм куы фæуа йе 'лхæнæг. Иу бон Джордж йæ фысыммæ дзуры:

— Миттыл, базон-ма, дæ хорзæхæй, кæд, мыййаг, уæ хъæуы цæрджытæй исчи йæ зæххытæ, йæ уыгæрдæнтæ рауæй кæнид, де стуртæ куыд балхæдтам, раст ахæм уагмæ гæсгæ: сæхæдæг сæ пайда кæндзысты, æз та сын æхца бафиддзынæн.

Миттыл, цыма уыцы курдиатмæ æнхъæлмæ касти, уый хуызæн æхсызгон ын уыд, æмæ йын хъæлдзæгхуызæй дзырдта:

— Джордж, æмæ ма искæматы цæмæн агурæм, мæнæн мæнæ мæхимæ замманай хуымгæндтæ æмæ уыгæрдæнтæ ис — уыдон балхæн!

— Нæ, дæу æгæр чи тыхсын кæны. Ноджы ма зæхх æлхæныны хабар æндæр у, ам бирæ аразгæ у хъæуыхицауæй...

— Ууыл та цы тыхсыс! Хъайтар мын хæстæг бавæййы, куыннæ мæм хъуамæ байхъуса?

Миттыл ссардта хъæуыхицауы æмæ йын загъта:

— Хъайтар, демæ мæ ахсджиаг ныхас ис, æрмæстдæр æй зондзыстæм æз æмæ ды...

— Цавæр сусæг ныхас дæм ис? Æгæр карзæй мæ цæмæн фæдзæхсыс? — дисы бацыд Хъайтар.

— Джорджимæ баныхас кодтам, æлхæны мын мæ хуымзæххытæ, мæ уыгæрдæнтæ, æрмæст ахæм дзырдæй, — уæй сæ акæндзынæн, æхца дзы райсдзынæн, фæлæ мæхицæн баззайдзысты, куыд сæ куыстон, афтæ сæ кусдзынæн, сæ пайда дæр амæй размæ мæхи куыд уыд, афтæ уыдзæн ныр дæр.

— Фæлæуу-ма, фæлæуу, нæ дæ æмбарын. Цытæ дзурыс, уый дæхæдæг æмбарыс? — нал æй бауагъта дзурын Хъайтар.

— Æмбарын, æмбарын, Хъайтар! Макæмæн æй ской кæн, фæлæ йын æз ме стуртæ раджы ауæй кодтон, фæлæ мæхимæ баззадысты, сæхæдæг дæр, сæ пайда дæр.

— Уæддæр мæм нæ хъары, нæ йæ æмбарын, уый цавæр уæй у?

Стур ма цыфæнды фæуæд, дæ бар дæхи у. Зæххæн та уæйгæнæн нæй, паддзахады зæхх у. Закъон дæр нæй зæххæн уæй кæныны тыххæй. Ферох кæн уыцы ныхас, кой дæр æй мауал скæн.

— Æнæ саразгæ нæй ацы хъуыддагæн! Ды дæр мæ рох нæ дæ. Зæхх цæй аргъ у, уымæй йæ Джорджæн дыууæ-æртæ хатты зынаргъдæрыл ауæй кæн, æмæ дзы дæуæн дæр...

— Цытæ лæхурыс, Миттыл! Сафгæ мæ кæныс?

— Лæвар æхцайæ мæ æнæхай ма фæкæн, стæй дæхи дæр. Гæнæн кæмæн нæй, ахæм хъуыддаг нæй зæххы цъарыл. Дæуыл дзы цы цæуы? Ничи йæ базондзæн: гæххæттытæ дæ мыхуырæй сфидар кæн, æмæ — фæци.

— Миттыл, загътон дын мæ ныхас. Кой дæр æй мауал скæн. Ахицæн! Алыг ис!

Ницы рауад Миттылы фæндæй. Æнкъардæй, сагъæстæ кæнгæ, аздæхт йæ хæдзармæ. Уым æм æнхъæлмæ кастис Джордж. Фысым сæргуыбырæй, мæрдджынхуызæй куы 'рбацыд, уæд ма йын цы базонын хъуыд хъæуыхицауы дзуаппæн. Фæрсгæ дæр нæ бакодта, Хъайтар цы загъта уымæй, афтæмæй дзуры Миттылмæ:

— Райсом æз мæхæдæг аныхас кæндзынæн йемæ.

Дыккаг бон Джордж къæнцылярæй сыздæхт цæттæ гæххæттытимæ, Миттыл иуæй цин кодта, иннæмæй та йæм хардзау æркаст, йæ хъæуккаг, йæ хæстæг ын аргъ кæй не скодта, фæсарæйнаг æм уæлдæр æвæрд кæй разынд, уый. Джордж бамбæрста Миттылы уавæр æмæ йын загъта:

— Диссаг дæм ма кæсæд, мæ фысым. «Цъæхтæ» ахæм тыхджын сты, æмæ сæ ныхмæ паддзæхты бон дæр нæу фæлæуын... Иу гыццыл дзы Хъайтарæн куы радтон, уæд ма мын йæ мыхуыр дæр фæцæйлæвæрдта. Рацу, æмæ дæуæн дæр де 'хца радтон...

Рæстæг цæуы, йæ бонæй уæд, нæй йын бауромæн, æнæкъуылымпыйæ размæ цæуы, фæлтæрты ивы ног фæлтæртæй, æнусты — æнустæй. Йæ куыст кæны рæстæг Зæринджыны хъæуы дæр. Алы хæдзармæ дæр дзы ис йæхи сагъæстæ, йæхи цин, йæхи мæт, фæлæ ма сæм вæййы иумæйаг сагъæстæ, иумæйаг циндзинæдтæ, иумæйаг хъыггæнæн бонтæ.... Æмæ уыдоныл æппæтæй тынгдæр чи сагъæс кæны, уый у хъæуы хистæр Ахболат.

Ахболат ахæм хистæр у, æмæ æмхуызон карз домы йæ бинонты дæр æмæ хъæубæсты цæрджыты дæр. Йæ хъус дары кæстæрты уаг, се 'гъдау, сæ архайдмæ. Нæ рох кæны фæкæсинаг бинонты. Кæм, кæд æмæ цы зæгъын хъæуы, уый тынг хорз зоны. Дзургæ та кæны дæсны, ноджы йæ ныхас уарзы æмбисæндтæ æмæ таурæгътæй фæлгонц кæнын. Йæ бакастыл дæр бæрæг у барджын, дзуапджын лæджы сурæт: бæрзонд æнцъылдтæ ныхыл рæсугъд фидауынц халас бæзджын æрфгуытæ, куы сæ æрбалхынцъ кæна, уæд уый зон, æмæ йæ зæрдæмæ цыдæр нæ цæуы. Æдзух рæвдаугæ каст кæнынц йæ цъæхбын цæстытæ, фæлæ смæсты, зæгъгæ, уæд та тар æмæ тызмæгæй

фæкæсынц — сæ ныхмæ никæй цæстæнгас лæууы. Лæгъз фаст вæййынц йæ бæзджын рихитæ æмæ зачъетæ. Йæ дарæс — хæрзаив. Хорз ыл фидауынц морæ цухъхъа æмæ фæныкхуыз куырæт ирон æгънæджытимæ, бæрзонд ирон худ æмæ сау цырыхъхъытæ. Сызгъæриндонытылд бæрцытæ, æхгæд æвзист хъама, ирон роны æвзист æвзæгтæ дардмæ тæмæнтæ калынц. Дзуары хуызæн у йæ бакаст. Стыр кад æмæ æгъдау ын ис хъæубæсты. Цард ахæмтыл лæууы, ахæмтæй фидауы: хистæрты фарн дæтты кæстæртæм, фæлтæрты бæтты кæрæдзиуыл.

Уыд изæрырдæм. Хур сонтау нал сыгъта, фæлæ нырма нывæзта фæлмæн, рæвдаугæ тынтæ. Ныхасы бадынц Ахболат, Гицо æмæ ма цалдæр лæджы, алы хабæрттæ кæнынц. Æрбацыд сæм хъæлдзæг цæстæнгасимæ Миттыл, салам сын радта, уыдон дæр ын арфæ ракодтой, стæй сæм уæд дзуры:

— Айразмæ уæм хонæг рарвыстон, мæ уазæджы куывдмæ рацæут, зæгъгæ, æмæ уæ ничи сæмбæлдис. Хъыг мын уыдис, аргъ мын кæй не скодтат, уæлдайдæр та мæ уазæгæн, уый...

— Хъыг — йа? — фæурæдта йæ Ахболат. — Æз дæм мæ дзуапп арвыстон дæ хонæгæн. Æмæ ма дын зæгъын: зондджын адæймаг лæвар цардыл нæ бауæнддзæн. Æнæ дзæбæх ахъуыды кæнгæйæ цы саразай, уый æдылы ми у.

— Цы хъуыды кæнын дзы хъæуы, Ахболат? Йæ ныхасæй, йæ алы змæлдæй, йæ хъуыддæгтæй бæрæг у — уæздан, æгъдауджын у мæ уазæг.

— Æгæр дзы ма 'ппæл, Миттыл, — йæ ныхас баппæрста Гицо. — Нырма йын цы зоныс? Уыныс ын йæ агъуд, зæрдæлхæнæнтæ кæны, фæлæ цы ис йæ зæрдæйы? Цы зондыл хæст у, цы хъуыдытæ, цы фæндтæ йæ æрбахастой ардæм, уыдонæн та йæхæдæг æмæ Хуыцауы йедтæмæ ничи ницы зоны.

— Æмæ цы зонын хъæуы: йæхи дзæбæх кæнынмæ æрбацыд, хъæздыг лæг у æмæ йæ зæрдæйы парахатæй хæрдзтæ кæны. Уым æвзæрæй цы ис? — дзуапп радта Миттыл Гицойæн.

— Фæуæд, ды куыд зæгъыс, афтæ. Фæлæ дæ уазæг æгæр нæ афæстиат нæ хъæуы? — бафарста Ахболат. — Хорз уазæг æрцыд куыд зоны, фæцыд дæр афтæ зоны.

— Нæ уæ 'мбарын, цы зæгъынмæ мын хъавут?! — фæмæстыхуыз Миттыл. — Мæ уазæджы мын сурын кæнут? Æмæ нæхицæй куы феппæлæм, мах уазæгуарзон стæм, зæгъгæ. Нæ, æз уемæ не сразы уыдзынæн, — загъта тызмæгæй æмæ Ныхасæй ацыд.

Ныхасы бадæг хистæртæ рахъуыды-бахъуыды кодтой Мит-

тыл æмæ йæ уазæджы митыл. Цыдæр сусæг хъуыддæгтæ дзы æмбæхст ис, фæлæ сæ бæлвырд раиртасын сæ бон нæма уыд. Миттыл сыкъадзæфæй йæ ус Хуызæмæ дзуры:

— Мæнæ нын цы цард æрцыд! Хуыцау лæвæрдта — æмæ махæн. Ныр нæм нæ фыдæлтæ куы 'рбакастаиккой, уæд фыр-диссагæй сæ зæрдæтæ нæ бахъарм уаиккой?..

— Мæ фыд-иу афтæ дзырдта, лæвар хæрд, дам, фарсыл нæ хæцы. Тынг дзæбæх хæцы, — загъта Хуызæ дæр.

— Амонд нæм уæларвæй æрхауд, — загъта Миттыл, — æмæ хъуамæ алыбон дæр не 'ртæ чъирийæ кувæм Джорджы цæрæнбо-ны тыххæй, нæ зæххон Хуыцауы цæрæнбоны тыххæй. Афтæ гъе, не 'фсин, мæ зæрдæ цинæй байдзаг, — æмæ æрбахъæбыс кодта Хуызæйы.

— Ацу, стæ, де 'рра митæм та бахæццæ дæ...

Цалдæр боны фæстæ Джордж Миттылæн бакой кодта, хæдзар балхæнын æй кæй фæнды, уый. Иннæ æлхæдтыты фæткыл. Миттыл цыма рагæй æнхъæлмæ каст уымæ дæр, уыйау фæкодта:

— Джордж! Æмæ кæм цæрыс, уый дæ зæрдæмæ нæ цæуы? Агургæ ма йæ цæмæн кæнæм? Цæрыс ацы хæдзары, æмæ дзы цæр. Иумæ цæрдзыстæм, кæдмæ дæ фæнда, уæдмæ. Исты йæ Америкмæ демæ куы нæ ласдзынæ.

— Тынг хорз, иттæг хорз, Миттыл!

Афтæмæй Миттылæн йæ хæдзар дæр æцæгдзинадæй Джор-джы бацис, кæд ма дзы цæргæ кодта, уæддæр. Æхца йæм дзæвгар æрæмбырд, æмæ йæхи схъæлæй дарын байдыдта. Æргом æй нæ дзырдта, фæлæ йæ сыхæгты йе 'мсæр нал хуыдта — уыйбæрц æхца дзы никæмæ уыд. Джордж ма зæххытæ æмæ хæдзæрттæ кæй æлхæндзæн, уый æмбæрста, уыцы базары йын æххуыс кæй кæндзæн, уый дæр зыдта, йæхи мидæг та бæллыд, куы ничи йын ницы рауæй кæнид, уымæ: искæмæ дзы фылдæр æхца куы 'рхауа! «Гицотæ æмæ мын иннæтæ дæр раныхæстæ кæнынц, цард кæцæй цæуы, уый нæ зонынц, афтæмæй. Ныр ма сæ мæ ныхмæ исчи сыбыртт дæр суæндæд, æз ын...»

Ферох Миттылæй рагон æмбисонд: «Ирон лæг куы схъæздыг уа, уæд кæнæ лæг мары, кæнæ Хуыцаумæ мæсыг амайы». Хъæздыгдзинадæн фидар, зонджын лæг хъæуы, науæд лæмæгъты æрра кæны, сæ зонд сын фесафы, бакуырм, бакъуыр-ма сæ кæны. Ахæм адæймаг та фыдбылыз хæссы йæхицæн дæр æмæ адæмæн дæр.

Америкаг уазæг сфæнд кодта амæй фæстæмæ æргомæй архайын. Фæдзырдта Миттылмæ æмæ йын загъта:

— Рæстæг сæфы дзæгъæлы. Æнхъæлмæ кæсæн нал ис, уæ хъæуы зæххытæ иууылдæр æлхæнын хъæуы. Райдайæм кусын.

— Уыйбæрц зæххытæй цы кæныс? Кусгæ та дын сæ чи кæндзæн?

— Æз ам æрзæткъахæнтæ сараздзынæн.

— Æмæ ма уæд нæ хъæуы адæм та цæмæй цæрдзысты?

— Бон цæуы æмæ фарн йемæ хæссы... Сæйрагдæр дæсны менеджертæ сты.

— Уыдон та цы сты, менеджертæ? Æмыджыртæ зонын, менеджыртæ та — нæ...

— Менеджер у æххуырст разамонæг, æз сын цы дзурон, уый кæндзысты. Мæ цæстытыл уайы, инвесортæ мæм сæхæдæг куыд згъордзысты, уый.

— Инвесортæ — йа?

— Мæ куыстуæттæ аразынæн бæрæг æмгъуыдмæ стыр æхцатæ чи 'рбахæсса, уыдон инвесортæ хуыйнынц.

— Æмæ дын цæмæн хъуамæ æрбахæссой æхцатæ? Чи дын сты?

— Уымæн æмæ уыцы инвестицитæй уыдон процентæ исдзысты, уыдонæн дæр пайда уыдзæн.

— Ницы дын æмбарын дæ менеджертæ æмæ инвесортæн. Уыцы æвзагæй махмæ ничи дзуры, нæ хъæуы адæм æндæр куыстытыл ахуыр сты.

— Базондзыстут æй, дзурдзыстут ыл, æз адæмы Америкæй куы 'рбакæнон, æмæ шахтæтæ куы скусой, сызгъæрин къахын куы райдайой, уæд.

— Æмæ мах кæддæр нæхæдæг куы цыдыстæм куыстагур Америкæмæ, уæд ныр та... О, æмæ уыцы менеджертæй махæн, хæххон адæмæн, цы пайда уыдзæн?

— Æз уын уæ хъæуæй горæт сараздзынæн, адæм дзы дзæнæты цард кæндзысты. Швейцарийы курорттæ йæ цуры рыг дæр нал калдзысты.

Ног хабар дугъон бæхæй рæвдздæр у, уайтагъд хъæуы уынгтыл, комбæсты æрзилы, адæм æй кæрæдзимæ хъус-хъусгæнгæ фæхæццæ кæнынц. Уайтагъд Зæринджыны цæрджытæ хистæрæй-кæстæрæй иууылдæр зыдтой, Джордж зæххытæ кæй æлхæны, алы зæххы гæбазæн дæр йæ аргъæй дыууæ-æртæ хатты фылдæр доллæртæ кæй фиддзæн. Ноджы ма айхъуыст,

Джордж зæххытæ куы балхæна, уæд уый фæстæ æрзæткъахæн шахтæтæ, æрзæткъахæн заводтæ кæй араздзæн, уый. Ноджы ма айхъуыст уый дæр, æмæ Зæринджыны кæй сараздзæн æнæхъæн горæт, курортты горæт...

Адæм базмæлыдысты, кæрæдзимæ уайынц, кæрæдзи фæрсынц, цы бакæной, куыд бакæной, уымæй. Джорджы фæндон сын амонд хæссы, æви фыдбылыз, уыцы хъуыды сæ сагъæсы баппæрста. Иу бинонты астæу дæр алы хатт æмхуызон зондахаст нæ вæййы. Зæринджыны цæрджытæй дæр иу къорд æхсызгонæй сæмбæлд ног хабарыл æмæ хъавыдысты, цæмæй се 'ппæты разæй уыдоны зæххытæ балхæна Джордж, уымæ. Хæххон сабыр хъæуы цæрджытæ мыдыбындзыты чыргъæдау базмæлыдысты æмæ сæхицæн æнцой нал зыдтой.

Уыцы рæстæджы Джордж æмæ йæ фысым уынаффæтæ кодтой сæ дарддæры цардыл. Сæ ныхас аздæхт æхцайы коймæ. — Америчы æхца йæхимæ ничи дары, уæд уый мард капитал хонынц, — дзырдта йын Джордж. — Алчи дæр банчы йе 'хца сæвæры, æмæ йын уым сбирæ вæййынц. Æхца хъуамæ фынæй ма кæна, хъуамæ кусгæ кæна, кусгæ. Мæнæ дæумæ бирæ æхца æрæмбырд, æмæ сыл исты уæлдай æфты? Не 'фты, капекк дæр сыл не 'фты. Нырма дын лæууынц æнцад мард капиталæй. Банчы сæ куы сæвæрай, уæд та дын пайда хæсдзысты, зынгæ пайда, уымæн æмæ уым кусгæ кæндзысты.

— Уæллæй, Джордж, дæ ныхæстæ мæм бахъардтой, æмæ æз дæр сфæнд кодтон ме 'хцатæ банчы сæвæрын, кæд ма сыл исты бафтид.

— Сымахмæ банк хæрзгыццыл процент фиды, стæй уæ банкыл æууæнк нæй, адæмы сайгæ кæны, се 'хца сын асайы, нал сын æй ратты. Америчы банк стыр процентгæ фиды. Уæ бæстæйы хъæздгуытæ дæр се 'хца мах банкты уымæн сæвæрынц, æмæ сын фылдæрæй-фылдæр кæнынц.

— Æз дæр сæ уым бæргæ сæвæрин, фæлæ æгæр дард у, æз та искуыдæм цæуын ахуыр нæ дæн, фæндгæ дæр мæ нæ кæны.

— Уымæн хос бæргæ ис, фæлæ... Кæд мыл баууæнддзынæ...

— Уый та дын цы ныхас у? Æфхæргæ мæ кæныс! Æз дæуыл мæхицæй тынгдæр куы æууæндын. Зæгъ-ма мын æй, куыд ын ис гæнæн?

— Ис афтæ саразæн: бадзырд бафыссæм нæ дыууæ, Хъайтар æй сфидар кæндзæн, ды де 'хца банчы сæвæрынмæ мæнмæ ратдзынæ,

æмæ дын сæ æз фидæнмæ фæстæмæ ратдзынæн, сæ цыппæрæм хайы бæрц фæфылдæр уыдзысты, афтæмæй, чи зоны, æмбис фылдæрæй.

— Уымæй ма хуыздæр цы уа! Саразæм бадзырд!

— Фæлæуу, Миттыл, æгæр тагъд ма кæн. Æз дæр ахъуыды кæнон, цас зиан æрхæсдзæн мæнæн та, уый банымайон. Дæуæн æргом пайда кæй у, уый бæлвырд у, фæлæ сæ мæн афæдзмæ афтæ бакусын хъæуы, цæмæй дæуæн де 'хцайыл бафта, æмæ дзы мæхæдæг дæр разыйæ куыд баззайон.

Цалдæр боны Джордж йæхи фæрасай-басай кодта, фæдфæливæн ныхæстæй сайæн митæ фæкодта, цыма йæ нæ фæнды Миттылы æхца райсын, уыйау. Бынтон æй сцыбæл кодта æхцайыл пайдатæ райсынмæ, стæй йын загъта, нал хъавы бадзырд саразын, зæгъгæ. Миттыл ын цас æмæ цас фæлæгъзтæ кодта, фæлæ, марадз-зæгъай, кæд коммæ каст. Фæстагмæ, цыма Миттылæн тынг фæтæригъæд кодта æмæ йæ уый басаста, уыйау сразы ис фондз æмæ ссæдз проценты фидыныл. Миттыл дзы галы бузныг фæци æмæ гæххæттытæ тагъд-тагъд бафыста. Сфидар сæ кодта Хъайтар. Миттыл дзы иу гæххæтт райста æмæ йе 'хца иууылдæр Джорджмæ радта.

Сæхимæ фырцинæй кæуылты бахæццæ, уый Миттыл æмбаргæ дæр нæ бакодта. Кæртыдуарæй хъæр кæны мидæмæ:

— Не 'фсин! Кæм дæ, цы фæдæ?!

Хуызæ фæтарсти, цы 'рцыди, афтæ куы никуы фæхъæр кæны, зæгъгæ, æмæ, йæ къухтæ йæ раздарæнæй сæрфгæ, рауад. Лæджы æнахуыр хъæлдзæгæй куы федта, уæд æй фæрсы:

— Цы хабар у, цæуыл афтæ цин кæныс?

— Хорз хабар, хорз, стыр цины хабар! Тагъд æртæ уæлибæхы ракæн. Абон Джордж мæ курдиатыл сразы, æмæ æрфыстам нæ къухтæ, табу Хуыцауæн!

— Йæ цæрæнбон бирæ, йæ фæндтæ йæ къухы рæсугъдæй бафтæнт! Уый лæг нæу, фæлæ нæм дзуар æртахт, дзуар! Мæ уд йæ фæхъхъау фæуæд, ныртæккæ фынг дæр цæттæ уыдзæн...

— Марадз, марадз!.. Ацы гæххæтт нæ дарæг уыдзæн, нæ удыл хæцæг. Кæс-ма, кæс, мæнæ уый мæ къухæвæрд, мæнæ уый — Джорджы къухæвæрд, мæнæ уый —Хъайтар, мæнæ уый та у дунетæн æмбисонды тымбыл мыхуыр.

Хъæуæй Миттылмæ хæлæггæнджытæ фæци. Сæ сыхæгты ус Сурæт йæ лæг Гицомæ дзуры:

— Хъус-ма, махон! Нæ сыхæгтæм хæлæг нæ кæныс? Миттылтæй зæгъын.

— Æмæ сæм цæмæн хъуамæ хæлæг кæнон, сæ лæг мæнæй лæгдæр у, æви сæ ус дæуæй хуыздæр? — хъазынмæ здахы ныхас Гицо.

— Уыдæтты мæт мæ нæй.

— Уæдæ сæм цæмæ хæлæг кæныс?

— Сæ къух уазал доны нал тулынц, афтæмæй царвы ленк кæнынц.

— Ленк кæнæнт, æрмæст дзы хуыдуг ма фæуæнт. Кæм сын уыд уыйбæрц царв та?

— Джорджæн радтой хуымзæххæй, уыгæрдæнæй, фосæй, куыройæ, гутонæй, цæвæгæй — цыдæриддæр сæм уыдис, уыдон, æмæ ныр цæттæйæ хæссынц ссад, дзидза, цыхт, æхсыр...

— Ныууадз мæ, цæй! Нæ мæ хъæуы лæвар фæллой, давæггаджы хуызæн мæм кæсы.

— Цæй хивæнд фæдæ, цæй хивæнд! Хорздзинад дæ фындзы бын уæд æмæ йæ ма уын! Фæтагъд кæн, кæд ма исты бакусис, исты капеччытæ райсис дæ зæххы гæппæлæй, кæннод, Джордж куыд дзуры, афтæмæй тагъд Амырык Уæрæсейы балхæндзæн, æмæ дын уæд дзæгъæлы сæфт фæуыдзæн.

— Мæнæ Царциаты диссæгтæ! Зæгъ ма мын, нæ зæхх куы ауæй кæнæм, уæд ма кæм æрлæудзыстæм? Цы хъуамæ фæуæм? Кæдæм атæхæм? Ды тæхгæ кæн æнæ базыртæй, фæлæ-иу мах сидзæрæй ма ныууадз.

— Ацу, ме 'нæуынон фæу! Дæу уырысы 'фсæдтæ дæр нæ басæтдзысты.

Ныр уыцы ныхæстæн Гицо кæрон скодта йæ бинонты астæу, Сурæт æм кæй нал бахатдзæн, уый йæ фидарæй уырныдта. Фæлæ йæ фыдвæндгæнджытæ уæддæр цух нæ уагътой. Зыдтой йæ, Гицо куы сразы уа, уæд бирæтæ йæ фæдыл кæй ацæудзысты, уымæн æмæ Зæринджыны Ахболаты фæстæ Гицойæ нымаддæр лæг зын ссарæн уыд.

Гицо хъæлдзæг адæймаг у, маст æмæ мæт йæхимæ æввахс нæ уадзы. Фæндагыл уа, куысты, фынджы уæлхъус, æмбырды — йæ фарсмæ уæвын бæрæгбон у. Ахæм лæг зынаргъ у йæ бинонтæн, кæимæ æмбæлы, уыдонæн, сæ зындзинад сын фæрогдæр кæны, æнкъарды схъæлдзæг кæны, фæлладæн та йæ фæллад æрбайсафы.

Фæлæ исты æнæраст, æнæуаг ми федта, уæд йæ хъазæн ныхæстæ æрбайсæфынц, æргомæй, карзæй, суанг ма тызмæгæй дæр фæзæгъы йæ хъуыды, йæ фæндон.

Йæ зæхх ауæй кæныныл цæмæй сразы уа, уый тыххæй йемæ радыгай фæдзырдтой цалдæргай хæттыты Миттыл æмæ Хъайтар, фæлæ сын ницы ком радта, цæхгæр лæууыд йæхи хъуыдыйыл. Æмзонд уыдысты ацы хъуыддаджы Ахболатимæ.

Джорджæн гæнæн нал уыд, æмæ йæхæдæг афæнд кодта сайæн ныхæстæй Гицойы басæттын. Бацыд æм йæ хæдзармæ, ауагъта йæ мæлгъæвзаг, хин æмæ кæлæнæй йæм цы уыд, уыдонæй фæсте ницыуал ныууагъта. Гицо дзы сфæлмæцыд æмæ йын æргом загъта:

— Ныууадз мæ! Æз сахуыр дæн мæхи хъаруйæ кусын æмæ цæрын. Цы муртæ мæм ис, уыдон нæ фаг сты. Фагæй фылдæр та мæн нæ хъæуы.

— Бакæс-ма Миттылмæ, куыд аивта йæ цард, йæ хуыз скалдта. Алцыдæр ын ис, уæззау куыстæй фервæзт. Кæуылты хуыздæр цæры дæуæй.

— Нæ, бузныг. Цæрæд йæхи фæндиаг Миттыл. Æз искæй цардмæ нæ хæлæг кæнын. Мæн æвæлмонæй ницы хъæуы...

— Ды мæ фæндыл сразы у, æндæр дын уый фæстæ бар уыдзæн: фæнда дæ — кус, фæнда дæ — ма кус. Миттылы нæ фæнды кусын, æмæ бады, цардæй къæртт æппары. Дæуæн дæр афтæ цæрынæн замманай гæнæн ис. Фæсмон фæкæндзынæ фæстаг бон...

— Æз мæ хуымзæххыл, мæ уыгæрдæныл куы ‘рлæууын, уæд æй мæ къæхтæ дæр фембарынц: уый мæ фыды зæхх у, уый мæхи зæхх у. Йæ хуыртæ йын куы ахсæдын, куы йæм базилын хъацæнтæй, дон æм куы рауадзын, мæхи тыллæг куы бафснайын, мæ бинонтæн афæдзваг хæринаг, мæ фосæн холлаг куы ‘рцæттæ кæнын Хуыцауы фæрцы, уæд мæнæй амондджындæр зæххы цъарыл нæ вæййы, уыцы цин ды нæ бамбардзынæ, уымæн æмæ ды цæттæйæ сахуыр дæ, дæхæдæг кусын арæзт нæ дæ. Иу зонджын лæгæй афтæ фехъуыстон, цæмæй, дам, хорз баулæфай, уый тыххæй хорз бафæллайын хъæуы. Рацу-ма, мемæ акус, кæддæра уый фæстæ куыд хорз баулæфис... Мæнмæ гæсгæ, ныр уый адыл ахицæн нæ ныхас.

Нæ уыд уый æнхъæл Джордж. Æхцайы ныхмæ исчи фæлæууа, уый йæ никуы бауырныдтаид. Цавæр тых разынд ацы хæххон лæгмæ! Йæхирдыгонау раст у, фæлæ йын цæй фидар удыхъæд разынд, цæй æнæбасæттон у. Ахæмтимæ йын æнцон нæ уыдзæн. Йæхи дардта, цыма ницы ‘рцыд, уыйау, фæлæ Джорджæн йæ ныфс æмбис фæкъаддæр.

Иу бон та Ахболат Ныхасмæ адæмы æрæмбырд кодта

стырæй-чысылæй, æмæ Джорджы æрбацыдыл чи цин кодта, Хуыцауы лæвар æй чи хуыдта, уыдонмæ дзуры:

— Цы уыл æрцыд, нæ хъæубæстæ? Цы кусут, цæуыл цин кæнут? Куыд хæрут кæйдæр фæллой æрвылбон? Кæд федтат æнæ исты пайда æнхъæлæй ахæм хæрдзтæ кæнгæ? Абоны лæвар хæрд æмæ нозт райсом уæ фарсы тæнæгæй куы ракæлой, уымæй нæ тæрсут? Абон уын Джорджтæ, Миттылтæ æмæ Хъайтартæ æррагæнæнтæ дарынц, сымах та цин кæнут, уыцы æррагæнæнтæ лæвар кæй сты, ууыл. Æз гыццыл нæ рацардтæн, гыццыл нæ федтон мæ царды бонты, уæдæ хætæнты дæр уыдтæн æмæ уын æргом куы зæгъын — мæ зæрдæ йæ зоны, ам цыдæр стыр бæллæх æнхъизы. Чидæртæ Джорджы æрбацыд Хуыцауы лæвар хоны æмæ йын сæхи ныууæй кодтой, фæлæ мæнмæ та уый кæсы афтæ, æмæ нæ Хуыцау ралгъыста, нæ сабыр, куыстуарзон, кадджын хъæумæ нын сау маргджын калм æрбарвыста, æмæ йæ маргæй хъæстæ кæны нæ цардбæллон, хæларзæрдæ, æнæхин адæмы.

Хъайтар йæхимидæг, йæ мидбынаты раздыхс-баздыхс систа, йæ масты дзæкъул байдзаг æмæ йын фæтоны. Йæхиуыл хæцы, йæхи уромы, стæй ныронг дæр Ахболаты ныхмæ сдзурын никуы бауæндыд. Уый ныхмæ сдзурын химарынау уыд. Иннæрдыгæй та, куы ницы сдзура адæмы астæу Ахболаты ныхмæ, уæд уыдон Джорджы ныхмæ сыстдзысты, æмæ дзы фыццагдæр Хъайтарæн йæхи сæр басудздзæн. Джорджæй тас ыл фæуæлахиз, йæхи нал баурæдта æмæ сдзырдта къæзгæ хъæлæсæй:

— Фарн дæм бадзурæд, Ахболат, фæлæ бынтон карз кæнын нæ хъæуы ацы ныхас.

— Ома куыд бынтон карз? Иугæр срæмыгътай, нæ хъæуыхицау, уæд æргом зæгъ, мæ ныхæстæй дæ зæрдæмæ кæцы нæ цæуы, цы дзы нæу раст?

Джордж нæ хъæуæн цы хорздзинæдтæ аразы, уый алчидæр уыны. Уæдæ адæмæн йæ зæрдæ кæй байгом кодта, цæхх-къæбæрсын кæй хæрын кæны, уым дæр æз æвзæрæй ницы уынын. Уæдæ нæ фæсарæйнаг цардимæ кæй зонгæ кæны, уый дæр раппæлинаг хъуыддаг у, цæмæн хъуамæ уæм мах фæстæзаддæр иннæ адæмтæй? Сау маргджын калм æй кæй хоны, уый æгæр æфхæрд у. Зонд дын нæ амонын, Ахболат, фæлæ йæ уазæджы афтæ ничи æфхæры, фæхæрам нæм уыдзæн. Уый хорз нæу.

Гицо фестад йæ бынатæй, размæ рацыд:

— Бахатыр ма кæн, Хъайтар, ды Джорджæн йæ хæрамæй цæмæн тæрсыс? Кæд дзы гæртæмттæ фæистай, уæд ын сæ фæстæмæ радт, æмæ хахх кæнæд сæхимæ, таппызары хай фæуæд. Æз тынг разы дæн Ахболаты ныхасыл. Сыстад барджынхуызæй Миттыл дæр æмæ дзуры Ахболатмæ:

— Мæнæн дæр ма иу ныхасы бар радтут.

— Зæгъ, зæгъ, Миттыл, ды дæр, нæ дон змæнтын дæуæй куы райдыдта.

— Æз донызмæнтæг нæ дæн, фæлæ мæ ныхас, Гицо, дæумæ у. Мæгуыр цард кæй кæныс, уый дын мæн аххос у? Нæ дын дзырдтон, ма рæди, мæнæ мæн бафæзм æмæ цардæй исты фенай? Дзырдтон! Не сразы дæ æмæ — Джызæлы гауарда. Ныр æз цы цард кæнын æмæ ды цы цард кæныс, уыдон иумæ абар, æмæ нæ чи растдæр у, уый зæгъ.

— Миттыл, — фæмæсты Гицо, — ды раздæры Миттыл нал дæ! Дæуæн дæ сæрызонд фæиннæрдæм, кæйдæр æмдзæгъдмæ кафын байдыдтай, æмæ, ма тæрс, мæ уды хос дæ къухы куы уаид, уæддæр дæм курæг нæ бацæудзынæн.

Карз, быцæу ныхас хылмæ куы рахиза, уымæй æдас нæ уыд Ахболат. Хъайтар æмæ Миттылы æмдзæхдон адæм гуым-гуым кæнын байдыдтой, райхъуысы сæ дзырдæппарæнтæ. Ахæм уавæры исты цæхгæр уынаффæ рахæссын тæссаг хъуыддаг уыд. Ныхас уал Ахболат йæхинымæр хорзыл æмæ æгъгъæдыл банымадта æмæ загъта:

— Æз нæ хъæубæсты хыл кæнынмæ, кæрæдзи тонынмæ не 'рæмбырд кодтон, Уе 'ппæт дæр æй уынут, нæ хъæуы æгъдау æмæ уаг кæй нал ис, уый. Æмæ цалынмæ нæ къæхтыл цæуæм, цалынмæ нæ бар нæхиуыл цæуы, уæдмæ нын нæ фыдæлты фарн æмæ рæсугъд æгъдæутты сæрты ахизæн нæй. Æмæ уал абоны ныхæстæ фаг фæуæнт, фæстæдæр та ногæй фембæлдзыстæм, алчидæр уал лæмбынæг ахъуыды кæнæд нæ уавæрыл.

Хъайтарæн Миттыл цыдæртæ йæ хъусы адзырдта, æмæ Хъайтар фæхъæр кодта:

— Нæ, бахатыр кæн, Ахболат! Нæ ныхас нæма фæци! Хъуыддæгтæ иууылдæр дæхимæ куы айстай, уæд уый куыд у? Хъæуыхицау дæр ма дзы ис, уымæ дæр цыдæр бартæ хауы.

— Бартæ дæм бирæ ис, Мытылы фырт, æрмæст дын адæмы цард халыны бар нæй! — мæстыйæ сдзырдта Ахболат. — Хъæутæ дæ хуызæтты бар куы баззадысты, сæфтмæ дæр уæд æрцыдысты.

— Бахатыр ма кæн, Ахболат! Æз нæ хъæуы тыххæй дзуапп

дæттын паддзахады раз æмæ йæ зонын, паддзахад дæр, æз куыд дзурын, ахæм зондыл хæст у. Цы ныззæгæл стут уæ хуырджын, къæдзæхбын зæххы гæппæлтыл? Цæрæнбонты сыл нæ туг фæкалдтам, сæ пайда та цы у? Уæхæдæг æй нæ зонут? Джордж уын сæ сæрмæ дуне æхцатæ фиды, сымах та уæхи ныуудцаны кодтат. Æз, куыд паддзахады минæвар, афтæ ма уын иу хатт зæгъын — ма рæдийут, ауæй кæнут уæ зæххы гæбæзтæ æмæ бæллиццаг цард кæнат. Куы нæ мæм байхъусат, уæд сæ фæстагмæ паддзахад æнæ сымах бафæрсгæйæ дæр ауæй кæндзæн.

Адæмæй бирæтæ сдызæрдыг сты, кæй фæдыл сразы кæнын хъæуы, уый нал зонынц, Ахболат æмæ Гицойы ныхæстæ сæм раст кæсынц, уæдæ, Хъайтар æмæ Миттыл дæр цыма рæстытæ дзурынц, афтæ сæм кæсы. Æмæ афтæмæй куы иуырдæм ахæцынц, куы иннæрдæм. Гицо дæр æмбæрста уыцы уавæр æмæ бафарста Хъайтары:

— Байхъус-ма, нæ паддзахады лæг. Ныр мах дæр уе 'дылы фæндæттыл куы сразы уæм, уæд уый фæстæ цы кусдзыстæм, цæмæй цæрдзыстæм, дæ Джордж нын кæдмæ хæрын кæндзæн лæвар къæбæр?

— Ды адæмы хъæр не 'мбарыс, Гицо, æмæ ма дын æй иу хатт зæгъын, — райдыдта Хъайтар, — Джордж кæуылты лæг у, уый дæр не 'мбарыс, фæлæ уымæн йæ хъуыдытæ, йæ фæндтæ стыр хъуыддæгтæ аразыныл сты. Ам уый байгом кæндзæн егъау æрзæткъахæнтæ, уым не 'ппæтæн дæр куыст уыдзæн. Зæрин æрзæт, зæрин!

— Мытылы фырт, — йæ ныхас ын айста Ахболат, — зондæй фидар нæ дæ, уый зыдтон, фæлæ бынтон æнæзонд дæ, уый æнхъæл дын нæ уыдтæн. Нæ къухы цы ис, уый нын исынмæ хъавыс, райсом куыд цæрдзыстæм, уымæн та æмбаргæ ницы кæныс. Нæ, Мытылы фырт, ды куырм галы цыд кæныс æмæ дын былæй æнæ ахаугæ нæй, фæлæ ма мах дæр  дæ фæдыл кæнынмæ хъавыс. Чи дын радта бар нæ райгуырæн хъæу, нæ рагфыдæлты мæсгуытæ халынæн, нæ зæххытæ, нæ хæдзæрттæ байсынæн?! Сымах уæхи ауæй кодтат дæлимонæн, фæлæ адæмы ныууадзут, ма сын халут сæ цард, сæ фидæн. Мæ фондз æнгуылдзмæ куыд кæсын, афтæ йæ мæ зæрдæ зоны, уыцы залиаг калм рагацау ардыгæй йæхи куы нæ айса, уæд нæ хъæуы стыр фыдбылызтæ, стыр бæллæхтæ æрцæудзæн...

Джордж бынтондæр Миттылты бинойнаг сси, уæрст сын ницы

уыд. Уазæг рагæй бакæс-бакæс кæны Хуызæмæ, — хæрзконд, хæрзуынд, сырхуадул сылгоймагмæ йæ зæрдæ бахъазыд, фæлæ фырнымд Хуызæмæ йæ ныфс нæма хаста. Æдас нæ уыд хохæгты карз æгъдæуттæй дæр.

Уыцы бон Миттыл æхсæвæддæйы ацыд быдыры хъæутæй иумæ йæ хæстæджы зианы фæдыл. Хуызæ хæринаг скодта йæ уазæгæн, фынг æрæвæрдта æмæ цæуынвæнд куы кодта, уæд ын Джордж загъта, иунæгæй, дам, мын æнкъард у, ды дæр сбад æмæ иумæ бахæрæм. Сразы Хуызæ, йæхицæн дæр цыдæртæ æрæвæрдта æмæ хæрынц. Уæд æм Джордж дзуры:

— Тынг хæрзад хæринаг кæныс, дæ цæрæнбон бирæ, æрмæст ма мын дæ бæгæныйæ дæр куы авæрис..

— Уыйбæрц дæр дæ хъæуæд, — фестад, ауад бæгæны хæссынмæ.

Джордж ын йæ хæринæгтыл цыдæр æррагæнæн хос сусæгæй акодта. Хуызæ бæгæны рауагъта уазæгæн æмæ йæхæдæг хæрыныл æрбадт. Цыбыр рæстæгмæ хæдæфсарм Хуызæ цыдæр кодта, хæлд сылгоймагау йæхи нал урæдта. Джордж æй бакодта хуыссæн уатмæ, сбæгънæг æй кодта, хæдкусгæ къамисæн сæвæрдта бæрæг ран, æмæ сылгоймагæн цы цъаммар митæ кодта, уыдон фæиста.

Хуызæйæн йæ зонд йæхимæ куы 'рцыд, уæд æррайы хуызæн фæци, цы акодтаид, уый нал зыдта, кæцæйдæр кард йæ къухы февзæрд, фыццаг хъуамæ амара Джорджы, стæй та йæхи. Фæлæ йын уый йæ къухтæ æрцахста æмæ йын афтæ зæгъы:

— Æнцад у! Дæхи аххос уыд. Цы сæрра дæ? Дæ ныхæстæ магнитофоныл фыст сты, дæ къамтæ дын алы хуызты фæистон. Дæ дзыхыл куы нæ хæцай, уæд дæ ныххудинаг кæндзынæн дæ лæджы цур дæр æмæ дæ хъæуккæгты цур дæр.

— Нæ! Æз ахæм нæ дæн! Ды мын цыдæр бакуыстай, цæмæйдæр мæ сæрра кодтай. Ды маринаг дæ! — хъæр кодта æмæ куыдта Хуызæ.

Æхсæв-бонмæ нæ бафынæй Хуызæ, йæ кæуынæй нæ банцад. Цал æмæ цал хъуыдыйы йæм февзæрд Джордж амарыны тыххæй. Йæхицæн дæр йæ цард ад нал скæндзæн. Фæлæ йæ æгады бонтæ, йæ хъизæмæрттæ ууыл нæ ахицæн сты, йæ лæгиу исчердæм куы фæци, уæд та-иу æй Джордж уыцы æбуалгъ къамтæ адæмæн равдисынæй стæрсын кодта æмæ та-иу æй йæ уатмæ бакодта...

Дыккаг бон Миттыл куы 'рбаздæхт, уæд йæ усы æрбаййæф-

та æнкъардæй бадгæ. Цалдæр хатты йæ бафарста, цы кæныс, исты дæ риссы, зæгъгæ, фæлæ Хуызæ загъта, ницы кæнын, ницы мæ риссы. Йæхицæн-иу йæ кæуын йæ былалгъмæ схæццæ, радзурынмæ йын фæхъавы, цы йыл æрцыд, уый, фæлæ та йæхи бауромы, йæ кæуындзæг аныхъуыры. Тæрсы худинагæй, тæрсы, лæгмæрдтæ дзы куы 'рцæуа, уымæй.

Хъæлдзæг бонтæ нал скодта Хуызæйыл. Цард ын фенад ис бынтондæр. Йæ бонтæ æрвыста тæрсгæ-ризгæйæ. Архайдта, цæмæй йæ лæг макуыдæм цæуа йæ хæдзарæй, ууыл.

Ахболат сфæнд кодта Миттылимæ лæгæй-лæгмæ аныхас кæнын, йæ зондахаст ын хуыздæр базонын æмæ ма йын иу хатт йæ уазæджы фыдвæнд бамбарын кæнын... Арвыста йæм. Æрбахуыдта йæ Ныхасмæ æмæ, дыууæйæ куы баззадысты, уæд ын сабыргай райдыдта дзурын:

— Дæ митæ мæм, мæ сыхаг, иу рагон таурæгъы хуызæн кæсынц.

— Æвæццæгæн, ног царды фæзилæнтæй кæй пайда кæнын, уый кæйдæрты зæрдæмæ нæ цæуы, хæлæг кæнынц мæ цардмæ. Æмæ-иу нæ фыдæлтæ куыд загътой, цард хæлæгæй нæу, — сæрыстырæй дзуапп радта Миттыл, — фæлæ уæддæр дæ таурæгъ ракæн, хъусын дæм.

— Кæддæр, дам, ма сырдтæ æмæ мæргътæ адæймагау дзурын куы зыдтой, уæд иу булæмæргъ бæрзонд бæласы цъуппыл бадтис æмæ йæхицæн зарджытæ кодта. Хъæрццыгъа йæ ауыдта, йæхи йыл баскъæрдта æмæ йæ ацахста. Булæмæргъ, йе сæфт æрцыд, уый базыдта æмæ лæгъзтæ кæны хъæрццыгъайæн, цæмæй йæ ма бахæра, æз, дам, бынтон гыццыл дæн, мæнæй нæ бафсæддзынæ, фæлтау стырдæр маргъ æрцахс æмæ хорз бафсæддзынæ. Уæд ын хъæрццыгъа афтæ зæгъы, æз, дам, бынтон æдылы уаин, мæ къухы цы амæддаг ис, уый куы ауадзин æмæ куы агурин, уыцгæ дæр кæй нæ кæнын, уыцы холы. Хъæрццыгъа чи у, уый та...

— Куырм стут, нæ уынут, раздæр куыд цардтæн æмæ ныр куыд цæрын, уыдон кæрæдзийæ куыд дард лæууынц, уый?

— Нæ, куырм не стæм, фæлæ йæ зонæм, дæ фæстаг цæмæ цæуы, уый.

— Мæ уазæджы мын ма 'фхæр. Æз æм кæсын, æмæ ахæм рæдау, цæстуарзон лæг æз никуыма федтон!

— Куыннæ, куыннæ, лæвар дæ хæссы: дæ фыд дын ныууагъта цæттæ хæдзар, хуымзæххытæ, сæрвæттæ, уыгæрдæнтæ,

бæхæй, галæй, стурæй, лыстæг фосæй, маргъæй — алцыдæр. Ды та, Миттыл, дæ кæстæртæн цы ныууадздзынæ, дæ бынтæ иууылдæр Джорджæн куы ныууæй кодтай, уæд? Кæм, æмæ цæмæй цæрдзысты? Сæйрагдæр та дæм уымæн фæдзырдтон, цæмæй ма дын æй иу хатт зæгъон: йæ зæххытæ фæсарæйнæгтæн чи ауæй кæна, уый фæсмонгонд фæуыдзæн, уый йæхи къухтæй йæ бæрзæйыл, йæ кæстæрты бæрзæйыл æфсондз сæвæрдзæн æмæ йæ цæрæнбоны дæр йæ бон аппарын нал бауыдзæн. Йæхи цы зæххытæ уыдысты, уыдоныл кæмæндæр æххуырстæй кусдзæн. Æмæ дæ фæдзæхсын — уыцы сæфты фæндагыл ма-уал кæн дæ фæдыл адæмы, ма хал, ма сæ æнамонд кæн. Ды дæр æмæ Хъайтар дæр ныууадзут адæмы сæхи адыл! Мауал сæ змæнтут! Нæ цард нæхицæй аразгæ у, уæд æй зонгæ-зоныл нæхæдæг цæмæн халæм?!

Миттылмæ цыма Ахболаты ныхæстæ хъарын байдыдтой, афтæ зындис æдде бакæсгæйæ. Куы-иу джихæй аззадис, куы-иу йæ ных рахид кодта. Фæлæ та-иу Джордж йæ зæрдыл куы ‘рбалæууыд, уæд та-иу йе ‘рфгуытæ фæтар сты, йæ бынаты-иу базмæлыд, нал-иу цыдысты йæ зæрдæмæ Ахболаты ныхæстæ. Сыстад æмæ загъта:

— Ахболат, æз ацы хъуыддаджы арф бацыдтæн, æмæ мын раздæхæн нал ис. Фæлæ дæ ныхæстыл бæстондæр ахъуыды кæндзынæн.

— Уæдæ ма дын иу æмбисонд хъуамæ радзурон.

— Цæуын мæ хъæуы, фæлæ дæ дзургæйæ куыд ныууадзон. Радзур æй.

— Раджы кæддæр иу фæсарæйнаг æмбисонд фехъуыстон, æмæ мæ зæрдæмæ тынг фæцыд, нæ мæ рох кæны, — дзуры Ахболат. — Куыдз, дам, хырх слæрдта æмæ адджынæн нуæз-та йæхи туг, йæхицæн цы фыдбылыз кæны, уый не ‘мбаргæйæ, æмæ æнæ ‘взагæй баззад.

— Æмæ цæй ныхмæ радзырдтай уыцы æмбисонд? — афарс-та йæ Миттыл.

— Цыфæнды тынг куы рафыцай, уæддæр дын æй æргом зæгъын, ды мæм уыцы куыдзы хуызæн кæсыс, ома, дæ митæй зæгъын.

— Ахболат, цæмæн мæ рæдийын кæныс, дæхи дæр æмæ мæн дæр фыдбылызы цæмæн æппарыс? Хистæры хатыр дын кæнын, ды та мæм цы дзыхæй дзурыс? Кæй хоныс куыдз?! Чи дын у куыдз?!

— Æрсабыр у! Хъæрныхасы бар дын мемæ нæй. Æз дæ миты

кой кæнын. Æркæс ма сæм дæхæдæг: дæ фыдбоны уазæг дын дæхи фæллæйттæй, дæхи сойæ дæ былтæ ацахоры, æмæ та ды дæр уыцы куыдзау адджынæн асдæрыс дæ былтæ, райсом дæм цы 'нхъæлмæ кæсы, ууыл нæ хъуыды кæныс. Буар куы сч'ъизи уа, кæнæ дарæс, уæд сын ныхсæн, ныссыгъдæг кæнæн ис, фæлæ удыхъæд чъизи куы уа, уæд уый тынг зын ссыгъдæг кæнæн у, кæнæ та йын æппындæр нал вæййы ссыгъдæг кæнæн, йæ амæлæты бонмæ баззайы чъизи удыхъæдимæ. Тæрсын, Миттыл, ды дæр дæ удыхъæд бынтон куы счъизи кæнай, уымæй. Цæмæй хæрзад хæринаг хæрай, уый тыххæй дæхæдæг куы ницы кусай, уæд дын райсом уыцы хæринæгтæ нал уыдзысты. Куы ма уой, уæд та дын тынг маст ад кæндзысты, уый дæ ма уæд рох.

Мæт æмæ сагъæсы бахауд Миттыл, хъуыды кæны Ахболаты ныхæстыл, фæлæ йæ уæддæр нæ уырны, афтæ тынг кæуыл бауæндыд, афтæ тынг кæмæй æппæлыд, арвæй бæрзонддæр кæй систа, уымæ куыд разындзæн адæмы æфхæрыны, ссæндыны, быи кæныны зонд, уæд зæххы цъарыл рæстаг адæймаг нал ис. Уæдæ Ахболат та кадджын, фенджын, зонджын лæг у, æнæраст, æнæрхъуыды ныхас дзы хъæубæстæй никуы ничи фехъуыста, у цæстуарзон, зондамонæг, уынаффæгæнæг... Хæлæггæнджытæй дæр æй не схондзынæ... О, адæм æдзæстуарзон сты, уыдонæй хуыздæр куы цæрай, уæд се знаг суыдзынæ, дæ хъыгыл цин кæндзысты, дæ циныл — маст...

Иумæ та бадынц æмæ ныхас кæнынц Миттыл æмæ йæ уазæг. Джордж æй афарста:

— Кæй сразы кодтай абон йæ зæххытæ уæй кæныныл?

— Фæндгæ бирæты кæны, фæлæ сæ Ахболат къуылымпы кæны, — йæхи растгæнæгау загъта Миттыл.

— Уый хорз нæу! Рæстæг дзæгъæлы сæфы! Рæстæг цы у, уый зоныс? Рæстæг æхца у, æхца!

Никуыма сдзырдта Миттылмæ йæ уазæг афтæ тызмæг æмæ дæрзæгæй. Цыма йæ разы Джордж нæ уыд, фæлæ бынтон æнæзонгæ лæг, афтæ йæм фæкасти. Цы кодта, цы йыл æрбамбæлд? Миттыл йæ сæрæн ницы зоны. Йæхи куыд дара æмæ йæ уазæгимæ цæуыл дзура, уый нал зыдта æмæ йæ уæд бафарста:

— Бахатыр кæн, Джордж, фæлæ дæ ахæм хъæрныхас никуы фехъуыстон, æмæ мæм диссаг кæсы, цы 'рцыди, цæуыл мæсты кæныс?

— Мæ хæдзары кæй цæрыс, уый цæмæн ферох кодтай? Мæ

хардзæй кæй хæрут æмæ нуазут, уый цæмæн рох кæнут? Кусын уæ кæй хъæуы, мæ фосмæ, мæ зæххытæм уæ зилын кæй хъæуы, уый дæр дын рохгæнинаг нæу!

Мардау фæци Миттыл. Йæ буар карчы буарау акъуызыртæ, йæ сæры хъуынтæ арц абадтысты. Фырдиссагæй йæ дзыхы дзырд нал бады. Æрæджиау ма сфæрæзта:

— Уый та куыд?.. Уый та куыд?.. Хæдзарæй, зæххæй, фосæй иууылдæр мæн куы сты...

— Уыдысты дæу.

— Дæхæдæг куы загътай...

— Æгъгъæд! Цы уыл бахардз кодтон, уыдон мын иууылдæр бафидут. Æмæ мын цæмæй бафидынмæ хъавыс мæ хæрдзтæ? Цы дæм ис? Ницы мур дæр! Абонæй фæстæмæ лæвархорты нал дарын, уыдзыстут ме 'ххуырстытæ гуыбыны хардзыл. Ды фос хиздзынæ, дарæнты сын æхсæвгæс дæр уыдзынæ дæхæдæг. Дæ ус та мын ам хæдзары зылдтытæ кæндзæн, хæдзары фосмæ дæр зилдзæн.

— Афтæ куы дзырдтай, иууылдæр нын æхсæйнаг уыдзысты, зæгъгæ.

Хъыпп-сыпп дæр нал! — йе 'фцæгготыл ын фæхæцыд Джордж æмæ йæ къæсæрæй расхуыста.

Миттыл æххуырсты куыст кодта, Джордж ын цы дзырдта, уый арæзта, фыййау дæр цыд, æхсæвгæс-иу уыд, суг ласынæй, куыройы куыстæй, хор, хос цæттæ кæнынæй йæ астæу сраст кæнынмæ дæр æй нал æвдæлд. Фæлæ адæмы 'хсæн йæхи хъæлдзæгхуызæй дардта, цыма уыцы куыстытæ йæхи фæндæй кæны, уыйау. Йæхи хæдзары, йæхи зæххыл, йæхи галтыл кæмæндæр æххуырсты куыст кæны. Фæсмонæй йæхи хæры, фæлæ къæппæджы бахауд æмæ дзы раирвæзæн нал ис. Фыдæлгъыст баййæфта йæ сæр — йæ бындур ныззылд, йæхи къухтæй фехæлдта йæ бинонты цард, сæ абон, сæ райсом.

Джордж та йæхи афтæ дардта, цыма адæмæн уый сæ дарæг, сæ уромæг у, цыма уый йеддæмæ никæмæн ницы бартæ ис, цыма йын алцыдæр æмбæлы, алцыдæр у йæ бон, цыма, æцæгдæр, сæ Хуыцау у. Йæ хъæздыгдзинад æй бакуыырм кодта, ферох дзы ис, хуымæтæг, зæххон адæймаг кæй у, уый. Бынтондæр талынг, къуырма æнхъæл уыд хохæгтæн.

— Цал хатты дын загътон! — хъæр кæны Джордж Миттылыл. — Уæхи айсут ардыгæй, суæгъд мын кæнут мæ хæдзар!!! Америкæй куы 'рбацæуой геологтæ, уæд хъуамæ мемæ мæ

хæдзары цæрой! Уый æмбарыс, æви бынтон хъæддаг сырд дæ?!

— О, Хуыцау, цы дын кодтон, цæмæн мæ афтæ 'фхæрыс? — кæуæгау кодта Миттыл.

— Æз дæн дæ Хуыцау, дæ зæд, дæ дуаг!

Хуызæ йæхи марынмæ æрцæуы, фæлæ тæригъæд кæны йæ лæгæн. Иунæгæй куы аззайы, уæд йæхиуыл хъарджытæ кæнын райдайы: «Уæ, дæлæмæ 'рхауай, цы Хуыцау дæ! Цы дын кодтам, хæдзары сæфт нæ цæмæн фæкодтай? Æнæфсис зыд бирæгъ нын нæ хурхыл куы бахæцыд. Мæ бинонты цард мын сау быны хæлд куы фæкодта, йæ сау туг фæкала! Зæххæй сисынмæ куы нал бæззын, йæ бур рондз фæкала!.. Хур мæ нал тавы, мæ зæрдæ ныттальинг, ныддур. Нæ хъал дæттæ фыццаг зарджытæ кодтой, ныр мæм сæ зарджытæ хъарджытæ кæсынц. Нæ рæсугъд суадæттæ цыма цæссыджы суадæттæ сты, афтæ мæм кæсы.. Мæ зæрдæ уалдзыгон уæрыккау кафыд, ныр мæ туг мæ цæстытæй куы лæдæрсы. Уæ, мæ бон куыд бакалд, цъæх арты куы судзæм, уый схъæр кæнын дæр куы нæ уæндæм, уæд ма цы кæнон?!»

Æнкъардæй бадынц Миттыл æмæ Хуызæ, сæхиуыл сусæггæргом æрдиаг кæнынц.

— Уæ, йæ туджы фæмæца нæ тæригъæдæй, кæд æй нæ хæдзармæ цы фыдбылыз æрхаста. Æмæ йыл бауæндыдыстæм, бирæгъимæ æмдзæхдон кæнæн кæй нæй, уый дæр нæ æрбайрох, — кæуæгау дзуры Хуызæ.

— Лæг йæ ныхасæй лæг у, æмæ йыл куыннæ æууæндыдаин... Йæ мæлгъæвзагæй-иу Арвыком уидыгæй хæрынæн бæзгæ куы скодта, уæд ыл чи нæ бауæндыдаид?.. — æнкъардæй загъта Миттыл. — Абон та нæ зæххытæм кæсын, æмæ мæм хъуысы сæ хъæрзын, сæ кæуын. Цыма мын уайдзæф кодтой, цы нын бакуыстай, цæмæн нæ фæкодтай æрцæуæг æлдары къæхты бын, зæгъгæ... Не стурты, нæ фысфосы уасын куы фехъусын, уæд цыма мæнмæ фæдзурынц, мæн фæагурынц, фервæзын нæ кæн, зæгъгæ... Кæуинаг, сагъæссаг фæцис мæ сæр... О, Стыр Хуыцау, фервæзын нæ кæн ацы зындонæй.

— Бæргæ, бæргæ... Хæдзарæй, зæххæй, фосæй нæхи куы уыдысты, уæд цæй амонджын цард кодтам æмæ ныр цæмæ рхаудтам... Нæхи къухтæй куыд бæркадджын куыст кодтам, куыд хæрзад уыдис хи фæллойæ хойраг. Куыстам нæхицæн, æмæ нæм фæллад хъаргæ дæр нæ кодта. Куыд тынг фæмысын уыцы кусгæ бонтæ. Æмæ куыннæ: дæ бон цæуы дæ куыстыл, дæ фосыл, дæ фæллойыл, дæ цардыл... Ныр нæхи фæллойæ

нæхицæн балхæдтам фыдæвзарæнтæ. Ацы цардæй мæлæт — хуыздæр...

— Нæ уыгæрдæнтæ, сæрвæттæ, хъæдтæ, дæттæ, къæдзæхтæ дæр мын æрвылбон уайдзæфтæ фæкæнынц: «Цы бакодтай дæхицæн дæр æмæ махæн дæр, куыд ауæй кодтай дæ фыдæлты уæзæг, дæ сæрибар цард?!» Нæ атагъатæ, астымтæ, æрнæджытæ, æрхытæ мын раздæр ахæм зынаргъ нæ уыдысты, ныр сæ уындæй нал фефсæдын.

Миттыл æмбæрста адæмы цæстæнгас, æргом ын кæд нæ дзырдтой, уæддæр æм дызæрдыг каст кодтой, цыма дзы цыдæр сусæгдзинад æмбæхсынц, уыйау. Уæдæ йæ ус Хуызæ дæр йæхи хуызæн нал у: йæ цæсгом ныттар, æлхынцъæрфыгæй, сæргуыбырæй рацу-бацу кæны. Йæ лæгмæ цæрæнбонты тигъмæ дæр никуы бакаст, ныр дзы йæ ныхас нал ныгъуылы, арæхæй-арæхдæр сæ астæу рауайы быцæу ныхас. Иу ахæмы та йæ усы уыцы тарæрфыгæй куы баййæфта, уæд æм дзуры:

— Не 'фсин фæстагмæ æгæр загъдæргом кæнын байдыдтай. Дæ загъд-заманайæ нал у мæ бон. Цал хатты дæ фæдзæхстон, уыцы загъта-багътатæм ма хъус.

— Æмæ мын æй искæйы дзурын хъæуы? Мæ хæдзары мын зайæгхалмæ бавналыны бар куы нал ис, уæд ма уый цард хоныс?

Æххуырсты хъизæмар цардæй сæ хъиутæ хордтой, къæбæргур зилын та сæ цæсгом нæ хъæцыд. Миттылæн йæ бон куы нал уыд, уæд Джорджæн табугæнæгау загъта:

— Цæуыл нæ марыс, дæ Хуыцаумæ скæс! Цы ма нæ домыс?

— Ам ма сымахмæ иу хорз ныхас фехъуыстон: «Хæрæг æнæ чъимайæ кусын нæ зоны». Сымах дæр хæрджытæ стут æмæ чъимаимæ хуыздæр кусут. Сымахæн ехс хъæуы, ехс! Кæнæ та цым лæдзæг! Æз уæ æрцахуыр кæндзынæн!

— Джордж, дæ рын бахæрон, дæхæдæг мын куы дзырдтай: уæ сæртæ ма риссын кæнут, уæхи фыдæбонæй ма марут, æз уæ бæсты дæр хъуыды кæндзынæн, уæ бæсты кусгæ дæр кæндзынæн, сымахмæ алцыдæр уыдзæн уæ фагæй фылдæр, цæттæ фæллæйттыл баддзыстут, цы уæ хъæуа, цас уæ хъæуа — хæрут, нуазут, дарут, цардæй къæртт æппардзыстут лæвар.

— Ды бынтон талынг, бынтон къуырма фос дæ, æндæра зонис, америкаг лæг ту дæр лæвар нæ акæндзæн. Иу сом куы бахардз кæна, уæд дзы хъуамæ туман пайда райса. Ды та хъæддаг фос дæ æмæ йæ не 'мбарыс.

Миттыл бынтон куы стыхст, цы акæна, уый куы нал зыдта, уæд йæ хъаст бахаста хъæуыхицау Хъайтармæ, фæдзырдта йын йæ хъизæмæрттæ, йæ фырæфхæрд царды цаутæ, дарддæр йæ бон кæй нал у быхсын, æмæ цæмæй уый анныхас кæна Джорджимæ. Хъайтар æм лæмбынæг байхъуыста, стæй йын æнæмæтæй загъта:

— Мæ бон дын ницы баххуыс кæнын у. Æз нæ разы кодтон, фæлæ мæ ды сразы кодтай, дæхæдæг — де 'вдисæн. Ныр дын æз цы акæнон? Джорджы закъоны раз раст у, тыхæй дæ ницы байста.

— Нæ, Хъайтар, рæстытæ нæ дзурыс. Ды мæнæн не сразы дæ, мæ ныхæстæ мур дæр ницæмæ æрдардтай. Фæлæ дæм Джордж йæхæдæг куы 'рцыд, доллæрты гуцъула æмæ дын сызгъæрин сахат гæртамæн куы авæрдта, уæд ды дæр цингæнгæйæ йæ уæрдоны абадтæ æмæ дын цыдæриддæр дзырдта, уыдон кодтай.

— Æмæ ды адæмы сусæгæй бухъцард кæнын куы райдыдтай, æхца дæм куыройы нучы донау куы калд, дæ Джорджы Хуыцауы фарсмæ куы авæрдтай, фæсарæйнаг хæрд-нозтæй дæ уæлдай куы уагътай, уæд мæм цæуылнæ цыдтæ?

— Æрхъуыды кæн исты, зæгъ ын, цæмæй нæ къуымых кардæй мауал æргæвда, — лæгъзтæ кæнынмæ рахызт Миттыл. — Мах ын аргъуц кæнæм, уый та нын алывыд фæкалы, фосыл нæ ымайы. Кæд дæуæн фæуисæн кæнид.

Ницы ныфс бавæрдта Миттылæн йæ дард хæстæг Хъайтар, уымæн æмæ тарстис йæхицæн. Миттыл æм смæсты, хъæр ныхас дæр сæм рауад, фæлæ мæстджынæй аздæхтис фæстæмæ. Цардæфхæрд лæг мæстыгæр кæны. Миттыл йæхимидæг фидарæй скарста: «Ацы цагъайраджы фидиссаг цардæй мæлæт хуыздæр у. Нæ, мæ буц уазæг, бæхбадт мыл нал кæндзынæ, ме 'фхæрд, мæ маст, мæ тугвæллой дын нæ батайдзысты!»

Æфхæрд, мæстджын лæджы зæрдæ мæйдар æхсæвæй талынгдæр вæййы, æрдзы рæсугъддзинад æм нæ хъары, нæ йæ уыны, бæстæ йыл гуыр-гуыр фæкæны, циндзинад ын маст хæссы, мæргъты зарæг æм нæ хъуысы, хур æй нæ тавы, уазал æм нæ хъары, хæрзад хæринаг ын ад нæ кæны... Бынтон æндæр цæстæй кæсы æрдзмæ, йæ цардæй буц æмæ райгонд чи у, уый. Йæ алфамблай бæстæ, адæм иууылдæр рæсугъд, райдзаст, хъæлдзæг, йæ зæрдæ фырцинæй æдзухдæр худын, хъазын, зарын фæагуры. Йæ цардæй райгонд у зæрдæхæлар, цæстуарзон, хъæлдзæг

сылгоймаг Сурæт. Сыхæгты устытимæ фæныхæстæ кæныны фæстæ цингæнгæ рæвдз-рæвдз æрбауад сæ кæртмæ, уым йæ лæг Гицойы цыдæртæ кусгæ байййæфта, йæ уæлхъус алæууыд, йæхи нал баурæдта æмæ йын ныхъхъæбыс кодта, зæрдиаг пъа дæр ма йын ныккодта. Лæг æнæнхъæлæджы хъуыддагæй сагъдауæй аззад. Сурæт æм худгæ 'мæ хъазгæйæ дзуры:

— Цæй диссаджы зонджын дæ, нæ лæг, æз та дæ æмбаргæ нæ кодтон. Мæнæ мын цы хорз лæг ис, мæнæ! — æмæ та йын ныхъхъæбыс кодта.

— Фæлæуу-ма! Цы дыл æрцыд?! Дæ сæры зонд фæцыди? Исчи нæ куы фена, уæд... Цæсгом дын нал ис? Худинаг дæр ма дзы вæййы, — фефсæрмы Гицо æмæ йæ алыварс фæйнæрдæм акæстытæ кодта.

— Æмæ нæ фенæд! Мах худинаг не стæм, уæртæ æнæхæлафæй чи баззад, худинаг уыдон сты, — сæрыстырæй загъта Сурæт.

— Æцæг, æцæг?! Æмæ сæм хæлæг куы кодтай: бафæзмæм сæ, æнæ кусгæйæ хъæздыг цард кæндзыстæм, зæгъгæ, æввонгæй, лæвар.

— Цæй-ма, уый ферох кæн. Мæ ирвæзынгæнæг, мæ цардаразæг дæхæдæг дæ, æмæ дæ фæрцы фыдбылызæй фервæзтыстæм. Фырцинæй ма дын цы акæнон, уый нал зонын. Ныртæккæ дын æртæ уæливыхы ракæндзынæн æмæ сæ дæ цæрæнбоны тыххæй скувæм Лæгтыдзуарæн.

— Уый хорз æрхъуыды у. Ракæн, ракæн, дзидза дæр сæвæр, æмæ æрбахонæм Ахболаты. Уый фæрцы фервæзт æнæхъæн хъæубæстæ бынсæфтæй.

— Зонды къуыбар, зонды къуыбар дæ дæхæдæг дæр, нæ лæг. Сымах фæрцы нæ хъæуæн ницæмæй у тас, — загъта Сурæт æмæ ацыд уæливыхтæ кæнынмæ.

Царды бирæ ис зынæмбарæн, æнахуыр цаутæ æмæ фæзилæнтæ. Сырдтæй, мæргътæй, сасктæй, зайæгойтæй, донгæрдæгæй, доны цæрæгойтæй сæ мыггаг кæмæн скуынæг вæййы, уыдоны бахæссынц Сырх Чиныгмæ — нал сын ис марæн, цæгъдæн, уæд карз æфхæрд баййафдзынæ — мæт сыл кæнынц, аудынц сыл, цæмæй сæ мыггаг ма фесæфа. Æмæ уый хорз у. Фæлæ æнæхъæн адæмтæн сæ мыггаг аскъуыйы, фесæфынц, батайынц, иннæ адæмтæ сæ аныхъуырынц, æмæ уыдоныл мæтгæнæг, аудæг нæй. Адæм никæй хъæуынц! Уымæй мæ æнæрхъуыды, æнæзонддæр фыдракæнд цы уа! Адæмты сæхи

бар ныууагътой: чи аирвæза, уый аирвæзæд, иннæтæ ферох уыдзысты, никæй хъæуынц! Нæ адæмы дæр уыцы Сырх Чиныгмæ бахæссын хъæуы, цæмæй закъонмæ гæсгæ уæм æппæтдунеон аудындзинады, цæмæй нæ ирон ахуырст ма ссæуа, цæмæй нæ мыггаг ма аскъуыйа, нæ фыдæлты фарн ма фесæфа. Чидæртæ та нæ хъæугай быныскъуыд кæнынмæ хъавынц æмгъуыдæй раздæр, тагъд кæнынц нæ кой, нæ хъæстæ фесафыныл. Æмæ сын голладжы комыл, æгъдæнцæйттыл хæцæг, фæндагамонæг æмæ æххуысгæнæг сты нæхи бынхортæ, æнæсæр хихортæ! Мæнæ Зæринджын чи уæй кодта, уыцы Хъайтары хуызæттæ. Хуыцау хорз, æмæ бирæ не сты.

Ныхасмæ сæргуыбырæй, уæнтæхъилæй æрбацыди Миттыл. Сфæнд кодта йæ хъæстытæ, йæ зынтæ æргомæй фæдзурын. Ныхасы бадджытæ йæм кæд хæрам, тызмæг цæстæй кастысты, уæддæр ын салам радтой. Миттыл уæззаугай бадæн дурыл æрбадт, цасдæр рæстæг йæ бон сдзурын нæ баци, стæй уæд, хатыртæ кургæйæ, фæдзырдта йæ дудгæ бонтæ, йæ хъизæмæрттæ, йæ зынтæ. Басасти æргом йæ рæдыдыл, йæ митыл, фæсмон сыл кæй кæны, ууыл.

— Рæдигæ чи нæ кæны, — райдыдта йæ ныхас Гицо, — фæлæ йæ рæдыдыл чи нæ сæтты, уый сæрхъæн у. Ды дæр, Миттыл, дæ рæдыдыл нæ састæ. Ныууæй кодтай дæхи, дæ бинонты, дæ бынтæ æцæгæлон тугцъир æлдарæн æмæ дæ хъазæн хъулау хъазы, хынджылæг дæ кæны. Хъуыды ма кæныс, куклаты театрæй нæм куы 'рбаластой спектакль. Артисттæ нын дзырдтой сæ куысты сусæгдзинæдты тыххæй. Мæ зæрдыл бадардтон — сæ куклаты хуыдтой марионеткæтæ: артистты куыд бафæнды, афтæ фезмæлы марионеткæ дæр. Джорджы къухы ды дæр ахæм марионеткæ дæ. Уыцы æнаккаг цъаммар дын дæ хурхыл йæ тугæйдзаг къухтæй ныххæцыд, ды та ма йæ сæрыл хæцыдтæ.

— О, Стыр Хуыцау, цы дын кодтам, цæуыл нæ сафыс? Нæ цæхх, нæ къæбæрæй цалынмæ дæумæ скувæм, уæдмæ сæм куы нæ 'вналæм. Дæ бонтæм нард кусæрттæ нывонд куы кодтам, уæд нæ залиаг калмы маргджын дзыхы цæмæн баппæрстай? Нæ тæригъæдæй зæхх скъуыдтæ куы кæны, уæд ныл ды цæмæн рахаттæ? Цæуылнæ уыныс, бынсæфт, быныскъуыд кæй кæнæм бынтон æгадæй хъизæмæрттæ кæнгæйæ? — йæхиуыл æрдиаг кæны Миттыл.

— Дæхи аххос уыд, Миттыл, — æфхæры йæ Ахболат. — Дæхæдæг ын радтай йæ къухтæм дæ бартæ, цингæнгæ бауæн-

дыдтæ дæ кæфхъуындар уазæгыл. Суанг ма йæ дæ амонд, дæ Хуыцау дæр куы хуыдтай! Ничиуал дæ хъуыд, махмæ дæр фæхæрам дæ, демæ куы нæ сразы стæм, уæд. Ныр ма Хуыцауæй цы домыс, аххосæгтæ иууылдæр дæхи конд куы сты? Дæ уазæгæн ды хæрд куы фæдæ, уæд йæ марг цæстытæ ныр та махмæ ныдздзагъыр кодта. Мах дæр дæ азарæй басудзынмæ хъавы. Æмæ нын адон махæн дæ бæллæхтæ сты! Фæлæ йын мах дæ хуызæн æнцон хæрæн не стæм: кæнæ айсдзæн ардыгæй йæхи, кæнæ йæ сыкъа асæтдзæн Зæринджыны къæдзæхтыл.

— Цæмæй хæйрæг уыдтæн, Ахболат? Æз ын рæстæнхъæлæй, æууæнкагæй радтон мæ бартæ. Йæ адджын ныхæстыл, йæ ардхæрдыл, йæ хæринæгтыл марг конд кæй уыд, уый цæмæй зыдтон?.. Мæхи ма фæсмонæй хæрын, фæлæ... Зындонæй фыддæр у мæ цард. Стæй ма йæ цард дæр цы хонон — мардæй уæлдай ма мыл хур кæсы æрмæст.

— Цалынмæ дæ цæст æрттива, уæдмæ дæхи мæрдтимæ ма нымай. Цалынмæ уæлæуыл дæ, уæдмæ тох кæн, хъазуат тох, зындзинæдты ныхмæ. Куы йæ зоныс, цард тох у, фыдæбон, уæлдайдæр махмæ хæхбæсты. Дæ размæ ног нысантæ сæвæр æмæ сæм цу цыфæнды зындзинæдты сæрты дæр, къухы сын бафтæн куы нæ уа рæхджы, уæддæр сæм цу æмæ цу, дæ ныфс ма фесаф. Дæ нысантæй дæ къухы исты бафтдзæн, — ныфсытæ æвæры Ахболат Миттылæн.

Уыцы рæстæджы та йæ картæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ хæхтыл зылдис Джордж, агуырдта, сызгъæрин кæм уыд, уымыты цы къæбæлтæ сагъд æрцыд кæддæр, уыдоны. Ссардта дзы цалдæр къæбæлы, йæ картæйыл сæ фæбæрæг кодта æмæ зæрдæхъæлдзæгæй æрбацæйцыд Ныхасы цурты. Ахболат æм фæдзурын кодта æмæ йæ фæрсы:

— Куыд цæуынц дæ хабæрттæ, Миттылы уазæг, кæд нæ ныууадзинаг дæ нæхи бар?

— Хорз цæуынц мæ хабæрттæ, ды ма мæ куы нæ къуылымпы кæнис, уæд. Цæуыны кой мæм нæй, — цæхгæр дзуапп радта Джордж.

— Зæринджыны шахтæтæ аразæн нæй! Уæд канд нæ хъæу нæ, фæлæ æнæхъæн ком дæр бынысæфт фæуыдзæн. Сырдæй, маргъæй нæм цы ис, уыдонæн сæ мыггаг сыскъуыйдзæн. Нæ адæмы нын сæрсæфæнмæ æркæнынмæ хъавыс?

— Уыдон ницы сты сызгъæринты раз. Ардæм æрбацæудзæн бирæ дæсны кусджытæ, бизнесментæ. Сымах дæр сахуыр кæндзысты кусын, цæрын.

— Фæсарæнтæ нæм цы хæссынц, уый нын зындгонд у. Сæхи чи нæ хъæуы, хæрынмæ чи нæ бæззы, ахæм хъылматæ, æмæ сæ ам туджы аргъыл уæй кæнынц. Ноджы ма зæххы цъарыл æвзæр мийæ, чъизи, хæлд, æлгъаг мийæ цы ис, уыдон нæм ласынц. Адæмыл алы гæбæр низтæ æфтауынц! Нæ, мах уыдон нæ хъæуынц, уадзут сæ уæхицæн! Сымах, фæсарæйнæгтæ, цæрæнбонты дæр æнæуухæнк æмæ тæссаг адæм стут. Иннæ адæмтæн хæссут зындзинæдтæ, фыдæвзарæнтæ, хæстытæ. Хуымæтæг кусæг адæмæн æнæуынон стут! Уый цæуылнæ 'мбарут? Цæуылнæ уæм хъары?! — мæстыйæ уайдзæф кæны Ахболат Джорджæн.

— Рæстытæ нæ дзурыс, зæронд. Мæ бæстæ у æппæты тыхджындæр æмæ хъæздыгдæр бæстæ. Сымах хуызæн фæстæзад нæу. Сымах цæрæнбонты дæр цæрын нæ зонут æмæ никуы базондзыстут. Мæнæ уæ къæхты бын сты сызгъæрины рæгътæ, миллиардтæ доллæртæй, æмæ сыл бадут, рацу-бацу сыл кæнут, фæлæ сын аргъ кæнын нæ зонут, пайда кæнын сæ нæ зонут, искæй дæр сæм æвналын нæ уадзут. Зæххы цъарыл æндæр ахæм адæм никуы ис ссарæн — æрдзы æппæты зынаргъдæр хъæздыгдзинæдтыл бад æмæ мæгуырæй цæр. Ныр уæ æз фæрсгæ дæр нал кæнын, рæхджы райдайдзынæн аразын шахтæтæ. Тагъд ам скусдзысты стыр халæн æмæ къахæн машинæтæ, сфæйлаудзысты зæххы хъаймагъ. Æмæ йæ зонут: уæ зæххытæ дæр мæн уыдзысты æмæ уæхæдæг дæр.

— Уæдæ дæ зæрдыл бадар, Миттылы хæддзу уазæг, Зæринджыны цæрджытæ фæсарæйнаг цъулбертæн æхххуырстытæ, лæггадгæнджытæ никуы уыдзысты. Уымæн уæвæн нæй! Фæлтау знаджы ныхмæ хъæбатыр тохы райсдзыстæм мæлæт.

— Æмæ уæ тыххæй чи кусын кæны? Æз кусæг хъуаг нæ уыдзынæн, стæй алкæй нæ исдзынæн куыстмæ, æрмæстдæр фæлтæрдджын дæсны специалисттæ кусдзæн мæнмæ. Исдзысты бирæ мызд, доллæртæй. Сымах-иу æнцад бадут уæ хæдзæрттты, кæнæ та айсут ардыгæй уæхи, — æнæрвæссонæй схъæл ныхасыл схæцыд Джордж.

Уыцы къæйныхдзинадмæ Ныхасы уæвджытæ рамæсты сты, чидæртæ йæм сæхи баивæзтытæ кодтой, фæлæ сæ Ахболат баурæдта, йæ рахиз къух гыццыл хæрдмæ сисгæйæ, стæй æнæнхъæлæджы Джорджмæ æнахуыр фарста авæрдта:

— Зæгъ-ма, Миттылы уазæг, дæ къæхтæ хорз кусынц, дзæбæх дæ хæссынц?

— Нæ сæ хъаст кæнын. Мæнæ та ныр дæр хæхтыл,

къæдзæхтыл фæзылдтæн. Æмæ мæ цæмæн фæрсыс уымæй?

— Уæдæ бавдæл, бацархай, цæмæй дын дæ къæхтæ дæ сæр фервæзын кæной, ууыл.

— Ома, куыд? Цæмæн афтæ зæгъыс? — бынтон диссаг фæкасти Джорджмæ Ахболаты ныхас.

— Тагъд лидзгæ кæн Зæринджынæй, цалынмæ дыл ницы фыдбылыз æрцыд, цалынмæ ма удæгас дæ, уæдмæ.

— Цы, дам?! — фесхъиудта Джордж. — Нæ! Ницы уын дзы рауайдзæн! Æз уæ æрцахуыр кæндзынæн. Дæуæн дæр дæ кармæ нæ фæкæсдзынæн! Фæнда уæ, нæ уæ фæнда, уæддæр æз ам шахтæтæ байгом кæндзынæн рæхджы, æмæ иуууылдæр мæ къухы уыдзыстут! Рох уæ ма уæд!

— Дзæгъæлы амайыс дæхицæн митæй мæсгуытæ! Ницы дын дзы рауайдзæн. Ды дæ æдзæсгом, æнæфсис, зыд бирæгъ. Ам арæх бирæгъæн йæ гуыбын бахæры йæ сæр. Дæуæн дæр дæ зыд, дæ кæрæф, дæ цъаммар митæ бахæрдзысты дæ сæр. Фæлтау мæ зондмæ байхъус: айс дæхи дзæбæхæй, кæннод хæххон адæм æфхæрд нæ барынц æмæ æцæгдæр ам баззайдзынæ, удæгасæй нæ, дæ хуызæттæн Зæринджыны зæххыл сæ мардæн дæр нæй бынат. Цæугæ, кæцæй æрцыдтæ, уырдæм!

— Дæ зæрдыл дар, æз, тæрсгæ чи фæкæны, уыдонæй нæ дæн. Дæ ныхæстæ мæм хъаргæ дæр нæ кæнынц. Адæмы мæ ныхмæ кæй ардауыс, уый дын тынг зынаргъ слæудзæн! Æз уын уæ уд сласдзынæн, æнæджелбетт къуырма хъæддæгтæ!

— Фесæф ардыгæй, æнаккаг, цалынмæ ма удæгас дæ, уæдмæ! Фæсивæд дæм сæхи нæ уромынц, æфхæрд нæ бахсынц, æмæ дæм кæд фæрæвдз уыдзысты, уый бæрæг нæй. Афонмæ дын дæ хъуыддæгтæ раджы бакодтаикккой, фæлæ сæ æз нæ уадзын, мæн нæ фæнды, цæмæй Зæринджыны фæрнæйдзаг зæхх дæ маргæйдзаг сау тугæй фæхъæстæ уа, уый.

— Хъæддæгтæ стут æмæ хъæддæгтæй баззайдзыстут! — сдзырдта ма Джордж, фæзылд æмæ цæхæртæ калгæ афардæг.

Кæстæртæй чидæртæ сæ хъаматæ фæцъортт кодтой æмæ йæ хъуамæ æрбамардтаикккой, фæлæ та сæ Ахболат баурæдта æмæ сын загъта:

— Ам сæртæг митæн, гуымиры схъиудтытæн бынат нæй! Арæхстгай, хъавгæ, бæстон ахъуыды кæнгæйæ, архайын хъæуы, науæд фæрæдидзыстæм. Нæ ахъаззаджы æгъдæуттыл хъуамæ къæм абадын ма бауадзæм. Нæхи астæу бындзарæй скъахын хъæуы уæййаг зондахасты уидæгтæ. Хурмæ ракалдзыстæм, нæ

адæмы цардæн зиан чи хæссы, уыдоны фæндтæ æмæ хъуыдытæ, цыфæнды рæсугъд агъуды бын æмбæхст куы уой, уæддæр. Нæ хъæубæсты ныхмæ, уыимæ хæххон адæмы ныхмæ æргом рабаста йæ гæрзтæ не знаг, Миттылы уазæг. Уымæ гæсгæ нæхи бахъахъхъæныны фарста рахæссæм нæ адæмы тæрхонмæ, уым зæгъдзыстæм нæ хъуыдытæ, нæ фæндтæ, Миттыл цæрдудæй куыд амард, афтæ хъуамæ куырмæджы мачиуал бахауа тугдзыхы хъæлæсы.

— Ахболат, — райдыдта дзурын Гицо, — уæхæдæг æй зонут, æз бирæ дзураг нæ дæн. Мæхицæн фæзæгъын: къаддæр дзур æмæ фылдæр фехъусай, фылдæр базонай. Фæлæ мын æнæзæгъгæ нæй нæ хъæуыхицауы тыххæй. Бирæгъ фыййау кæм уа, уым мæгуыры бон ис фысвосыл. Цы хорздзинадмæ æнхъæлмæ кæсæн ис Хъайтармæ? Цæнгæтных адæймаджы сæры сызгъæрин хъуыдытæ нæ вæййы. Миттылæн æууæнчы фæлмæн баз йæ сæр хъæстарæгæй дзæбуджы астæумæ баласта. Фæлæ йыл сæрбос чи бабаста? Нæ хъæуыхицау Хъайтар! Мæнæ Ахболатæй фехъуыстон рагон кæцондæр æмбисонд: фарастсæрон кæфхъуыңдарæй, дам, ма тæрс, фæлæ тæрс дывзагон, дыдзæсгом лæгæй. Хъайтар махæн нæ цуры былдауæн ныхæстæ фæкæны, нæ фæсвæд та нæ фосау уæй кæны. Æз ме 'дылы зондæй афтæ хъуыды кæнын: Хъайтар фæтугдзых, тугдзых та тугæй не 'фсæды, æмæ ма нын ноджыдæр исты фыдбылызтæ сараздзæн. Мæ фæндон у ахæм: Хъайтарæн нæ хъæуыхицауæй нал ис кусæн. Мемæ куы сразы уаиккат, уæд ыл æз хъоды бакæнин. Æмæ ма иу фæндон: хорз цуанон йæ топпыхос хусæй куыд фæдары, йæ хотых — цæттæйæ, афтæ мах дæр хъуамæ цæттæ уæм нæ райгуырæн хъæу Зæринджын бахъахъхъæнынмæ, куыд æддагон знагæй, афтæ мидæггаг знагæй дæр. Тæссаг уавæры кæй цæрæм, уымæн иунæг уысм дæр рохгæнæн нæй. Чидæртæ фæзæгъы, мах тыхджын стæм, никæмæй тæрсæм. Уый рæдыд хъуыды у. Сыхаг хъæутимæ нæ хъæуы нæхи æнгомдæр бæттын. Нæ иудзинады исты куы аскъуыйы, уæд уыцы зыхъхъырæй спайда кæнынц Джорджы хуызæттæ. Уый уын мæ ныхас. Æгæр бирæ кæй фæдзырдтон, уый мын бахатыр кæнут.

— Дæ ныхæстæй аппаринаг ницы ис, хорз загътай, — сразы Гицоимæ Ахболат.

Ныхасы чидæриддæр уыдис, уыдон æмзондæй бауынаффæ кодтой, тагъд рæстæджы æппæт хъæуы цæрджытимæ иумæ се 'мбырды кæй æрдзурдзысты Джорджы атæрыны тыххæй. Цыдæр

ныфс фæзындис Миттылмæ дæр, фæхъæлдзæгдæр, иу цъус йæхиуыл схæцыд.

Миттыл æмæ Хуызæйы сæхи мæт уыйбæрц нал уыд, сæхи сæфтыл банымадтой, фервæзæн дзы нал ис. Фæлæ сæ зæрдæтæ скъуыдысты мин хатт егъаудæр сусæг сагъæсæй: цы фæуыдзысты, куыд уыдзысты, сæ чызг Афинæт æмæ сæ фырт Арсæмæг фæстæмæ Зæринджынмæ куы 'рбаздæхой, уæд? Афинæт дард горæты ахуыр кæны, каст фæфæуы университет, Арсæмæг та службæ кæны Скæсæны æппæты дарддæр арæнтыл. Хæдзарсæфтæй сæ куы сæййафой, уынджы къæйыл æнæ хæдзарæй, æнæ исбонæй кæй аззадысты, уый куы базоной, уæд ма сæм цы цæсгом равдисдзысты сæ мад æмæ сæ фыд?! Ныййарджытæ сæхи чындзæхсæвтæм бæргæ цæттæ кодтой — чызгæрвыстмæ, чындзхастмæ, ныр сын сæ амонд сæхæдæг æрбайхæлдтой. Цыфæнды æнæхуыцауы хай ныййаржытæ, суанг ма хъæддаг сырдтæ дæр, сæ хъæбулты æнæ къона, бынтон æнæ истæмæй ихы уæлæ нæ ныууадздзысты. Сæхи æлгъыстаг, фидиссаг фæкодтой, фæлæ ма цы у сæ бон?

Мад æмæ фыд сæ хъæбулты цасдæр рæстæджы куы нал фенынц, уæд сæ уындмæ сæ былыцъæрттæ фæхæрынц, сæ цæстытæ сæм ныуурс вæййынц. Миттыл æмæ Хуызæ та æдзух Хуыцаумæ кувынц, цæмæй сæ цотæй мачи сыздæха Зæринджынмæ, мачи сæ базона, цы сыл æрцыдис, уый. Фæлæ нæ байхъуыста Хуыцау æнамонд ныййарджыты куывдмæ. Цасдæры фæстæ йæ хъæумæ, йæ ныййарджытæм хъæзгæ-худгæйæ згъордта Афинæт. Йæ комбæсты, йæ райгуырæн хъæу Зæринджыны йын хæххон рог дымгæ йæ уадулты æхсызгон рæвдыд акæны, йæ дзыккутæ йын афасы, кофтæйы дыстæ адымсын кæны æмæ йын йæ фæдджитæ фелвас-фелвас кæны, уарзон зæххы удæнцойгæнæг тæф йæ уæнгты ахъары. Цинæй байдзаг йæ зæрдæ, риуы дзаг улæфы сыгъдæг уæлдæф, цин кæны йæ хъæуыл. Мидбылты худгæ кæсы, йæ сусæг уарзон Сæгуытимæ фыццаг хатт кæм фембæлд йæ уарзондзинад раргом кæныны тыххæй, уыцы бынатмæ.

Æцæг уарзт сызгъæринбазыр у, йæ фаты æхст ивгъуыйгæ нæ кæны, кæй зæрдæйыл сæмбæлы, уый уарзондзинады абухгæ цадæн йæ тæккæ астæу смидæг вæййы. Æцæг уарзт адæймаджы фæхуыздæр кæны, ратты йын циндзинад, ныфс, царды хос, амонд. Фæлæ ма æцæг уарзт у мæлæтау тыхджын æмæ æгъатыр дæр, йæ ныхмæникæйы æмæ ницæйы бон у фæлæууын. Хуры тынау зæрдæ ныррухс кæны, фæлæ арвы цæфау зæрдæйы иннæрдæм дæр ахизы

Æцæг уарзондзинад у сызгъæрин къалати, æмæ дзы дыуузæ удæй уæлдай бынат никæмæн ис. Æртыккаг уд кæм фæзына, уым æцæг уарзондзинад нал ис, æмæ уæд сызгъæрин къалати фехæлы.

Афинæт æмæ Сæгуыт сæ сызгъæрин къалатимæ цæуын нæ, фæлæ кæсын дæр никуы никæй бауагътой, сæхæдæг дзы дыууæйæ цардысты цинимæ райгондæй, амонддзжынæй. Йæ фыстæджыты Сæгуыт тынгæй-тынгдæр æргом кодта йæ зæрдæйы уаг Афинæтмæ. Раздæр-иу, йемæ фембæлгæйæ, æфсæрмыхуызæй цы зæрдæбын ныхæстæ кодта, уыдон ын ныр йæ фыстæджы æргомдæрæй фæзæгъы. Йæ фыстæджытæй иуы фыссы: «Мæ царды хур, мæ цæсты рухс Афинæт! Зæгъын дын æргомæй мæ ныхас: нæ фæхицæны фæстæ мæ уарзт нодджы сæдæ хатты фæтыхджындæр. Зайæгхалæн æнæ хур, æнæ донæй куыд нæй цæрæн, афтæ мæнæн дæр æнæ дæу нæй цæрæн. Зæхх иннæрдæм куы афæлдæха, уæддæр мæ уарзтæн нæй фæцудæн. Æдзухдæр мæ цæстытыл уайыс, дæ иу фендыл радтин мæ цард. Мæ фыны дæр æдзух дæу уынын; мæхи хæрын, цæмæн уыдтæн нæуæндаг, цæуылнæ дын загътон раздæр мæ фæндон. Мæ зæрдæ æгæрон уарзтæй байдзаг бынтондæр, фыруарзтæй куы атона, мыййаг. Фæлæ тагъд фæуыдзыстæм ахуыр, афицеры цин райсдзынæн, афтæмæй фæззæджы уыдзынæн нæхимæ, æмæ уæм уæд фæцæуынц мæ минæвæрттæ. Мæхи Афинæт! Мæ риуы дæс зæрдæйы куы уаид, уæддæр сæ иууылдæр æхсызгонæй радтин дæуæн! Æнхъæлмæ мæм кæс, мæ худгæ дидинæг. Мæ цæсты рухс Афинæт, тагъд фембæлдзыстæм! Дæ уындмæ бæллæг, дæхи Сæгуыт». Афинæт ацы фыстæг бирæ хæттыты бакаст, фæлæ та йæ ногæй фелвасы æмæ та йæ æхсызгонæй, худгæйæ бакæсы.

Афинæт хъæлдзæгæй, цингæнгæ сæ хæдзары куы смидæг, уæд йæ ныййарджытæ джихæй аззадысты, мардау фесты. Хъыг ын уыд, кæй йыл нæ бацин кодтой раздæрау, уый, æмæ сæ афарста:

— Цы кодтат, цæуыл æнкъард стут? Исчи уæ рынчын фæци? Æви цы хабар у?

— Ницы, афтæ æвиппайды фæзындтæ æмæ джихæй аззадыстæм,— загъта Хуызæ.

— Зæгъын, кæд Арсæмæгæй исты хабар фехъуыстат, æмæ уый дæр дзæбæх, æнæниз у, йæ службæ цæуы тынг хорз, æрæджы мæм йæ хабæрттæ фыста.

Уæлæнгай цинтæ акодтой сæ чызгыл. Стæй йын бамбарын кодтой, америкæйаг уазæг сæм фатеры кæй цæры, Зæринджыны сызгъæринкъахæн шахтæтæ кæй араздзæн, уый. Хъыг нæ уыд уыцы хабар

Афинæтæн, цин дæр ма йыл бакодта: уыдзæн ын англисаг æвзагыл ныхасæмбал, сыгъдæгдæр базондзæн уыцы 'взагыл дзурын.

Куы федта Афинæты Джордж, куы базонгæ сты, уæд дзы йæ цæстытæ нал иста, хæлиудзыхæй йæм зыд каст кодта, цыма йæ аныхъуырынмæ хъавыд. Фæстæдæр Хуызæйæн загъта:

— Ахæм æрдзон рæсугъд никуы федтон суанг стыр горæтты дæр: йæ дынджыр сау цæстытæ, сæнтсау æрфгуытæ, йæ къуыбыр риутæ, йæ гуыры конд, йæ уæнгтæ, йæ ныхасы уаг. Ахæм рæсугъд сылгоймаг нывгæнæг дæр не сныв кæндзæн... Æмбал кæмæн нæй, ахæм фотомодель. Йæ уындæй махмæ бакусид милуантæ æмæ миллиардтæ доллæртæй.

Хуызæ, фотомодель цы у, уый нæ зыдта, уындæй æхца куыд бакусæн ис, уый дæр нæ бамбæрста, фæлæ фæтарст йæ чызгæн Джорджæй, йæ зæрдæ йæхи къултыл ныххоста, тарст, йæ чызджы дæр ын æвыдæй куы нæ ныууадза, уымæй.

Миттыл æмæ Афинæт хæдзары куыд нæ уой, ахæм рæстæгмæ бахъавыд Хуызæ æмæ бацыд Джорджæн лæгъзтæ кæнынмæ:

— Стыр Хуыцауæй курæгау дæ курын, æмæ Афинæтæн ма схъæр кæн, нæ хæдзар, нæ бынтæ, нæ зæххытæ мах кæй нал сты, уый. Ахæм худинаг йæ сæрмæ не 'рхæсдзæн æмæ ардыгæй лидзæг фæуыдзæн зæрдæнизимæ. Сæрыстыр у, нæ бабыхсдзæн уыцы фыдхабар.

— Цытæ дзурыс?! Уымæн ардыгæй ауадзæн нæй. Ацы талынг ингæнмæ иунæг хуры тын æрбакаст, æмæ йын æз аргъ кæнын базондзынæн. Мæ уд дзы баззад, йæ уындмæ кæсынæй не 'фсæдын. Æхсæвæй-бонæй йæм кæсин æмæ кæсин, — хъæлдзæгæй дзуапп радта Джордж.

— Мæхи мын фенамонд кодтай, мæ цард мын фехæлдтай, мæхи марыны онг мæ скодтай, фæлæ мын мæ чызджы кой ма кæн.

— Нæ-æ. Уыимæ æндæр ныхас кæндзынæн. Ныр мæ ды нал хъæуыс. Афинæт англисагау дæр хорз зоны, æнцон мын у йемæ дзурын. Кæрæдзи бамбардзыстæм. Ды нæ ма хъыгдар, кæннод... Куы мæ зоныс...

— Ма нæ фесаф æнæхъæн бинонтæй, курын дæ Хуыцауæй курæгау. Бынтон æгъатыр ма у, мæ зонгуытыл лæууын дæ разы, — Хуызæ кæугæйæ æрлæууыд йæ зонгуытыл, фæлæ уый Джорджмæ хъаргæ дæр нæ бакодта.

— Цæугæ, цæугæ! Уынаффæ мын нæ хъæуы. Мæхæдæг зонын алцыдæр, — æмæ рарвыста Хуызæйы.

Уæдæй фæстæмæ Хуызæйæн йæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси. Ноджы ма йæ уый дæр мары, æмæ Афинæт æмæ Джордж иумæ

англисагау арæх кæй фæдзурынц. Джордж йæхицæй феппæлы, дæн, дам, геолог, профессор, кусын университеты. Мæ фыдæлтæ, дам, геологтæ уыдысты æмæ кæддæр ам хæхты ссардтой сызгъæрины хъæздыг æвæрæнтæ. Уыцы æвæрæнты æз картæмæ гæсгæ сбæлвырд кодтон. Ныр æнæпайдайæ нал лæудзысты æмбæхстæй.

Ногæй та сæ фембæлды ныхас райдыдта Джордж ахуыры тыххæй Афинæтæн:

— Цæй æмæ дæ раивон Америкмæ нæхи университетмæ. Уым каст фæуыдзынæ æмæ дæ стыр ахуыргонд рауайдзæн.

— Бузныг, æз бирæ уарзын мæхи университет. Наукæйы фæндагыл куы цæуон, уæд мын уым дæр хорз фадæттæ ис.

Хуызæйы зæрдæ тынгæй-тынгдæр риссын байдыдта Афинæт æмæ Джорджы фембæлдтытæй. Ноджы ма æнæмбаргæ æвзагыл куы фæдзурынц, уæд фырадæргæй йæ уд сцæйхауы. Джордж кæддæрау Миттыл æмæ Хуызæмæ дæр хæларзæрдæ кæй аци, уым мады зæрдæ стыр бæллæх æнкъары. Иу райсом раджы Хуызæ дзуры йæ чызгмæ:

— Афинæт, мæ къона, ацы фæсарæйнагимæ уыйбæрц цæуыл фæдзурут? Уый мæ зæрдæмæ нæ цæуы. Дæхи дзы хъахъхъæн. Æввахс æм ма цу. Фæдзæхсын дæ ноджыдæр, æввахс æм ма цу!

— Цытæ дзурыс. Нана, сывæллон куы нал дæн. Ахуыры хабæрттыл фæдзурæм, америкаг адæмы царды хъæздыгдзинæдты кой мын фæкæны. Дзæбæх, уæздан адæймаг у, бирæ чи федта, бирæ чи зоны, ахæм лæг у.

— Нæ, нæ! Ма йыл æууæнд! Нæлгоймагыл, уæлдайдæр та фæсарæйнагыл, æппындæр æууæнк нæй! Дæхи дзы хъахъхъæн! Мауал æмбæл йемæ. Фыдбылызæй йедзаг у, хæстæг цæуæн æм нæй!

— Нана, тæрсгæ мын ма кæн. Æз мæхи хъахъхъæнын зонын. Ахæм митæ мæ сæрмæ нæ хæссын. Ныр уал азы, стыр горæты цæргæйæ, мæхи худинагæй дард куы ласын, уæд нæхи хæдзары æрра сдæн? Ма мын тæрс, æз ахæмтæй нæ дæн.

Уыд хур бон. Арв сæгъы цæстау цъæх-цъæхидæй лæууыд. Джордж райсомæй раджы ацыд хæхтыл зилынмæ йæ картæнмæ. Миттыл æмæ Хуызæ ныццыдысты Дæллагхъæумæ кæмæндæр афæдзы хистмæ. Афинæт хæдзары зылдтытæ кодта æмæ чиныджы касти. Æмбисбон уыдаид, афтæ сихор хæрынмæ æрцыд Джордж. Афинæт ын фынг æрæвæрдта. Ныхас кæнынц англисагау. Дыууæйæ дæр уыдысты хъæлдзæг, фæлæ Афинæтæй нæ рох кодта йæ мады фæдзæхст: раздæрау нал æууæнды Джорджыл, йæхи дзы иуварс ласы. Джордж æм хаты, иумæ сихор скæнæм, зæгъгæ, фæлæ уый нæ комы.

Афинæтæн, цин дæр ма йыл бакодта: уыдзæн ын англисаг æвзагыл ныхасæмбал, сыгъдæгдæр базондзæн уыцы 'взагыл дзурын.

Куы федта Афинæты Джордж, куы базонгæ сты, уæд дзы йæ цæстытæ нал иста, хæлиудзыхæй йæм зыд каст кодта, цыма йæ аныхъуырынмæ хъавыд. Фæстæдæр Хуызæйæн загъта:

— Ахæм æрдзон рæсугъд никуы федтон суанг стыр горæтты дæр: йæ дынджыр сау цæстытæ, сæнтсау æрфгуытæ, йæ къуыбыр риутæ, йæ гуыры конд, йæ уæнгтæ, йæ ныхасы уаг. Ахæм рæсугъд сылгоймаг нывгæнæг дæр не сныв кæндзæн... Æмбал кæмæн нæй, ахæм фотомодель. Йæ уындæй махмæ бакусид милуантæ æмæ миллиардтæ доллæртæй.

Хуызæ, фотомодель цы у, уый нæ зыдта, уындæй æхца куыд бакусæн ис, уый дæр нæ бамбæрста, фæлæ фæтарст йæ чызгæн Джорджæй, йæ зæрдæ йæхи къултыл ныххоста, тарст, йæ чызджы дæр ын æвыдæй куы нæ ныууадза, уымæй.

Миттыл æмæ Афинæт хæдзары куыд нæ уой, ахæм рæстæгмæ бахъавыд Хуызæ æмæ бацыд Джорджæн лæгъзтæ кæнынмæ:

— Стыр Хуыцауæй курæгау дæ курын, æмæ Афинæтæн ма схъæр кæн, нæ хæдзар, нæ бынтæ, нæ зæххытæ мах кæй нал сты, уый. Ахæм худинаг йæ сæрмæ не 'рхæсдзæн æмæ ардыгæй лидзæг фæуыдзæн зæрдæнизимæ. Сæрыстыр у, нæ бабыхсдзæн уыцы фыдхабар.

— Цытæ дзурыс?! Уымæн ардыгæй ауадзæн нæй. Ацы талынг ингæнмæ иунæг хуры тын æрбакаст, æмæ йын æз аргъ кæнын базондзынæн. Мæ уд дзы баззад, йæ уындмæ кæсынæй не 'фсæдын. Æхсæвæй-бонæй йæм кæсин æмæ кæсин, — хъæлдзæгæй дзуапп радта Джордж.

— Мæхи мын фенамонд кодтай, мæ цард мын фехæлдтай, мæхи марыны онг мæ скодтай, фæлæ мын мæ чызджы кой ма кæн.

— Нæ-æ. Уыимæ æндæр ныхас кæндзынæн. Ныр мæ ды нал хъæуыс. Афинæт англисагау дæр хорз зоны, æнцон мын у йемæ дзурын. Кæрæдзи бамбардзыстæм. Ды нæ ма хъыгдар, кæннод... Куы мæ зоныс...

— Ма нæ фесаф æнæхъæн бинонтæй, курын дæ Хуыцауæй курæгау. Бынтон æгъатыр ма у, мæ зонгуытыл лæууын дæ разы, — Хуызæ кæугæйæ æрлæууыд йæ зонгуытыл, фæлæ уый Джорджмæ хъаргæ дæр нæ бакодта.

— Цæугæ, цæугæ! Уынаффæ мын нæ хъæуы. Мæхæдæг зонын алцыдæр, — æмæ рарвыста Хуызæйы.

Уæдæй фæстæмæ Хуызæйæн йæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси. Ноджы ма йæ уый дæр мары, æмæ Афинæт æмæ Джордж иумæ

англисагау арæх кæй фæдзурынц. Джордж йæхицæй феппæлы, дæн, дам, геолог, профессор, кусын университеты. Мæ фыдæлтæ, дам, геологтæ уыдысты æмæ кæддæр ам хæхты ссардтой сызгъæрины хъæздыг æвæрæнтæ. Уыцы æвæрæнты æз картæмæ гæсгæ сбæлвырд кодтон. Ныр æнæпайдайæ нал лæудзысты æмбæхстæй.

Ногæй та сæ фембæлды ныхас райдыдта Джордж ахуыры тыххæй Афинæтæн:

— Цæй æмæ дæ раивон Америкмæ нæхи университетмæ. Уым каст фæуыдзынæ æмæ дæ стыр ахуыргонд рауайдзæн.

— Бузныг, æз бирæ уарзын мæхи университет. Наукæйы фæндагыл куы цæуон, уæд мын уым дæр хорз фадæттæ ис.

Хуызæйы зæрдæ тынгæй-тынгдæр риссын байдыдта Афинæт æмæ Джорджы фембæлдтытæй. Ноджы ма æнæмбаргæ æвзагыл куы фæдзурынц, уæд фырадæргæй йæ уд сцæйхауы. Джордж кæддæрау Миттыл æмæ Хуызæмæ дæр хæларзæрдæ кæй аци, уым мады зæрдæ стыр бæллæх æнкъары. Иу райсом раджы Хуызæ дзуры йæ чызгмæ:

— Афинæт, мæ къона, ацы фæсарæйнагимæ уыйбæрц цæуыл фæдзурут? Уый мæ зæрдæмæ нæ цæуы. Дæхи дзы хъахъхъæн. Æввахс æм ма цу. Фæдзæхсын дæ ноджыдæр, æвваxс æм ма цу!

— Цытæ дзурыс. Нана, сывæллон куы нал дæн. Ахуыры хабæрттыл фæдзурæм, америкаг адæмы царды хъæздыгдзинæдты кой мын фæкæны. Дзæбæх, уæздан адæймаг у, бирæ чи федта, бирæ чи зоны, ахæм лæг у.

— Нæ, нæ! Ма йыл æууæнд! Нæлгоймагыл, уæлдайдæр та фæсарæйнагыл, æппындæр æууæнк нæй! Дæхи дзы хъахъхъæн! Мауал æмбæл йемæ. Фыдбылызæй йедзаг у, хæстæг цæуæн æм нæй!

— Нана, тæрсгæ мын ма кæн. Æз мæхи хъахъхъæнын зонын. Ахæм митæ мæ сæрмæ нæ хæссын. Ныр уал азы, стыр горæты цæргæйæ, мæхи худинагæй дард куы ласын, уæд нæхи хæдзары æрра сдæн? Ма мын тæрс, æз ахæмтæй нæ дæн.

Уыд хур бон. Арв сæгъы цæстау цъæх-цъæхидæй лæууыд. Джордж райсомæй раджы ацыд хæхтыл зилынмæ йæ картæимæ. Миттыл æмæ Хуызæ ныццыдысты Дæллагхъæумæ кæмæндæр афæдзы хистмæ. Афинæт хæдзары зылдтытæ кодта æмæ чиныджы касти. Æмбисбон уыдаид, афтæ сихор хæрынмæ æрцыд Джордж. Афинæт ын фынг æрæвæрдта. Ныхас кæнынц англисагау. Дыууæйæ дæр уыдысты хъæлдзæг, фæлæ Афинæтæй нæ рох кодта йæ мады фæдзæхст: раздæрау нал æууæнды Джорджыл, йæхи дзы иуварс ласы. Джордж æм хаты, иумæ сихор скæнæм, зæгъгæ, фæлæ уый нæ комы.

— Уæд та къофи æхсыримæ бацым, замманай хæрзад къофи мæм ис. Абад иу гыццыл мæ цуры. Æз дæр ам кæимæ аныхас кæнон, уый мын нæ вæййы æмæ тынг тыхсын. Æгайтма ды æрбацыдтæ, æндæр сæрра уыдаин. Ныртæккæ дын æз къофи арæвдз кæндзынæн, — фестад йæ бынатæй Джордж, бауад йæ уатмæ, рахаста къофи, шоколады плиткæ æмæ мыдамæстытæ, авæрдта сæ Афинæты раз æмæ йæм тынг æрхатыд, цæмæй дзы сахода, барвæсса йæ хæринæгтыл, кæннод уый дæр сихор не скæндзæн.

Афинæт, адджинæгтæм кæсгæйæ, сæ уазæджы коммæ бакаст, цæмæй йæм ма фæхæрам уа, уый тыххæй. Бахордта мыдамæстытæй, шоколады плиткæйæ æмæ бацымдта къофи. Джордж ын цыдæртæ дзуры, дзуры æмæ дзуры, фæлæ Афинæтæн йæ цæстытæ æрцъынд-æрцъынд кæнын байдыдтой, мыдадзын цырагъау æрфæлмæн æмæ тарф фынæй бацис, мардæй уæлдай ницыуал æмбæрста. Джордж æй систа йæ хъæбысы, бахаста йæ йæхи уатмæ, йæ сынтæгыл æй æрæвæрдта, скусын кодта киноисæн камерæ æмæ райдыдта Афинæты дзаумæттæ ласын. Сбæгънæг æй кодта, сбæгънæг кодта йæхи дæр æмæ йын æвирхъауы фыдмитæ æмæ æгъатыр тыхмитæ фæкодта. Уый фæстæ йын йæ дзаумæттæ фæстæмæ скодта, систа йæ æмæ, Афинæт кæм фæхуыссы, уыцы уаты йæ йæхи сынтæгыл сæвæрдта. Йæ хъæддаг митæ кæрæй-кæронмæ фæиста хуызджын пленкæйыл, бамбæхста йæ фыдмиты æвдисæнтæ æмæ та афардæг хæхтæм.

Æнæрцæф, æнæхæлд чызг куы райхъал, уæд уайтагъд базыдта, цы йыл æрцыдис, уый. Йæхимæ цъæхахстгæнгæ лæбуры, йæ сæры хъуынтæ тоны, хъæр кæны йæ мадмæ, йæхи къултыл хойы, къуымты ратæх-батæх кæны, ставд цæстысыг калгæ. Йæ кæуынæй хæдзары къултæ нырризынц. Æрбаймысы йæ мады фæдзæхст. Йæ цæстытыл ауайы Сæгуыт æмæ цæхæрайы хуызæн сырх цæсгом амбæрзы йæ дыууæ къухæй, ныззыр-зыр кæны æмæ та нынниуы: «Нæ, нæ! Нæ, нæ! Æз худинагимæ нæ фæцæрдзынæн. Æз чъизи цæсгом нæ равдисдзынæн мæ ныййарджытæм, ме 'фсымæрмæ, Сæгуытмæ! Фæцис мæ цард. Мæ тæрхон конд у!»

Цыдæр агуры йæ тæвдæй, цы агуры, уый дæр нал фæзоны, кæугæ рауай-бауай кæны. Фæстагмæ гæххæтт æмæ ручкæйыл фæхæст. Æрбадт фыссыныл, фæлæ цæссыгæй ницы уыны. Асæрфы сæ, уæддæр суадæттæ фестадысты. Райдыдта фыссын. Цæссыгтæн бауромæн нæй, гæххæтмæ гæр-гæр кæнынц. Фыссы йæ уарзонмæ: «Мæ цæугæ мæсыг, мæ лæугæ хох, мæ удлæууæн, мæ дунейы рухс Сæгуыт! Мæ тæригъæд уæд мæ ный-

йарджыты, кæд мын мæ марæджы нæ хæдзармæ цы ‘рбахуыдтой!.. Худинагимæ цæрыны бæсты равзæрстон мæлæт. Хатыр дæ курын, мæ бæллиц. Нæ уарзты чиныг райдыдтам фыссын, фæлæ нын дзы иунæг сыф дæр нæ бантыст ныффыссын. Тарстæн, куынæуал дæ фенон, уымæй, æмæ, цæмæй тарстæн, уый мæ баййæфта. Кæрæдзийы уындæй, кæрæдзийы цинæй нæ бафсæстыстæм. Æз мæ хъуыдытæ, мæ сæнттæ, мæ зæрдæйы сыгъдæг уарзт æрмæст дæуæн раргом кодтон, æрмæст сæ дæуæн хъахъхъæдтон, фæлæ... нæ тæригъæд мæ марæджы фæдыл æфтыд фæуæд. Зон æй, мæнгардæй мын марг бадардта æмæ мæ фынæйæ фæхудинаг кодта. Ныххатыр мын кæн. Æз мæ сыгъдæг уарзæгой зæрдæйæ дæумæ æнхъæлмæ кастæн. Дæ уындмæ бæлгæйæ, æхсæвæй-бонæй мæхиуыл бындз абадын, рыг абадын нæ уагътон. Ныр ма дæм цы цæсгом равдисон?! Нæ, нæ! Фæлтау мæлæт!.. Хорз амонд дæ хай. Хатыр... Хæрзбон... Дæхи Афинæт».

Цæссыгæй гæххæтт ныххуылыдз. Афинæт йæ фыстæг кæсгæ дæр нал бакодта, фæуагъта йæ стъолыл, æмæ йæ куыд ничи фена, афтæ ауаæтты-ауаæтты, фæсчъылдымты тагъд-тагъд уайы, цыма йæ куыстмæ æрæджы кæнынæй тарст, уыйау. Бахæццæ айнæджы былмæ, акаст бынмæ, иу хатт ма ныккуыдта, йæ цæстытæ фæцъынд кодта æмæ йæхи фехста мæлæты хъæлæсмæ.

Æрдз дæр рæстытæ нæ кæны: хъахъхъæнын кæй фæхъæуы, уыдоны æгъатыр æфхæрд бакæны. Арвæрттывдау æгæр цыбыр цæмæн вæййынц амондджын бонтæ, амондджын цаутæ уарзæтты царды? Цæмæн фæвæййынц уæззау фæлварæнты хай?

Хуызæ куы ‘рбацыд, уæд агуры йæ чызджы æмæ йæ нæ ары. Кæд сыхæгтæй искæмæ бауад, зæгъгæ, ахъуыды кодта æмæ хæдзары цыдæр куыстытыл фæци. Бацыд Афинæты уатмæ æмæ стъолыл ауыдта хуылыдз гæххæтт. Систа фыстæг, æмæ йæ зæрдæ ныссæххæтт кодта, кæсы йæ æмæ, топпы гæрахæй сырд куыд фесхъиуа, ахæм тарст фæкодта. Йæ уæрджытæ ныххостой, ныцъцъæхахст ласта: «Мæ хæдзар фехæлд! Бабын стæм!!» Фыстæг аскъуыдтæ кæнынмæ хъавы, фæлæ уыцы хъуыдыйæ фæтарст. Йæ къухы йæ радав-бадав кæны, стæй йæ амбæхста йæ роны. Уынгмæ разгъордта æмæ хъæр кæны: «Афинæт! Афинæт! Кæм дæ, цы фæдæ?!» Чидæртæ йæ афарстой, цы хабар у, цы кодтат, цы ‘рцыди? Хуызæ сын кæугæйæ дзуры: «Мæ хæдзар фехæлд! Афинæт мын фесæфти!».

Хуызæйы хъæрмæ адæм фæфæдис сты, уынгты æмызмæлд кæнынц. Иу æрыгон лæппу схæццæ комрæбынæй, фехъусын

кодта сау хабар: «Куыдзæппарæнæй йæхи аппæрста, уым ын бынæй йæ мард ссардтам»...

Адæм, йæ аххос цæмæн нæ фæзонынц, уый тыххæй хъуамæ истытæ æрымысой, чидæртæ дзы йæхи æппæтзонæг акæны. Мæнæ та ныр дæр сылгоймæгтæй райхъуысы сусæг хъæлæсæй цымыдис ныхас: «Уый æнхъæл чи уыд Афинæтæй?..» «Æвæццæгæн...», Кæд, мыййаг...», «Чи зоны...», «Цытæ дзурут? Нæ, нæ, уый афтæ нæ бакодтаид». Кæмæн сæ йæ зонд æмæ йе 'взаг цы карста, уый дзырдта, мысыдысты йыл алы чъизитæ, æнæуаг митæ...

Джордж йæхи ницызонæг скодта. Ахæм кæрон уыдзæн йæ æнаккаг мийæн, уый æнхъæл нæ уыд. Хъуыды кодта æрмæстдæр иу хъуыддагыл: йæ фæстæ исты зылынгæнæг фæд ныууагъта, æви нæ. Æдас нæ уыд. Тарсти, исчи йæм куы баджигул кæна, уымæй. Уæд ссардзысты æнæуагæй ист къамтæ, киноплеңкæтæ, фынæйгæнæн æмæ æррагæнæн хостæ. Æмæ йын уæд ахæстонæй аирвæзæн нæй. Сæмбырд кодта, дызæрдыггаг æм цы касти, уыдон, хъæдмæ сæ ахаста æмæ сæ уым басыгъта.

Миттыл æмæ Хуызæ сæ судзæггаг зианыл æнæсцухæй марой кæнынц, сæ къæхтыл ма тыххæй лæууынц. Дыккаг мардæрцыд та сын уыд уый, æмæ сæ мард уæйгонд хæдзарæй кæй ныгæнынц, сæ бон дзы æппындæр кæй ницæуыл цæуы. Уымæ ма, сæ чызгæн рухсаг цæмæй зæгъой, уый сæм нал баззад. Сæхи марынмæ сæ бирæ нал хъуыд. Сæ чызджы зианæй сын уыцы тæригъæддаг уавæр къаддæр зын æмæ маст нæ уыдис, уымæн æмæ йын йæ мард, куыд æмбæлы, афтæ æгъдауыл баныгæнын сæ бон нæ уыд, Уый та стыр худинагыл нымад у. Фæлæ адæм хорз сты, адæймагæн йæ зиан йæхи бар нæ ныууадзынц. Хæстæгæй, хионæй, сыхагæй, хъæуккагæй, цыдæриддæр хъуыд зианы æгъдауæн, уыдон æрбамбырд кодтой æмæ ныййарджыты ницæуыл тыхсын бауагътой.

Хуызæ зæрдæхæлд фæци, уромæг æй уромын нал фæрæзта, йæ рустæ ныттыдта, йæ уæрджытæ фæхоста. Æнусон бæрзонд цъитиджын хæхтæ æнкъардæй сæргуыбырæй кæсынц Зæринджыны хъæумæ тæфæрфæсгæнæгау, тызмæг хæххон дæттæ цыма фыдохы хабæрттыл хъынцъым кæнынц, уыйау сæ фынккалгæ тагъд згъорд фæсабырдæр, мæргъты зарын нал хъуысти, цыма зонгæ кодтой, зианы рæстæджы цындзинад кæй не 'мбæлы, уый. Зæринджыны алфамблай æрдз æппæтæй дæр ныссабыр, нынкъард. Хуызæйы зæрдæ цы дыууæ уидагыл лæууыд, уыдонæй

иу аскъуыд... Хуызæйæн йæ бон куы нал уыд, уæд Афинæты фыстæг йæ ронæй систа æмæ йæ радта Миттылмæ:

— Мæнæ нæ чызджы фыстæг... Бакæс æй дæхæдæг... Адæмы дам-думтæй нал у мæ бон.

Миттыл райста фыстæг æмæ йæ æлхынцъæрфыгæй кæсы йæхинымæр. Сабыргай йе 'рфгуыты æлхынцъ райхæлд, цыма дзы исты æхсызгон хабар касти, уыйау. Базыдта, йæ чызг ахходжын кæй нæ уыд. Базыдта, йæ чызгæн Джордж марг кæй бадардта æмæ йын афтæмæй æбуалгъ ми кæй бакодта, уый. Æмæ хъæрæй йæ усæн загъта:

— Æгады царды бæсты йæхицæн равзæрста мæлæт! Æз та...

Хуызæйæн иуæй æхсызгон уыд, йæ лæг Афинæты марды тыххæй рæстдзинад кæй базыдта, уый, иннæмæй та йæм диссаг фæкаст, Джорджы кой йæм æппындæр кæй нæ рауад, уыцы хабар. Цы хъавы Джорджы тыххæй, ныххатыр ын кæндзæн, æви дзы йæ маст исдзæн? Æмæ йæхиуыл исты фыдбылыз куы 'рцæуа: Джордж зин у, иблис, марг, тæссаг удхор у, хин æмæ кæлæнæй йедзаг. Хуызæ та ног сагъæсы, ног катайы бахауд.

Миттыл цалдæр хатты фæцæйцыд Джорджы марынмæ, фæлæ та-иу йæ галиу къухæй рахизыл ныххæцыд, масты коммæ кæсын нæ хъæуы, зæгъгæ. Фæлæ нал фæрæзта йе знагмæ кæсын, йæ маст уромын нал уыди йæ бон. Йæхимидæг фидарæй скарста: «Мæнгарды мæнгардæй марын хъæуы! Искæй цард чи халы, искæй чи мары, уый йæхæдæг дæр хъуамæ ма цæра. Фыдæнхъæл мæ фæкодтай, фыдызнагæй мын фыддæр митæ бакодтай, фыдæнхъæл дæ фæкæндзынæн æз дæр...»

Йæ хъама сæрдасæны хуызæн сцыргъ кодта æмæ йæ туджджыны фæдыл зилын байдыдта. Джордж та хæхтæм куы ацыд, уæд ын Миттыл йæ уатæй, йæ зæххыты, йæ хæдзары, йæ исбоны ауæйы тыххæй йæм цы гæххæттытæ уыдис, уыдон иууылдæр йæхи гæххæттытимæ иумæ рахаста æмæ сæ басыгъта. Уый фæстæ сисдзæфæй хъахъхъæдта Джорджы. Уый куы 'рбаздæхт, уæд æвиппайды йæ хæдфæстæ алæууыд Миттыл, сдзырдта йæм йæ номæй, куы йæм фездæхт, уæд ын дзæнгæлтæхауæг хъама йæ артæнты ныссагъта. Джордж, йæ туджы мæцгæ, йæ гæндзæхтæ ацагъта, амард. Миттыл арф ныуулæфыд, иу хатт ма æлгъгæнæгау ныккасти йæ туджджыны мардмæ, стæй сæрбæрзондæй, уæлахизы тырыса хæссæгау, фæраст ис, Афинæт йæхи кæцæй аппæрста, уыцы айнæджы былмæ. Куы бахæццæ, уæд бынмæ ныккасти æмæ дзуры йæ чызгмæ:

— Афинæт, мæ къона, дæ маст æмæ не 'ппæты маст райстон не знагæй, фæлæ мæхæдæг дæр цæрыны аккаг нал дæн. Ныххатыр мын кæн, мæ буц хъæбул Афинæт. Æз дæр дæуау æгады царды бæсты равзæрстон мæлæт. Ныр дæ æфхæрын нал бауадздзынæн, фæцæуын дæм, мæ размæ та-иу разгъор, — уыцы ныхæсты фæстæ, цыма йæхи æхсыры цадмæ æппæрста, афтæ æнæзивæгæй фехста айнæджы былæй.

Джорджы марды хабар уайтагъд айхъуыст хъæубæстыл. Адæм та фæфæдис сты. Йæ марæджы йын хъамамæ гæсгæ базыдтой, фæлæ кæм ис йæхæдæг Миттыл? Агурынц æй, фæлæ никуы ис.

Адæм та фæфæдис сты айнæг къæдзæхы бынмæ, æмæ уым разынд Миттылы мард.

Мæрдджын йæ зæрдæйы судзаг кæуынæй уадзы. Хуызæйы кæуынмæ, Хуызæйы тæригъæдæй адæм зæрдæскъуыдтæ кодтой. Хуызæ ма йæхи бынтон уымæн хордта, æмæ йæм ныр та, Миттылæн хист цæмæй скæна, уый кæй нæй. Адæмы æфсарм æй бынтон бадомдта. Фæлæ та хъæубæстæ сæхимæ айстой зианы хæрдзтæ, марды кæндæн цы хъæуы, уый.

Ахболат фæдзырдта кæстæртæм æмæ сын загъта:

— Уыцы æнаккаджы мард искуы фæсвæд ран баныгæнут.

Дыккаг бон та хъæубæстæ æрæмбырд сты Миттылы кæртмæ. Ахболат размæ рахызт, адæм ныссабыр сты.

— Абон та нæ хъæубæстыл æрцыд стыр зиан, Хуыцау рахатти Миттылы бинонтыл. Миттылы хорз зыдтат иууылдæр, куыд уыд, цы уыд, дзурын сыл нæ хъæуы. Фыдбылызы къæбæр æй фæсайдта, æмæ йæ дзæбæх цардæй зындон рауад. Ахæм стыр бæллæхтæ цард-цæрæнбонты никуыма 'рцыд нæ хъæуы. Æмæ ныл æрцыдысты тынгдæр нæ хъæуыхицау Хъайтары аххосæй. Мæсыг хи дурæй хæлы, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæзæгъынц. Йæ цæсгом бахордта Мытылы фырт. Фидиссагæй баззайдзæн нæ хъæуы Хъайтары ном. Чи уыд уый æнхъæл, æмæ нæ хъæуыхицау æвæлмон æфтиæгтæй цæра, йæ адæмыл гадзрахатæй рацæуа?! Абон мах Ныхасы уынаффæ рахастам, цæмæй хъоды бакæнæм Хъайтарыл, нæ фыдæлты карз хъоды, æмæ уын æй хъусын кæнын, Хъайтары аххосæй кæй бинонтæ бацарæфтыд сты, уый сынты уæлхъус: «Абонæй фæстæмæ ма Хъайтары йæ хæдзармæ чи бауадза, кæнæ уый хæдзармæ чи бацæуа, дон-кæрдзын ын чи радта, кæнæ йæ цæхх, йæ къæбæрæй чи сахода, йæ фос ын йæ фосимæ чи бауадза, йемæ ныхас чи скæна, уый Хуыцауы, Уастырджийы æмæ Хъæуыдзуары фыдæх

баййафæд, æмæ-иу уый дæр хъодыгонд æрцæуæд!» Ды та, Миттыл, рухсаг у! Мæнгардæй дын дæ цард æрбайхæлдтой Джорджтæ æмæ Хъайтартæ, дæ уарзон хъæубæстæй дæм сæхи фæхæстæгдæр кодтой æмæ дæ мæрдтæм барвыстой. Цы ма дын зæгъæм, дæхæдæг дæхицæн тæрхонгæнæг фæдæ. Рухсаг у! Дзæнæты бад!

Йæ саутæ нал систа Хуызæ. Æнкъард, æрхуымæй æрвыста йæ бонтæ зыбыты иунæгæй. Сыхæгты устытæ йын тæригъæд кодтой æмæ йæм арæх цыдысты ныхасæмбалæн. Семæ-иу исты хæринæгтæ дæр æрбахастой æмæ-иу ын тыххæйты ахæрын кодтой. Цæмæй дзы йæ судзгæ маст, йæ уæззау зынтæ иу гыццыл айрох уой, уый тыххæй йын кодтой ирхæфсæн ныхæстæ, цымыдисаг диссаджы хабæрттæ, куы та хъазæн ныхæстæ дæр. Иннæтæй йæм арæхдæр цыдис Сурæт. Йæ бæсты-иу акодта хæдзары куыстытæ, хæдзары зылдтытæ, ныфсытæ-иу ын авæрдта.

— Хуызæ, бынтон дæхи ма хæр. Цы 'рцыди, уый æрцыд, фæстæмæ йын нал ис раздахæн. Уæддæр ма хæдзарæй, зæххæй, фосæй уæхицæн кæй баззадысты, уый хорз у.

— Цы ма сæ кæнын, Сурæт? Фæлтау уыдоныл сыгъд куы сирвæзтаид, æмæ ацы сау фыдтæ куы нæ бавзæрстаин.

— Нæ, нæ, Хуызæ, бынтон афтæ дæр нæй дзурæн. Кæд уæ мæсыг ракалд, уæддæр нырма йæ бындур фидар у. Лæгтыдзуар дын Арсæмæджы дзæбæхæй сæмбæлын кæнæд дæ хæдзарыл, æндæр та уæд цард йæхи домæнтæ кæндзæн.

— Бæргæ нæм хорз фæндтæ æмæ уынаффæтæ уыдис... Нæхи чындзæхсæвтæм цæттæ кодтам... Ныр мын Афинæт хæрдгæбыдтæ æмæ хæрдгæхуыдтæ нал акæндзæн цызæ, зæриндаджы æндæхтæй... — æмæ та фемæхстысты йæ цæссыгтæ Хуызæйæн.

— Цæй, дæхиуыл фæхæц. Хæдзармæ дæ кæсын хъæуы, хъуамæ дзы цард ма бамынæг уа.

— Бæргæ куы нæ амардаид нæ лæг... Нæлгоймагæн йæ худ къулыл ауыгъд куы уа, уæддæр уый хæдзары фарн у, хæдзары амонд у. Мæнæн мæ бон æппын ницыуал у, зианты уæзæй бынтон фæдонзоныг дæн, мæ развæндаг дæр нал уынын... Фæлæ мæхи ныффидар кæндзынæн мæ хъæбулы ссыдмæ, кæлдзæн йе ссыдмæ нæ хæдзарæй фæздæг, нæ бауадздзынæн къонайы арт хуыссын кæнын. Бузныг, Сурæт, сымахты фæрцы ма мæ къæхтыл лæууын, æндæр-иу ахъавыдтæн, мæ бинонтæ цы былæй акалдысты, уырдыгæй мæхи аппарынмæ.

Диссаджы адæм стæм: цалынмæ фыдбылыз не 'рцæуы, уæдмæ

нæм æвронг зондахаст нæ вæййы, фæлæ фыдбылыз куы 'рцæуы, уæд æрæмбарæм нæхи, кæд фылдæр хатт байрæджы вæййы, уæддæр.

Фæлæ мачи зæгъæд, адæм æнæбон, æдых сты. Адæмы чи нал фæнымайы, чи сыл нал фервæссы, былысчъилтæ кæнгæ сæ чи фефхæры, уыдон фæсмонгонд фæвæййынц. Цыфæнды хъæздыг куы суай, цыфæнды бæрзонд куы стæхай, уæддæр дын адæммæ æнæ æрыздæхгæ нæй, æмæ, знон былысчъилтæ кæуыл кодтай, уыдонимæ цæрынмæ ма дæ былыцъæрттæ хæрдзынæ, фæлæ дыл нал баууæнддзысты, æнæуынон сын уыдзынæ, суанг ма сын дæ мард дæр хъыг нæ уыдзæн. Мачи рох кæнæд: адæм тыхджын сты, адæмы бон бирæ у, сæ ныхмæ ничи фæлæуудзæн.

Хъайтарæн йæ райгуырæн хъæуы цæрæн нал уыд, зæхх йæ къæхты бын сыгъди, хæхтæ, къæдзæхтæ, дæттæ, хъæдтæ цыма иууылдæр уымæ кастысты æмæ йæ фæдыл «Хъодыгонд!» зæгъгæ, дзырдтой, афтæ йæм кастис. Æмæ лидзæг фæци æд бинонтæ Хъайтар хъæуæй.

Фæлæ та ногæй сæ дæндæгтæ цыргъ кæнынц Зæринджыны сызгъæринты хъæздыг æвæрæнтæм хъæддаг куыйтæ æмæ тугдзых зыд бирæгътæ, хъавынц ахæрынмæ, аныхъуырынмæ фарн æмæ амонды артдзæст — Зæринджыны, цæмæй дзы мауал хъуыса зарæг, мауал дзы уа цард, мауал уа йæ кой.

Æрмæст цалынмæ кæстæртæн Ахболаты хуызæн, Гицойы хуызæн хистæртæ уа, уæдмæ хæххон хъæутæн сæ зынг никуы ахуысдзæн, сæ къонаты арт никуы бамынæг уыдзæн, сæ сæрмæ никуы æрхæсдзысты цагъайраджы уæззау æфсондзы бын цæрын. Сæрибар хæххон цæргæсæн къалатийы цæрæн нæй.

Миттылы фырт Арсæмæг куы сыздæхт сæхимæ, уæд бирæ фæмаст кодта сæ бинонты сæфтыл. Стæй уæд уæлмæрды йæ фыд æмæ йæ хойы ингæнты уæлхъус ард бахордта, æдзæрæгæй кæй никуы ныууадздзæн йæ фыды уæзæг, йæ фыдæлты зæхх, йæ райгуырæн Зæринджын кæй бахъахъхъæндзæн дыкъахыг бирæгътæй, фыдгултæ æмæ фыдгæнджытæ цыфæнды фæлывд æмæ нымæхстæй куы архайой, уæддæр. Хохæгтæ сæ ардбахæрд нæ сайынц.

*1999 азы ноябры — декабры мæйтæ,*
*Кисловодск — Дзæуджыхъæу.*

*СИУНОХЪАУТЫ Саламджери*

# ИРВÆЗЫНГÆНДЖЫТÆ

*РАДЗЫРД*

Æрвхуыз «Москвич» стыр фæндагæй хъæуырдæм куы фæзылди, уæд йæ фæстаг цæлхытæй иу суагъта. Хæдтулгæйæ рахызти, дæс æмæ ссæдз азы кæуыл цыдаид, ахæм урсцъар Лæппу. Йæ уæлæ уыдис морæ хъæдабæ хæлаф æмæ цыбырдысджын бур хæдон. Йæ мыдхуыз сæрыхъуынтæ уыдысты цыбыр æлвыд. Тæнæг æрфгуыты бынæй æнæхин каст кодтой цъæх-цъæхид цæстытæ. Лæппу бакаст цалхмæ: «Рæвдздæр февналын хъæуы, наукæд къæвда æрбацæуы», — загъта йæхинымæр æмæ дзаумадон фегом кодта. Систа дзы дамкърат, камерæ æмæ дымсæн. Раппæрста цалх. Раст уыцы рæстæг йæ хъустыл ауади сылгоймаджы уынгæг хъæлæс, цыма кæуындзæджы къæсæрыл лæууыди. Лæппу фæзылдис уыцырдæм. Ауыдта рæстæмбис кары сылгоймаджы. Уый, йæ сæрбæттæн йæ къухы, афтæмæй згъордта хъæуæй. Иу ран фæкалди. Бæрæг уыд, йæ хъару кæй асасти. Лæппумæ афтæ фæкасти, цыма уырдыгæй ардæм йæ тыхулæфт хъуысы. Æвæццæгæн, фæдисы тахт куынæ кодтаид сылгоймаг, уæд фæндаджы астæу дзæвгар фæбадтаид, цалынмæ йæ хъару йæхимæ не 'рцыдаид, уæдмæ. Лæппу сызгъордта йæ размæ. Схæцыди йыл.

— Цы кодтай?!

Усæн зын уыди дзурын, фæлæ тыхамæлттæй райдыдта:

— Акæс-ма, далæ, дæлбазыры æнхъæлмæгæсгæ ничи лæууы?

Лæппу акасти.

— Ничи дзы ис. Чысыл раздæр дзы автобус æрлæууыди æмæ дзы дыууæ сылгоймаджы абадтысты.

— Сæ иуыл сырх кофтæ, нæ?

— О, æнхъæлдæн.

— Уый мæ чындз уыди. Дæ фарн бирæ, фæлæ æнхъæлцау у. Æрхонкæмæ цæуы рынчындонмæ. Йæхи асыгъдæг кæнынмæ хъавы. Нæ лæппуимæ фæбыцæу сты. Куыд ма йæ баййафон?

Лæппу аджих.

— Нæ мады хай, ды йын ницыуал бакæндзынæ. Цом мæ машинæмæ. Йæ цалх суагъта æмæ уал дзы мидæгæй баддзынæ ме 'рцыдмæ. Æз фæндаджы былмæ згъорын. О, хæдæгай, йæ ном, йæ мыггаг куыд сты?

— Ариссæ хуыйны, йæ мыггаг та Саухалтæй. Æз та Ануси дæн.

— Æз та Гадзыбе, — тагъд-тагъд ма загъта лæппу æмæ азгъордта. Уæдмæ къæвда фемæхсти. Ануси машинæйæ йæ цæст дардта лæппумæ. Уый иу мотоциклетджын йæ фæсарц сæвæрдта. Схæццæ сты Æрхонкæмæ.

Гадзыбе бузныг загъта йæ хæрзгæнæгæн æмæ атындзыдта рынчындонмæ. Асинтыл йæ размæ фæци иу сылгоймаг:

— Дæ хорзæхæй, ам гинеколог кæм бады?

— Дыккаг уæладзыджы. Уым афæрсдзынæ.

Лæппу фегом кæнынмæ хъавыди иу уаты дуар, фæлæ йыл, тыргъты чи 'рбацæйцыди, уыцы дохтыр схъæр кодта:

— Уырдæм нæлгоймагæн цæуæн нæй!

— Тагъд кæнын æмæ...

— Дуар бахой.

Гадзыбе бакъуырцц-къуырцц кодта дуар. Ничи йæм ракасти. Ног та бахоста.

Ракасти йæм урс халаты стæвдтæгомау сылгоймаг:

— Чи дæ хъæуы?

— Ариссæ Саухалты...

— Æмæ йын... йед... Нæ йæ 'вдæлы!..

— Йе 'фсин аварийы бахауди! Тагъд дæ, зæгъ, агуры!

Чысыл фæстæдæр уатæй рахызт æрыгон хæрзуынд сылгоймаг сырх кофтæйы.

— Чи мæ агуры! Цы кодта Ануси?! Кæм ис?!
— Цом мемæ.

Уæдмæ къæвда дæр банцади. Алæууыдысты цасдæр, автобустæ кæм æрлæууынц, уыцы бынаты. Фæурæдта сæ цуры иу «самосвал». Шофыр разынди Ариссæйы сыхаг. Авæрдта сæ дыууæйæ дæр.

Самосвалы шофыр фæкаст Гадзыбемæ, æмæ уайтагъд арæвдз йæ «Москвич».

Ануси æмæ Ариссæ хуыдтой сæхимæ сæ хæрзгæнæджы, фæлæ уый не сразы. Уæ хъæуы, дам, мæ иу кæимæдæр ахсджиаг хъуыддаг ис.

Цыдысты азтæ. Гадзыбейыл сæххæст авд æмæ æртиссæдз азы. Уæддæр пенсийы нæ ацыди. «Хæдзары бадын нæ бафæраздзынæн», — ахæм хъуыдыимæ нæ ныууагъта хъæдгæсы куыст. Æрдзæн знаггадгæнджытæн хатыр кæй нæ кодта, уый тыххæй уыдоны тынг фæндыди, цæмæй йæ йæ куысты мауал уыдтаикккой. Иуахæмы та баурæдта дыууæ хъæддзауы. Барлæвæрд сын нæ уыди, афтæмæй акалдтой, топпы фаты хуызæн æмраст бæлæстæ. Гадзыбе сын сæ ласын нæ уагъта. Æваст айхъуысти хъæдгæсы сонт хъæр: «Æллах, амардтой мæ!» Лæг, йæ фæсонтыл хæцгæйæ, æрфæлдæхти зæххыл. Уалынджы хæстæгæй æрбайхъуысти кæйдæр зараг хъæлæс:

*Мæ хуры хай,*
*Рæсугъд чызгай,*
*Куынæ дæ федтаин бæргæ!*
*Дæ хъазынмæ,*
*Дæ зарынмæ*
*Кæм лæууы иунæджы зæрдæ!*

Гадзыбе базмæлыди, ныууынæргъыдта. Цавæрдæр лæппу йæм бауади:

— Цы кодтай?! — афарста йæ, стæй ахъæр кодта: — Тугъан! Тугъан! — Йæхæдæг йæ плащ фелвæста æмæ йæ зæххыл айтыдта. Йæ хæдон феппæрста, æрбабаста дзы лæджы цæф.

— Кæм дæ, Сослан? — æрбайхъуысти Тугъаны хъæлæс.
— Ардæм, ардæм!

Тугъан тарстхуызæй фегуырди сæ уæлхъус. Лæджы рæвдз ахастой. Чысыл дæлдæр лæууыди сæ «Москвич». Хуыцаубон уыдис, æмæ дыууæ æфсымæры рацыдысты хъæдмæ уагъылы æмæ мыртгæтæм, Гадзыбейы амондæн. Уæвгæ, нырма зын зæгъæн

уыди, лæг аирвæздзæн, æви нæ, уый. Ныххæццæ сты Алагирмæ. Дохтыртæ архайдтой лæджы мæлæты дзæмбытæй байсыныл.

Гадзыбе рынчындоны фæхуыссыди мæйæ фылдæр. Абæрæг-иу æй кодтой Сослан æмæ Тугъан дæр. «Ардыгæй мæ куы рафыссой, уæд æнæмæнг бабæрæг кæндзынæн мæ ирвæзынгæн-джыты», — скарста йæхимидæг Гадзыбе.

Иу хуыцаубоны, сихормæ æввахс уыдаид, афтæ Сосланаты дуармæ æрлæууыди «Нива». Рахызти дзы Гадзыбе, йе 'фсин Хадизæт æмæ сæ фырт Хъасболат. Бахастой мидæмæ буц хуын: уæлибæхтæ, гогыз, арахъхъ, бæгæны. Уыдис сæм чумæдан дæр. Байгом æй кодтой æмæ дзы систой фæйнæ костюмы Сослан æмæ Тугъанæн, стæй мадæн къабайаг æмæ æфсинæн кæлмæрзæн. Æрбамбырд сты хицæттæ, сыхæгтæ. Бадт стынг.

Иу рæстæг зæронд ус йæ каст скодта Гадзыбемæ:

— Кæд мæ мæ ихсыд цæстытæ нæ фæливынц, уæд мæм цыдæр зонгæйы хуызæн кæсыс...

— Уæдæ æз дæр уый зæгъынмæ куы хъавын. Кæддæр ма дæ цыма федтон...

Зæронд ус æваст афтæ:

— Ацы хъæуы ма искуы уыдтæ?

— Иу цалдæр хатты.. Фæлæуу, фæлæуу!.. Далæ хъæугæрон мæ машинæйы цалх суагъта иу къæвда бон.

— Гъемæ?..

— Ды дæ чындзы фæдыл... Ды уыцы Ануси дæ?

— Афтæ, афтæ. Уый фæстæ чындзæн райгуырди Сослан, стæй та — Тугъан.

Гадзыбе афтæ:

— Мæнæ диссæгтæ! Æз уый фервæзын кодтон, уый та — мæн!

Иууылдæр æдзæмæй лæууыдысты. Стæй æрæджиау рай-хъуысти Гадзыбейы хъæлæс:

— Æмæ ныр ацы лæппуты мад кæм ис?

— Арвыстам æм. Ныртæккæ йæ ардæм хъæуы, — загъта Тугъан.

Уыцы рæстæг Сослан рудзынгмæ фæкомкоммæ.

— Кæй кой кæнай — къæсæрмæ! Æрбацæуы.

— Æнцад ут. Мацы-иу зæгъут, кæддæра мæ базонид, — загъ-та Гадзыбе.

Ариссæ бахызти. Райста уазджыты къухтæ, стæй кæсгæйæ баззади Гадзыбемæ:

— Дæу ма кæддæр цыма федтон.

— Дзæгъæлы нæ фæтахтæн дæ фæдыл рынчындонмæ! Дæ лæппуимæ кæрæдзийы аирвæзын кодтам! — Гадзыбе ма цыдæр зæгъынмæ хъавыди, фæлæ йæ зæрдæ æрбауынгæг. Ахгæдта йæ хъæлæс. Æрæджиау афарста:

— Мæрдырох мыл куыд бахæцыди абондæргъы. Ныр дæ цардæмбал кæм ис, Ариссæ?

— Цыфæндыйæ дæр ахицæн стæм. Уый ныр горæтаг у. Цех сарæзта. Кæнынц дзы водкæ æмæ консервтæ. Æндæрæбон æй нæ дуканийы ауыдтон йæ шофыримæ. Нозт æрбаластой уæймæ. Йæ мад æмæ йæ фыртты дæр абæрæг кæны рæстæггай. Йæ мад раззаг къуыри йæ зæрдæйæ æвзæр уыди. Æз ын хабар ракодтон. Загъта, абæрæг, дам, æй кæндзынæн.

Раст уыцы рæстæг фехъуыст стыр машинæйы уынæр. Тугъан рауади æддæмæ. Чысыл фæстæдæр мидæмæ дыууæ лæджы бахызтысты.

Гадзыбе сæ йæ цæстытæ нал исы. Йæхи нал баурæдта фæстагмæ:

— Адон сты мæ марджытæ! Ануси, дæ фырт мын ныссагъта мæ фæсонты йæ кард!

— Цы, цы?! — хæрдмæ фæхауди зæронд ус.

— Йе 'мбал та машинæ скъæрдта. Уым мæ ныууагътой. Æнхъæл уыдысты, æмæ амæлдзынæн, фæлæ... Фыд — мæ марæг, фырт — мæ ирвæзынгæнæг!

— Мæ фыд?! Цы бакодтай?! Зæрдæ дын нæй?! — ныхъхъæр кодта йæ хъæлæсы дзаг Сослан.

— Зæрдæ йын куы уаид, уæд йæ мад æмæ йæ цоты ныууагътаид, — загъта Ариссæ, Тугъаныл йæхи бауадзгæйæ.

— Фесæф ардыгæй! Стæй æфхæрд дæр хъуамæ баййафай! Дæ мады мах дардзыстæм! Ницы йын уыдзæни! Тылаттаты Чермены загъдау, мæнæн фыд нæй, нæй! — уыцы ныхæсты фæстæ Сослан бацыди Анусимæ æмæ йыл ныттыхсти.

# ТÆЛМАЦТÆ

*Хъайсын КУЛИЕВ*

# РЫНЧЫНДОНЫ САГЪÆСТÆ

## МЫСЫН ДАРДÆЙ ЧЕГЕМ

Чегемæй æддиау сæйын æз мæ уаты,
Нæ урс хæхтæ мысын, сæ уындмæ бæллын.
Нæ хæхтæн ма искуы фæкæндзынæн пъатæ,
Æви мын нывгонд у ам, дард ран, мæлын?..

Мæ хасты фыддуджы куыд мысыдтæн хæхтæ,
Фæлæ сæм куыд нæ уыд фæцæуын мæ бон,
Раст уыйау мæн хæхтæм мæ низæфхæрд къæхтæ
Куынæуал фæхæссой, мæгуыр уа мæ бон!..

Æз райгуырдтæн хæхты, æз боны рухс райгæ
Уым федтон фыццаг хатт, — уыд ахæм мæ рад:
Уым федтон нæ хæхтыл уæларвон мит тайгæ,
Уым базыдтон уарын, тæрккъæвдайы ад.

Уым федтон, нæ хæхтæ уæлæрвтæм куыд куывтой,
Сæ сæрмæ ыстъалыты цоппай фæдис,
Нæ фæтæнтыл суадæттæ уайгæ æрттывтой,
Æрдынкъæдзæй арвырон тигътыл уыдис.

Сæумæцъæхæй — саргъыл, æмæ мын цы тас у :
Мæ идоны рохтау, мæ фæндаг — цыбыр.
Изæры-иу бадтæн куырыхон ныхасы,
Куыд ничи мæ федтаид — дурыл, æмыр.

Бæлонхуыз цыргъытæ, нæ комрæбын — суæнгтæ,
Нæ хурмæзилагæн йæ фидауцы 'хцон;
Мæ мады уæрджытыл тæлываерд — мæ цæнгтæ, —
Мæ цард ма уыди уæд хуымæтæг, æнцон.

Фæстæдæр уыд цардæн æвирхъау йæ азар,
Фæцавта-иу миты дзыхъмард лæг йæ сæр...
Ыстæй уæд дзæгъæлæй нæ къона ныууазал,
Фæлæ та ыссардтам нæ артдзæст уæддæр.

Мæ мады фых дзултæ, мæ Зилгæ — фæрсыгъд дон,
Æхсæвы бæзджын тар, сæууон хуры скаст...
Мæ сабион дуджы хъызт бонтæ нæ зыдтон,
Уæд ма мæм нæ къæлæу нæртон æфсургъ каст.

Узæлыд сæууон хур нæ хæдзæртты сæртыл,
Зæрæхсид-иу сабитæм фæсхъæумæ сидт,
Нæ уынгты уынгæг æмæ зул-мул цæуæнтыл
Зæгъ уарыди уалдзæг, зымæг та-иу — мит.

Мæ хо-иу нæ фæсхæдзар къахта цыдæртæ,
Кæд къæвдайы фæстæ зæхх не ссур, уæддæр.
Кæм — цармы уымæл тæф, кæм — зарæджы хъæртæ,
Чындзæхсæв ис хъæуы, уæд — зарæг, ныннæр!

Куыд уæ мысын хæхтæ, уынын æз, æндæргтау,
Кæм — аууон, кæм — судзы нæ фæндаджы царм;
Нæ тæрсытæ тар æхсæв дзурынц цыдæртæ...
Ыстут мын, нæ хæхтæ, зымæгон дæр хъарм!..

Бæрзондæй куы райуарут миты ссад кæмттыл,
Уæд-иу уæ, зæрондау, нæ фæхауы сым.
Мæй бур рухс куы тауы уæ дурамад цæндтыл,
Уæд та уæм, хæрзамонд лæппуйау, кæсын.

Мæ мады цæсгомыл хур уагъта цырæгътæ,
Рæвдаугæ йыл аууон æвæрдта нæ хох.
Ныр ацыд, йæ ингæн — сæ дæлбазыр хæхтæн,
Нæ йæ кæнынц уым дæр хур мæимæ рох.

Мæ ингæн дæр хур æмæ мæйæн уыдзæнис
Рæвдауинаг хæхты, æвæццæгæн, ныр.
Æнцойбон мæ уынæг хур арвæй цæудзæнис,
Æхсæв-иу мæй сыстдзæн мæ уæлхъус æмыр.

Нæ хæлæртты сæртæ сырх дардзысты райсом,
Нæ хæхты дыдæгъты нæ тайдзæни мит.
Сæууон маргъы комæй нæй зарæгæн байсæн,
Лæппуйы зæрдæйæ – чызгаймæ æхситт.

Æз райгуырдтæн хæхты, гъе уымæн уырныдта
Мæн абонмæ – хохау уыдзынæн æз дæр.
Мæ рагбонты хæхтæн сæ сæрмæ тырныдтон,
Нымадтон – фæдæн æз нæ хæхтæн кæстæр.

...Ныр та æз фыдрисæй мæ цæссыг лæмарын, –
Кæм ма ис æндон тых, нæртон ныфс зæгъай.
Нырма дæн æз цæрдтæй, æмæ йæ æмбарын:
Нæ зæххæй, нæ арвæй нæй мард лæгæн хай...

Куы нал уа фæстаг бон лæджы хъару дзурын,
Уæд развæлгъау зонут мæ бæллиц æргом:
Æз иу хорзæх курын, – лæууæнт-иу мæ цуры
Нæ урс хæхты фидауц, мæ мады цæсгом!..

## МÆ ЛÆДЗÆГ

Фест мын, цæй, мæ бархъомыс, лæдзæгау,
Ацы сау бон ме ‘нцой лæуу æцæгæй, –
Абырсин ма кæд лæгау мæ рын.
Кæд мæ низы сау азар, йæ зæйтæй
Фервæзин дæ арфæйаг æнцæйтты
Æмæ ногæй райдаин цæрын.

Ау, мæнæн ма иунæг фæндаг баззад;
Зæй, мæ уæнгты чи уыд ауал азы,
Хъуамæ уый ныггуыпп кæна æваст,
Хъуамæ ныр мæ уд фæуа зæйласт?!.
Ныр мæн дæр, нæ сусæгмыр уæлмæрдты
Кадыл-иу цы зиæнтты æвæрдтам,
Уыдонау фæкæндзыстуг дæлзæхх?..
Æтт, уæдæ мæ рад æрцыд сæрæй , –
Рыны ‘фцæгыл ахизæнтæ нæй,
Ам мæнæн зæйласт нæ хæссы цъæх?!.

Ракæс-ма бæрзондæй, урс саг сион,
Ды Чегемы дæ мæнæн мæ хион,
Ме ‘фсымæр!.. Нæ хъæдты абух, рых,
Фæлæ ратт сæрбахъуыды дæ тых
Ды мæнæн, – ыстыр ныфсау, мæ фыны,
Йе та хъалы дæу æдзух фæуынын,
Низ мын ам куы ныххуыйы мæ дзых...
Иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдтæн
Æз мæлæтæй царды ‘хсæн – фыд ран,
Фæлæ, раст цæф салдатау, лæууыдтæн –
Цардбæллон, мæлæтмæ та – хæрам.

Хæцæны дæр, уый фæстæ та хасты
Æз мæ фæд мæлæтæй цардмæ хастон,
Кæд уыди æвирхъау зын, уæддæр.
Царды сæрыл зиуы æмæ тохы
Арæх уагътон æз мæхи уд рохы,
Æмæ ныр мæн дæр куы бахъуыд сæр,
Уæд мæныл куыд рахæтыд мæ хъысмæт,
Уæд мæнмæ куыд нал цæуы æххуысмæ,
Гом куы у мæ адзалы къæсæр?!.

Цард, дæуыл мæ нымд зарæг нывæстон,
Хæцæны – дæ фæдисон, дæ хæстон;
Æмæ гъеныр ма суæлдай кæ мæн, –
Раздæр мын уыдтæ тыхсты бон ахъаз,
Гъемæ ма мæ сæрыл иу хатт рахъыз,
Баххуыс ма кæн ацы хатт мæнæн,
Иу хатт ма фæстаг ахъаз ныккæн!..

1980

## ОПЕРАЦИЙЫ РАЗМÆ ‘ХСÆВ

Сом – карды бынмæ... Операци... Ахсæв...
Уыдис-иу афтæ фронты дæр, – мæйдар,
Фæлыгъд дæ хуыссæг: сом – атакæ, сар,
Æмæ цы уыдзæн, уый лæджы зонд н ‘ахсы:
Хæнтсау дымгæ дæ иувæрсты фæраст
Æви дæуæй уый исдзæни йæ маст,
Æмæ дæ тæвд туг салд митыл ныццахсдзæн?!

У де знаг саст æви ысхауд дæ хал, –
Æгомыг тар дæ рухс дунейы смал?..

Кæсын мæ уатæй, тар фæрссаджы гомæй, –
Кæддæр куыд кастæн топпуадзæны комæй,
Æвзонг æмæ тыхджын куы уыдтæн, уæд...
Мæ къæрцхъус фæсдуар ацахсы æппæт,
Æмæ тыхсын: фæразон дæн мæ зынæн,
Фæлæ мæхи нæ абырстон бынтон;
Æууæнк æмæ ныфсæн кæрон нæ зыны,
Лæджы хъаруйæн алцы нæу йæ бон...
Æз мысын ног, цытæ бавзæрстон царды,
Мæ хæстон рад, мæ хасты зындон дардыл,
Фæлæ нæ уынын – хæст куыд цæудзæн сом;
Цы уыдзæн, уый кæй зондæн у æргом?..
Салдатау ног цæуын хæстон фæдисы,
Лæджы цардæн мæлæт йæ бар кæм исы,
Уым чи уыдзæн сæ дыууæйæ бынæй?
Уым армæй хæсты чи ныббырсдзæн, кæй?..
Мæ зæрдæ ма цæуыл, цæуыл фæдарин, –
Куы нæ судзид мæ ныфсы цырагъ тары?!.

1980

МÆ ЦУРЫ ЛÆУУ, ЛÆДЖЫХЪÆД!
Адзалы тас кæй уд нæ хордта, ахæм
Хъæбатыр лæг кæй нæ уыд, уый зæгъын:
Тæрсæм мæлæтæй, уымæн æмæ махæй
Мæлæты фос у алчи дæр зæххыл.

Мæлæты тас кæй бавзары нæ зæрдæ.
Уый худинаг нæ уыди, нæу ныр дæр.
Æркъæдз вæййынц мæлæты раз нæ сæртæ,
Фæлæ сæ цъыфмæ не ‘рхæссæм уæддæр.

Цæрын кæй фæнды алкæй, уый нывæй у,
Тæппудыл нæу, ныббæтты йæ хъысмæт.
Хъæбатыр та мæлинаг лæг ысвæййы,
Куы ахизы йæ тасы сæрты, уæд.

Тæрсын æз дæр... Мæ тас чысыл, ыстыр уа,
Йæ ныхмæ у нырма мæ уд дзырдхъом.
Мæ лæджыхъæд, мæ фарсмæ лæуу кæстæрау!..
Мæ бархъомыс, мæ ристæн ма ратт ком!..

1980

## ЧИ НЫББЫРСЫ ЙÆ РИС, УЫМÆН КАД!

Уарынц алы бон сау ристæ, ихау, –
Хъæц, уром сæ, зынудисæн кæн!..
Загътой раджы: «Лæг райгуыры иу хатт,
Æмæ иу хатт мæлгæ у лæгæн!..»

Бузныг, ацы зонд чи ссардта, уымæн,
Уæд мæрдты дæр йæ рухсы рад рог!
А-сыгъды ран мæ тыхст уд ыслымæн
Уыцы ихын ныхасимæ ног.

Нæу мæ сомбон мæ зæрдæйæн сусæг, –
Къахы хæхты мæ адзал ингæн,
Æмæ дзурын ныфсы ныхас сусæй:
«Ма тæрс, – иу хатт мæлгæ у лæгæн!..»

Æтт, фыдæлтæ, кæуинаг бынаты
Æз уæ комулæфт хатын уæддæр,
Æмæ хъусын уæ фæдзæхст: «Æгадæй
У лæппуйæн йæ мæлæт хуыздæр!..»

Æз уæ фарны зонд райстон мæ рады,
Уе 'гъдау райстон, фæзмыдтон уæ уаг.
Ныр мæ митæ фæлгъауын: «Æгадæй
Кæд нæ тыдтон мæ бонтæ мыййаг?..»

Нæу мæ рохы уæ фæдзæхст хуымæтæг:
Нæй адзалæй дунейыл ирвæзт!..
Иугæр афтæ у, гъе уæд йæ мæтæй
Хъуамæ ма зила доны нæ цæст.

У уæ амынд мæнæн та мæ сагъæс,
Гъеныр афтæ æркуырдта мæ рад:
«Уæ, мæ хъысмæт, мæ ристæ мын ахæсс, –
Чи ныббырсы йæ рис, уымæн кад!..»
1980

## МÆ КУЫДЗ БОЙНАХЪ КÆСЫ ÆНХЪÆЛМÆ

Мæ куыдз Бойнахъ, нæ ахсы хуыссæг мæн:
Йæ тыхстæй ниуы куыдз, лæг та дзыназы.
Дæ нымадæй, кæуыс, фæлæ цæмæн,
Нæ дзурыс уый, – мæнау зынтæн фæразон.

Мæ куыдз Бойнахъ, бæллиццаг нæу дæ цард, –
Æз уым нæ дæн, уæд у æнад дæ кæрдзын.
Нæ хъусыс ды, – æз дæн Чегемæй дард, –
Мæ тыхулæфт, мæ хъизæмар, мæ хъæрзын.

Ды ниуыс арвмæ: стъалытæ – ыстæм,
Фæлæ хæстæг, сæ къухтæ тавынц н ‘артмæ,
Æмæ лæууынц нæ уæлхæдзар тыхстæй,
Мæн фенынмæ кæсынц кæдæмдæр дардмæ.

Æз та уæ мысын... Уал къуырийы хит
Фыд ран, уæд лæг ныфсæн йæ зæрдыл дары:
Нæ хъæуы сæрмæ сау къæдзæхыл мит,
Йæ рæбын уалдзæг уадындзæй ныззары!..

Æз мысын, мысын уе ‘ппæты: нæ ком,
Нæ хъæд, нæ дон, нæ уалдзæгæн йæ хуызтæ;
Нæ сур уынгтæ, – Бойнахъ, ды уым æргом
Ысмудыс фæдтæм, кæд мыййаг мæн ысты!..

Мæ зæронд хæлар, раст зæгъгæ, æз дæр
Фæмысын дæу, нæ кæрт æмæ нæ хæдзар.
Хъæзныг къæс нæу, фæлæ фæрныг уæддæр,
Æмæ йыл ам мæ рыст зæрдæ куыд хъæца,
Кæд æз уыдтон йæ фæрссагæй кæддæр
Нæ хæхты мит, нæ хурныгуылд изæр?!.
1980

## МÆ МАДЫ ХЪÆЛÆС

Æхсæв ног митыл урс-урсид дары,
У мæ низ та хуыдалынг, ызнæт –
Дурхох, дурдзæнд... Мæ удæй лæмары,
Цард кæй ацыди, уый охыл мæт.

Æз – мæ уаты, рынчынæй, æнкъардæй.
Рæстæг – иугъæдон, сабыр, фæлмас.
Фæлæ тар æхсæв фехъуыстон дардæй
Æз мæ мады фæлмæнзæл ныхас.

Цыд йæ ныхас дæлзæххы æнудæй,
Уыд йæ фæндиаг рухс ныфс дæттын:
«Нæй æрæнцой мæрдты дæр мæ удæн,
Уый куы зонон – уынгæджы дæ ды!..

Уæ, мæ хъæбул, чысыл ма куы уыдтæ,
Уæд дæ фæдыл цыд, хурау, мæ цæст.
Уæд æз уыдтæн дæ мад дæр, дæ фыд дæр;
Уæд дæ лечъыр – мæхæдæг æрмæст.

Ныр æвдадзы хос нал дæн дæ рыстæн,
Лæуу дæ рынмæ, мæ хъæбул, хъæддых!..»
«Уæ, мæ гыцци, фæлварын, дæуыстæн,
Фæлæ уый фаг куынæ суа мæ тых?!.»

1980

## МÆ МАД НÆЙ МÆ ЦУРЫ

У æгомыг мæ рынчындон дурау,
Хъусын хæхтæй тæлтæг дæтты дугъ...
Нæй мæ гыцци тыхсты бон мæ цуры,
Науæд раттин йæ армmæ мæ къух.

Бонæй урс митыл хуры тын хъазы,
Бахсæв, – гъа уæд та сау тар æрмæст...
Нæй мæ ныййарæг ахсæв мæ разы,
Науæд фенид мæ рыст уд йæ цæст.

Сау низ бакома, чи зоны, сурын,
Ног цæрыныл ныллæууон хъæддых?..
Нæй мæ ныййарæг гъеныр мæ цуры,
Æмæ чи ‘рсæрфа й ‘армæй мæ ных?..

Ау, ныр ыл уæдæ нал кæсдзæн хур дæр,
Æмæ нал уыдзæн рухс бон æцæг?..
Нæй мæ гыцци мæ сау бон мæ цуры,
Нæй йæ цæстытыл мардæн хæцæг...

Уæлæ фæсрагъ чысыл хæдзар, дурын,
Уым æхсæвбадæн чидæр кæны...
Нæй мæ ныййарæг сау мад мæ цуры
Æмæ чи кæна хъарæг мæныл?!.

1980

## ЗЫНДÆР У МÆНÆН

Нæ, мæ карз фыд нæ тарсти нæ хæхтæн,
Зæххæн исты фæуынæй нæ тарст.
Уый-иу федта – куыд дымсынц æврæгътæ,
Æфсир хуымы куыд рæзы æмраст.

Нæ, мæ хорз фыд нæ тарсти нæ зæххæн:
Уый, куы ‘рхæццæ йæ адзал, уæддæр
Афтæ не ‘нхъæл уыд, – искæй фыдæхæй
Фестдзæн а зæхх фæныкæй фыддæр.

Уый нымадта: цы тыхсон мæ зынæй, –
Цард æнустæм у хæхты рæбын!..
Æз цы фыдфынтæ фенын мæ фыны,
Уыдон никуы нæ уыдта æппын.

Уый нæ зыдта: дур хъызты кæй сийы,
Дур кæй судзы кæрдæгæй фыддæр,
Æз кæм федтон цæстæй Хиросимы,
Уым цæрын у мæ удæн зындæр.

Нæ, мæ хорз фыд æууæндыд Хуыцауыл,
Зæхх æм, арвау, æвидигæ каст,

Уый нæ кодта йæ амондæй хъаст
Æмæ царди æнусон æгъдауыл.
Махмæ ‘рхаудта цыфыддæр хъысмæт, –
Мах æвзоны нæ фидæны мæт!..
1980

## УРС ÆМÆ САУ ФÆНДАГ

Æз цæуын мæ сагъæсы фæндæгтыл,
Мит сыл бады, сау-сауид æндæргтау.
Акæсын дæрдтыл: уыны мæ цæст
Сау зæххыл – хъыг æмæ маст æрмæст.

Хилын ма, мæ цæуæн – талынг, хурсыгъд,
Нал кæнын æнкъард хъуыдыйыл дау:
Цины фæндаг алы ран дæр урс у,
Масты фæд – кæмдæриддæр – хæнтсау.

Рын къæйных лæууы мæйгай мæ разы;
Æз быхсын сæрныллæгæй, гуыбыр...
Ау, уæдæ мæ ныры фæндаг разынд
Сау фæндаг, фæстаг æмæ цыбыр?..

Цард кæны фыдæй фыртмæ фæлхатæн,
У йæ уæфт та – цин æмæ фыдтæй.
Æз ыстæм хатт урс фæндагыл хаттæн,
Арæх та фыдвæндæгтыл цыдтæн.

Æз мæ бон цынæ бæсты æрвыстон:
Кæм – тæхгæ, кæм – фистæг цыд, уæззау.
Гъа, фæлæ кæмдæриддæр уыдысты
Фæндæгтæ – куы урс-урсид, куы сау.

Ныр рынчын дæн æмæ уæд фæкæсы
Алцы дæр лæгмæ йæ царды сау,
Гъе, фæлæ уæддæр цæрын, фыдхæсау, –
Ме ‘хсæвиуат дард хохмæ куы хæссин
Фæндæгтæн сæ сауыл дæр фæлтау!..

1980

Нафийы тæлмацтæ

# КЪУБАЛТЫ АЛЫКСАНДР: 130 АЗЫ



**ДЖЫККАЙТЫ** *Шамил*

## ÆХСАР ÆМÆ НАМЫСЫ КАДÆГГÆНÆГ

Фæрныг адæмæн вæййы кады стыр бонтæ. Уыдон арæзт цæуынц историон цаутæ мысынæн. Уыцы цаутæ арæхдæр вæййынц æхсар æмæ уæлахизы æвдисæнтæ Фæлæ æхсары сгуыхтыты æмрæнхъ æрлæууынц зонды сгуыхтытæ дæр. Славянтæн стыр бæрæгбон у сæ фыссынады фæзынд. Йæ аразджыты бахастой сыгъдæджыты рæнхъмæ. Ирон адæмæн цыты бон сси Къостаиы гуырæн бон.

Ис нæ историйы фарны азтæ дæр. Уыцы азтæ сты иры зонды сгуыхæнтæ. Уыцы азты иу Ирыстоны сæрмæ байгом арвы дуар, æмæ дзы калди фарны рухс. Уыцы афонтæ нæ царды сты ахуырад æмæ рухсады къæпхæнтæ, уыдон сты зæрдыл даринаг æмæ цыты аккаг.

Иры фыдæлтæ уыдысты хæстон адæм. Фæлæ карды æмрæнхъ табу кодтой фæндыр æмæ аив ныхасæн. Ацæйы бынтæ йæ фырттæ куы уæрстой, уæд Нартæ иуæрдыгæй æрæвæрдтой исбон, иннæрдыгæй – уадындз. Ацæмæзы уадындз уыдис алæмæт, йæ зæлты уыд хурон тых æмæ дунемæ хаста уалдзæг. Ахæм миниуæгæй йæ схайджын кодта адæмы курдиат, адæмы эстетикон хъуыды. Нæ фыдæлтæн «фæндыр» уыд аивады символ. Сæ хъуыдымæ гæсгæ, аивад равзæрд стыр хъыгæй, фæндыры тæнтæ сты зæрдæйы уидæгтæй æмæ зæрдæ уымæн агайынц. Нартæ загътой: «Иууыл цагъды куы фæуæм, уæддæр ацы фæндырæн ма уæд фесæфæн». Уый уыд куырыхон хъуыды, уый æвдисы адæмы зонд æмæ намыс. Аивад у монон царды суадон, адæмы нывæфтыд истори, – цалынмæ уый уа, уæдмæ цæрдзысты адæм дæр, сæ цард уыдзæн нывыл, уæздан æмæ аив.

1897 азы хицæн чиныгæй рацыд кадæг «Æфхæрдты Хæсанæ». Уыцы хъуыддаг уыд ахъаззаг æхсæнадон æмæ культурон фæзынд ирон царды. Уый тыххæй Байаты Гаппо фыста уæлмонцæй: «Сызгъæрин сахат! Рох дын нæй. Нæ хохы æмæ быдыры зæдтыл дауджытыл ног зæд бафтыд – Ирон литературæйы зæд!» (*Газ. «Ног цард», 1920, № 7* Æнæмæнг, чиныг нæм фæзынд сызгъæрин сахаты, уыцы бон ирон къæлиндары хъуамæ нысангонд уа сырх дамгъæтæй, куыд бæрæгбон, афтæ

Алы чиныгæн дæр ис хъысмæт æмæ истори. Рухс у Æфхæрдты Хæсанæ йы хъысмæт, хъæздыг æмæ мидисджын у йæ истори. Фарны уацау кадæг уайтагъд æрзылд Ирыстоныл Мæздæгæй Гудзаретмæ, айхъуыст хъæуæй хъæумæ, адæм æй зарæгау айстой сæ зæрдæмæ Кадæг сси адæмон.

Гаппо йæ уацы сидт, зæгъгæ, адæм хъуамæ зоной, не ‘взаг нын чи бацыргъ кодта, нæ литературæйы зæрæстон хуымы сау кусæг чи уыд, уый. Æмæ чи уыд уый? Чи сфæлдыста алæмæты кадæг? Къубалты Бызийы фырт Алыксандр. Фæрныг æмæ цæрæццаг сты, йæ разагъды лæгты чи зоны, сæ ныхас йæ зæрдыл чи дары, уыцы адæм.

I

Къубалты Алыксандр райгуырд 1871 азы Бæтæхъойыхъæуы. Адæймаг ныхыдзуар хæдзарæй хæссы. «Хорз ирон хæдзар уыдысты Къубалтæ – зæгъы йæ цардфыссæг. Йæ фыд Бызи уыд ахуыргæнæг. Афтæмæй зæрдæргъæвд лæппу рæзт æмæ рахъомыл ис, ирон хæрзæгъдау æмæ ахуырады рухс кæм баиу сты, ахæм уавæрты. Ахуыр кодта хъæууон скъолайы, уый фæстæ Дзæуджыхъæуы гимназы. 1898 азы каст фæци Киевы университеты барадон хайад. Сси адвокат æмæ йæ цæргæбонты кодта уыцы куыст.

Алыксандр райста хорз ахуырад. Уыди сыгъдæг интеллигент, фæлмæнзæрдæ æмæ аудæг адæймаг. Йæ рæстæджы цард фæйлыдта знæт фурдау тохы тымыгътæй. Алыксандр никуы бацыди уыцы уылæнты, нæ абухта сæ фыцæны. Фæлæ иуварс нæ лæууыд культурон цардæй, йæхи нæ хызта рухсады куыстæй. Уыди æнувыд архайæг «Хæххон адæмы ахуырады æхсæнад» ы (*Об ество распространения образования среди горцев* Æхсæнадæн хъуыдис фæрæзтæ æмæ Алыксандр æвзыгъдæй арæзта литературон изæртæ театрон æвдыстытæ. 1907 азы Дзæуджыхъæуы фæзынд чиныгуадзæн æхсæнад «Ир». Алыксандр уым дæр куыста зæрдиаг æмæ хъæппæрисджынæй. Йæ хæдзар ирон фæсивæдæн уыд културон артдзæст, нæртон фысымуат. Поэт ахуыры фæндагыл арæзта иры кæстæрты, æххуыс æмæ сын ахъаз кодта æппæт мадзæлттæй.

Къубалы фырт уыдис барад хъахъхъæнæг. Фæлæ йæ бон нæ баци йæхи бавæрын, рæстæджы фыдæхæй йæхи бахизын. Æртынæм азты бæстæйыл сыстад хæрамы рын,

уæлдай тынгдæр фæзынд Ирыстоныл, бафтыд фысджытыл æмæ сæ кодта гагадзагъд. Хахуырты азар басыгъта Алыксандры дæр. 1937 азы зæронд поэт бахауд ахæстонмæ æмæ бабын, нал разынд йæ царды фæд. Фæлæ ирдæй зыны, ирон поэзийы цы фæд ныууагъта, уый.

Алыксандр фыста æмдзæвгæтæ, балладæтæ, поэмæтæ æмдзæвгæтæй ныффыста трагеди «Фæтæг Алгъуызы мæлæт», йæ тыхтæ фæлвæрдта аив прозæйы дæр. Поэт иттæг æнувыд уыдис адæмон сфæлдыстадыл. Æрæмбырд кодта Нарты кадджытæ, рацарæзта сæ æмдзæвгæтæй æмæ 1905 азы рауагъта чиныг «Нарты таурæгътæ Уыцы рæстæджы сæ раивта уырыссаг æвзагмæ дæр : чиныг «Герои Нарты» мыхуыры рацыд 1906 азы.

Поэт йæ лæппуйы бонтæ арвыста Бæтæхъойыхъæуы. Уым ис рæсугъд хигъæдон æрдз: хохæн хох у, быдырæн – быдыр. Фæлæ уымæй уæлдай уыцы зæхх у Ирыстоны арæн. Уæды заманы ма ир æмæ кæсæджы быцæутæ уыдысты æвзонг мысинæгтæ – зæрдæргъæвд лæппу сæ хъуыста канд зарджыты æмæ кадджыты нæ, фæлæ, чи сæ æрæййæфта, уыдоны ныхæсты дæр. Йæхæдæг æвдисæн уыд ир æмæ хъулгъайы хъаугъатæн, тыхми æмæ æхсары быцæутæн. Таурæгъон æрдз, хъайтарон цаутæ æмæ кады зарджытæ лæппуйы кодтой романтикæйы уацары. Скъолаты литературæйæ цы ахуыр кодта, уыдонæй йын, кæй зæгъын æй хъæуы, æхцондæр уыдысты, Кавказы цард æвдыст кæм цæуы, уыцы уацмыстæ. Уыдон та æмткæй сты романтизмы поэзи. Уыйадыл Алыксандр цард романтикон дунейы, йæ курдиат рæзт романтизмы рухсы æмæ поэт сæрысуангæй цыд уыцы здæхтыл, романтизмы сфæлдыстадон фæндагыл.

## II

Къубалты Алыксандр зындгонд у кадæг «Æфхæрдты Хæсанæ йæ. Поэтæн йæ иннæ уацмыстæ уыйбæрц нæ сахадыдтой, кадæг сæ йæ ауон бакодта. Алыксандр ацы æрдхæрæны уацмыс фыста XIX æнусы 90 æм азты, студент куы уыд, уæд. Уыцы афон поэт уыдис Лермонтовы кары, æмæ, йæ фыццаг стыр уацмыс афтæ кæй басгуыхт, уым алæмæтæй ницы ис. Дзырдмæ хæссинаг нæу, йæ фæстаг уацмыстæ фыццаджы æмдых кæй нæ рацыдысты, уый дæр. Ахæм цæвиттонтæ историйы дзæвгар ис. Музæ хивæнд у, поэты ныхыл йæ базыр кæд асæрфдзæн, уый ничи зоны. Сюжет уацмысы

астæумагъз у, уый фидар æмæ бæзнаг куы уа, уæд ахъаз у уацмысы æнтыстæн. Поэт ын фæхæст йæ рахæцæныл æмæ йæ систа эпикон бæрзæндмæ

Ирон литературон зонынады æнæхъуаджы фæзынд кадæджы авторы проблемæ дæр. Уыцы фæзындæн уыдис бирæ аххосæгтæ. Алыксандр уыд уæздан адæймаг, æцæг интеллигент, æрдзон поэт. Гадзрахатæй нæ цыд йæ курдиатыл, нæ ивта рæстæг æмæ уавæртæм гæсгæ йæ удыхъæд æмæ йæ зондахаст. Йæ цард æмæ пайдайы сæраппонд не сси, советон идеологи цы домдта, уый зарæггæнæг. Иу æмбырды загъта, зæгъгæ, фыссы поэмæ колхозон цардыл, фæлæ уыцы ныхас уыдис хуымæтæг фæдсайæн, уыдис æфсон, – ахæм уацмыс дзы домдтой хицауад æмæ критиктæ. Поэт романтик уыд æхсар æмæ хæстон сгуыхты зарæггæнæг, йæ зæрдæ йын нæ уæлмонц кодтой фæллойы темæтæ Æцæг поэт, йæ хъæды цы нæй, уый нæ кæны, æмæ æм азты Алыксандр уыд дæлдзиныг. Ахсты куы бахауд, уæд та æрцыд хъодыгонд. Æфхæрдыл тыхæвзарæг агъуыд вæййы, хъызæг æм æмхиц у. Уыйадыл Къубалы фыртмæ фыдæх хастой бирæ æмкусджытæ, уыдон фæдисы бæхыл авæрдтой тауыс: Алыксандр кадæг ныффыста Куырм Бибойы ныхæстæй, йæхицæй йæм нывыл ницы бахаста.

Ацы тауысæн фæзынд, «зонадон» бындур ын чи амадта, ахæм фысджытæ дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, ардтой факттæ æвдисæнтæ дæр. Алыксандры заманы йæ хъæуы царди кадæггæнæг Зыгъуытаты Бибо, – кадæг цæуы уый номæй; уацмыс йæ поэтикæйæ у фольклорон, нæ хизы нæртон кадæджы фæлгæттæй. Ацы æвдисæнтæ сты æргом æмæ цæстуынгæ, уымæ гæсгæ зынынц уырнинаг. Фæлæ арæх, уæлцъарыл цы зыны, уый нæ вæййы рæстдзинад. Уацмыс уырыссаг æвзагмæ прозæйæ раивта Гаппо æмæ йæ рауагъта газеты 1895 азы *«Терские ведомости», № 31*). Ныффыста йын разныхас. Гаппо комкоммæ зæгъы, зæгъгæ, йæм рардæуыд «рукопись старинного сказания, написанная на осетинском языке Ал. Кубаловым из Батакаюрта». Гаппо æмхиц уыд къæбæлдзыг ныхæстæм æмæ дарддæр йæ хъуыды ныссуйтæ ис, «Æфхæрдты Хæсанæ » хоны Бибойы кадджытæй кæнæ уыдоны æнгæс. Фæлæ уæдæй фæстæмæ йæ бирæ уацты кадæджы авторыл Гаппо æнæ гуырысхойæ нымайы Къубалы фырты.

Иртасинаг фарст у Бибойы хабар. Алыксандр æй федта, хæрз æрыгон ма куы уыд, уæд, хъуыста йæм æрмæст цалдæр хатты, хуыдта йæ иры Ивик. Бибойы

аивадыл дистæ тæмæстæ кодта Тугъанты Махарбег, каст æм зарджыты «стыр дæсны». Уæды заманы газеттæ фыстой: «Дзурынц, иу хатт æм уыйбæрц адæм æрæмбырд, æмæ йын сыджыт æмæ нæууæй сарæзтой обау, цæмæй йæ уыной иууылдæр æмæ йын хъусой йæ диссаджы рагон кадджытæм. Ахæм уарзон уыдис ирон адæмæн сæ куырм фæндырдзæгъдæг» (*«Терские ведомости», 1895, 12 мартъи*). Ацы хабар таурæгъ кæй у, уый гуырысхойаг нæу. Сæвзæрд, В. Васнецовы ныв «Боян на кургане», зæгъæ, уымæ гæсгæ. Мысæггаг куы нæ уаид, уæд скифты обæуттау зæххыл баззадаид Бибойы обау дæр. Махарбег куыд фыссы, афтæмæй Бибойы зыдтой канд æгас Ирыстоны нæ, фæлæ æндæр бæстæты дæр. Бибо амард XIX æнусы 80 æм азты (*уац «Осетинская народная поэзия»*). Уыцы азты ирон фольклор æмбырд кодтой В. Миллер æмæ æндæр зынгæ ахуыргæндтæ, ирон ахуыргонд фæсивæд, Тугъаны фырт йæхæдæг фæсвæд нæ уагъта иу уац, иу таурæгъ. Сæвзæры фарст: хъæутыл чи зылд, уыцы Гомерæй иу таурæгъ ныффыссын куыд никæмæн бантыст? Ис ын иунæг дзуапп: Бибо уыд курдиатджын лæг, уый æцæг у, фæлæ йæ кад æмæ йæ фæлгонц сты таурæгъон – сæнтыстысты, сæйраджыдæр, Алыксандр æмæ йæ кадæджы фæрцы.

Тугъаны фырт Бибойы хоны фæстаг адæмон зарæггæнæг (*бард*), Къостайы та – фыццаг поэт, уыдоны ‘хсæн ис бæлвырд арæн. Ацы хатдзæг дарддæр райтынг кæны Дзуццаты Хадзы Мурат æмæ фыссы: Бибо уыд «хуымæтæг кадæггæнæг æмæ поэты астæу æхсæйнаг къæпхæн» *чиныг «Хетæгкаты Къостайы реализмы тыххæй», 1979, 7 ф.*). Бибойы номыл баззад зыбыты иунæг æмбисонд (*«Бирæгъ æмæ зыгъарæг»*), уымæ гæсгæ ахæм хатдзæгтæ цæуынц зæрдаив ныхæстæй. Дыууæ æнусы астæу дæр уыд курдиатджын кадæггæнджытæ – эпосы хъаймагъ нын уыдон æрхастой. Æмæ уыдонæй индивидуалон поэты миниуджытæ никæмæ зыны.

Æфхæрдты Хæсанæ æмткæй нæу фольклорон кадæджы хуызæн. Фольклорон традицитæ дзы бæлвырд бæрæг кæй зынынц, уый историон фæтк у. Алы адæмты поэзи дæр сæвзæрд æмæ рæзыд адæмон сфæлдыстады бындурыл, литературæ йæ рæзты фыццаг къæпхæнтыл парахатæй пайда кæны фольклор æмæ йæ традицитæй. Афтæ уыд Алыксандры куыст дæр. Фæткы сæрты

æрмæст Къостайы гени ахызти, фæлæ уый, æмбал кæмæн нæй, ахæм фæзынд у.

Æфхæрдты Хæсанæ» амад у, карст дуртау, нывыл æмдзæвгæтæй, уыдонæн ис иугъæдон бæлвырд ритмикон нывæст, йæ рæнхъытæ дæстæгтæй сты æмбæрц æмæвæрдтæ. Ахæм стихамад нæ зыны фольклорон кадджыты нæ, фæлæ зæронд историон зарджыты дæр. Адæмон кадæджы цаутæ цæуынц фæд фæдыл, рæстæгмæ гæсгæ. Хæсанæйы кадæджы бирæ цаутæ базонæм, куы 'рцæуынц, уый фæстæ. Зæгъæм, Солæманы хабæрттæ фехъусæм æрæджиау Госæмайы хъарæгæй; фæсбайдиан базонæм, фаззæттæ сидзæрæй куыд рæзыдысты, уый.

Фольклорон кадæджы сюжет нæ зоны æмæ нæ быхсы лирикон фæзилæнтæ Æфхæрдты Хæсанæ йæн поэтикон фидауц дæттынц лирикон фæзилæнтæ Госæмайы мысинæгтæ, Саукуыдзы уавæр, Косерханы тыхстытæ

Æппынфæстаг, уацмысы æвзаджы зынынц, ирон фольклорæн хицон чи нæ у, уырыссаг æндæвдадæй чи фæзынд, ахæм синтаксисон æууæлтæ –«Сымах фæцардыстут ысхойгæ къæбæрæй, кæцы уын æппæрста уæ фыды налат ус»; «даргъхъуырджын сау æвгтæ дæ сæрыл хойдзынæ, цалынмæ асæттой...»; «кæмæ ма цæудзынæн цырагъы рухсимæ, боныцъæх афоныл давæггаг ласгæйæ æмæ а.д.

Фольклор æмæ æмткæй ирон æвзагæн æцæгæлон уыдысты инверсион дзырдбæстытæ: «Нал уыныс арвы цъæх, нал уыныс зæххы сау». Бибо йæхи тыххæй йæ зарæджы цы дзырдта, уыдон Алыксандр уырыссаг æвзагмæ раивта, ирон æвзаджы домæнтæм гæсгæ: «Чтоб не видеть мне синего неба (*цъæх арв*), ни зелени наших полей» (*нæ быдырты цъæх кæрдæг*

Ацы æвдисæнтæй зыны, уацмысы поэты сфæлдыстадон æрмдзæф бæрæг кæй дары, уый.

Кадæджы авторы фарст æндæр хуызы æвзæрста профессор Æлборты Барысби. Уый æрцыд ахæм хатдзæгмæ, зæгъгæ, Алыксандры размæ Хæсанæйы тыххæй нæ уыд нæдæр кадæг, нæдæр историон зарæг, уацмыс сæрысуангæй у поэты сконд, – уый иры дзыллæйæн ахæм адджын фæци, æмæ йæ мотивмæ гæсгæ скодтой хъайтарон зарæг (*«Фидиуæг», 1961, № 1*

Æцæгдзинад, æвæццæгæн, ис дыууæ цæстæнгасæн сæ астæу. Уацмыс у Алыксандры сæрмагонд сфæлдыстад, фæлæ йæ поэт снывæста адæмон поэзийы бындурыл, йæ куыст цыдис фольклорон традициты ссадвæдыл, сæйраг

фæрæз ын уыд кадæджы поэтикæ, уыимæ йыл бæлвырд бæрæгæй æндæвта европæйаг романтизм дæр.

Кадæг романтизмы уæлдæфæй кæй улæфы, ууыл дзуры Къостайы ахаст дæр. Къостайæн хъыг уыд, Байаты Гаппо «Къубалы фырты чиныг» сахъат орфографийыл кæй рауагъта, уый (*фыстæг Цæлыккаты Юлианæмæ, 1899, 5 июль* Æндæр фыстæджы Къоста хъазгæмхасæн фыссы, зæгъгæ, хастæй куы суæгъд уон, уæд мыл Дзæуджыхъæуы кæндзысты цинтæ, «Витя мын хъæрæй кæсдзæн «Æфхæрдты Хæсанæ», Сеня та мын азардзæн Марсельезæ *фыстæг Цæлыккаты Аннæмæ 1899, 12 август*). Фæлæ Къоста Алыксандры тыххæй загъта карз ныхас дæр: «Къубалы фырты, хъыгагæн, нæ зонын, федтон æй æрмæст иу дыуугæ хатты. Йæ кадæг Æфхæрдты Хæсанæ мæ гæсгæ йын куы аргъ кæнæм, уæд мæм афтæ кæсы, цыма бæстон æмæ арф нæ хъуыды кæны цард æмæ поэзийæн сæ мидис æмæ сæ нысаныл» *фыстæг Цæлыккаты Аннæмæ, 1899, 7 сент.*

Бæлвырд у иу хъуыддаг: Къостайæн гуырысхойаг нæ уыд, кадæг Алыксандры сфæлдыст кæй у, уый. Фæлæ уæд уыди цардивæн рæстæг, карз уыдысты социалон быцæутæ. Уавæр афтæ уыд аивады дæр. Поэзийы згæйау æвдæрзтой декадентон методтæ. Романтизмы дуг аивгъуыдта. Къоста тох кодта реалистон аивадыл, Æфхæрдты Хæсанæ» та романтизмы æвзар уыд. Сфæлдыстадон методтæ материализм æмæ идеализмау кæрæдзи нæ быхсынц. Классицисттæ реалисттæ Лопе де Вега æмæ Шекспиры драматургтыл нæ нымадтой, романтиктæ Стендаль æмæ Гюго дур дурыл нал ныууагътой классицистты принциптæй. Дон æмæ артау иумæ нæ фидауынц реализм æмæ символизм. Гъе ахæм уавæрæй равзæрд Къостайы эстетикон хъуыды, йæ удæн æхцон цы уацмыс уыд, уый тыххæй. Стыр поэт бындур æвæрдта æппæт ирон культурæйæн æмæ уыд нæрæмон æмæ æгъатыр уыцы куысты.

Кадæджы сæйраг сюжеты ис цыппар хайы, цыппар эпизоды Фыццаг хайы архайд цæуы лæгæты. Поэт нын æваст фегом кæны тызмæг æрдзы ныв. Арв æмæ зæхх кæрæдзи хойынц. Дымгæ ниуы, йæ тых æвзары тар хъæды бæлæстыл, «Уацилла куы 'ппары сызгъæрин цæхæртæ». Уый хуымæтæг пейзажон ныв нæу. Уым

символон ныву зынынц геройты хъысмæттæ. Ахæм тæссаг уавæры цæры æмæ æнахъом сабийы хъомыл кæны Æфхæрдты Госæма – «адæмæн æмбисонд хъæбатырдзинадæй».

Кадæг райтынг эпикон бæрзонд æмæ дæрдтыл нывæстæй. Поэт у арæхстджын, рæстдзæвин, хъомысджын. Баиу кодта, ирон адæмон сфæлдыстады зæрдæмæ æппæты арфдæр цы хуызтæ хъарынц, уыдон: авдæны зарæг, хъарæг æмæ æлгъыстытæ Æрдзон уагыл баиу сты тызмæг эпикæ æмæ фæлмæн лиризм. Авдæны зарæгæй базонæм мад æмæ сабийы хъысмæт, хъарæгæй базонæм Солæманы трагеди æмæ Мулдарты фыдракæнд, карз æлгъыстытæ нын æвдисынц мады ахаст фыдгæнджытæм Ацы сюжетон нывæст авторæн уыд стыр поэтикон æнтыст. Ахадынц нывтæ, арт уадзынц æнкъарæнтæ. Мады ныхасæй арф раргом вæййы цауты трагизм, уымæй æвзæры, Аристотель трагедийæ цы катарсис домдта, уый: хъары нæм мады рыст, æмбарæм ын йæ хъыг, йемæ æмудхар кæнæм, уыцы уавæр нæ скæны зонд æмæ зæрдæйæ цауты архайæг.

Кадæджы дыккаг цæг у хæсты фыццаг хай. Ацы нывы дæр поэт у хигъæдон нывгæнæг. Фæуагъта, Хæсанæ куыд бахъомыл, уыцы хабар, – фелхъывта архайды динамизм. Цау байгом и цуаны нывæй. Ахадгæ у ацы ныв. Хæсанæ сси æвзыгъд цуанон. Уый нырма у æнæхин, æнæхæрам адæймаг, цард æмæ адæмы раз тæригъæдджын ницæмæй у. Цуанæй цæры, цуаны цæуын йæ куыст у æмæ йæ кæны. Никæй хъыгдары, никæмæ лæбуры. Æнцой æмæ æнæмаст уавæры базоны Мулдарты ног фыдракæнд. Хъæздыг хъал вæййы, хъал йæ кæнон нæ уадзы Хъалтæ марынц, ссæндынц æмæ дæлдзиныг кæнынц æфхæрдты. Æнцад цæрын сæ нæ уадзынц хъæды æмæ лæгæты дæр. Мулдартæ халынц иунæджы къона, æфхæрынц саударæг усы, йæ мыггаг ын скъуынынц бындзарæй. Ахæм уавæры бахъуыд хæцын Хæсанæйы – æнæбары, æвиппайды, æдзæттæйæ

Ацы карз эпизоды рабæрæг, авдæны зарæг цы æцæгдзинад хæссы, уый. Госæма фæдзæхсы æртæ хатты: «Ахуысс уал, мæ лæппу, ахуысс уал, мæ уарзон, цалынмæ нæ зоныс фыдбылыз, фыдæбон». Æрхæндæг ныхæсты зæлы æнусон рыст, сидзæргæсы хъæлæсæй сдзырдта æфхæрд рæстдзинад, дзырдон фæлгонцы бацыд царды хъыг. Дунейы сконд нывыл нæу, дуне дзаг у фыдæх æмæ хæрамæй, уым адæймаг иугæр йæ авдæнæй рахызт, уæд йæ цард уыдзæн фыдæбон, алы къахдзæфыл

æм æнхъæлмæ кæсдзæни фыдбылыз. Ацы тар хъуыды цæуы романтизмы философийæ, фольклоры аивад оптимистон у, фæлæ цард æвдисæн лæууы кадæджы философийæн. Цардбæллон лæппу, æназым цуанон æнæнхъæлæджы бахауд фыдæхы хæстмæ. Уыцы карз рæстдзинад зæгъы Уастырджи дæр фыдохы уацы.

Уацмысы дыккаг æмæ æртыккаг хæйттæ сты æвирхъау тохы нывтæ – хуызджын, ирд æмæ колоритон нывтæ. Цыппæрæм хай у драмон æвдыст: мад æмæ фырты диалог, мады карз уайдзæфтæ æмæ цæф хæстоны фæстаг дзуапп, мады æбуалгъ цин, хъайтары мæлæт æмæ Госæмайы додой. Хæстон сценæты нывæфтыд цæуынц æхсар, тых æмæ мæлæт. Фæстаг сценæйы фыцынц, судзынц æмæ пиллон калынц æнкъарæнтæ уыдон судзаг фæдтæ уадзынц нæ зæрдæтыл, сæ рыст баззайы нæ хъуыдыты.

Ирон критикæ лыстæг луарыныл арæх нæ фæлвæрдта. Бирæтæ фау æвæрдтой кадæгыл, зæгъгæ, идеализаци кæны рагон цард. Конд хуымы урс бæх куыд зыны, афтæ бæрæгæй зыны дауы мæнгдзинад. Тыхми, æфхæрд, тугкалд фыцгæ суарау кæм абузынц, уым идеализаци уынын тутт фантази у. Æндæртæ азым хастой поэтмæ зæгъгæ, «йæ бон нæ баци поэмæ мистикæ æмæ дины æууæлтæй (*элементтæй*) бахизын» (*Ардасенты Х Очерк развития осетинской лит ры, 1959, 214 ф.*) Ацы фарст ахсджиаг у.

Æнусты дæргъы зонд æмæ ахуырад архайынц мæнгуырнынад (*суеверие*) сафыныл. Уыцы тох цæуы Лукреций æмæ Плутархæй абонмæ. Философ Бенедикт Спиноза фыста: «Итак, страх есть причина, благодаря которой суеверие возникает, сохраняется и поддерживается» (*«Богословско политический трактат», 1998, 212 ф.*). Цалынмæ адæймаг тæссаг уавæрты тыхст æмæ æнæбон уа цауты раз, уæдмæ уыдзæн мæнгуырнынад. Фæлæ аивад царды айдæн у Поэт фыста адæмон кадæг, æвдыста рагон цард, уым та парахат æмæ тыхджын уыд мæнгуырнынад. Уымæй йæ рæстæджы адæмы фæиппæрд кæнын уыдаид историон рæстдзинад халын. Историзм та у эстетикæйы сæйраг домæн. Госæма тæссаг уавæры йæхи азымы дары, Уациллайы стыр бон æвæччиаг куыстмæ кæй бавнæлдта, уымæй. Косерхан тæрсы, уасæг æнафоны кæй ныууасыд, уымæй. Ахæм уацтæ æвдисынц рæстæджы æууæлтæ рæзын кæнынц бынæттон колорит, арфдæр æргом

кæнынц персонажты миддуне, сæ зондахаст, афтæмæй нывæфтыд цæуы сæ психологон уавæр, – уый та у поэты аивадон æнтыст. Уыцы нывтæ тызмæг эпикон таурæгъ аив æмæ рухс кæнынц лиризмы хъарм тынтæй.

Æмткæй ирон æгъдæуттæ кадæджы сты нывæфтыд, сюжеты быд æрцыдысты æрдзон уагыл æмæ фестадысты сыгъдæг поэзи. Æбуалгъ фыдракæнд у саударæг усы æфхæрын, – уыцы нывтæй æнкъуысы зæрдæ. Уæззау æфхæрæн ми уыд Сафайы рæхыс раппарын, уымæй фыдгæнд кæнын. Уыцы цаутæ быңдур æвæрынц сæйраг цауæн – Хæсанæйы тохæн, æвзæрын кæнынц æфсон æмæ бары мотивтæ. Уыдонæй æхсиды Госæмайы маст, тыхджын æмæ йæ æгъатыр кæны æнусон уырнынад: тыхмардæн цалынмæ йæ туг ист æрцæуа, уæдмæ йын æхгæд у дзæнæты дуар. Лæг марынæй хæлы рæстдзинад æмæ æрдзы гармони, фыдгæнæджы æфхæрын у рæстаг тæрхон, æрдз æмæ æгъдауы домæн, – ахæм у адæмы этикон хъуыды æмæ кадæджы зыны Æрфæны фæдау.

Иуæй иу критиктæ рæдыдæй кадæджы пафос хуыдтой туг исын. Уацмысы мидис растдæр раиртæста Бекъойты Дзибка. Уый 1923 азы бафиппайдта, зæгъгæ Алыксандры уацмыс у адæмон таурæгъы идеалон ранывæст (*воспроизведение*), йæ сæйраг мотив у иунæджы хъысмæт, йæ быңдурон идейæ – рæстдзинад æнусон æмæ æнæхæлгæ кæй у, уыцы бæрзонд этикон хъуыды (*Литературно критические статьи. Цхинвал, 1982, 70 ф.*). Дзибка раст зæгъы: ацы идейæ у адæмон. Уый хицон у æндæр адæмты сфæлдыстадæн дæр, зæгъæм, немыцаг балладæтæн. Дзибкайы хъуыдыты гуырысхойаг у æрмæст иу хатдзæг:

«Суть дела не в крови, лью. ейся в борьбе за право и справедливость, а в том, что в народном сознании за несправедливо обиженного и дико притесняемого одинокого мстителем является само провидение» (*Амынд чиныг, 71 ф.*). Адæм, бæгуыдæр, бæрзонд æвæрынц рæстдзинад æмæ раст тæрхон. Фæлæ кадæджы æфхæрды мастисæг Хуыцау кæнæ уæлæрдзон тых нæу, æфхæрд адæймаг йæхæдæг у тохгæнæг йæ цард æмæ йæ бартыл.

Ацы проблемæ ахсджиаг у. Ирон зондæвæрды Уастырджи уыдис æмæ у расты сæрхъуызой, æфхæрд адæмæн хъаруджын фарсисæг, хъал мыггагæн та тыхджын ныхкъуырæг». Уый у, ныфс æмæ рæстдзинад кæй хуызы бацыдысты, ахæм бардуаг. Фæлæ кадæджы нæу реалон архайæг – хъуысы арвæй æрмæст йæ

хъæлæс: уый у рæстдзинады хъæлæс, фæдисы фидиуæг *Поэт æй хоны «диссаг».*). Гомеры кадджыты алцыдæр цæуы хуыцæутты барвæндæй, æнæ уый нæй нæдæр мæлæт, нæдæр уæлахиз. Уым стыр геройтæ дæр бахауынц худæджы уавæры: йæ арц куы ахауы, уæд ын æй иу кæнæ иннæ хуыцау зæххæй фелвасы æмæ йын æй фæсадзы йæ къухы. Нартæ архайынц сæхи зонд æмæ сæхи хъаруйæ. Уыдон не сты хъысмæты цагъартæ, сæ цард, сæ уæлахиз не сты Хуыцауы бар. Хæсанæ дæр нæртон гуырд у. Уастырджийы барæй йæ разы фæзынд æрмæст мигъы къуыбар. Уый дæр æрдзы хæрзиуæг у. Лæг хъысмæты бар йæхи куы бакæны, уæд нал вæййы хъæппæрисджын, уæд уæнгмард æмæ тæссонд кæны. Кадæджы хъайтар у активон архайæг. Адæймаг стыр, тыхджын æмæ фидауцджын у æрмæст хъуыддаджы мидæг – афтæ амоны уацмысы философи. Цæмæн фæци кадæг ирон адæмæн афтæ адджын? Фыццаджыдæр уымæн, æмæ ирон зæрдæйæн æхцон сты æхсар, рæстдзинадыл тох æмæ расты уæлахиз.

Къаннæг уацмысы ис бирæ фæлгонцтæ. Уыдон сты цардæгас æмæ алыхуызон. Сæ сæргъы бæрзонд, рæсугъд æмæ ирдæй лæууы Госæмайы фæлгонц. Госæма у стыр ирон сылгоймаг, Тотырадзы мад æмæ Сатанайы æмсæр. Уый у нæртон мад. Тызмæг æмæ фидар у, фæлæ йæ афтæ скодтой уавæртæ – æфхæрд, маст æмæ хъизæмар. Йæ мой мард æрцыд æнæ аххосæй, æрыгон сылгоймаг баззад сидзæргæсæй, уæддæр цæры адæмы 'хсæн. Фæлæ нæ бабыхста намысон æфхæрдæн, – хъæуæй фæлыгъди хъæдмæ. Адæмæй йын нæ разынд сæрылхæцæг, уæддæр маст хæссы адæммæ нæ, фæлæ бæлвырд фыдгæнджытæм. Уый нæу ссæст æмæ дæлдзиныг сылгоймаг, уый у сæрибар адæймаг æмæ архайæг. Зоны иу хъуыддаг: фыдгæнджытæн нæй Хуыцауы бар уадзæн. Хъамайæ хъахъхъæны йæ намыс, хъомыл кæны йæхицæн ирвæзынгæнæг æмæ мастисæг – раст тæрхонгæнæг. Мад зæрдæйæ уарзы йæ хъæбулы, фæлæ дзы домы лæджыхъæд. Уый у йæ рæстæджы адæймаг, йæ зондахаст сырæзт йæ дуджы этикон фæткæй, йæ психологи змæлы йæ уавæртæм гæсгæ. Фыдгæнджыты мæлæт Госæма нымайы намыс æмæ рæстдзинады уæлахизыл. Афтæмæй йæ фæндтæ æмæ йæ архайдæн ис гуманистон нысан.

Фидар амад у Хæсанæйы фæлгонц. Нывæст у эпикон æмæ лирикон ахорæнтæй. Хæсанæ йæ мадæй къаддæр бавзæрста хæрам æмæ æфхæрд, уымæ гæсгæ нæма сси

хъæбæрзæрдæ. Йæ фæстаг монологæй зыны, йæ мадыл куыд ауды, уыцы уæздан ахаст,– йæ уд рухс тынтæ уадзы хъæбулы уарзтæй. Уыцы сценæ у æнкъарæнты гуылфæн, мадзура лæппу йæ дзуринæгтæн суагъта сæ бæттæнтæ, фæлæ поэт эпикон зæлынад не ‘руагъта мелодрамæйы уавæрмæ. Хæсанæ мæлæтдзагæй дæр баззад нæртон лæгæй. Йæ цæфтæ бамбæрзта, йæ мадæй сæ бамбæхста, йæхи нæ равдыста тæригъæддагæй.

Раст нæ уаид Хæсанæйы тугисæг схонын. Уый никæй агуры марынмæ Æнæхин цуаноныл цуан кæнынц хъал мыггаг сæхæдæг. Мулдарты нæ фæнды сæ азым сраст кæнын, нæ тырнынц фидауынмæ, цæуынц сæ тыхы фæдыл æмæ ракъахынц хæст. Тых агурæг тыхыл æмбæлы, æмæ хъалтæ, цы агурынц, уый ссарынц. Хæст хæст у. Карды бын нæй нæдæр оффытæ гæнæн, нæдæр гуманист уæвæн. Поэт Хæсанæйы сурæт ныв кæны кадавар, фæлæ ахадгæ ахорæнтæй. Уый у цæхæрцæст, æлвæст, фидауцджын. Йæ удыхъæд зыны йæ архайды. Сæрæн у цуаны дæр, хæсты дæр. Йæ фезмæлд – тагъд æмæ арæхстджын. Йæ ныфс зыны, йæхи хæстмæ куыд рæвдз кæны, уыцы æндыгъд архайды: «Йæ рон æрбалвæста, йæ рихи адаудта, йæ худ æрфæлдæхта йе ‘рттиваг цæстытыл...» Йæ ныхас, карды дзæхстау, – цыбыр, раст æмæ рæстдзæвин. Йæ ныхас æмæ йæ архайд сты æмуаг, æмзæлланг. Хъуыдайнатмæ бадзуры:

«Ай дын мæ фыды мард, ай дын мæ мады ‘ фхæрд!»

Топпы цæф – йæ риуæн, карды цæф – йæ сæрæн...

Кадæджы æртыккаг хай байгом и фæдзæхсæн ныхæстæй. Чи кæны ныстуан Хæсанæйæн? Кæнæ кадæггæнæг, кæнæ поэт. Уыдон та сты иу цæсгом. Райхалинаг у фæдзæхстæн йæ мидис. Джусойты Нафи фыссы: «Хæсанæ йæ хæст нæ ныууагъта... Афтæмæй йæхæдæг дæр ахызт рæстдзинады сæрты...» (*Чиныджы: Къубалты А. Уацмыстæ, 1978, 9 ф.*). Барады закъонты уыди фæтк – талион – «возмездие, по силе равное преступлению». Фыдракæнд æмæ йæ тæрхоны æмбæрцад домы адæмон этикæ дæр. Адæмон гуманизм æгæрыл нымайы бирæгъы удæгасæй стигъын дæр æмæ йæ нæ хатыр кæны. Фæлæ хынцын хъæуы, Хæсанæ цы уавæрты бахауд, уый. Уыдис ын йæ хæст ныууадзæн? Ницы амалæй. Йæ алыварс – Мулдартæ. Нæ сæ хъыгдардта, уæддæр æм цыдысты марынмæ. Ныр сæ туджджын куы сси, уæд æй ауагътаиккой? Ницы хуызы. Гарунау лыгъдаид æмæ уæд та чъылдымæй

ӕгады мард ӕрцыдаид. Хӕст ӕбуалгъ уымӕй у, ӕмӕ дзы нӕй раст ӕмӕ зылынӕн тӕразтыл барӕн.

Ныстуан у поэтикон мадзал. Автор хӕсты хабар фӕкодта дыууӕ дихы. Карз нывты фӕстӕ мах ногӕй ӕфтауы сагъӕстыл. Ӕргом кӕны йӕ гуманизм. Хӕсанӕ хӕцгӕйӕ у эпикон герой, рыцарь. Мах фӕнды гуыппырсарӕн ӕрмӕст йӕ хъазуат уынын. Фӕлӕ поэт хӕст фӕуромы. Йӕ ныстуан тынгдӕр адӕммӕ здахы. Нӕ зӕрдыл нын ӕрлӕууын кӕны: бӕгъатыр дӕр адӕймаг у. Хӕст хатыр нӕ зоны, Хӕсанӕ та цардбӕллонӕй тӕригъӕд ӕмӕ ӕвгъау у мӕлынӕн. Поэт раст иртасы ирон характер, ирон зӕрдӕйы хатт: маст ӕм ӕрӕгмӕ хъары, йӕ туджы фыцын ӕрӕгмӕ ‘нцайы. Фӕлӕ уыцы хъуыды дӕр Хӕсанӕйы сраст кӕнынӕн нӕ зӕгъы: хӕстон аххосджын нӕу. Герой уавӕртӕм гӕсгӕ кӕй архайы, уый у хатдзӕгӕн йӕ аивадон нысан.

Хӕсанӕ у нӕртон. Хӕцы ӕргомӕй (*«Хъахъхъӕн ма дӕхимӕ, Мулдарты Къӕбутдзӕв!»*). Хӕсты фӕстаг эпизод (*дурыл хӕст*) нывгонд ӕрцыд стыр поэзийы хъомысӕй. Хӕсанӕйы архайд зыны арвы ӕрттывдтытау. Иууыл диссагдӕр ӕвдыст ӕрцыд йӕ фӕстаг уавӕр: «Цӕстыты ферттывтой хъаматӕ ‘хсаргӕрдтӕ». Ам поэтикон дзырдтӕ цӕхӕртӕ калынц налхъуыт ӕмӕ сызгъӕринау. Кадӕджы нӕ разы сысты нӕртон бӕгъатыры фӕлгонц. Хӕсанӕ у ӕнувыд фырт, уӕздан адӕймаг, сахъ хӕстон. Уый у тыхгӕнджыты тыхсӕттӕг, социалон мастисӕг, рӕстдзинадыл хъазуатон тохгӕнӕг.

Мулдарты фӕлгонцтӕ сты гӕзӕмӕ нывгонд, фӕлӕ дзы алкӕмӕн дӕр ис хицӕн хъысмӕт. Бӕлвырддӕр ӕвдыст ӕрцыд Хъуыдайнат – хъалты сӕргълӕууӕг. Уый у кланы фӕтӕг, хъал ӕмӕ ныфсхаст у йӕ дӕлдӕртӕй ӕмӕ къӕйныхӕй кӕны ӕдзӕсгом митӕ. Стигъы, мары, ӕфхӕры. Хъалдзинад у цыфыддӕр миниуӕг, уый халы удыхъӕд, кӕны ӕвӕлмон цардмӕ, фыдракӕндтӕм. Хъуыдайнат у «урсрихи, рогзӕрдӕ – уыцы контрастон эпитеттӕ ӕргом кӕнынц хӕлд ӕмӕ ӕгады ӕууӕлтӕ Ахӕм лӕгмӕ нӕй ӕгъдау ӕмӕ фарн. Уый бонджын ӕмӕ барджын у ӕхсӕнадон уавӕрмӕ гӕсгӕ, иннӕтӕ йӕ фӕдыл цӕуынц фӕсдзӕуинтау ӕмӕ бафтынц мӕрдтӕм «Хъуыдайнаты фӕрцы».

Цӕстахадгӕ у Къӕбутдзӕвы колоритон сурӕт. Уый у мыггагон феодалон заманы лӕг: домбай, фидар, даваг. Йӕ цард ӕрвыста тыхгӕнӕгӕй, цыди тӕссаг стӕрты ӕмӕ сси хъӕбӕрзӕрдӕ. Йӕхимӕ гӕсгӕ у йӕ бинойнаг Косерхан дӕр: тыхы заман у ӕмӕ йӕм йӕ сӕрыхицау

кæсы сгуыхт лæг, йæ куыст – кады хъуыддаг. Сфæлтæрдта уый дæр, йæ бон æнцонæй у уасæджы къубал стонын. Фæлæ уæддæр йæ хъарæджы разыны сылгоймаджы удыхъæд.

Тæригъæддаг у фаззæтты хъысмæт. Сидзæрæй амонд дардмæ лидзы. Зæрдæхалæн у Ханы фæстаг хъæр: «Цы фæдæ Хуындæджер, мæ иунæг æфсымæр?!» Уыцы иу цъæхахст ирон зæрдæйæн æнæхъæн романтæй фылдæр зæгъы. Поэмæйы аккаг у – Уырызмæг æмæ Аминæты хъысмæт. Фæлæ æппæты цымыдисагдæр разынд Хамырзæйы хабар. Ацы хабар нæу эпикон сюжет, уый у цардыуагон эпизод. Поэт уæлмонц романтизмæй æрхызти тызмæг реализммæ, ирон цардæй фелвæста уынддаг тип. Поэт фыдгæнджытæн дæр сæ кой кæны уæзданæй. Фæлæ ацы фæсдзæуинмæ дзуры æнæрвæссонæй: «Ды та, ды, дзæгъæлзад, дзæгъæлхæт Хамырзæ!» Уый йæхи баста тыхджынтыл, сæрмæ йæ чи нæ хаста, уыдоныл, æмæ йæ сæ азар басыгъта. Афтæ вæййы сæ царды фæстаг козбау лæг æмæ фæсдзæуинæн.

Царды хъулон митæ иууыл ирддæрæй зынынц Бибойы хъысмæты. Æфхæрдтæ æмæ хъалтæ кæм ис, уым трагикон у курдиаты уавæр. Бибо мæгуыр у, уымæ гæсгæ æфхæрд æййафы æрдзæй, Хуыцауæй, æхсæнадæй. Фæлæ йæм ис курдиат, ис æм фарн. В. Гюго куырм поэтæй зæгъы: «Очами он ослеп, но духом он прозрел, и тьма его полна немеркну его света». Ахæм уыдысты Гомер æмæ Хъуыбады, ахæм у Бибо дæр. Курдиат у йæ исбон, йæ тых. Зæрдæргъæвд æмæ йын дзырдамонд радта Уастырджи. Гаппо цин кодта, зæгъгæ, иры дзуæрттыл бафтыд литературæйы зæд. Фæлæ Уастырджи ирæн, æвæццæгæн, рагæй уыдис аивады бардуаг дæр. Ацы факт æвдисæн у нæ адæмы бæрзонд культурæйæн. Фæлæ цард вазыгджын арæзт у, барджынæй дзы фæтк арæхдæр æвæрынц тых æмæ исбон. Уæддæр адæймагыл сæ бар æвзарынц эстетикон домæнтæ дæр. Нарты хъуыди Сырдоны фæндыр. Æгад у гæвзыкк æмæ куырм Бибо, кадджын у мæлгъæвзаг кадæггæнæг, разагъды лæг. Бибо адæмæн æрымысы фыдæлты кадджытæ рæгъмæ хæссы адæмы курдиат, сæ зонд, сæ зæрдæйы уаг. Рухс у йæ фæлгонц, рухс у йæ ныхыдзуар æмæ рухс кæны кадæджы гуманистон хъуыдытæ

Кадæджы æппæт цаутæн, æппæт хъуыддæгтæн аргъгонд цæуы адæмон этикæйы барæнтæй. Философи æрцыд ахæм хатдзæгмæ: «...страх перед об. ественным осуждением сильнее страха перед Божественным

правосудием». (*Герберт Спенсер. Опыты. – Минск, 1998, 1405 ф.*

Ирон царды философийы хæстæ æххæстгæнæг уыди адæмон сфæлдыстад. Адæмон зарæг хорзæн кæны кад, æвзæрыл æвæры худинаджы гакк. Кадæггæнæг бæрзонд систа Æфхæрдты сгуыхт, хъалты цъаммардзинад та хæссы адæмы тæрхонмæ. Тæссаг тæрхон уыд зарæггаг фæуын: «Амæлын тынг зын нæу, – мæлæтæй зындæр у, райсом уыл лæппутæ, нæ дзæбæх фæсивæд, зарæг куы раскъæрой...» Уый уыдзæн адæмы намысон тæрхон, уый уыдзæн æвдисæн, рæстдзинад æнусон кæй у, уымæн.

Рæстæг æгъатыр у, бадомы алцы дæр. Фæлæ йæ бар нæ цæуы хъайтары сгуыхт æмæ куырыхон ныхасыл. 1924 азы Тыбылты Алыксандр фыста: «Цалынмæ ирон æвзагыл дзурæг уа, уалынмæ нæ амæлдзæн «Æфхæрдты Хæсанæ». Адджын у абон дæр ирон адæмæн «Æфхæрдты Хæсанæ – æхсар æмæ намысы кадæг.

III

æм æнусы фыццаг дæсазонты Алыксандр ныффыста дыууæ поэмæйы – Æмбазыг» æмæ «Хосдзау». Дыууæ дæр мыхуыры рацыдысты 1917азы «Ирон газеты».

Поэмæтæ нæ уыдысты ног æнтыст. Уыдоны нæй «Хæсанæ йы эпикон авнæлд, æндыгъд социалон быцæу æмæ тохы динамизм. Кадæджы реалон нывтæм авторы здæхтой фольклоры мотивтæ. Поэмæты поэт баззад æрмæст романтизмы традициты æвджид æмæ йæ уыдон хастой поэтикон дунемæ. Фæлæ уацмыстæ уæддæр цух не сты царды нывтæй, реалон мидисæй.

Æмбазыг» у намысы поэмæ. Йæ конфликтæн ис этикон рахæцæн. Сюжет арæзт у дыууæ хайæ, дыууæ эпизодæй. Сæ архайд цæуы фынафон, мæйрухс æхсæвы, романтикон атмосферæйы. Романтизмæн хицон сты монолог æмæ диалог, уацмысы сюжет фылдæр рæзы уыдонæй. Алыксандр дæр йæ сюжет нывæнды уыцы фæрæзтæй. Уацмысы экспозици у Сæроны фырты монолог. Уый йæ хæларæн къæйных æмæ хъалæй дзуры æбуалгъ хабар: йæ усы йын йæхимæ куыд раздæхта, уый. Йæ раныхас у цинизмы тæмæн. Нæ зæрдыл нын æрлæууын кæны Амосовы зындгонд зарæг «Элегия» *«Хасбулат удалой»*), Алыксандр фæстæдæр ацы зарæг хуымæтæджы нæ ратæлмац кодта: æвæццæгæн æй арф æндæвта ахæм намысон (*моралон*) фыдракæнд.

Ӕмбазыджы монолог у карз дзуапп гадзрахат æмбалæн. Дыууæ монологæй нывыл зыны Сæроны фырты фæлгонц. Йæ цъаммар митæн тæрхон цæуы ирон этикæйы домæнтæй. Сæроны фырт азымджын кæны æмгары, цыма уый Аминæты балхæдта ирæдæй, йæ зæрдæ та Сæроны фырты уыд. Фæлæ йæ сау хъуыддаджы уарзтæн йæ хъæстæ дæр нæй. Мæнгардмæ нæй уæздандзинад: буц у йæ худинаджы уæлахизæй, æвдисæнæн хæссы сылгоймаджы дзыкку æмæ уымæй цæсты æфтауы уаз æууæнк, уарзоны æвæры хæзгулы бынаты. Уый зыгъуыммæ спайда кодта æмгар æмæ уазæджы бартæй æмæ фехæлдта дыууæ стыр æгъдауы. Ӕмбазыг уымæн зын уавæрты уыд сæрхъуызой, сæрылхæцæг, тæлæтæй йын лæвæрдта æмсæры хай, æвгъау ын ницы кодта, афтæмæй йын арæзта йæ фæндаг. Сæроны фырт ахæм уæздан æгъдæуттæ баивта мондæгтыл. Ӕмбазыг у нæртон лæг, уымæн налат усы сайдæй стырдæр маст у æмгары гадзрахат, æууæнкхоры уаг, йæ хъал ныхас. Адæмон этикæ æфхæрдæн домы æфхæрд: Ӕмбазыг йæ ныхасы рæхуыстытæ фæци карды цъыккæй.

Ӕндæр уаг ис Ӕмбазыгмæ. Уый у сæрæн, хъайтар æмæ æнæрцæф адæймаг. Йæ заман у тыхы рæстæг, æмæ цæры рæстæджы æгъдæуттæм гæсгæ. Уый у хæххон рыцарь æмæ кæны йæ кæнон. Ӕххæст у лæгдзинадæй. Эпизоды дыккаг хай у Ӕмбазыг æмæ Ӕхсары фырты диалог. Уымæй раргом вæййы дыууæ лæджы удыхъæд. Ӕмбазыг у Нарты Батрадзау уæздан, æмæ йæ сæрмæ нæ хæссы сылгоймаджы бафхæрын. Аминæтæн æрвиты йæ дзыкку йæхи номæй нæ, фæлæ йæ хæзгулы номæй, – уæд æй къаддæр судздзæн худинаджы зынг. Ахæм уавæры особайы фæтк домдта ирæд фæстæмæ райсын, Ӕмбазыг нæ пайда кæны уыцы барæй æмæ йæ фос уадзы йæ каисæн,– бахъæудзæн æй йæ зын сахаты. Афтæмæй йæ къух исы хъæууон цардыл æмæ æвзары хъæды цард. Лидзгæ нæ кæны, йæхи не ‘мбæхсы, фæлæ ауæрды йæ туджджынтыл. Уый туг ныккалдта, уымæн æмæ хъахъхъæдта йæхи ном æмæ йæ мыггаджы кад. Йæ уаг, йæ митæ сты, йæ зондахаст æмæ йæ психикæ куыд амонынц, афтæ

Уацмысы дыккаг эпизод контрастон у фыццагæн. Ам дæр архайд цæуы мæйрухс æхсæвы. Фæлæ иу рухсы уынæм хицæн уавæртæ, хицæн хъуыддæгтæ Ӕмбазыг фехъуыста сау хабар: Аминæт ног мой не скодта, ныр йæ цардæй ахицæн. Ӕмбазыг сфæнд кодта йæ зианы

сæмбæлын. Йемæ цæуы Æхсары фырт. Сæ фæндаг у тæссаг: хъазахъхъ адонæй зонынц бирæ фыдбылызтæ æмæ сæ маст исдзысты. Эпизод у драмон. Уый у лæгæвзарæн æмæ æмгардзинад фæлварæн. Хъазахъхъ сурынц дыууæ æмбалы. Ирæттæй алчидæр цæттæ у йæ цард æмгары тыххæй раттынмæ. Сæ ныхас у лæгдзинады хъæлæс, сæ архайд – æхсары æвдисæн, сæ уаг – намысы триумф.

Поэт бæстон хынцы уацмысы композици. Дыууæ эпизоды кæд фæд фæдыл цæуынц, уæддæр сты иу царды дыууæ фарсы. Рухсы фыццаг уынæм гадзрахат – уый расайы æгады мæлæт. Йæ фæстæ уынæм фидар æууæнк – уый æмгæртты æркæны кады мæлæтмæ. Афтæмæй Алыксандр нывæфтыд кæны этикон проблемæтæ контрасты фæрцы бæрзонд кæны адæмон идеал.

Вазыгджындæр композицион нывæст у поэмæ «Хосдзау». Ам дæр æвдыст цæуы тыхы рæстæг. Уацмысы фабулæ у хæрз хуымæтæг: Хосдзау æмгæрттимæ фос фæкæнынмæ ацыд Кæсæгмæ æмæ фæци хæсгæ мард. Уыйхыгъд йæ сюжет у бирæвæрсыг, æвдисы ирон царды хицæн хуызтæ. Ис дзы цалдæр хайы. Фыццаг хай у сæйраг цауы экспозици. Хосдзау балцы размæ федта фын æмæ йæ дзуры йæ усæн. Фын у фольклорон æмæ традицион (*æнгæс у Хазбийы фынимæ* фæсномыгæй, аллегорион хуызы, æвдисы геройы хъысмæт (*йæ мæлæт* æмæ йæ бинонты уавæр йæ мæлæты фæстæ. Уырнынад у ахъаззаг поэтикон фæрæз. Хосдзау æмæ йæ усы уырны, фын æнæмæнг кæй æрцæудзæн, уый. Ууыл дзуры поэмæйы эпиграф дæр, рагон æмбисонд: «И сны бывают от Зевса». Уæддæр герой цæуы хъысмæты ныхмæ æвзары йæ амонд фынты фыдæнæн, æмæ уымæй зыны адæймаджы стырдзинад.

Фыны аллегорион мидис арфдæр æмæ ирддæр кæны фæндырдзæгъдæг Æмбазыджы раныхас: уый та лæбурæджы мæлæт хаты æрдзы фæзындтæй. Ацы уавæр дæр традицион у, ис уырысы поэзийы дæр (*Игоры балцы размæ хур батальнг и*

Абырджыты тох кæсгон бæхгæс æмæ сæ фæдисонтимæ æвдисынц уацмысы 2 аг æмæ аг хæйттæ. Ам ис хæсты поэзи – лæгдзинад æмæ намысы апологи. Сæрæн æмæ æхсарджын сты иры стæронтæ, уыдонæй хъайтардæр æмæ намысджындæр та разынд кæсгон бæхгæс. Афтæ вæййы æнгæс сюжет эпосы дæр. Хосдзау æмæ йæ бал сты Нарты фæдонтæ – кæйдæр фос исынц тыхæй, фæлæ æргомæй. Æрмæст Нарты гуыппырсартæ æд тæлæт

ærbazdæxhынц særægasæй, Хосдзау та фæци мæлæты амæддаг. Ацы хабар поэмæйы иуæй у ногдзинад, иннæмæй æргом кæны авторы гуманизм.

Уацмысы бæрзонд поэзи фестадысты адæмон æгъдæуттæ. Хосдзау кæм фæмард ис, уым ын йе 'мбæлттæ скодтой кады обау. Поэмæйы аивадон дуне сæйраджыдæр рæзы хъарджытæй. Хионты хъыг æргом кæны зæронд Фырдæуызы хъарæг. Уымæй зынынц марды æгъдæуттæ: залгъæдыл тырыса садзын ( зианæн арт кæнын, бæх фæлдисын æмæ æндæртæ Къаддæр монцджын нæу Хосдзауæн йæ зæронд фыды марой, уымæн йæ мæт сты, æнæ дарæг кæй баззад, зæронд у æмæ йæ бон туг райсын кæй нæу, уыдæттæ Уацмысы эмоцион зæлынад кульминацимæ сисынц мад æмæ æрыгон идæдз усы хъарджытæ. Сюжеты балхынцъ кæны композицион фæлхатæн Уым райхæлы фыны æцæг нысаниуæг. Сюжеты ма ис иу цымыдисаг хай ( *æм*), уый у Хосдзауы цардæмбал Косеры сагъæс. Ам зыны Ярославнайы хъарæджы æндæвдад. Косеры зæрдæ æхсайы йæ бæлццонмæ, хорз уацтæ агуры дымгæйæ хурæй, фæлæ йæм æрмæст халон æрхæссы бæрæг хабар – фыдохы фыдуац.

Хъарæг, марой æмæ еудодой романтикон сюжетæн дæттынц трагикон зæлынад. Тыхгæнæг æмбæлы тыхыл, йе сгуыхт æмæ йæ мæлæтæн нæй рухс нысан, цыфæнды хъайтарон куы уой, уæддæр – ахæм у авторы этикон хъуыды.

Нафи фыссы, зæгъгæ, «ахæм балцытæ æмæ ахæм бæлццонтæ нæ уыдысты нæ адæмон поэзийы дæр æмæ нæ литературæйы дæр зарæджы сæйраг» (*чиныджы: Къубалты А Уацмыстæ, 1978, 16 ф.*). Уыцы уавæр ацы дыуунæ уацмысæн сæ аипп нæу, фæлæ сæ хорздзинад. Поэт рафæлдæхта рагон ирон царды иу сыф, равдыста æнæзынгæ фарс, æмæ уымæй фæхъæздыгдæр сты нæ поэзи æмæ нæ историон уынынад. Романтик дис кæны лæджы хъарутыл, кад кæны æхсар æмæ намысæн, фæлæ идеализаци нæ кæны романтикон дуне, æхсар æмæ тыхы рæстæг: туг æнæвгъау кæм кæлы, цæссыг кæм нæ сысы, хъарæг кæм не 'нцайы, уый нæу идеалон цард, нæу бæллиццаг дуне.

**IV**

Къубалты Алыксандр советон заманы куыста ног сфæлдыстадон хъарутæй. Поэт зондахаст æмæ зæрдæйæ уыд романтик. Йæ поэтикон цæстæнгас здæхта рагон цардмæ, уым агуырдта æмæ ардта романтикæ æмæ поэзи. Цард, æхсæнад æмæ хицауад та домдтой ног аивад ног фæрæзтæй аразын. Алыксандрæн йæ бон нæ уыд æваст ног метод райсын æмæ бахауд зын уавæры, гуымиры критикæйы хъæлæсы. Хуыдтой йæ «зæронд фыссæг асæй дæр æмæ стажæй дæр», йæ уацмыстæ – «знаггады фыстытæ *«Рæстдзинад», 1931, № 221* Поэт иу сдзырдта, зæгъгæ, «алкæмæн бар раттын хъæуы, æмæ фысса, кæй куыд фæнды, афтæ *Уый дæр уым*). Уый уыд хуымæтæг сфæлдыстадон домæн, фæлæ уæд фыссæджы хигъæдон æууæлтæ хыгъд нæ цыдысты, æмæ поэт кодта утæхсæн.

Алыксандры курдиат æмхиц уыди лирикæмæ. Суанг йæ тызмæг эпикон уацмысты дæр зыны лиризмы фæлмæн уддзæф. Поэт æмдзæвгæтæ фыста XIX æм æнусы кæрон, стæй ссæдз азæй фылдæр фæиппæрд лирикон сфæлдыстадæй. Уыцы жанры ногæй йæ тыхтæ фæлвæрдта 20 æм азты.

Поэты æмдзæвгæтæй иу къорд рацыд æмбырдгонд «Гæлæбу» йы (*1900 аз*). Чиныджы къухфыст æгъатырæй рафаудта Къоста (*фыстæг Цæлыккаты Юлианæмæ 1899, 17 июль*). Хъыгагæн, йæ азымтæй комкоммæ Алыксандрмæ цы хауы, уый бæрæг нæу. Эпикон нывæст у æмдзæвгæ «Хъарæг». Йæ хуыз у уæлмæрдты раныхас. Йæ жанр домы трагизм равдисын, уымæн та хъæуы арф æнкъарынад æмæ хъомысджын ныхас. Хуызджын, колоритон нывты æвдыст цæуы мард æвæрыны æгъдау, адæмы хъыг, чи амард, уый сгуыхт.

Ирыстон Уæрæсеимæ куы баиу, уæдæй фæстæмæ ирон фольклор æмæ литературæйы ахъаззаг темæ сси ахст æмæ хасты хъысмæт. Ахæстон æмæ Сыбыр уыдысты цард æмæ бæстæйы аллегорион фæлгонц. Хаст лæджы трагикон хъысмæт нывæфтыд æрцыд Алыксандры «Цагъар» ы дæр. Æфхæрд лæг тырны сæрибармæ райгуырæн бæстæм æмæ ралыгъд Сыбырæй. Мæлы миты хъæпæнты. Йæ фæстаг сæнтты уыны йæ хæдзар, йæ бинонты. Фынты райдзаст нывтæ ирддæр кæнынц тар æцæгдзинад. Уацмыс зæлы хъарæгау, адæмæн æнæуынон кæны залымад æмæ цагъардзинад.

Ацы тар æмдзæвгæтæн контрастон у «Изæр» – сабыр хъæууон царды ныв. Æмдзæвгæ у идиллион поэзийы

фæдон. Ахицæн кусгæ бон. Фæллад хуымонтæ фæрныг сты сæ куыст æмæ сæ бæркадæй. Уацмысы алы ныв дæр æвзæрын кæны рухс æнкъарæнтæ, уарзын кæны цард æмæ куыст, æууæндын кæны фарн æмæ амондыл.

Дыууынæм азты Алыксандр хатгай æнкъардта ног царды æнтыстджын цыд, тохы пафос, адæмы зиууон хъомыс. Ныффыста юбилейон æмдзæвгæ «Дæс азы», уым кад кæны ног, «уæрæх æмæ бæрзонд æгъдæуттæн», ног паддзахад хоны æфсæнбын гæнах. Йæ лирикон æнтыст уыди æмдзæвгæ «Зарæг» ( ). Ам зæлы йæ заманы оптимизм. Уацмыс у авторы патриотон ныстуан. Царды фарн рæзы райгуырæн зæхх æмæ адæймаджы бастдзинадæй:

Хæц, ирон, дæ зæххыл фидар,
Адджын уæд йæ хор дæуæн.
Хæхты райгуырдтæ ды цардæн,
Хæхты ссардзынæ ингæн.

Уацмысæн ис тæлывæрд композици: фыццаг строфа фæлхатгонд цæуы кæроны, æрмæст чысыл æндæрхуызонæй. Уыцы строфайы баиу сты патриотон хъуыды æмæ философон идейæ. Уым автор ирон лæгæн адджын хоны хæхты мæт. Поэт хаты æрдз æмæ æхсæнады диалектикон рæзт, зæронды ног кæй ивы, уыцы историон процесс: «Ног цард хæхты ссардзæн авдæн, Зæронд ссардзæни ингæн».

Цардимæ ивынц æгъдæуттæ æмæ адæмы зондахаст. Ног заман кардæй аразы дзывыр, хæстыл уæлахиз кæны фæллой (*«Хъама»*). Афтæ амыдта советон идеологи, фæлæ уыцы фæндонтæ разындысты утопион идеалтæ

Алыксандр тыхсти æлхъывд уавæрты, йæхи æнкъардта дæлдзиныгæй. Уыйадыл раивта Байроны æрхæндæг æмдзæвгæ *Лермонтовы тæлмацæй*) «Тыхст у мæнæн мæ уд». Лирикон сагъæстæй æмæ æрхуым равгæй сæвзæрд йæхи оригиналон æмдзæвгæ «Кæд мæ фæрсыс, цæмæн дæн тар» ( ). Цæуы цард, адæймаг хæстæгæй хæстæгдæр кæны ингæнмæ. Фæлæ зæронд кæнын æмæ мæлæтæй тæссагдæр у бæллицты сæфт æмæ æхсары саст: гъе уый у царды трагизм, гъе уый стыдта поэты зæрдæйæ æрхуым сагъæстæ

**V**

Къубалы фыртæн æдзухдæр уæлмонцы суадон уыдысты фыдæлты сгуыхтытæ. Романтикон сюжеттæ

æмæ фæлгонцтæ уымæн лæвæрдтой эпос, историон зарджытæ, Иуанейы «Алгъуызы кадæг». Ацы кадæджы мотивтæм гæсгæ Алыксандр ныффыста поэмæ «Алгъуызы куывд» æмæ трагеди «Фæтæг Алгъуызы мæлæт».

«Алгъуызы куывд» йæ формæйæ хæстæг лæууы балладæмæ. Авторæн поэтикон хуызæг уыди Шиллеры балладæ «Торжество победителей», йæ зæрдыл дардтаид В. Жуковскийы поэмæ «Певец во стане русских воинов» дæр. Къубалы фырт поэтизаци кæны хæстон сгуыхтытæ Иры уæлахизтæ скæны фантастикон. Фæлæ уацмысы ис æндæр историон рæстдзинад – ирон æгъдæутты нывтæ Алгъуыз куывд кæны уæлахиз æмæ лæппуйы райгуырдæн. Поэты цæстæнгасæй алцыдæр зыны, цы у, уымæй егъаудæр æмæ ахадгæдæр, алцыдæр зыны поэзийы рухсы. Зæгъæм, Нузалы фынгтæн «мигъы фесæфт дард сæ кæрон».

Ирон фынджы фидауц у гаджидау. Уый у кувын дæр æмæ раныхас дæр. Уый у ирон ораторон дæсныйады сæйрагдæр хуызтæй иу æмæ кувæгæй домы мæлгъæвзаг, куырыхон зонд, ахсджиаг æмæ ахадгæ хъуыдытæ Разагъды лæг Бибо нымайы Алгъуызы сгуыхтытæ жанрмæ гæсгæ сæ æвдисы гиперболон хуызы. Дыккаг гаджидау дзуры Алгъуыз, уый мысы йæ хæстон æмбæлтты, зæгъы сын рухс. Йæ раныхас дзаг у патриотизмы æмæ рæстдзинады хъуыдытæй: фæтæг æмæ æмбæлццонтæ архайдтой æрмæст рæстаг хæстыты – «хæхтæн хъахъхъæдтам сæ цæсгом», ныр Ир у сæрибар æмæ хæстæн скодтам кæрон. Гаджидау у ныстуан. Куырыхон фæтæг сиды: «Сымах, кæстæртæ, стут нæ фидæн æмæ ‘хсарджын ут æнус!» Алыксандры герой у уæздан, уæздан лæг та зоны хæцын æмæ барын: «Кад æнусмæ уæд æхсарæн, фæлæ састæн уæд хатыр». Царды философи нын арф æмæ ирдæй æргом кæны Куырттагоны фæдзæхст:

Фаг къæдзæх дæр ам нæ цæры,
Фæлæ царды ут цæхæр!
Цæв фыдгулы хæсты фидар
Æмæ куывды хъæлдзæг зар!

Арф сагъæстыл æфтауы балладæ «Фæстаг фынг». Арæзт у эпосы мотивтæй, фæлæ дзы зыны иры æнусон хъысмæт, сагъæссаг уавæр. Зилахары ис нæртон куывд.

Фæлæ тыхст у Уырызмæг – «Нарты раздзæуæг сæрон». Цы у йæ катай? Йæ адæмы хъысмæт. Нал сты гуыппырсартæ, баззадысты сырдонтæ æмæ нал ис «Нартмæ сахъдзинад, æхсар». Лæг мæт кæны фидæныл, адæмы удварныл, ис бæркад ссарæн – æрзайдзæн хор, фæлæ исбон æфсарм нæ ратдзæн Нартæн, уый нæ ратдзæн ныфс æрвон». Фæлæ уацмысы финалы ис цæхгæр фæзилæн: цы цæуы, уый фæтк у, цардæн нæй кæрон, сгуыхт æмæ кадæн нæй мæлæн: хъайтартæ «фесты мард, цæмæй сын адæм ныр сæ кадæг зарой ам».

æм азты Алыксандр ныффыста йæ фæстаг эпикон поэмæтæ «Чермен» ( æмæ «Зæронд Есæ

Дыууæ уацмысы дæр амад æрцыдысты историон зарджыты сюжеттыл æмæ сæ фæзынд реалон цаутæ бæлвырд социалон быцæутæ, историон архайджытæ Фæлæ ам дæр поэт æнувыд у романтизмы поэтикæйыл æмæ йæ таурæгътæ нывæнды уæлвонг, кадæгон ныхасæй, сгуыхты романтикон зæлынадæн ахъаз кæны хъомысджын цыппардæстæгон амфибрахи дæр. Чермен тох кæны Тæгиатимæ, Есæ – кæсгон æлдæртты ныхмæ *сæ хъузæттæ – Бадилатæ* ), сæ быцæу у социалон, сæ тох – патриотон æмæ намысон. Уыдон сты сæрибары рыцарьтæ, хъахъхъæнынц адæймаджы ном, бæрзонд кæнынц фыдыбæстæ æмæ адæмы кад.

## VI

Ирон фысджытæн сæрысуангæй дойны у историйæ фæлæ сын нæй, сæ мондæгтæ цæмæй суадзой, ахæм æрмæг. Къубалы фырт историон суадон ссардта Æгъуызаты Иуанейы кадæджы æмæ дзы саста йе сфæлдыстадон дойны. Йæ мотивтæм гæсгæ ныффыста трагеди «Фæтæг Алгъуызы мæлæт». Трагедийæн 1925 азы драмон уацмысты конкурсы лæвæрд æрцыди преми.

Алыксандр йæ уацмысы сюжет амайы иунæг, фæлæ иттгæг драмон эпизодыл: Алгъуыз бафхæрынмæ хъавы, Горанды хицауæй кæй сæвæрдта æмæ адæмыл æлдариуæг чи кæны, уыцы сатрап Асланы, фæлæ хъавæгæй æвзидæг фæраздæр вæййы, æмæ фæтæг мæрдтæм бацæуы лæгмары къухæй. Сюжет у фыдвæндæй фыдракæнд куыд рæзы, уый истори. Аслан у гуырдзиаг æлдар, гыццыл залым æнаккаг. Йæ бæстæй ралыгъд, Алгъуыз æй суазæг кодта, радта йын хицауы бынат. Фæлæ уымæ нæй уæздандзинад æмæ нæ зоны бузныгад. Уый у змæнтæг, гуырдзыйы ардауы ирыл: «Цæмæн у Ир тæрхонгæнæг Гуырдзыйæн?» Уый у

мæнгард политик, йæ фæндон – æппæт Кавказыл æлдариуæг кæнын. Йæ рохтыл ын хæцы Алгъуыз: уый нал и, зæгъгæ, «уæд ирæн ам нæ баззаид сæ кой дæр». Уыцы фыдвæнд уыдис Гуырдзыстоны паддзæхтæ æмæ æлдæртты стратегион политикæ Æххæст æй кæнынц æнусты дæргъы, сафынц сæ хæрзгæнджыты. Зонынц сæ фæрæзтæ дæр: «Хуыздæр хæцæнгарз нæй паддзахад халынæн цыргъ хъама кæнæ маргæй». Ахæм уавæры Алгъуыз бавзæрста Ос Бæгъатыры хъысмæт.

Хин Асланæн контрасты хуызæн сты æнæхин ирон фæтæгтæ. Къубалы фырт Алгъуызы хоны паддзах, фæлæ йæм ницы ис паддзахы æуууæлтæй – уый у хуымæтæг æфсæддон раздзæуæг. Йæ уæчелтæ дæр сты æрмæст стæрон лæгтæ. Зонынц хæцын, фæлæ нæ зонынц политикæ æмæ интригæты сусæг змæлæнтæ. Алгъуыз у рæстæвзарæг (*«Нæ дæн тыхгæнæг æз»*), йæ алыварс – фыдгултæ, уый та зæгъы: «Цæрдзыстæм мах æнцад æмæ хæларæй... Хæлары нуæзт æмбæлы махæн ныр сыхагимæ». Адон сты рæсугъд ныхæстæ, фæлæ сæ раны не сты. Раст у Цæразон: «Дзырдæн ис афон иу, æмæ йæ уæд зæгъын хъæуы». Алгъуыз у стырзæрдæ æмæ уым ис йæ трагедийы рахæцæн. Знæгтимæ бады фынгыл, нуазы хæрамы нуазæн. Æгæр цыбæл вæййынц иры уæчелтæ гуырдзиаг сæнмæ Æмæ нæ бахъахъхъæдтой сæ фæтæджы. Сæфтмæ æртардтой иры хъысмæт.

Ахицæн Алгъуызы цард, уыимæ драмæйы архайд дæр. Фæлæ иры гуыппырсартæ джискъус кæнынц фыдохы цауыл. Ахæм кæрон халы трагедийы фæтк, фæлæ æвдисы иры миниуæг – æрæджиау зонд. Нæ сарæхстысты хуымæтæг хъуыддаджы, уый фæстæ фестадысты «философтæ». Цæразон дзуры: ир æнхъæвзтой зæххыл уæрæх, «фæлæ цы зыдтам мах, кæм хъуыд хæцын, кæм – хъахъхъæнын нæ сæр, – æмæ тыххæй ныр ирвæзæм нæ хæхты». Афтæ уыдысты аланы уаг æмæ хъысмæт.

Сагъæстыл æфтауынц Улданы ныхæстæ: Алгъуыз адæмтæн лæвæрдта хæхтæ æмæ быдыртæ, ныр йæхицæн «нæ ары уый ингæнваг зæхх». Хъарæгау зæлы Цæразоны фæстаг монолог: «Æрцавта арв, æмæ ныссаст нæ базыр!.. Лæг нал ис ныр, кæй фæдыл цæуой ир...» Ахæм уавæр уыд æмæ у, адæмæн сæрфат æмæ паддзахадон традицитæ кæй нæ уыд, уый фæстиуæг. Алыксандры нысан уыд фæтæджы трагеди æвдисын нæ – Алгъуызы мæлæт рæстмæ зынгæ дæр нæ кæны,– фæлæ

адæмы хъысмæтмæ æркæсын, уымæй историон хатдзæгтæ скæнын.

Къубалты Алыксандры æдзухдæр арф æндæвта фæндырдзæгъдæджы хъысмæт. 20 æм азты ныффыста æмдзæвгæ фрагмент «Куырм Бибо». Уый уыди поэты эстетикон хъуыдыты нывæст. Бибо сарæзта фæндыр

Æмæ ныр æрцæгъды лæппуйæн йæ зард,
Фыййауæн йæ цинтæ æфхæрдæн йæ сагъæс,
Æрцæгъды мæрдджынæн йæ хъарæг æнкъард.
Йæ цæсгом æвдисы нæ цардæн мæ фæндыр, –
Æм' адæмæн адджын уыдзæни æнус,
Лæудзæнис сæ зæрдыл уый ирæн мыггагмæ

Ацы домæнтæ лæууынц аивады раз. Алыксандрæн, раст зæгъгæйæ, нæ бантыст «царды цæсгом» бæстон равдисын, фæлæ, йæ хъару куыд амыдта, афтæ æнувыдæй лæггад кодта ирон поэзийæн, рæстдзинад æмæ фидауцæн. Хæсанæйы кадæг у национ исбон. Йæ иннæ уацмыстæн дæр ирон дзырдаивады ис ахъаззаг бынат. Ирон критикæ романтикон хуызджын дарæсы мидæг нæ уыдта хъомысджын мидис æмæ бæрзонд фидауц, каст сæм иувæрсыгæй æмæ сын нæ кодта раст аргъ. Поэт æвдыста ивгъуыд заман, фæлæ касти абонмæ, йæ сагъæс уыд фидæныл. Йæ уацмыстæ абон актуалондæр разындысты, цæугæ боны цаутыл чи дзырдта, ахæм фыстытæй. Алыксандр уыд æхсар, лæгдзинад æмæ намысы зарæггæнæг, иры хъысмæтыл сагъæсгæнæг, – уыдон та сты æнусон темæтæ Æнусон цы у, уый та æдзухдæр у ног æмæ æндавы æппæт фæлтæрты. Поэты ныхас адæмæн у адджын, æмæ йæ ном, йæ фæлгонц æнусмæ лæудзæн сæ зæрдыл.

# АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

**ХЪАЗИТЫ** ***Мелитон***

## ИРОН ХÆЗНА[1]

### АРФÆТÆ

**Н**

Най кæнынхъом у.
Налат адæймагимæ макуы сæмдзæхдон у.
Налат кæстæрæй хызт у.
Налатдзинад дæ сæрмæ макуы схæсс.
Налатдзинадæй хызт у.
Налатдзинады дзæмбытæм дæ Хуыцау макуы баппарæд.
Налхъуыт-налмас дæм донау кæлæнт.
Налхъуыт-налмасцух дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Налхъуыт-налмастæ фæдар.
Налхъуыт-налмастыл фæцу.
Намыс æмæ кад аргæйæ сты, æмæ дын сæ Хуыцау дæ къухы бафтауæд.
Намыс ссаргæйæ у, æмæ йыл де 'взонгæй бамбæл.
Намысы сæрты ахизын дæ макуы бахъæуæд.
Намысджын дæ Хуыцау скæнæд.
Намысджын хъуыддæгтæ араз.
Намысджынæй цæр.
Намысджынæй фæхъомыл кæн дæ кæстæрты.
Нана дæ нывонд æрбауæд.
Нана дын амонд фестæд.
Нана дын урс уæрыкк фестæд.
Нана дын цард фестæд.
Нанайы зæрдæ ахæр.
Нанайы уд ахæр.
Нанайы цæст ахæр.
Нарæгастæу чызг – дæ хай.
Нарæгастæу рацу.

---

[1] Дарддæр. Райдайæн кæс: «Мах дуджы» 2000 азы №№ 7, 8, 9, 10, 11 – 12; 2001 азы №№ 3 – 10.

Нарæгастæу чызгыл скъуыр дæ къах.
Нардуарæг дæ Хуыцау скæнæд.
Нардуарæг фæу.
Нардуарæгæй фæцæр.
Нарты æмбисондæй хызт у.
Нарты кадæй кадджын у.
Нарты кадæй хайджын у.
Нарты кадæн – дæ кад.
Натлиайы куывд дыл æрцæуæд.
Нæ абонæй нæ сомбон арфæйагдæр цы кæна, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ абонæй нæ сомбон хуыздæр уæд.
Нæ абоны бонæй нæ Хуыцау макуы фæцæрын кæнæд.
Нæ абоны зондæй нын нæ райсомы зонд Хуыцау хуыздæр уадзæд.
Нæ абоны фарнæй нæ райсомы фарн фылдæр уæд.
Нæ амонд – бирæ.
Нæ амонд нæхи фæндиаг цы уа, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ амондæй адæм дæр амондджын уæнт.
Нæ амондæй нæ Хуыцау нæ сины сæртыл фæхæцын кæнæд.
Нæ амондæн нывæндтæ фæчындæуæд.
Нæ амондæн сызгъæринбыд цырæгътæ фæсыгъдæуæд.
Нæ амондæн сызгъæрин тæбæгъты фæкуывдæуæд.
Нæ амондмæ не знæгты цæстытæ лæбырæнт, мах та Хуыцауы фæндæй цы цæрæм, уыцы арфæ нæ уæд.
Нæ амонды фарс Стыр Хуыцау фæуæд.
Нæ амонды стъалы макуы бамынæг уæд.
Нæ амонды хур макуы ахуыссæд.
Нæ арм мыды цы дарæм, ахæм арфæ ныл æрцæуæд.
Нæ армы хъармæй дуртæ дæр дидинæг æфтауæнт.
Нæ арфæтæ дыл æрцæуæнт.
Нæ арфæтæй дидинæг рафтау.
Нæ арфæтыл дæ дызæрдыджы сæр макуы бахъæуæд.
Нæ афæдз нын Хуыцау хорзæй фенын кæнæд.
Нæ афæдзмæ нæ Хуыцау бонхуыздæр кæнæд.
Нæ афæдзы фæллой хæдзарылхæцгæ уæд.
Нæ афæдзы фæллой хъазгæ æмæ худгæйæ цы хардз кæнæм, ахæм амонд нæ уæд.
Нæ ахсджиæгтæ адæмы рæгъы цæуынхъом уæнт.
Нæ ахсджиæгты æвзæрдзинад нын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Нæ ахсджиæгты цардæй цы бафсæдæм, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.

Нæ ахуыргæнинæгтæ нæхицæй хуыздæр цы рацæуой,
уыцы амонд нæ уæд.
Нæ бабатæ фæрнæй цæрæнт.
Нæ бабатæ æмæ нæ нанаты фæндиаг цы уæм, уыцы
амонд нæ уæд,
Нæ бабæстонгæнджытæ бæстонгонд уæнт.
Нæ бабæстонгæнджытæ фæрнæй цæрæнт.
Нæ бабирæмæ чи бæллы, уыдон бирæ уæнт.
Нæ бабирæмæ чи бæллы, Дунескæнæг Хуыцау нæ
уыдонимæ фæрнæй цæрын кæнæд.
Нæ бабуцгæнæг буцæй цæрæд.
Нæ бабуцгæнæджы Дунескæнæг бабуц кæнæд.
Нæ бабуцгæнæгыл дунейы хæрзтæ æрцæуæнт.
Нæ бавæрæджы Хуыцау бавæрæд.
Нæ баввахс амонды райдайæн фæуæд.
Нæ баввахсгæнæг арфæгонд уæд.
Нæ бадзæбæхгæнæг дзæбæх уæд.
Нæ бадзæбæхгæнæг дзæбæхæй цæрæд.
Нæ бадзæбæхгæнæджы æвзæрдзинад нын Дунескæнæг
Хуыцау ма фенын кæнæд.
Нæ бадзырды – фарн.
Нæ бадзырды хицау нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ базар – нæхи фæндиаг.
Нæ базайрæгтæй райгонд цы фæуæм, уыцы амонд нæ
уæд.
Нæ базард адæмæн цины хос хæссæд.
Нæ базард дардыл хъуысæд.
Нæ базардæй нæ зæрдæтæ цы рухс кæной, Хуыцау нын
ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ базгуытæ макуы æрхауæнт.
Нæ базгуытæ макуы бадон уæнт.
Нæ базгуытæ макуы фæцыбыр уæнт.
Нæ базгуытæ нæхи фæндиаг цы уой, Хуыцау нын ахæм
арфæ ракæнæд.
Нæ базонгæ адæмы зæрдæмæдзæугæ уæд.
Нæ базынды – фарн.
Нæ базыртæ нæ дæрдты фæтæхын кæнæнт.
Нæ базырты тых нын Хуыцау макуы байсæд.
Нæ байзæддаг адæмæй арфæгонд уæнт.
Нæ байзæддагæй нæ сæртæ бæрзæндты цы хæссæм, ахæм
амонд нæ уæд.
Нæ байзæддагимæ нæ Хуыцау хорзæй фæцæрын кæнæд.
Нæ байзæддаджы амондмæ нæ Хуыцау фæкæсын кæнæд.
Нæ байзæддаджы зын нын Хуыцау ма фенын кæнæд.
Нæ бакуывд Дунескæнæг Хуыцаумæ фехъуысæд.

Нæ бакуывдæй дæ къахыл цы слæууай, уыцы амонд дæ уæд.
Нæ бакуывды – фарн.
Нæ балц амонды балц фæуæд.
Нæ балцæй райгондæй цы баззайæм, ахæм фæндагыл цыд нæ Хуыцау фæкæнæд.
Нæхи бартæ нæхи фæндиаг уæнт.
Нæ бартæй нæ Хуыцау райгонд уадзæд.
Нæ барты сæрыл сдзурынæн цы уæм, Хуыцау нын ахæм хъару раттæд.
Нæ барæвдауæг рæвдыдæй фæцæрæд.
Нæ барæвдауæг Хуыцауы рæвдыдæй сагау сыкъатæ суадзæд.
Нæ бæгъатыртæ æгас хæдзар арæнт.
Нæ бæгъатыртæн тыхгæнæг тых макуы ссарæд.
Нæ бæллицтæ хорзæй æххæст кæнæнт.
Нæ бæллицтæй нæ зæрдæтæ рухс кæнæнт.
Нæ бæллиццаджы цард нæ къухæй макуы ахауæд.
Нæ бæлццæттæ амæндтыл æмбæлд уæнт.
Нæ бæлццæттæ ‘гас хæдзар арæнт.
Нæ бæлццæттæ ныл сæрæгасæй æмбæлæнт.
Нæ бæрæгбонтæ ныл дзæбæхæй цæуæнт.
Нæ бæрæгбонты хорзæх нæ уæд.
Нæ бæрæчет адæмы зæрдæмæдзæугæ уæд.
Нæ бæрæчет бирæ уæд.
Нæ бæрæчет, суадонау, уæле исгæ, бынæй ахадгæ уæд.
Нæ бæркад æмбæхсыны сæр нæ макуы бахъæуæд.
Нæ бæркад фылдæрæй-фылдæр цы кæна, уыцы арфæ ныл æрцæуæд.
Нæ бæркад уæле исгæ, бынæй ахадгæ уæд.
Нæ бæркæдты фарнæй нæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Нæ бæстæ макуы фæцудæд.
Нæ бæстæ уæлахиз цы уа, Хуыцау нын уыцы амонд раттæд.
Нæ бæстæйы сæрвæлтау нæ Хуыцау басгуыхын кæнæд.
Нæ бæстæйыл сайдæй цы никуы разилæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ бæстонгæнджытæ бæстонгонд уæнт.
Нæ бæстонгæнджытæ цæстырухсæй фæцæрæнт.
Нæ бæсты саг фæкæлæд.
Нæ бæсты не знаг кæуæд, мах та нæ зæрдæты фæндиаг цы цæрæм, уыцы арфæ ныл æрцæуæд.
Нæ бæстыхицау нæм йæ дзæбæх цæстæй ракæсæд.
Нæ бæстыхицау нын раарфæ кæнæд.
Нæ бинонтæ адæмы рæгъы цæуынхъом уæнт.

Нæ бинонтæ адæмы хъæр цы ‘мбарой, уыцы амонд сæ уæд.
Нæ бинонтæ Хуыцауæй фæдзæхст уæнт.
Нæ бинонтæй нæ Хуыцау макуы бонты фæриссын кæнæд.
Нæ бирæгъ æмæ нын нæ уазæджы хай Хуыцау макуы байсæд.
Нæ бирæгъты дзыхтæ-иу баст цы уой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ бирæгъы хайыл хъæцынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ бон – нæхи амæддаг.
Нæ бон нæхи фæндиаг цы уа, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ боны бардуагæй нæ Хуыцау фæдзæхст уадзæд.
Нæ боны фæллой афæдзваг цы кæна, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ бонджыны хъæр дæм айхъуысæд.
Нæ бонджынтæ нæ мæгуыр адæмы цы ‘рæмбарой, уыцы амонд нæ дыууæты дæр уæд.
Нæ бындар алæг уæд.
Нæ бындар – дæ фæдзæхст.
Нæ бындары маст нын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Нæ бындары сæрыл мæ Хуыцау æрхæссæд.
Нæ бындур дурæмвидар цы уа, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ бындур макуы ныззилæд.
Нæ бындур макуы фæцудæд.
Нæ бындур нын Хуыцау макуы банкъуысын кæнæд.
Нæ быцæу ма фæцудæд.
Нæ гакк бæрæг дарæд.
Нæ гакк нын Хуыцау ма фесафын кæнæд.
Нæ гакк хорзырдæм цы зына, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ гал дзы æгæвдæс ма фæуæд.
Нæ гал нæ хъугыл ивыны сæр макуы бахъæуæд.
Нæ галуан дардмæ цы ‘рттива, ахæм амонд нæ уæд.
Нæ галуан рæсугъдæй-рæсугъддæр, бæрзондæй-бæрзонддæр цы кæна, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ галуанмæ алæбон æгас фæцу.
Нæ галуаны куывдтæ цы кæнæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ гæнах адæммæ зынæд.
Нæ гæнах нын Хуыцау нæхи фæндиаг фæкæнæд.
Нæ гæнах Хъарсы фидарæй фидардæр разынæд.
Нæ гæнахæй нæ хæцыны сæр макуы бахъæуæд.
Нæ гæнахæн басæттæн макуы уæд.
Нæ гæнахы хорзæх нæ уæд.
Нæ гæнах дыууæ тæрхъусы цы мара, уыцы амонд нæ уæд.

Нæ гæрзтæ æрæвæрыны сæр нæ макуы бахъæуæд.
Нæ гæрзтæ мæнгист макуы фæуæнт.
Нæ гæрзты фарнæй нæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Нæ дæндæгтæй дæр нæ Хуыцау макуы схъæрзын кæнæд.
Нæ дæндæгтæй нын Хуыцау сæкæр хæрын кæнæд.
Нæ дæргъ æмæ нæ уæрх цы никуы сиу уой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ дзуары хорзæх нæ уæд.
Нæ дзуары бонтæ ныл дзæбæхæй цæуæнт.
Нæ дзуары хайæ фæдзæхст цы фæуæм,уыцы амонд нæ уæд.
Нæ дзуары хайæн кувынхъом цы уæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ зарын дардмæ хъуысæд.
Нæ зарынмæ арв дæр цы къæс-къæс кæна, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ зарынмæ хæхты хъустæ дæр цы байгом уой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ зæд нын арфæ ракæнæд.
Нæ зæд ныл дзæбæхæй тæхæд.
Нæ зæдæн кувынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ зæдæн сызгъæрин тæбæгъты фæкуывдæуæд.
Нæ зæды арфæ ныл æрцæуæд.
Нæ зæйц амонды къахыл лæуд уæнт.
Нæ зæйц цæрæццаг уæнт.
Нæ зæйцæй нæ зæрдæтæ рухс кæнæнт.
Нæ зæйцы цинтæ нын Хуыцау фæуынын кæнæд.
Нæ зæнæг нæхи фæндиаг цы уой, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ зæнæгæй нын Хуыцау нæ зæрдæтæ барухс кæнæд.
Нæ зæнæджы ‘взæрдзинад нын Хуыцау ма фенын кæнæд.
Нæ зæнæджы цинтæм цы кæсæм, уыцы амонд нын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Нæ зæрдæтæ цы никуы фæриссой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ зæрдæтæм хур ныккæсæд.
Нæ зæрдæты фæндиаг цард нын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Нæ зæрдиæгтæ адæмы рæгъы макуы фæкæлæнт.
Нæ зæрдиæгтæ бастыр уæнт.
Нæ зæрдиæгтæ нæхи фæндиаг уæрæх ацæуæнт.
Нæ зæрдиæгтæн нæ зæрдæтæ цы зæгъынц, уый сын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Нæ зæрдиæгты цинæй нæ Хуыцау бафсадæд.
Нæ зымæг нæхи фæндиаг цы арвитæм, уыцы амонд нæ уæд.

Нæ зымæг митджын цы уа, нæ уалдзæг – хурджын,
ахæм амонд нæ уæд.
Нæ зымæг-иу митджын цы уа, нæ уалдзæг – хурджын,
нæ сæрд – къæвдаджын, нæ фæззæг –
бæркадджын, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ зымæджы бонтæ ныл Хуыцау хорзæй уадзæд.
Нæ зынтæй нæ Хуыцау ирвæзт уадзæд.
Нæ зынг цыренæй-цырендæр цы кæна, уыцы амонд нæ
уæд.
Нæ ирон амонд хæрзырдæм цы скуса, Хуыцауы цæст
нын ахæм арфæ бауарзæд.
Нæ ирон æгъдау макуы фесæфæд.
Нæ ирон æгъдауы фарнæй нæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Нæ ирон æвзаг бавæрынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ ирон æвзаг макуы амæлæд.
Нæ ирон зæрдæтæ сæ кусынæй макуы банцайæнт.
Нæ ирон кады аккаг нæ Хуыцау скæнæд.
Нæ ирон нуазæны кад нын Хуыцау дæлæмæ макуы
‘руадзын кæнæд.
Нæ ирондзинад хæссынæн цы уæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ Ирыстон дунейыл къуыпп дарæд.
Нæ Ирыстон рæсугъдæй-рæсугъддæр кæнæд.
Нæ Ирыстонæн басæттæн куыннæ уа, Дунескæнæг нын
ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ Ирыстонæн лæггад кæнын цы бафæразæй, уыцы
амонд дæ уæд.
Нæ Ирыстонæн фыртæн бабæзз.
Нæ Ирыстоны аккаг кæстæр дæ Хуыцау скæнæд.
Нæ Ирыстоны фæндиаг бахъомыл у.
Нæ Ирыстоныл сайдæй цы никуы рацæуай, Хуыцау дын
ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ ис, нæ бæркад бирæ уæд.
Нæ ис, нæ бæркад, суадонау, уæле исгæ, бынæй ахадгæ
цы уа, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ ис, нæ бон бирæ уæнт.
Нæ исбон уæле исгæ, бынæй ахадгæ уæд.
Нæ исбон цин æмæ хъазынæн цы хардз кæнæм, уыцы
амонд нæ уæд.
Нæ иуæй иннæ хуыздæр цæуæд.
Нæ иузæрдиондзинад нын Хуыцау макуы байсæд.
Нæ иузæрдиондзинадæй нæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Нæ иумæйаг бынтæ дын – хæлар.
Нæ иумæйаг хъæбул де уазæг.
Нæ иумæйаг хъæбул Хуыцауы уазæг уæд.
Нæ иунæг бабирæ уæд.

Нæ иунæг иунæджы ном ма фæхæссæд.
Нæ иунæг иунæджы номæй хызт цы уа, Хуыцау ын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ кад адæмы зæрдæмæдзæугæ уæд.
Нæ кад адæмыл æмбæлæд.
Нæ кад уæлдæрæй-уæлдæр цы кæна, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ кадæй сымах дæр хайджын ут.
Нæ кады ном айхъуысæд.
Нæ кады хъуыддæгтæ уæм хъуысæнт.
Нæ кадыл нæ Хуыцау макуы фæкæлын кæнæд.
Нæ кадджын кæстæртæ фылдæрæй-фылдæр цы кæной, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ каисдзинад æнустæм уæд.
Нæ калд мæсгуытæ ногæй цы сæндидзой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ калд уæзгуытæ уæзæгуат макуы фæуæнт.
Нæ капекк сомы бæсты цы ахада, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ капеччы бæркад – бирæ.
Нæ капеччы бæркад нын Хуыцау ма байсæд.
Нæ кары сæрты нæ Хуыцау макуы ахизын кæнæд.
Нæ карк дæр дзæгъæлайк цы никуы фæуа, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ кæйдæр лæппуйы цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Нæ кæрæдзи цы никуы ауæй кæнæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ кæрæдзийы зæрдæхудт нын Дунескæнæг Хуыцау макуы райсын кæнæд.
Нæ кæрæдзиимæ амондджынæй цы фæцæрæм, Хуыцау ныл ахæм арфæ æруадзæд.
Нæ кæрæдзимæ нæ Хуыцау цины куывдтæ фæхæссын кæнæд.
Нæ кæрæдзийы хорзæх нæ уæд.
Нæ кæрдзынгæнджытæ амондджын уæнт.
Нæ кæрдзынгæнджытæ нын нæ сæртæ макуы фæхудинаг кæнæнт.
Нæ кæрдзынгæнджытимæ нæ Хуыцау хорзæй цæрын кæнæд.
Нæ кæрдзынгæнджыты цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Нæ кæстæртæ адæмы рæгъы цæуынхъом уæнт.
Нæ кæстæртæ бахъомыл уæнт.
Нæ кæстæртимæ нæ Хуыцау амондджынæй фæцæрын кæнæд.
Нæ кæстæрты хурæй нæ Хуыцау бафсадæд.
Нæ кæстæрты цинтæ нын Хуыцау фæуынын кæнæд.

Нæ коймаг дур дæр æдзæмсæфт макуы фæкæнæд.
Нæ коймаджы æвзæрдзинад нын Хуыцау макуы фенын
кæнæд.
Нæ куывд нын Хуыцау сыгъдæгæй айсæд.
Нæ куывд нын фарны бонæн фæуæд.
Нæ куывды фарн уæд.
Нæ куывддзæуттæ зæдты хорзæх æрхæссæнт.
Нæ куывддзæутты зæдты хорзæх уæд.
Нæ куыр куывдæн цы раргæвдæм, ахæм цин ныл
æрцæуæд.
Нæ куыройы зыррытт макуы бамынæг уæд.
Нæ куырыхон хистæртæ фæрнæй уæлейы фæбадæнт.
Нæ куырыхон хистæрты сæр нын Хуыцау макуы
байсæд.
Нæ куырыхонты арфæ ныл æрцæуæд.
Нæ къабæзтæ дардыл цы айтындзæм, ахæм хур ныл
ракæсæд.
Нæ къабæзтæй нæ Хуыцау макуы схъæрзын кæнæд.
Нæ къабæзты ‘взæрдзинад нын Хуыцау макуы фенын
кæнæд.
Нæ къах амонды æвæрд фæуæд.
Нæ къах нын Хуыцау макуы фæцудын кæнæд.
Нæ къахæрбавæрд хорзыбонæн фæуæд.
Нæ къах-къухтæй дæр нæ Хуыцау макуы схъæрзын
кæнæд.
Нæ къах-къухы сындз цы никуы фæныхса, уыцы амонд
нæ уæд.
Нæ къæбæр нын Хуыцау нæ къухæй макуы аппарæд.
Нæ къæбæр уын тайæн уæд.
Нæ къæрных дæр нæхицæй цы уа, уыцы амонд нæ уæд
Нæ къутуты бæркад уæле исгæ, бынæй ахадгæ уæд.
Нæ къух дын хорзыбонæн фæуæд.
Нæ къухæй дæ Хуыцау ма фæриссын кæнæд.
Нæ къухæй райгонд у.
Нæ лалым бæркадджын уæд.
Нæ лалым фæтæгены адæй хызт уæд.
Нæ лалымæй цы рауадзæм, уый-иу нын тайæн цы уа,
Дунескæнæг Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ лæвар дыл æмбæлæд.
Нæ лæвар дын – хæлар.
Нæ лæг арфæгонд уæд.
Нæ лæг æгас хæдзар ссарæд.
Нæ лæг хæдзарыл сæрæгасæй цы сæмбæла, уыцы амонд
ын Лæгтыдзуар раттæд.
Нæ лæджы Лæгтыдзуар йæ рахиз базыры бын бакæнæд.

Нæ лæггад адæмыл æмбæлгæ уæд.
Нæ лæггад дын тайæн уæд.
Нæ лæггады аккаг дæ Хуыцау скæнæд.
Нæ лæгъзтæ дæм фехъуысæд, æмæ нын æххуысгæнæг у, Хуыцау.
Нæ лæгъзтæ нын сыгъдæгæй айс, Хуыцау, æмæ нæ хъуыддæгтæ рахизырдæм цы ацæуой, уыцы амонд нын ма бахæлæг кæн, дæ тæхæн базырты фæхъхъау фæуон.
Нæ лæджыхъæд нын Хуыцау ма байсæд.
Нæ лæджыхъæдæй адæмæн хорз кæнынхъом цы уæм, ахæм арфæ ныл æрцæуæд.
Нæ лæппутæ адæмы рæгъы цæуынхъом цы уой, уыцы хорзæх нæ уæд.
Нæ лæппутæ амондджын уæнт.
Нæ лæппутæ – нæхи фæндиаг.
Нæ лæппутæ нæм уæлахизимæ сыздæхæнт.
Нæ лæппутæ саг рамарæнт.
Нæ лымæнтимæ нæ кæрæдзимæ хуынтæ цы хæссæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ мад мæдты хуыздæр фæхуыйнæд.
Нæ мады фæндиаг нæ Хуыцау фæкæнæд.
Нæ мадæлты зæрдæтæ нæ макуы ныккæрзæнт.
Нæ мадæлты зæрдæтæ нын Хуыцау макуы фæриссын кæнæд.
Нæ мадæлон æвзаг уæлахиз уæд.
Нæ мадæлон æвзаг фидарæй-фидардæр цы кæна, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ мадæлон æвзагыл нæ Хуыцау нæ къух макуы сисын кæнæд.
Нæ Майрæм нæм йæ рухс цæстæй ракæсæд.
Нæ Майрæмыдзуары арфæ ныл æрцæуæд.
Нæ Майрæмыдзуары хорзæх уæ хæдзæрттæм цы ахæссат, уыцы амонд уын раттæд.
Нæ мард йæ сыджыты хайыл дзæбæхæй сæмбæлæд.
Нæ мард макуы фесæфæд.
Нæ марды кæндтæ цины фынгтæй цы раивæм, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ мардыл кæуджыты сæр нын Хуыцау макуы байсæд.
Нæ маст макуы фехæлæд.
Нæ масты дзæкъул цы никуы аскъуыйа, уыцы амонд уæ уæд.
Нæ мæгуыртæ адæмы рæгъы рацæуæнт.
Нæ мæгуыртæ схъæздыг уæнт.
Нæ мæгуырдзинадæй нæ Хуыцау фервæзын кæнæд.

Нæ мæлæтдзаг рынчын фервæзæд.
Нæ мæлæтдзаг рынчын Хуыцауы уазæг фæуæд.
Нæ мæрдджынтæ сæ дыуæ кæрдзыны æртæ кæрдзынæй раивæнт.
Нæ мæрдджынтæ сæ саутæ урсытæй цы раивой, Хуыцау сын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ мæрдджынты зæрдæтæм, чи ма сын ис, уыдон цинæй хуры тын ныккæсæд.
Нæ мигæнинаг æргъæвыны сæр нæ макуы бахъæуæд.
Нæ минас – бирæ.
Нæ минас фарсылхæцгæ уæд.
Нæ минасыл уæ Хуыцау макуы фæкæлын кæнæд.
Нæ минæвæрттæ æгас хæдзар арæнт.
Нæ минæвæрттæ фæндараст фæуæнт.
Нæ минæвæртты-иу æндæр хатт дæр цы ‘рцагурой, уыцы амонд сæ уæд.
Нæ ноггуырд адæмы рæгъы цы рацæуа, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ ноггуырд цæрæццаг уæд.
Нæ мулк бирæ уæд.
Нæ мулк нын Хуыцау æнæнизæй хæрын кæнæд.
Нæ мулкæн ныккæнæн дæр мауал уæд.
Нæ муртæ сбирæ уæнт.
Нæ муртæй нæ Дунескæнæг райгонд уадзæд.
Нæ мусонг нын Хуыцау галуантæй раивын кæнæд.
Нæ мусонджы – фарн.
Нæ мыггаг амондджын уæд.
Нæ мыггаг даргъ, уæрæх цæуæд.
Нæ мыггаг лæгдых уæд.
Нæ мыггаджы Уастырджи нæ мыггаджы сæрхъуызой уæд.
Нæ мыггаджы Уастырджи – нæ фæдзæхсæг.
Нæ мыггаджы Уастырджи нæ хорз фæндæгтыл цæуын кæнæд.
Нæ мыггаджы Уастырджи нæ фыдбылызæй хызт уадзæд.
Нæ мыггаджы Уастырджи нæ рахиз фæрсты цæуæд.
Нæ мыггаджы Уастырджи нæ мыггагхуыздæр цы кæна, Хуыцау нын уыцы арфæ ракæнæд.
Нæ мыдыкъусы къæм макуы ныххауæд.
Нæ мысайнаг нын нæ зæдыхай айсæд.
Нæ мысайнаг Хуыцауыл сыгъдæгæй сæмбæлæд.
Нæ намыс æмæ кад дæлæмæ цы никуы ‘руадзæм, ахæм амонд нæ уæд.
Нæ намыс нын Хуыцау ма байсæд.

Нæ намысы хицау нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ нæлгоймæгтæ ‘гас хæдзар арæнт.
Нæ нæлгоймæгтæ нæлгоймаджы ном макуы фæхудинаг кæнæнт.
Нæ нæргæ ном хæссынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ нæргæ цард нын Хуыцау нæ къухæй макуы аппарæд.
Нæ нæртон адæм уæлахиз уæнт.
Нæ нæртон фысымтæ цардæфсис уæнт.
Нæ нæртон фысымты бæркад тугыл аскъуыйæд.
Нæ нæуæг чындз амондджын уæд.
Нæ нæуæг чындз лæппухъæбыс бауæд.
Нæ нæуæг чындз фарны къах æрбавæрæд.
Нæ низтæ авддæлдзæх фæуæнт.
Нæ низтæ – сæфт.
Нæ низтæн Хуыцау се ‘рхъис дæр мауал фæуадзæд.
Нæ низтыл цы фæтых уæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ Ног аз нын ног амæндтæ цы ‘рхæсса, ахæм амонд нæ уæд.
Нæ Ног азтæ ныл сæрæгасæй цæуæнт.
Нæ Ног азы хорзæх нæ уæд.
Нæ ноггуырд авды хистæр фæуæд.
Нæ ноггуырд амондджын уæд.
Нæ ноггуырд байрæзæд.
Нæ ном дардыл айхъуысæд.
Нæ номы аккаг нæ Хуыцау скæнæд.
Нæ номдзыд лæгтæ фылдæрæй-фылдæр кæнæнт.
Нæ номдзыд лæгты цы фæзмæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ нывонд нæ Хуыцауы хайæн адджын фод.
Нæ нымад бонтæ лæджы цардæй цы фæцæрæм, ахæм фарн нæм ракæсæд.
Нæ ныййарджыты фæндиаг нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ ныййарджыты цæрæнбонтæ – бирæ.
Нæ ныфс – бирæ.
Нæ ныфс нын Хуыцау ма фæкайæд.
Нæ ныфс цы никуы асæтта, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ ныфсæй дæр ма исчитæ ныфсджын цы уой, ахæм бонтæ ныл ныккæнæд.
Нæ ныхас басæттыны сæр нæ макуы бахъæуæд.
Нæ ныхасы фарн цы уа, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ ныхасы хицау нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ огæнджытæ амондджын уæнт.
Нæ огæнджытæ фылдæрæй-фылдæр кæнæнт.
Нæ паддзахы хорзæх нын Хуыцау раттæд.
Нæ пайда нæ разæй цы цæуа, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ пайда хæдзарылхæцгæ уæд.

Нæ пайдайыл нæ Хуыцау макуы фæфæсмон кæнын кæнæд.
Нæ папитæ дзугтæ бауæнт.
Нæ папитæ цин æмæ хъазынæн цы хардз кæнæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ парахат цард нын Хуыцау нæ къухæй макуы аппарæд.
Нæ пырхгонд фыдыбæстæ ногæй цы сиу уа, уыцы хорзæх ныл Дунескæнæг Хуыцау рæстæгыл æруадзæд, мах дæр ма дзы цæрынæй цы бафсæдæм.
Нæ пырхгонд уæзгуытæ уæзæгуат макуы фæуæнт.
Нæ рагон æгъдау нын Хуыцау макуы фесафын кæнæд.
Нæ рагон дзуæрттæй фæдзæхст цы фæуæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ рагуалдзæг ныл дзæбæхæй ацæуæд.
Нæ рагуалдзæджы къухы нæ Хуыцау зæрдæрухсæй бафтауæд.
Нæ рагъхъæд макуы фæтасæд.
Нæ рад дæр та цы ‘рлæууа, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ рады бар нын Хуыцау макуы байсæд.
Нæ радам-думгæнæг нæ фæхъхъау фæуæд.
Нæ радам-думгæнæг нæ сæры бæсты фæцæуæд.
Нæ радам-думгæнæг нын царды хос фестæд.
Нæ разамонæг домбай уæд.
Нæ разамонæг макуы фæцудæд.
Нæ разамонæг раззагон цы уа, уыцы хорзæх æй уæд.
Нæ разамонæг фæрнджын уæд.
Нæ разамонæджы цæрæнбонтæ Хуыцау бирæ цы фæкæна, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ развæндаг рухс цы уа, ахæм амонд нæ уæд.
Нæ развæндагæй цы нæ фæиппæрд уæм, ахæм амондыл нæ Хуыцау ныххæцын кæнæд.
Нæ раззагдæрты сæрылхаст – мæ сæр.
Нæ раззагдæрты фæзмынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ Райгуырæн бæстæ амондджын уæд.
Нæ Райгуырæн бæстæ бонæй-бон хуыздæр кæнæд.
Нæ Райгуырæн бæстæ фæрнджын уæд.
Нæ Райгуырæн бæстæн фырты лæггад чи бакæна, уыдон лæггад бирæ уæд.
Нæ Райгуырæн бæсты амондæй нæ Хуыцау амондджын уадзæд.
Нæ Райгуырæн бæсты сæрвæлтау нæ сæртæ нывондæн æрхæссынхъом цы уæм, Хуыцауæй нæ уыцы амонд уæд.
Нæ Райгуырæн бæсты фарнæй нæ Дунескæнæг фæрнджын уадзæд.

Нæ райсом – нæхи фæндиаг.
Нæ райсомы зæдты хорзæх нæ уæд.
Нæ райсомы зонд нын Хуыцау макуы бонты байсæд.
Нæ райст-бавæрд дарæс цинты цы батонæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ рахиз цонг макуы фæтасæд.
Нæ рахиз цонджы тых нын Хуыцау макуы байсæд.
Нæ рæбинаг цæджындз макуы фæтасæд.
Нæ рæбинаг цæджындзæн фæтасæн макуы бонты уæд.
Нæ рæзинæгтæ байрæзæнт.
Нæ рæнхъытæ æнгомæй-æнгомдæр кæнæнт.
Нæ рæнхъытæ макуы сихсийæнт.
Нæ рæнхъытæ фидарæй-фидардæр кæнæнт.
Нæ рæстаг хъуыддагæн фæцудæн ма уæд.
Нæ рæстæджы хорзæх нæ уæд.
Нæ рæстæджы хорзæх нын Хуыцау цы радта, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ рæстæмбæлджытæ ныл хорзæй æмбæлæнт.
Нæ рæстæмбæлджыты хорзæх нæ уæд.
Нæ рæстæмбæлджыты фарн нæ уæд.
Нæ рæстдзинад макуы амæлæд.
Нæ рæстдзинадæн фесæфæн ма уæд.
Нæ рæстмæгæнджыты хъуыддæгтæ рæстмæ уæнт.
Нæ рис фесæфæд.
Нæ риуты ‘мбæрц нæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Нæ риуты топпы нæмыг дæр цы никуы хиза, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ рыг макуы скæлæд.
Нæ рын – не знæгты.
Нæ рын сæфт уæд.
Нæ рынчын адзæбæх уæд.
Нæ рынчыны фарс Дунескæнæг Хуыцау.
Нæ рыст зæрдæтæ нын Хуыцау барухс кæнæд.
Нæ сабитæ амондджын уæнт.
Нæ сабитæ даргъ, уæрæх цы цæуой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ сабиты ‘взæрдзинад нын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Нæ саггуырдтæ фылдæрæй-фылдæр кæнæнт.
Нæ саггуырдтæ уæлахизæй здæхæнт.
Нæ саггуырдты цинтæ нын Хуыцау уынын кæнæд.
Нæ сагсуртæ дардыл ацот кæнæнт.
Нæ сагсуртæ сæрбæрзондæй цы фæцæуой, уыцы амонд сæ уæд.
Нæ сагсурты цинтæм нæ Хуыцау кæсын кæнæд.
Нæ саударæн бонтæ цинтæй цы раивæм, уыцы амонд нæ уæд.

Нæ саударæн бонтæ нын Хуыцау æгъгъæд фæкæнæд.
Нæ саутæ нын Хуыцау урсытæй раивын кæнæд.
Нæ саутæ тагъд урсытæй цы раивæм, Хуыцауы цæст
нын ахæм арфæ бауарзæд.
Нæ сафæджы Хуыцау фесафæд, мах нæ зæрдæты
фæндиаг цы уæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ сæдæ азтæ ныл дзæбæхæй цæуæнт.
Нæ сæдæгай азтæ нæхирдыгæй цы фæуой, Хуыцау нын
ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ сæр нын Хуыцау макуы байсæд.
Нæ сæр нын сæрмæ цы хæссай, уыцы амонд уæд нæ
дыууæты дæр.
Нæ сæрæй нæ гуыбын макуы фæуæлдæр уæд.
Нæ сæртæн кад кæнынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ сæрты ахизынæй дæ Хуыцау бахизæд.
Нæ сæрты кад бынмæ цы никуы ‘рæппарæм, ахæм амонд
уæд.
Нæ сæрæнтæ ‘гас хæдзæрттæ арæнт.
Нæ сæрæнтæн мæ уд – сæ фæхъхъау.
Нæ сæрæнты сæрвæлтау – мæ сæр.
Нæ сæрæнты сæрвæлтау мæ Хуыцау фæкæнæд.
Нæ сæрæнты цæрæнбонтæ – бирæ.
Нæ сæрбæрзонддзинад нын Хуыцау дæлæмæ макуы
‘руадзæд.
Нæ сæргълæууæг адæмæй цы нæ тæрса, уыцы амонд нæ
уæд.
Нæ сæргълæууæг адæмы зæрдæмæдзæугæ уæд.
Нæ сæргълæууæг ныл сайдæй макуы разилæд.
Нæ сæрдыгон бонтæ ныл нæхи зæрдæйы фæндиаг цы
ацæуой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ сæрибардзинад нын Хуыцау макуы байсæд.
Нæ сæрибардзинадæн аргъ кæнын цы зонæм, уыцы
амонд нæ уæд.
На сæрибардзинады фарс – Хуыцау.
Нæ сæрибаруарзаг адæм макуы фæцудæд.
Нæ сæрибаруарзаг адæмæн басæттæн макуы бонты уæд.
Нæ сæрфат зонынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ сæрхъуызойтæ дзæбæхæй цы цæрой, уыцы амонд сæ
уæд.
Нæ сæрхъуызойты æвзæрдзинад нын Дунескæнæг макуы
фенын кæнæд.
Нæ сæрхъуызойты фæндиаг нæ Хуыцау фæкæнæд.
Нæ сæрхъуызойты цинæй нæ Хуыцау бафсадæд.
Нæ сидт адæммæ хъуысæд.
Нæ сидтæн нæ дзуапдæттынхъом Хуыцау уадзæд.

Нæ сидтыл дыууæ цы ничи дзура, ахæм фарн нæ уæд.
Нæ сидзæртæ амондджын уæнт.
Нæ сидзæртæ сидзæры хъысмæт куыннæ банкъарой, афтæмæй байрæзæнт.
Нæ сидзæртæ, сидзæры дудгæбæттæ цынæ феной, уыцы амонд сæ уæд.
Нæ сидзæртæ Хуыцауы дæлбазыр бахъомыл уæнт.
Нæ сидзæрты амонды фарс – Хуыцау.
Нæ сидзæрты фарсмæ чи балæууа, уымæн Хуыцау арфæгæнæг уæд.
Нæ сихор – нæхи фæндиаг.
Нæ сихорхæсджыты цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Нæ сывæллæттæ амæндты хуыздæртæ ссарæнт.
Нæ сывæллæттæ байрæзæнт нæхи фæндиаг.
Нæ сывæллæттæ Хуыцауы цæхæрадоны бахъомыл уæнт.
Нæ сывæллæттæн Хуыцау уæд арфæгæнæг.
Нæ сывæллæттæн Хуыцауы цæст бауарзæд, нæ цæст сын цы уарзы, уый.
Нæ сывæллæттæн нæ хорзæй цы фæнды, Хуыцауы дæр сын уый бафæндæд.
Нæ сывæллæтты æвзæрдзинад нын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Нæ сывæллæтты номæй нæ Хуыцау сæрыстырæй фæцæуын кæнæд.
Нæ сывæллæтты тыххæй нæ сæрныллæгæй лæууын макуы бахъæуæд.
Нæ сывæллæтты хурæй нæ Хуыцау бафсадæд.
Нæ сывæллæтты цинтæ нæм цы хъуысой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ сыгъдæг дауджытæ нын æххуысгæнæг уæнт.
Нæ сыгъдæг зæдты арфæйæ нæ Хуыцау æнæхай макуы фæкæнæд.
Нæ сыгъдæг зæдтæ æмæ нын дауджытæ нæ кувинæгтæ сыгъдæгæй цы айсой, уыцы амонд нын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Нæ сыгъдыйы хæдзæрттыл нæ Хуыцау сæрæгасæй сæмбæлын кæнæд.
Нæ сызгъæрин Уастырджи нæ рахизфæрсты цæуæд.
Нæ сызгъæрин Уастырджийы хорзæх нæ цы уа, ахæм амонд нæ уæд.
Нæ сызгъæринтæ æвзалыйыл цы никуы ивæм, ахæм арфæ нын Дунескæнæг Хуыцау ракæнæд.
Нæ сыламæндтæй нæ зæрдæтæ цы никуы фæхауой, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ сыламæндты æмбарынхъом цы уæм, ахæм зондыл нæ Дунескæнæг бафтауæд.

Нæ сылгоймæгтæ амондджын уæнт.
Нæ сынкъ цы ныллæмарæм, уыцы амонд нын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Нæ сынтæджыты ‘мбæрц нын бантысæд нæ къæхтæ адаргъ кæнын.
Нæ сыхы цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Нæ сыхæгты зæрдæхудты цы никуы бацæуæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ сыхæгты хорздзинæдтæм нæ Хуыцау кæсын кæнæд.
Нæ таг нын Хуыцау макуы аскъуынæд.
Нæ тæригъæдтæ нын Хуыцау цы ныххатыр кæна, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ тохы быдыры нæ Хуыцау макуы фæкæлын кæнæд.
Нæ тохы быдыры Уастырджи нæ рахиз фæрсты цы цæуа, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ тохы ‘мбæлттимæ нæ Хуыцау сæрæгасæй сæмбæлын кæнæд.
Нæ тохыл фæсмон цы никуы фæкæнæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ тохынайæ зарæджы хъæр цæуæд.
Нæ тохынайæ фæздæг здыхсгæ ‘мбæлæд арвыл.
Нæ тохынайæ физонджыты тæф кæлæд.
Нæ туг æнæист макуы баззайæд.
Нæ туг æхсидæд.
Нæ тугæн басургæнæн ма уæд.
Нæ тугæн бамбийæн ма уæд.
Нæ тугисджытæ амондджын уæнт.
Нæ тугисджытæ фылдæрæй-фылдæр кæнæнт.
Нæ тугисджыты цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Нæ тухитæ нын Хуыцау æввонг цардмæ раивæд.
Нæ тыллæг хъæздыг цы уа, Хорыуацилла нын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ тыллæг цин æмæ хъазынæн цы хардз кæнæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ тыллæджы бæрæгбонтæ нын Хуыцау циндзастæй æрвитын кæнæд.
Нæ тырыса бæрзæндты цы хæссæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ тырыса нæ дæлæмæ æруадзын макуы бахъæуæд.
Нæ тырысайы кад цы никуы фæхудинаг кæнат, ахæм арфæ уæ уæд.
Нæ тырысайы кадæн ут.
Нæ тырысахæсджытæ амондджын уæнт.
Нæ тырысахæсджыты ныфс нын Хуыцау макуы байсæд.
Нæ тырысахæсджыты ныфсæй ныфсджын ут.
Нæ тых бирæ уæд.

Нæ тых фылдæрæй-фылдæр цы кæна, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ тыхæн æмбал ма уæд.
Нæ тыхæн басæттæн макуы бонты уæд.
Нæ тыхы сæрыл-иу цы никуы ныллæууæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ уавæр зонынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ уавæрæй пайда кæнынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ уаг нын Хуыцау ма фесафын кæнæд.
Нæ уазæг æгас цæуæд.
Нæ уазæг æмæ нын нæ бирæгъы хай уæддæр цы нæ байса Хуыцау, ахæм арфæ нын ракæнæд.
Нæ уазæг – Хуыцауы уазæг.
Нæ уазæгæн лæггадхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ уазæджы сæр нын Хуыцау макуы байсæд.
Нæ уайдзæф æмбарынхъом у.
Нæ уайдзæфæй зонд исынæн цы уай, уыцы амонд дæ уæд.
Нæ уалдзæг хурджын уæд, нæ сæрд – къæвдаджын, нæ фæззæг – бæркадджын.
Нæ уалдзыгон бонтæ ныл хурæфсæстæй цы ацæуой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ уарзондзинад бирæ уæд.
Нæ уарзондзинад нын Хуыцау цы никуы бон байса, ахæм амонд нын йæ цæст бауарзæд.
Нæ уарзондзинадæн амæлæн макуы уæд.
Нæ уарзондзинадæй нæ Хуыцау дидинæг рафтауын кæнæд.
Нæ уарзондзинады цæстæй нæ кæсын кæнæд Дунескæнæг.

Уыдзæн ма.

# УИДÆГТÆ

**ДЗИЦЦОЙТЫ** *Юри*

## СКИФАГ-САЕРМÆТТАГ-ИРОН ЭТНОГРАФИОН ÆМÆ ФОЛЬКЛОРОН ПАРАЛЛЕЛЬТÆ[1]

### III

**12.** Уæлдæр куыд федтам, афтæмæй скифтæн æртыккаг функцийы символ уыд æдæфсондз гутон. Ацы факт ахуыргæндты иу хаймæ сæвзæрын кодта дызæрдыг. Цæвиттон, Геродот скифты тыххæй афтæ зæгъы: «Они ведь не земледельцы, а кочевники» ). Ардæм бафтауын хъæуы, уæлдæр скифаг, сæрмæттаг æмæ алайнаг цæугæцарды тыххæй цы загътон, уыдон дæр.

Фæлæ иннæрдыгæй та нымаинаг сты бирæ æндæр фактæ Цæвиттон, ирон æвзаджы зæхгуысты лексикæйы анализы бындурыл Абайты Васо æрцыд ахæм хатдзæгмæ, зæгъгæ скифты иу хай æнæмæнгæй кодта зæххы куыст (*Абаев, ИТ, II, ф. 414–* ). Васойы хъуыдыйыл сразы æмæ йын йæ позицитæ ранæй рæтты фæбæлвырддæр кодта американ славист Збигнев Голаб (*Преисторион контакттæ ирон æмæ славяйнаг æвзæгты æхсæн // ССР Цæдисы æнæславяйнаг æвзæгтæ. Колумбус, 1994, ф. 120–* ). Цымыдисаг у, Геродот йæхæдæг дæр кæй кæны зæхкусæг скифты кой ( ), уый. Фæлæ нæ темæйæн æппæты ахсджиагдæр факт уый у, æмæ гутоны кой канд европæйаг скифты таурæгъы нæй. Курций Руф ( ) куыд фехъусын кодта, афтæмæй астæуккагазиаг скифтæн (*сактæн*) сæ таурæгъы дзырдæуы, зæгъгæ, сын Хуыцауæй лæвæрд уыдысты æфсондз, гутон, арц, фат æмæ къус. Ам фыццаг дыууæ предметы сты 3 аг функцийы символтæ æртыккаг æмæ цыппæрæм – аг функцийы æмæ фæндзæм предмет та – аг функцийы символ.

Ацы скифаг таурæгъæн разынд ирайнаг параллельтæ дæр. Йæ рæстæджы В. Миллер бафиппайдта, авестæйаг традицийы ирайнаг паддзæхты мифон фыдæл Йимæйæн хуыцæутты

---

[1] Кæрон. Райдайæн «Мах дуджы» ацы азы №№ 9, 10.

хуыцау Ахурæ Маздæ кæй балæвар кодта сызгъæрин ехс æмæ сызгъæрин гутон (*Миллер, ОЭ, Æ, ф. 127*

Д. С. Раевский та йын ссардта параллель кельтаг этнографийы: уэльсаг æгъдаумæ гæсгæ æфсымæртæ куы байуарынц, уæд кæстæрмæ кæддæриддæр æрхауы сæ фыды хæдзар æд зæхх (*8 акры*), стæй фæрæт, цуайнаг æмæ дзывыр. «Точное соответствие трех названных предметов секире, чаша и плугу с ярмом, полученным Колаксаем, не вызывает сомнения» (*Раевский Д. С. Очерки идеологии скифо сакских племен. М., 1977, ф. 182*). Раевскийы иумæйаг хатдзæг ахæм у. «плуг в качестве свя енного богоданного атрибута является об еиранским мотивом» (*уый дæр уым, ф. 29* Æмæ уæдæ скифаг таурæгъы сызгъæрин гутон йæхи бынаты ис. Æркæсæм ныр ирон фактытæм.

Уæлдæр куыд федтам, афтæмæй, дауджытæ нарты Сосланæн цы лæвæрттæ ракодтой, уыдоны ‘хсæн ис гутон дæр. Нартæн сæ равзæрдыл цы кадæг ис, уым та дзырдæуы, зæгъгæ, зæххыл фыццаг адæймаг куы фæзындис, уæд æм дауджытæ уæларвæй æндон дзывыр æруагътой, æмæ дзы нæртон лæг бахуым кодта тыгъд быдыртæ *ИАС, I, ф. 7– «Мах дуг», 1998, 12, ф. 143–*

Зæхгуысты фæзынды тыххæй дзырдæуы ирон адæмон зарæджы дæр: зæдтæ æмæ дауджытæ æд гутæттæ æмæ æд адæгтæ сæхи зæхмæ рауагътой æмæ хуым кæнын райдыдтой. Зæххон адæм сыл æрæмбырд сты, æмæ сын дауджытæ бацамыдтой зæхгуысты æгъдæуттæ *ИАС, II, ф. 314–*
Кæй зæгъын æй хъæуы, дауджытæ зæххон адæмы базонгæ кодтой зæхгуыстæн хъæугæ гæрзтимæ, уыимæ – гутонимæ дæр. Æмæ уæдæ ацы зарæджы дæр æмбæлы уæлдæр бацамынд мотив.

Ирон адæммæ ма ис гутоны равзæрды тыххæй хицæн таурæгъ дæр. Æмæ ам дæр дзырдæуы, зæгъгæ, гутон у Уастырджийы кæнæ дауджыты лæвар зæххон адæмæн *Чибиров А.А. Об одном скифском реликте в религии осетин // Хелеури. Материалы по этнографии Грузии. Тб., 1985, ф. –245). Ардæм ахæссын хъæуы, аргъæутты цы «æвзист гутон» æмбæлы, уый дæр (ИАА, I, ф. 367*

**13.** Скифаг генеалогон таурæгъы цы сызгъæрин дзаумæтты кой ис, уыдон æмбæлынц скифтæн сæ реалон культы дæр. Геродот ( ) фыссы: «Это же свя енное золото цари берегут больше всего и каждый год умилостивляют его большими жертвоприношениями. Кто на этом празднике, охраняя свя енное золото, уснет под открытым небом, тот – как

считается у скифов – не проживет и года. Поэтому ему дают столько земли, сколько он сможет объехать на коне за один день. Так как страна очень велика, Колаксай разделил ее на три царства между своими сыновьями и одно из них сделал наибольшим – то, в котором хранится золото».

Ацы скифаг бæрæгбонæн йæ мидис райхалыныл ахуыргæндтæ бирæ фæкуыстой. Мæнмæ æппæты растдæр кæсы Д. С. Раевскийы интерпретаци. Раевскийы хъуыдымæ гæсгæ, скифаг сызгъæрин дзаумæттæ æвæрд уыдысты скифты зæххы æппæты кадджындæр æмæ сыгъдæгдæр бынаты – Эксампейы. Уыцы Эксампей та уыд сæ бæстæйы тæккæ астæу. Сызгъæрин дзаумæтты хуызы та æвдыст уыд скифты пантеоны сæйраг хуыцау – Табити. Бæрæгбоны рæстæджы иу хъахъхъæнæг сызгъæринты фарсмæ иу æхсæв кæй арвыста, уый та æмбарын хъæуы куыд зæххон лæджы къайад сылгоймаг бардуагимæ *Табитиимæ*). Раевский разы у М. И. Артамоновы хъуыдыйыл, зæгъгæ, скифаг хъахъхъæнæг у паддзах дзуарылæг (*царь жрец* æмæ уый æрмæстдæр ацы ритуалы балæууы реалон скифаг паддзахы бынаты. Фæлæ уыйфæстæ йæ хъысмæт рауайы, иннæ архаикон традициты рæстæгмæ паддзæхты хъысмæт куыддæриддæр вæййы, афтæ – амарынц æй. Уыимæ иумæ «ежегодное ритуальное убийство человека, заме аю его скифского царя, т.е. персонификацию солнца, есть отражение на скифской почве об емирного мотива осеннего умирания природы» (*Раевский Д. С. Амынд куыст, ф. 87–*

Ацы скифаг æгъдауæн дæр йæ фæд баззад ирон фольклоры. Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм зындгонд нæртон сюжет. Нартæм уыди сызгъæрин фæткъуыбæлас æмæ йын алы æхсæв хъахъхъæнджытæ урæдтой. Фæлæ никæй бон баци йæ бахъахъхъæнын, æмæ иу райсомæй хъахъхъæнджытæн сæ сæртæ акъуырдтой, æмæ иу сæ, цæхæрадоны алыварс цы кау уыд, уый михтыл æрсагътой. Æрмæстдæр Æхсар æмæ Æхсæртæгæн бантыст йæ бахъахъхъæнын, фæлæ уыдон дæр рæхджы мæрдтæм бацыдысты

Цы ис цымæ иумæйагæй скифаг ритуал æмæ нæртон сюжеты æхсæн? Фыццаджыдæр уый, æмæ хъахъхъæнинаг предметтæ дыуузæ раны дæр сты сызгъæринæй конд. Дыккаг уый, æмæ уыцы предметтæ иттæг ахсджиаг бынат ахсынц æхсæнады царды. Ома, скифтæн ацы предметтæ баст уыдысты сæ паддзæхты равзæрдимæ æмæ семæ баст культы дæр архайынц скифаг паддзæхтæ сæхæдæг. Уыцы сызгъæринтимæ баст бæрæгбон та нымад уыди скифтæн сæ

цытджындæр æмæ ахсджиагдæр бæрæгбоныл (*Раевский, амынд куыст, ф. 112–* ). Нарты сызгъæрин бæласæй та зæгъынц, зæгъгæ, нартæн сæ цард уыцы бæласæй уыд, «æмæ йæ хъахъхъæдтой стыр хæзнайы хуызæн» (*Н,1, ф. 79*

Æртыккаг уый, æмæ уæлдæр куыд загътон, афтæмæй, Раевскийы реконструкцимæ гæсгæ, скифаг сызгъæринтæ æвæрд уыдысты, скифты зæххæн йæ бæстастæу цы найфат уыд, уым (*Раевский, бац. куыст, ф. 113–* ). Нарты кадджыты дæр Борæйы цæхæрадон уыд æртæ нарты æхсæн, фæткъуыбæлас та зади цæхæрадонæн йæ тæккæ астæу (*Н, I, ф. 93* . Ома, дыууæ раны дæр сызгъæринтæ сты бæстæйæн йæ æппæты сакралондæр бынаты.

Цыппæрæм уый, æмæ дыууæ раны дæр сызгъæринтæн хъахъхъæнджытæ сæвæрынц. Скифаг традицийы хъахъхъæнæг сæвæры паддзах йæхæдæг. Фæлæ нартæн дæр паддзах йæхæдæг кодта уыцы хъуыддаг: «Нартæн паддзах *æлдар*) уыд Бурæфæрныг. Паддзах фæткъуыбæлас хъахъхъæнынмæ æрвыста Нарты хъæуы цæрджыты радгай» *ОРФ СОИГСИ, п. 15, д. 23 1, л. 33*); «Нарты Бурæфæрныг уыд æлдар æмæ йын цæхæрадон уыд...» (*ОРФ СОИГСИ, п. 23, д. 56 (бр. IX), л. 81*). Иу ран та сызгъæрин бæласы хицауы хонынц «Борæты зæронд граф» (*ОРФ СОИГСИ, п. 73, д. 30– л. 203*

Фæндзæм æнгæсдзинад: дыууæ раны дæр хъахъхъæнджытæн æхсæны фынæйгæнæн нæй.

Æхсæзæм æнгæсдзинад: дыууæ раны дæр хъахъхъæнджыты æгъдаумæ гæсгæ мардтой. Ацы хъуыддаджы тыххæй Геродотмæ бæлвырд информаци нæй: хъахъхъæнæг, дам, куы бафынæй уа, уæд афæдзæй фылдæр нал ахæсдзæни. Фæлæ йæ мæлæт цы хуызы æрцæудзæн, кæнæ, хъахъхъæнæг куынæ бафынæй уа, уæд та куыд рауайдзæн йæ хъысмæт, уый Геродоты информацийæ æппындæр нæ зыны. Уыйхыгъд Нарты кадджыты ис цымыдисаг информаци. Бæласы бын æхсæв чи бафынæй вæййы æмæ йæ чи нæ бахъахъхъæны, уымæн Бурæфæрныг йæ сæр ралыг кæны æмæ йæ михыл æрсадзы: «Райсом Æртæ Нарты хæдзарæн лæгæй æрбацæудзысты æмæ уæ иуæн йæ сæр ракæндзысты, иннæмæн – йæ цонг æмæ сæ дыууæ михыл æрсадздзысты» (*НI, ф. 93*). Фæлæ йæ чи бахъахъхъæны *зæгъæм, Æхсар æмæ Æхсæртæг*), уый та æгъдаумæ къайад бакæны дон æмæ тыллæджы бардуаг Дзерассæимæ æмæ уыйфæстæ афæдз дæр нал ахæссы, афтæмæй амæлы.

Æвдæм æнгæсдзинад: хъахъхъæнджытæ æрвыст сты паддзахæн йæхи бæсты æмæ æххæст кæнынц рæстæгмæ паддзахы функцитæ. Ацы хъуыддаг Геродоты информацийæ комкоммæ нæ зыны æмæ, уæлдæр куыд федтам, афтæмæй ахуыргæнджыты бахъуыд йæ реконструкци кæныны сæр Уыйхыгъд Нарты кадджытæй та комкоммæ зыны, Борæ *Бурæфæрныг*) хъахъхъæнджыты йæхи бæсты кæй æрвыста, уый (*Н, I, ф. 93*). Иу варианты дзырдæуы, зæгъгæ Бурæфæрныгæн йæхицæн фырттæ нæ уыд, æмæ Уæрхæгмæ бахатыд, цæмæй фæткъуыбæлас уый фырттæ бахъахъхъæной *Н, I, ф. 84*). Аннæ варианты та «Борæты зæронд граф» афтæ ныззæронд ис, æмæ йæхæдæг нал фæрæзта бæлас бахъахъхъæнын, æмæ ацы хæс йæ бæсты сæххæст кодтой Æхсар æмæ Æхсæртæг (*ОРФ СОИГСИ, п. 73, д. 30–9, л. 203–*

). Нартæ уыцы хæс æвæндонæй æххæст кодтой, уымæн æмæ, йæ фæдыл цытæ сайдта, уый хорз зыдтой. Иу варианты Уæрхæг афтæ хъаст кæны Бурæфæрныгæй: «Мах тогæй ба уомæн бафсæдæн ку нæййес» (*Н, I, ф, 87*

Æстæм уый, æмæ «рæстæгмæ паддзах» цыбыр æмгъуыдмæ свæййы æнæхъæн бæстæйы хицау, фæлæ уыцы бæстæ скифтæ символикон æгъдауæй хуыдтой «земля, которую он может объехать на коне за один день». Æнгæс мотив æмбæлы нæртон сюжеты дæр – бæлас чи бахъахъхъæна, уымæн Бурæфæрныг лæвæрттæ ныббæтты: «ку багъæуай кæнайтæ уæд уин, сугъзæринæй ке фæразайтæ, уой» (*Н, I, ф. 87* Ноджы цымыдисагдæр у дыккаг вариант: «Если поймаете вора, я дам вам половину своего сада, если же нет, – отсеку вам головы» (*Н, II. ф. 27* Æнгæс элемент æмбæлы æртыккаг варианты дæр: «Бурæфæрныг сразы цæхæрадон дыууæ акæнынычыл» (*ОРФ СОИГСИ, п. 135, д. 348, л. 15*). Ам Бурæфæрныджы цæхæрадоны æмбис, æвæццæгæн, символикон æгъдауæй амоны, скифтæн сæ рæстæгмæ паддзах, бæхыл бадгæйæ, иу боны мидæг цы зæххыл æрзилы, уый.

Цыбыр дзырдæй, нæртон сюжет йæ равзæрдæй баст у скифаг æгъдауимæ. Фæлæ цымæ сызгъæрин дзаумæттæ ирон кадæджы сызгъæрин бæласæй ивд цæмæн æрцыдысты, æмæ кæцæй фæзынд сæртæ къуырыны мотив та, скифаг æгъдауы ахæмæй куы ницы уыд, уæд?

Ацы фарстæн уал дзуапп раттæм йæ дыккаг хайæн.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй, антикон авторты информаци хаттæй хатт бынтон æххæст нæ вæййы, æмæ йын баххæст гæнæн вæййы ирон фольклорон æмæ этнографион æрмæгæй. Ам дæр æмбæлæм ахæм фактыл: Геродот нæ

зæгъы, сызгъæрин дзаумæтты фарсмæ иу æхсæв чи арвиты, уымæн йæ мæлæт куыд æгъдауæй æрцæуы, уый, фæлæ скифаг æгъдауы уыцы элементыл лыстæгдæр куы æрдзырдтаид, уæд дзы, чи зоны, уыдаид сæр къуырыны кой дæр. Цæвиттон, скифты сыхаг адæм тавртæм дæр уыд ахæм æгъдау, æмæ уый тыххæй Геродот ( ) мæнæ цы зæгъы: «Они приносят в жертву Деве и потерпевших кораблекрушение, и тех эллинов, которых они захватят, выплыв в море, таким образом: совершив предварительные обряды, они ударяют (их) дубиной по голове. Одни говорят, что тело они сбрасывают вниз со скалы (...), а голову втыкают на кол (...)».

Ахуыргæндты иу хай куыд зæгъы, афтæмæй тавртæ уыдысты киммерæгты иу хай, ома скифтæн сæ тугхæстæджытæ Æмæ уæдæ диссаг нæу, скифаг культы æнгæс культ сæм кæй уыд, уый. Тавраг культы нывондаг адæймагæн йæ сæр акъуырыны элемент дæр кæй ис, уый ууыл дзуры, æмæ æнгæс элемент хъуамæ уыдаид скифаг культы дæр, фæлæ Геродотæн йæ информанттæй ферох ис уый кой скæнын.

Æниу ис æндæр хатдзæгмæ æрцæуæн дæр: чи зоны, уыцы элемент раджы кæддæр уыд скифаг культы, фæлæ фæстæдæр ферох и, кæнæ ивд æрцыд æндæр элементæй, æмæ йæ Геродот нал æрæййæфта. Мæнæ цы зæгъы уый тыххæй Д С. Раевский: «Сохранялся ли во времена Геродота кровавый ритуал убийства «временного», или он лишь имитировался в ритуальном действе – сказать трудно» (*Раевский, амынд куыст, ф. 111*). Уыйхыгъд ацы элемент баззад тавраг этнографийы æмæ ирон эпосы.

Ныр та равзарæм нæ фарстæн йæ фыццаг хай. Архаикон традициты уыд ахæм мифологемæ, зæгъгæ, зæххæн йæ бæстастæу зайы «дунеон бæлас» (*мировое древо* æмæ уымæн йæ уидæгтæ баст сты дæллаг дунеимæ *дæлимонтæ хилджытæ æ.а.д.*), йæ хъæд – астæуккаг дунеимæ *адæм, цæрæгойтæ æ.а.д.*), йæ къалиутæ æд сыфтæр та –уæллаг дунеимæ *дауджытæ, тæхаг мæргътæ æ.а.д.*). Нæртон фæткъуыбæлас раджы абарстæуыд уыцы «дунеон бæласимæ

*Чочиев А Р. Очерки ист. соц. культ, осетин, ф. 134*

Иумæйаг индоевропæйаг дугмæ хауы «мотив золотых яблок, дарую их бессмертие и вечную молодость и поэтому часто похи аемых» (*Гамхърелидзе Т., Иванов Вяч. Индоевр. язык и индоевропейцы, ф. 643*

Сызгъæрин фæткъуыбæласы мотив æмбæлы ирон аргъæутты дæр. Иу аргъауы ацы бæлас зайы авд хохы фæстæ æмæ йæ хъахъхъæнынц дыууæ уæйыджы (*ИАА, I, ф. 178* Æндæр аргъауы та æртæ уæйыджы хъахъхъæнынц æртæ фæткъуыбæласы, æмæ уыцы бæлæстæн сæ дыргътæ алы низæй хос кæнынц (*ИАА, II, ф. 224*). Фæлæ æппæты цымыдисагдæр у æртыккаг аргъау: ам фæткъуыбæлас зайы бæхы рагъыл, æмæ уыцы бæласы къалиутыл хизгæйæ аргъауы персонаж уæларвмæ ссæуы *(ИАА, I, ф. 354* Ардыгæй хорз зыны, ирон мифологийы дæр фæткъуыбæлас «дунеон бæласы» функцитæ кæй æххæст кодта, уый.

Фæткъуыбæлас æмæ скифаг сызгъæрин дзаумæтты функцион иудзинад хынцгæйæ, зын рахатæн нæу, иу сæ иннæйы бынаты цæмæн балæууыд, уый. Фæлæ хъуыддаг, фыццаг бакастæй куыд æнцон зыны, æнæуи афтæ нæу. Цæвиттон, ирон сюжеты халдих сюжет ис гуырдзиаг аргъæутты дæр, æмæ М.Чиковани æрцыд ахæм хатдзæгмæ зæгъгæ, ацы сюжет Нарты кадджытæм бафтыд аргъауæй, бафтыд цæттæйæ *Чиковани М. Я. Нартские сюжеты в Грузии// Сказания о нартах – эпос народов Кавказа. М., 1969, ф. 299–* Æнгæс сюжетыл æмбæлæм дунейы адæмты фольклоры (*Пропп В. Я. Исторические корни волшебной сказки. Л, 1986, ф. 161–* æмæ æвæццæгæн, ацы аргъауон сюжет æцæгæйдæр бандæвта нæртон сюжетыл. Уыцы æндæвдад фæзынди фыццаджы фыццаг сызгъæрин дзаумæтты хъысмæтыл – ивд æрцыдысты аргъауы сызгъæрин бæласæй. Аргъауæй æрбафтыдаиккой иуæй иу æндæр детальтæ дæр. Фæлæ æмтгæй сисгæйæ, ирон сюжет скифаг ритуалимæ баст кæй у, уый æнæдæуццаг у, уымæн æмæ аргъæутты сызгъæрин бæласимæ цы сюжет æмбæлы, уый йæхæдæг равзæрд, архаикон традициты уæрæх зындгонд чи уыд, уыцы ритуалæй (*Фразер Д. Золотая ветвь. М., 1983, ф.* – ); 2) скифаг ритуал дæр йæ равзæрдæй баст у уыимæ Иугæр аргъауы сюжет дæр æмæ скифаг ритуал дæр иу уидагæй цæуынц, уæд ирон сюжет æндæр адæмы аргъæуттæй цæмæн хъуамæ цæуа, комкоммæ цæуылнæ хъуамæ уа баст скифаг ритуалимæ

Аргъæутты сюжетимæ абаргæйæ, нæртон сюжет ахæм архаикон элементтæ бавæрдта (*хъахъхъæнджыты ритуалмæ гæсгæ амарын: сылгоймаг бардуагимæ ритуалон чындзæхсæв æ.а.д.* æмæ æвæдза, фарстæн иннæрдæм сæвæрæн дæр ис: чи зоны, уырыссаг æмæ гуырдзиаг аргъæуттæм ацы сюжет скифаг фольклорæй бафтыд?

**14.** Скифаг генеалогон таурӕгъ райдайы ахӕм ныхӕстӕй: «Как утверждают скифы, из всех племен их племя самое молодое» (*Геродот, IV, 5*). Ныхмӕвӕрд хъуыды баззад ӕндӕр антикон автор – Помпей Трогмӕ ): «Скифское племя всегда считалось самым древним, хоть между скифами и египтянами долго был спор о древности происхождения».

Ам ныхмӕвӕрддзинад канд дыууӕ активон авторы ӕхсӕн нӕй, фӕлӕ, Геродот цы таурӕгъ ныффыста, уымӕн йӕхи мидӕг дӕр. Цӕвиттон, уыцы таурӕгъы дарддӕр дзырдӕуы: «...а возникло оно (*ома скифаг знӕм – Дз. Ю.*) следую им образом: первым появился на этой земле, бывшей в те времена пустынной, человек по имени Таргитай» ( Таргитайы байзӕддагӕй та равзӕрдысты скифаг знӕмтӕ –

Сӕвзӕры фарст: кӕд скифаг знӕм иннӕ знӕмтӕй фӕстӕдӕр равзӕрд, уӕд сӕ рагфыдӕл «ӕдзӕрӕг зӕххыл» цӕмӕн цард? Цӕуылнӕ сты амынд, йӕ размӕ цы адӕмтӕ цард, уыдон? Мӕнмӕ гӕсгӕ, скифаг таурӕгъӕй хорз зыны, скифтӕ ӕцӕгӕйдӕр ӕппӕты рагондӕр адӕм кӕй уыдысты, уый: ома сӕ рагфыдӕл фӕзынди, зӕххыл адӕймаг цӕрӕг куы нӕма уыд, уӕд, ӕмӕ ацы ран Геродоты информаци хӕстӕг у, Помпей Трог нӕм цы информаци ӕрхӕццӕ кодта, уымӕ Ӕмӕ ма уӕд сӕхи ӕппӕты ӕрыгондӕр адӕмыл та цӕмӕн нымадтой?

Ацы фарстӕн дзуапп раттыны охыл ӕркӕсын хъӕуы Нарты кадджытӕм. Нартӕн сӕ равзӕрды тыххӕй ис ахӕм кадӕг

«Хуыцау дунейы куы сфӕлдыста, уӕд адӕм скӕныны фӕнд скодта», ӕмӕ фыццаг сфӕлдыста уадмирыты, фӕлӕ йын ӕгӕр ставд адӕм фесты, зӕххӕн уӕззау уыдысты. 300 азы фӕстӕ Хуыцау сфӕлдыста кӕмбадаты, фӕлӕ уыдон та ӕгӕр чысыл разындысты зӕххыл цӕрынӕн». Ӕмӕ уӕд Хуыцау сфӕлдыста гамерыты, ӕмӕ та уыдон дӕр ӕгӕр стыр рауадысты. 300 азы фӕстӕ та сфӕлдыста гуымирыты, фӕлӕ уыдон дӕр «зӕххы аккаг нӕ фесты». 300 азы фӕстӕ та сфӕлдыста уӕйгуыты, ӕмӕ та уыдон дӕр «ӕгӕр стыр разындысты». 300 азы та куы рацыд, уӕд «Хуыцау скодта ног адӕм, нарт, зӕгъгӕ ӕмӕ йын уыдон фӕрӕстмӕ сты, асӕй дӕр ӕмӕ тыхӕй дӕр зӕххы аккаг уыдысты» (*Н, I, ф. 78*

Ома, зӕххӕн аккаг адӕмӕй Хуыцау ӕппӕты фыццаг сфӕлдыста нарты, ӕмӕ, кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, ныркккон адӕмимӕ абаргӕйӕ, уыдонӕй рагондӕр адӕм нӕй Фольклорон экспедицийы рӕстӕджы мын мӕ информанттӕй

иу афтæ загъта, зæгъгæ, нартæ сты «æппæты фыццагон адæм» (*Эксп. тетр., л. 48*). Иннæ информант та загъта, зæгъгæ, «нарт уыдысты нæ фыдæлтæ, райдайæны адæм» *Эксп. 1988, л. 82*

Куыд уынæм, афтæмæй нартæ нымад сты иуырдыгæй æппæты рагондæр адæмыл. Абар сæ эпитет ирон литературæйы: «Рагон нæртон лæгау зарын куы зонин» *Къоста*); «куд цардæй нæ раги нарт» (*Гуырдзыбеты Б.* æ.а.д. Фæлæ иннæрдыгæй та, уæлдæр куыд федтам, афтæмæй, нартæ сты «ног адæм», æмæ уыцы «ног адæм» иуæй иу кадджыты архайынц, зæххыл сæ размæ цы мифон адæмтæ фæзынд (*уæйгуытæ, кæмбадатæ æмæ иннæтæ*), уыдонимæ иу дуджы. Зæгъæм, Хæмыц ракуырдта кæмбадаты чызджы, æмæ йын кæмбадаты лæг йæ зæрдыл æрлæууын кодта, сæ адæм нартæй «æгас фæлтæр» хистæр кæй сты, уый (*ОРФ СОИГСИ, п. 135, д. 348, л. 96*

Ома, мифон адæмтимæ абаргæйæ, нартæ уыдысты кæстæр æмæ «ног» адæм, реалон адæмимæ абаргæйæ та – æппæты рагондæр адæм. Æвæццæгæн, æнгæс мифы бындурыл скифтæ дæр сæхи хуыдтой куы æппæты æрыгондæр, куы та – æппæты рагондæр адæм.

## ФИППАИНÆГТÆ

[1] Ацы сюжет æмбæлы Нарты кадджыты суайнаг (Дзидзигури Ш. Грузинские варианты нартского эпоса. Тб., 1986, ф. 86). æмæ хъæрæсе балхъайраг (Нарты. Героический эпос балкарцев и карачаевцев. М., 1994, ф. 388) верситы дæр.

[2] XIX æнусы уырыссагау цы нæртон текст æрцыд мыхуыргонд, уым дæр фæткъуыбæлас зайы «в середине сада» (Н, II, ф. 27), фæлæ цæхæрадон йæхæдæг кæм ис, уый бæрæг нæу.

**ДЖУСОЙТЫ** *Нинæ*

## ИРОН ФАРНЫ АРТДЗÆСТ

*(Къахеты Арешпераны хъæуыл сæххæст 100 азы)*

Октябры революцийы агъоммæ мæгуыр, зæхцух адæм хуыздæр цардагур цыдысты Гуырдзыстоны алы къуымтæм. Цуанон, дам, цы ком нæ басгары, уый сырдджындæр фæхоны. Хуыздæр цард нæ уыд уым дæр, фæлæ тыхст адæм сæхи уырдæм æппæрстой, тынгдæр – Къахеты ныры Лагодехы районмæ, уымæн æмæ мæгуыр адæмæн æндæр рæтты сæ фадат нæ амыдта гуырдзиаг хъæздгуытæй цæттæ зæххытæ æлхæнын. Ныры Лагодехы район та уыд сæрибар. Тархъæд æмæ цъымаратæй æхгæд. Ирæттæ цагътой хъæд æмæ сæхицæн цæрæнбынæттæ амал кодтой.

Фæлæ мæгуырыл дур хæрдмæ тулы. Ирон адæм уымы уæлдæфыл, æвæццæгæн, нæма сахуыр сты. Тæфсæг сыл сыстад æмæ цагъды кодтой. Низ парахат кæнынæн ахъаз уыдысты Къахеты æнусон къогъоджын цъыфдзæстытæ дæр. Ног æрлидзджытæй бирæтæ нæ бафæрæзтой уыцы уавæртæн æмæ фæстæмæ аздæхтысты сæ райгуырæн уæзæгмæ

Ирон адæм цалдæр азы сæ туг, сæ чъиухид цы зæххытыл фæкалдтой, уым, æппынфæстаг, фæзынд чысыл хъæутæ

Ирон адæмы фыццаг фæлтæр Арешпераны хъæумæ æрцыди ссæдзæм æнусы райдайæны – 1901 азы. Уыдон уыдысты Æлбортæ, Гæджитæ, Багатæ, Тедетæ, Лалытæ Жажитæ, Джусойтæ, Хъæцмæзтæ, Тъуритæ, Къæбултæ Хъалатæ, Козатæ, Сиукъатæ, Цхуырбатæ, Хæситæ æмæ Къоратæ. Фæстæдæр цæуын райдыдтой иннæ мыггæгтæ дæр. Къахеты цы ирон хъæутæ ‘рцард, уыдонæй бирæтæ кæд сæ хъæуты нæмттæ семæ рахастой, уæд сæ фылдæрыл та æвæрын бахъуыд ног нæмттæ. Уымæн æмæ цы бынæтты æрцардысты, уыдон уыдысты, гуырдзиаг адæмы цард æмæ историйæ ахицæнгæнæн кæмæн нæй, ахæм цаутимæ баст.

Дзырдæн, зæгъæм, ирон хъæу <u>Пичхисбогири</u>. Ацы хъæу Арешперанмæ хæстæг у, фæлæ сæ астæуты цæуы Арешы дон æмæ сæ уый хицæн кæны. Раздæр иу дон ивылдæй цыд. Иу хъæуæн дзы иннæмæ цæуæнтæ нæ уыд, æмæ иу дзы адæм хизынæн пыхсытæ калдтой. Пичхи амоны пыхс, богири та у хид. Пичхисбогири, ома, пыхсæй хид.



Лалыты Иуане



Пона. Ацы хъæуæн йæ иуфæрсты уайы Арешы дон. Уыцы бынæтты раздæр дон тæнæгдæрæй цыди. Уымæ гæсгæ йæ схуыдтой Пона, понт – тæнæг.

Верхисминдори. Верхи у гæдыбæлас, миндори та быдыр. Ома, гæдыбæласджын быдыр.

Ешмахъури. Ешмахъи у хæйрæг, хъуре та адаг. Ома, хæйрæджыты адаг.

Бирæ ахæм цæвиттонтæ ис æрхæссæн, фæлæ абон нæ ныхас уыдзæн Арешпераны хъæуыл. Арешперан у Лагодехы районы хъæутæн се стырдæр æмæ культурондæр. Ирон адæм ардæм куы æрлыгъдысты, уæд, уæлдæр куыд загътам, афтæмæй уыцы бынæтты тархъæд йеддæмæ ницы уыд. Æрмæст дзы цыд стыр цæугæдон Ареш. Адæм донæн йæ иу фарс хъæд ныццагътой æмæ дзы æрцардысты. Уымæ гæсгæ йæ схуыдтой Арешперан, ома Арешы былгæрон. Ирон адæм уыцы æнæхæрд бынæттæ куы басастой, уæд сæ хæдфæстæ уырдæм ныххæррæтт кодтой, Гуырдзыстоны хæххон регионты цы зæхцух гуырдзы цардис, уыдон дæр – Имерет, Сачхерет æмæ Тхъибулы районтæй, æмæ ирон хъæуты фарсмæ айтыгъдысты гуырдзиаг хъæутæ Апен, Багъдад, Лелиан æмæ æндæртæ

Уыцы рæстæг лекъаг абырджытæ тугуарæн кодтой адæмыл. Цалынмæ ирон адæм нæ ныллыгъдысты уырдæм, уæдмæ бынтон мæгуыры бон уыди гуырдзыйыл. Лекъаг æрдонгтæ хорз бæх, хорз ус никæмæн уагътой. Фæлæ сын ирæттæ ахæм бартæ нал лæвæрдтой. Кæй иу æрцахстой, уый иу фæнадтой, бафхæрдтой, сæ хъæутæй сæ рацæуын нал уагътой. Уыцы хабæртты тыххæй бирæ таурæгътæ баззад, фæлæ сыл абон æрдзурыны фадат нæй.

Æппынфæстаг лекъ сæ бон базыдтой æмæ æрсабыр сты. Фæлæ уæддæр ирæттимæ абоны онг дæр хæларæй цæрынц.

1920 азы Хуссар Иры цаутæ анхъæвзтой Къахетмæ дæр. Сæ сæртæ сдардтой, уæды онг йæ хъузджы чи балæст, уыцы меньшевиктæ. Иу бон Арешпераны хъæуы къæнцылары раз уыд стыр æмбырд. Æрцыдысты бирæ адæм алы хъæутæй ирæй, гуырдзыйæ. Бирæ раныхас баныхасы фæстæ уынаффæ рахастой: ирæттæ фæстæмæ аздæхæнт сæ райгуырæн бæстæм. Ахæм ми гуырдзиæгтæй дæр алкæмæ раст нæ фæкасти. Сылгоймæгтæ рахæцыдысты ирæтты сæрыл æмæ сын сæ зæрдыл æрлæууын кодтой, лекъаг тыхгæнджытæй сæ ирæттæ кæй фервæзын кодтой æмæ ныр куы ацæуой, уæд та сыл ахæм бон кæй уыдзæн, уый. Уыйадыл ирæттæ баззадысты уым цæргæйæ. Цалдæр боны фæстæ Гуырдзыстоны æмарæн Азербайджаны горæт Белеканæй æрбахызтысты иуæндæсæм

æфсады хæйттæ æмæ меньшевиктæй асыгъдæг кодтой Къахетгом.

Бирæ хæрзтæ æрхаста советон хицауад Къахеты ирæттæн. Фæзынди сæм сæхи интеллигенци. Уыдонæй иу уыди Лалыты Арутен. Уый Тбилисы райста уæлдæр ахуырад æмæ дзы рауади тынг хорз партион кусæг. Уыди райæххæсткомы сæрдар. Стыр аргъ ын кодтой ирæй, гуырдзыйæ. Арутен бирæ хорз хъуыддæгтæ сарæзта ирон адæмæн, фæлæ мæ дзы фæнды иуы кой ракæнын. Цыдæриддæр Къахетмæ, стæй Гуырдзыстоны æндæр рæттæм ирон адæм алыгъд, уыдонæн сæ мыггæгтæ аивтой, бафтыдтой сæм «швилитæ». Арутен ракалын кодта архивтæ. Бардзырд радта æмæ Лагодехы районы ирæттæн фæстæмæ сæ мыггæгтæ раивын кодта «ов» æмæ «ев» тæй. Иннæ рæтты та гуырдзиаг здæхтæй баззадысты. Арутен ма ноджы бирæ хорздзинæдтæ сарæзтаид, фæлæ йæ 37 азы культы азар басыгъта.

Къахеты ирæттæн дæр сæ иувæрсты нæ ацыд коллективизацийы дуг. Бавнæлдтой колхозтæ аразынмæ. Чи йæм цингæнгæ цыд, кæй та тыхласæгау кодтой. Колхоз чи арæзта, уыдонæй фыццæгтæ уыдысты Джусойты Шишо, Джиоты Чакъо, Тедеты Маркъоз, Джусойты Цамел æмæ иннæтæ. Фыццаг сæрдарæй йын æвзæрст æрцыди Цхуырбаты Гига. Фæцайдагъ та сты сæ ног цардыл адæм. Кодтой хойраджы, сæнæфсиры, цыллæйы æмæ тамакойы куыст. Фæзынди сæм фосы фермæтæ, трактортæ, комбайнтæ машинæтæ æмæ афтæ дарддæр. Æрмæст Арешпераны хъæусоветы уыд 87 мыггаджы, 1000 бæрц та хæдзæрттæ Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ лæгæвзæрстæй ацыдысты 200 адæймагæй фылдæр. Фæстæмæ се ‘мбис дæр нал сыздæхти.

Хъæздыг у Арешпераны хъæуы зындгонд ирон скъолайæн йæ истори. Зын æмæ гуыргъахъхъ уыдысты йæ фæндæгтæ Ссæдзæм æнусы райдайæны ног æрлидзæг адæмы æндæр сагъæстæ уыди: фыргуыстæй сæхицæн цæрæн бынæттæ æмæ мамæлайы къæбæр амал кодтой. Кæд сæ сæр уынгæджы уыд, тиф æмæ сæ тæфсæг цагътой, уæддæр сæ сабиты сомбоныл ныхъхъуыды кодтой.

Уымæ гæсгæ уал 1907 азы фыццаг дыууæазон скъола фæзынд Арешпераны зылды чысыл хъæу Хошатъаны.

Фыццаг дыууæазон скъола кæй хъæппæрисæй байтом, уыдонæй уыдысты Тедеты Маркъоз, Болататы Тазар, Сопойты Иван, Лалыты Сето, Джусойты Шишо æмæ иннæтæ Скъола уыди Болататы Бибойы кæрты. 1920 азы сси цыппаразон, фæзынди дзы ирон ахуыргæнджытæ дæр. Сæ фыццæгтæй иу уыди Хуссар Ирыстонæй æрвыст лæг

Беджызаты Алыксандр – сауджын. Стыр фæд ныууагъта Алыксандр Къахеты скъолайы историйы. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй Беджызы фырт æрвыст æрцыд Хуссар Ирыстоны ревкомы уынаффæмæ гæсгæ, цæмæй Къахеты ирон адæмы ‘хсæн рухстауæн куыст кодтаид, амыдтаид сын иронау кæсын, фыссын. Фæлæ гуырдзиаг адæмы ‘хсæн афтæ æргом архайæн нæ уыд, уымæ гæсгæ йæхи схуыдта сауджын.

1930 азты райдиан скъолатæ байгом кодтой иннæ ирон хъæуты дæр: Понайы, Болкавы, Пичхисбогирийы, Донайы, Гъаристауы, Арешпераны. Уæдмæ Хошатъаны цыппаразон скъолайæ сарæзтой авдазон. Уæд ма хъæусовет дæр Хошатъаны хъæуы уыди. Фæстæдæр скъола дæр æмæ хъæусовет дæр аивтой Арешперанмæ. Уæды онг Алыксандр – «сауджынæн» цы æртæуатон хæдзар уыд, уый дæр балæвар кодта скъолайæн, афтæмæй 1930 азы йæ цардæмбал Къекъе æмæ йæ чызг Наташæимæ æрбаздæхти Хуссар Ирыстонмæ Ныр дæр ма скъолайы уыцы агъуыст хонынц «Сауджыны скъола», кæрты цы суадон сарæзта, уый та – «Сауджыны суадон». Абоны онг дæр Къахеты ирон æвзаг ахуыр кæныны хабæрттæ фылдæр баст сты Беджызаты Алыксандры номимæ

Уыцы азты Арешпераны авдазон скъолайы директор ссис Саулохты Аполлон. Скъолайы фæзынди бирæ ирон ахуыргæнджытæ, уыдонимæ Дзасохты Гаврил æмæ Георги, Джусойты Георги, Джиоты Захар, Лалыты Иван æмæ Алыксандр, Багаты Лавренти, Джиоты Арсен, Гобозты Артем æмæ иннæтæ

1937 азы Арешпераны авдазон скъолайы бындурыл арæзт æрцыд дæсазон астæуккаг скъола. Йæ фыццаг директор уыди Джиоты Захар. Уыцы азты Хуссар Ирыстонæй Къахеты скъоламæ кусынмæ хуынд æрцыдысты Тедеты Федыр, Калоты Солæман, Мамиты Естъа, Дарчиты Тимофей. Скъоламæ æрбацыд, Къахеты фæсивæдæй уæлдæр ахуырад чи райста, ахæмтæ дæр. Уыдонимæ – Пæррæстаты Хъараман, Болататы Иосиф, Козаты Сергей æмæ Акъакъи Попхадзе.

Арешпераны скъолайы рæвдз ацыд ахуыры хъуыддаг, фæлæ уæдмæ хæст ныггуыпп кодта, æмæ скъолайы ахуыргæнджыты фыссæнгарзы бæсты хæцæнгарз райсыны сæр бахъуыди. Скъола баззад æнæ ахуыргæнджытæй. Уыцы азты Къахетмæ æрæрвыстой хæстæй лыгъд адæмы. Уыдонæй бирæтæ кусын райдыдтой скъолайы, фæлæ сæ 1943 азы фæстæмæ сæхимæ арвыстой. Баззади та скъола æнæхицауæй. Уæд Гуырдзыстоны хицауад бавдæлд æмæ, кæд ахуыр уæды онг æппæт предметтæй дæр иронау цыд, уæд æй ныр сыгъдæг



Арешпераны астæуккаг скъолайы кæрты



гуырдзиагау скодтой. Ирон ахуыргæнджыты бæсты дзы кусын райдыдтой гуырдзиæгтæ. Уый уыди 1944 азы.

Хæсты фæстæ ма ирон ахуыргæнджытæй æрыздæхтысты Пухаты Петро, Багаты Лаврент, Гобозты Артем æмæ Джиоты Арсен. Фæлæ кæм куыстаиккой, уый нал уыди.

1953 азы Хуссар Ирыстоны интеллигенци бахъаст кодта ССР Цæдисы Сæйраг Совет æмæ Министрты Советмæ, цæмæй Хуссар Ирыстоны ахуыры системæ ивд æрцыдаид ирон æмæ уырыссаг æвзагмæ Æмæ хъуыддаг фæрæстмæ. Уыцы аз Арешпераны, стæй иннæ ирон хъæуты скъолаты дæр ахуыр кæнын райдыдтой ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл. Скъола цæхгæр йæ куыст раивта, ирон сывæллæттæ фервæзтысты ассимиляцийæ. Ирон интеллигенцийæн фæци кусыны фадат.

Уæды директор Лалыты Иуане ирон адæмæн цас хæрзты бацыд, уый скъолайæн цас сарæзта, уыдон хицæнæй æрдзурыны аккаг сты. Кæддæр райдайæн скъолайы сывæллæттæ цы зæронд агъуысты ахуыр кодтой, уымæн йæ хатæнтæ нал фаг кодтой. Хъуыди ног бæстыхай саразын, фæлæ районы хицауад нæ разы кодтой. Уæд Иуане дæр бавдæлд æмæ скъолайы хъæдын къултæм саразын кодта быцæутæ, цыма агъуыст æркæлынæввонг у, афтæ, стæй къамис æркуырдта. Къамис куы федта скъолайы уавæр, уæд ма цы гæнæн уыд... Афтæмæй Иуанейы хъæппæрисæй зæронд скъолайы бынаты фæзынд дыууæуæладзыгон райдзаст бæстыхай. Скъолайы арæзтады чысыл нæ бафыдæбон кодтой ахуыргæнинæгтæ æмæ ахуыргæнджытæ сæхæдæг дæр. Уроктæ та кодтой адæмы хæдзæртты. Скъолайы алыварс ныссагътой нæзы бæлæстæ. Сарæзтой стыр спортивон фæз, скъоладзауты кусын кæм ахуыр кодтой, ахæм дыргъцæхæрадон, ленкгæнæн цад бæлæгътимæ

Гъе, фæлæ Иуане уый фагыл нæ банымадта. Йæ зæрдæ йын æвдæрзта æндæр хъуыды. Тынг æй фæндыд, цæмæй скъолайы кæртæй ракæса ирон адæмы хъæбул Хетæгкаты Къоста. Уый

та æнцон хъуыддаг нæ уыди. Æппынфæстаг Иуане Цæгат Ирыстонæй æрхуыдта зындгонд скульптор Дзантиаты Иналы. Инал куы æркаст уавæрмæ, уæд загъта: мæ мæгуыр, дард Ирыстонæй иппæрд адæмæн хъуамæ Къостайы цырт саразон лæвар. Скульптор цард Иуанейæн йæхи хæдзары, цалынмæ куыст фæцис, уæдмæ

Цырт срæвдз æмæ æппынфæстаг, 1959 азы скъолайы уæрæх кæртæй рафæлгæсыд ирон адæмы номдзыд хъæбул Къоста. Цырт уыд бæрзонд æмæ тынг аив арæзт. Поэты 100 азы юбилеймæ хуынд æрцыдысты Цæгат æмæ Хуссар Ирыстонæй бирæ уазджытæ, Хуссар Ирыстоны кæфтыты æмæ зарджыты ансамбль «Симд», Гуырдзыстоны æппæт районты минæвæрттæ. Уæдæй фæстæмæ традицион ссис æрвылаз октябры мæйы скъолайы кæрты Къостайы райгуырæн бон бæрæг кæнын.

Къахеты ирон адæм никуы ферох кæндзысты фæрнджын лæгтæ – Инал æмæ Иуанейы рухс нæмттæ. Сæ лæгдзинады тыххæй бирæ хæттыты фыстой газеттæ

Къахеты Арешпераны хъæуы зындгонд ирон скъола ссис ахуырады артдзæст, йæ алфамблай цыдæриддæр ирон хъæутæ ис, уыдонæн: Понайæн, Болквæн, Донайæн, Хечилæн, Лапианæн, Гудзаретæн... Ацы хъæуты æрмæст астазон скъолатæ уыд æмæ сæ рæзгæ фæлтæр астæуккаг ахуырад истой Арешпераны. Ацы хъæуæй рацыди дзæвгар зындгонд адæм. Уыдонимæ партийы Хуссар Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Джусойты Георги, фысджытæ Тедеты Герас, Руслан, Харебаты Леонид. Бирæ дохтыртæ, юристтæ спортсментæ, афицертæ æхсæнадон кусджытæ. Мингай чызджытæ æмæ лæппутæ каст фесты Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны уæлдæр скъолаты ирон филологон факультеттæ Къахеты ирон адæм кæд Ирыстонмæ дард сты, уæддæр зæрдæйы тæгтæй баст сты йемæ. Кæддæриддæр истой журналтæ «Мах дуг», «Ногдзау», «Фидиуæг», газеттæ «Рæстдзинад», «Советон Ирыстон».

О, фæлæ уыцы амондджын цард фæци. Бæстæ сæмхæццæ Æрæджыйы хæсты уылæнтæ адæмы алырдæм фæхастой. Къахет адæммæй куыд сафтид, афтæ сафтид ирон фарнæй дæр. Ныппырх сты æмæ сындзæрх систы Арешпераны Культурæйы галуан, хуыйæн æрмадз, хинайæн... Фыдгæнджыты къухæй иу æхсæв фæркгай фæхауд, кæддæр Иуане стыр фыдæбæттæ кæй тыххæй федта, уыцы цыртдзæвæн дæр. Афтид къултæ ма баззад скъолайæ Æнæбары ма дзы ахуыр кæнынц иу ссæдз ирон сабийы. Ацы аз зындгонд ирон хъæу Арешпераныл сæххæст сæдæ азы, фæлæ йыл цæттæйæ нал сæмбæлдысты Къахеты ирон дзыллæ

Нæ зонын, мæ райгуырæн хъæуæн ма фидæн ис æви нæ фæлæ йæ ивгъуыд арф фæд ныууагъта нæ адæмы царды.

Бирæ таурæгъгæнджытæ уыд Къахеты ирон хъæуты, фæлæ, хъыгагæн, уыцы хæзнатæ се ‘нусон бынатмæ семæ ахастой. Йæ рæстæгыл сæ ничи ныффыста æмæ ферох сты.

Æрхæццæ ма дзы иугай хабæрттæ. Мæнæ дзы цалдæр.

**1**

Къахеты цæрæг гуырдзиаг адæмыл сагъуыд стыр залиаг калм æмæ сыл тугуарæн кодта. Бирæтæ схæцыдысты йемæ фæлæ иу бацарæфтыд сты. Калм цагъта, фосæй, адæмæй иу кæуыл фæхæст, уыдон се ‘гасы дæр. Уæд иу æрыгон лæппу, Хошатъи, зæгъгæ, йæхимæ райста калм амарыны хæс. Зыдта, калм йæ хуыккоммæ кæуылты æрбацæуы, уый æмæ уыцы ран сарæзта хъæдæй нарæг ахизæн, йæхæдæг йæ размæ бабадти. Калм куы ‘рбахæстæг æмæ йæ куы ауыдта, уæд æй расырдта. Хошатъи уыцы нарæг ахизæны фæмидæг æмæ иннæрдыгæй агæпп кодта. Калм дæр йæ фæстæ бæргæ фæмидæг, фæлæ æгæр нарæг разынд. Йæ бон нал дæр размæ нал дæр фæстæмæ абырын бацис. Æмæ йæ уæд Хошатъи йе стыр кардæй кæрдæнтæ кæнын райдыдта æмæ йæ афтæмæй ныммардта. Æцæг йæхæдæг дæр нал фервæзти. Калмы

маргæй ныррæсыд æмæ ма тыххæйты бæхы рагъмæ схылди. Цы адæм æрæмбырд, уыдонæн бамбарын кодта, цæмæй кæм рахауа æмæ амæла, уым æй баныгæной æмæ дзы кувæндон саразой. Адæм дæр афтæ бакодтой. Уыцы бынаты сарæзтой кувæндон, самадтой дзы мæсыг. Уæдæй ардæм æм æрвылаз 21 сентябры цæуынц кувынмæ. Дзуары ном хуыйны Хвтисшобели Хуыцауы мад. Афтæ уыцы бынат, уыцы хъæу абоны онг дæр Хошатъийы номыл баззад Хошатъанæй.

***Радзырдта йæ Хошатъаны хъæуккаг 70 аздзыд***

***Тедеты Гедеван.***

**2**

Сиукъаты Никъала дæр иннæтау хуыздæр цардагур æрбалыгъд Къахетмæ, фæлæ йæ сывæллæттæй цалдæр тæфсæгæй куы амард, уæд уым нал ныллæууыди. Самадта уæрдоны йæ муртæ æмæ рараст фæстæмæ йæ райгуырæн бæстæм.

Уæды рæстæджы абырджытæй æдасæй ацæуæнтæ нæ уыд. Никъала дæр куыддæр хъæуæй ахызт, афтæ йæ алыварс æртыхст иу ссæдз абырæджы. Лæг нæ фæтыхсти. Худинаджы бæсты мæлæт, зæгъгæ, ауон ранмæ багæпп кодта æмæ сæ уырдыгæй æхсын райдыдта. Уым хæстæг сæ фос хызтой Лалыты Хбе æмæ Годе æмæ фæфæдис сты уырдæм. Хабар куы бамбæрстой, уæд абырджыты æхсын райдыдтой. Уыдонæн сæ сæр сæ кой сси. Чердæм лыгъдаиккой, уый нал зыдтой æмæ ма дзы чи баззад, уыдон сæхи уацары радтой. Никъалаитæ сæ къухтæ бастæй хъæумæ æртардтой æмæ сæ хицауадмæ радтой. Афтæ æртæ лæджы басастой ссæдз абырæджы.

***Радзырдта йæ Арешпераны хъæуккаг 72 аздзыд Лалыты Роланд***

**3**

Багаты Никъолоз уыд гуырдзыйы хицауады ныхмæ æмæ сæ алыхуызы йæ маст иста. Йæ фæдыл зылдысты, æмæ уый дæр абырæг алыгъд. Йе 'мбæхсæн ын куыддæртæй базыдта лекъаг æмæ йæ банымыгъта. Иу бон Никъолозыл æрхъула кодтой, лекъаг дæр семæ, афтæмæй. Хъæбатыр лæппу йæхи удæгасæй нæ радта. Схæцыд семæ иунæгæй æмæ сæ ииуылдæр ныццагъта. Йæхицæн дæр йæ буар сыхырнайы хуызæн ссис. Иудзæвгар ма йæ фазыл фæбырыд донагур, стæй йæ уд систа.

***Радзырдта йæ Арешпераны хъæукаг 72 аздзыд Лалыты Роланд***

**4**

Ирон адæм Къахетмæ куы алыгъдысты, уæд сыл гуырдзы былысчъилтæ кодтой. Фадат иу сын куы фæци, уæд иу сæ истæмæй фелхыскъ кодтой. Иу бон иу ирон лæг бæхыл фæцæуы. Æрбаййæфта йæ гуырдзиаг барæг æмæ дзы ахъазын сфæнд кодта:

Гъе, ирон, уый дæ фарсыл фæйнæджы лыггаг баст ис, æви цы у?

Лæг рамæсты, фæлæ уæддæр, уый мæ хъама у, зæгъгæ уæзданæй загъта.

Æмæ дын лыг дæр кæны, лыг, æви йæ фидыцæн хæссыс, – ныччыр чыр та кодта гуырдзиаг.

Иронæн йæ цæстыты туг абадти. Цæстыфæныкъуылдмæ йæ хъама йæ къухы февзæрд æмæ иу риуыгъдæн йе 'фхæрæджы сæр зæххыл атылд.

Зæгъын ма кæд мæ хъама æцæг нал кæрды, фæлваргæ йæ кодтон, – загъта лæг æмæ дарддæр араст.

***Радзырдта йæ мæ фыд, 66 аздзыд Джусойты Сергей.***

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



Хуыцъистаты Хъазыбеджы бинонтæ. Лæппуйы ном у Алмахситт.



Ерастиаг чызг-фæсивæд.



*Абысалты, Санаты, Тлаттаты ,Тугъанты , Мысостаты, Хъазбегты æмæ Хъаныхъуаты чызджытæ.*



*Дудараты чызджытæ, Цми. Лæппу у Хъуыбадты Уырысханы фырт Буцкæ.*



*Паддзахы хъахъхъæнджытæй иу — Абысалты Елхъан.*



*Зындгонд инæлар Фидараты Афæхъо.*



*Чызджы ном бæрæг нæу. Лæуүы Цæлыккаты Ахмæт. Бады Цæлыккаты Æмзоры фырт Иналыхъ, æфсæддон дохтыр.*



*Беслæныхъæуккæгтæ. Лæууынц: Хъесаты Дæхцыхъо æмæ Цæрай. Бадынц: фыццаг бæрæг нæу; Мыкагъаты Гæвдын, лæппу бæрæг нæу; Хъесаты Баткæ, Къониаты Гуыргъохъо.*



*Тæгиатæ æмæ Куырттатæ. Лæууынц: фыццаг æмæ дыккаг бæрæг не сты; Хъайттаты Тæтæрхъан, Тугъанаты Иналыхъ. Бадынц: Тлаттаты Хадзымурат, Тезиаты Хъазахъ-Джери, Хъантемыраты Хъаугъа, Хъаныхъуаты Гаджи, Хъуыбадты Сослæнбег; æппæты разæй — Хъаныхъуаты Батырбег.*



*Чырыстонхъæу, 1915 аз. Астæуæй лæууы Сохиты сауджын.*

# АРВИСТОН

## УÆРСТ

Артур Конан Дойль зындгонд фыссæг куы сси, уæд, дам, иу хатт йæ цæст дардта, йæ пьесæ йын куыд репетици кодтой, уымæ. Иу мæгуыр æрыгон актер *(къаннæг рольтæ йæм кæй хауд, уый аххосæй йæ мызд мамæлайы къæбæры фаг йеддæмæ нæ уыд)* аивæй йæхи баласта фыссæгмæ æмæ, дам, ын йæ хъусы куы бацæгъдид:

— Цæй æмæ нæ гонорартæ баиу кæнæм æмæ сæ нæ дыууæйыл æмхуызон байуарæм. Уæллæгъи, цæрæнбонты къæбæрыл нæ батыхсиккам.

— Цыма уыцы хъуыддагæй æз æппындæр ницы рамбулдзынæн, афтæ дæм нæ кæсы? — æнæрвæссон каст æм бакодта фыссæг.

Ныр æрыгон актер та уыди Чарли Чаплин.

## ТУГÆЙ ФЫСТ ХЪУЫРАН

Æрæджы Иракы мыхуыры рацыди Хъуыраны ног рауагъд. Рауадзын æй кодта бæстæйы президент Саддам Хусейн, цæвиттоны хъуыддагæй — йæхицæн. Хъуыран фыст у... тугæй. Иракы президент Саддам Хусейнæн йæхи тугæй. Йæ рауадзыныл æртæ азæй фылдæр бакуыстой. Иракы фæтæджы ахæм хуызы бафæндыд Æппæтхатыргæнæг Хуыцауæн раарфæ кæнын, сабыр æмæ йын æнцой цард кæй саккаг кодта, уый тыххæй.

## ЗМИСБЫДЫРТЫ ПАДДЗАХ

Цæгатафрикæйаг ставдкъæдзил скорпион цæры тæккæ зынвадатдæр æмæ тæвддæр бынæтты. У тугдзых æмæ лæгмар. Йæ маргæй иу æмæ дыууæ лæджы нæ сæмбæлын кодта йе 'цæг дунейыл. Æхсæвыгон змисыл ма 'рхуыссай дæ фæллад суадзынмæ — æвиппайды дыл йæхи андадздзæн æмæ — дæ балгъитæг афтæ! Хæрынмæ та афтæ у, æмæ йæ дзых цас айвæзы,



уыйас аныхъуыры: гæлæбутæ, хæлуарджытæ, чысыл гæккуыритæ, мысты лæппынтæ, алыхуызы уырынгонтæ, суанг ма йæхи йас дыдынбындзытæ дæр. Ноджы ма дон дæр никуы нуазы, уымæн æмæ цы бахæры, уымæй æфсæдгæ дæр бакæны, хæринаджы мидæг цы тæнгъæд вæййы, уымæй та йæ дойны басæтты. Иуæй-иу хатт бахæры йæ цоты дæр. Дзæгъæлы сæ нæ хонынц каннибалтæ. Цæвиттоны хъуыддагæй, сæ хойраджы дæсæм хай сæхиуæттæ сты. Сæ хъазын афон куы 'рцæуы, уæд сын фыццаг бацайдагъ вæййы кафт, чындзæхсæвы кафт хуыйны.

Æмæ се схъазыны хæдуæлвæд нæл скорпион хъуамæ æвæстиатæй йæ сæр бафснайа. Арæх рауайы афтæ, æмæ йын алидзын нæ бантысы, уымæн æмæ йыл сыл скорпион йæхи æвиппайды ныццæвы æмæ йæ бахæры. Æцæг, иннæ цæрæгойтæй скорпионты маргæй чи нæ тæрсы æмæ сын сæхимæ бахъав-бахъав чи кæны, ахæмтæ дæр ис. Зæгъæм, уыг, калм, хæлынбыттыр, гæккуыри.

* * *

Аввæ Диадох дзырдта, абанайæн, дам, йæ дуæрттæ æдзух фегомфегом куы кæной, уæд чысылгай йæ тæвд æддæмæ рацæудзæн; бирæ дзурын чи уарзы, уымæн дæр, дам, йæ гом дзыхæй цыфæнды сызгъæринтæ куы хауа, уæддæр йæ хъарм рацæуы æмæ фесæфы.

* * *

Уыди дыууæ чырыстон зæронды. Цардысты иу цары бын, æмæ се 'хсæн загъд никуыма рауад. Иу хатт сæ иу иннæмæн загъта:

— Цæй æмæ мах дæр иннæ адæмау загъд самайæм не 'хсæн.

Уый йын дзуапп радта:

— Нæ зонын, загъд куыд амайгæ у, уый.

Фыццаг та йын загъта:

— Не ‘хсæн агуыридур æрæвæрдзынæн æмæ зæгъдзынæн: «уый мæн у», ды дæр зæгъдзынæ: «нæ, уый мæн у», æмæ байдайдзыстæм загъд кæнын.

Загъд амидингæнæг сæ дыууæйы æхсæн æрæвæрдта агуыридур æмæ загъта:

— Уый мæн у.

Иннæ дæр загъта:

— Нæ, уый мæн у.

Уæд фыццаг куырыхон афтæ бакодта:

— О, о, дæу у, райс æй æмæ йæ ахæсс.

Æмæ дыууæ зæрондæн сæ быцæу нæ фæрæстмæ.

* * *

Иу рагон куырыхон лæг, аввæ Дорофей, афтæ загъта:

— Цæй хуызæн сты сæрныллæг æмæ сæрбæрзонд? Дыууæ бæласы хуызæн сты. Сæ иу у дыргъдæттæг зад бæласау. Умæн йæ дыргъты уæзæй йæ къалиутæ æркъул вæййынц æмæ зæххыл æрæмбæлынц. Иннæ та у, дыргъ чи нæ дæтты, ахæм бæласау. Умæн та йæ къалиутæ арвырдæм уыцы æмрастæй ныййарц вæййынц, умæн æмæ сыл дыргъ нæ зайы æмæ сын нæ уæз кæны.

## УАРЗТЫ ÆДЗÆМ НЫХАС

Уыдис иу лæг, Хуыцауы нымд, хибарцардгæнæг. Ард бахордта Хуыцауы кадæн мадзурайæ фæцæрыныл, ома, цæрæнбонты йæ дзыхæй иу дзырд дæр кæй никуы схаудзæн, ууыл. Умæн æмæ йæ зæрдæйы арф æмбæхст уыди Хуыцауы ныхас:

— Зæгъын уын: алы æнæуувылд ныхасы тыххæй дæр адæм тæрхоны бон ратдзысты дзуапп. Дæ ныхæстæ дæ сраст кæндзысты, йе та дæ ныхæсты тыххæй тæрхонгонд уыдзынæ. *(Мф. 12, 36-37)*

Гъе умæ гæсгæ Хуыцауæн радта дзырд, цæрæнбонтæм йе ‘взаг кæй ныббæтдзæн, æмæ дзы иу ныхас дæр кæй никуы ничи фехъусдзæн, уый тыххæй. Афтæ æмырæхгæд уыд йæ дзых, æмæ йæ исты зæгъыны охыл суанг йæ фыны дæр никуы байгом кодта. Æцæг, йæ мид-зæрдæйы æнæрынцойæ стыдта Дунедарæг Хуыцауы, кодта Йын кады æнæкæрон зарæг.

Зæронд чырыстон хибарæй кæм цард, уырдæм æвваху уыд иу хъæу. Æмæ хъæуы цæрджытæ хойрагæй цух никуы уагътой зæрондлы. Ай та сын лæвæрдта йæ уарзондзинад æмæ сын куывта Хуы-

цаумæ: рæстгæнæджы куывдтытæй зынаргъдæр дунейыл цы ис?

Фæлæ дæлимон хинæйдзаг кæм нæу, æмæ иуахæмы хъæуы цæрджытæн сæ мыды къусы къæм абадти. Чысыл зынджы стъæлфæн ссыгъд æмæ йæ, быцæугæнджыты бафидауыны охыл, æвæстиатæй ахуыссын кæнын хъуыди, цалынмæ нæ рапарахат, æмæ гуыр-гуыргæнгæ арт гъæйттæй нæ ныггуыпп ласта, уæдмæ. Науæд бирæ зиантæн æнæ 'рцæугæ нæ уыд. Уæд хъæуы дзырддзæугæтæ баныхас кодтой, уыцы куырыхон дзуарылæгмæ фæцæуæм æмæ йæ зондæй бафæрсæм, быцæугæнджыты дæр кæд йæ цæстуарзон уайдзæфтæй басабыр кæнид, зæгъгæ.

Ацыдысты йæм, уæдæ цы уыдаид, æмæ йын хабар радзырдтой. Фæлæ зæронд йæ къухæй йæ былтæм ацамыдта, æмбарын сын кодта, йæ былтæ йæ амæлæты бонмæ баст кæй сты, уый. Куы нал æмæ йæ нал уагътой, уæд, мæгуыр, йæ цæссыг æркалд, лæгъзтæгæнæгау-иу сын зæххы онг æркуывта, уый тыххæй мæм ма хатут, зæгъгæ. Фæлæ йын минæвæрттæ цæхгæр загътой:

— Дæ цæстуарзон ныхас нын куы нæ ракæнай, уæд дæ нæ удты тæригъæдæй Хуыцау бафхæрдзæн. Æрмæст дæу бон у мах фервæзын кæнын, уымæн æмæ дæ алчи дæр нымайы æмæ дæм байхъусдзысты. Кæд æмæ нæ дæ зæрдæ нæ райы, уæд та цы бакæнæм, фæку нын нæ мæлæтыл. Фæлæ де 'взаг кæй номыл ныббастай, уыцы Чырысти дæм бадзурæд æмæ дын зæгъæд Йæ фæндон. Мах та дæм тæккæ ацы хуыцаубон æнхъæлмæ кæсдзыстæм нæ аргъуаны; æрбацæуай, ма 'рбацæуай, уæддæр дæм кæсдзыстæм æнхъæлмæ.

Афтæ йын куы загътой, уæд хъынцъымгæнгæ ацыдысты. Зæронд лæг ноджы тынгдæр мархо дардта æмæ куывта...

Мæнæ ралæууыди нысангонд бон дæр. Хъæуы дзыллæ иууылдæр райсомæй раджы аргъуанмæ æрæмбырд ысты. Фæлæ сæм сæ уарзон дзуарылæг нæ цыд. Уалынмæ æризæр. Аргъуан адæмæй — йедзаг, ныронг дзы йæ бынатæй змæлгæ дæр ничима фæкодта.

Æвиппайды райхъуыст кæйдæр мынæг сусу-бусу, æмæ адæм базмæлыдысты:

— Дзуарылæг æрбацæуы. Нæ Хуыцау нæ дзæгъæл нæ ныууагъта!

Зæронд лæг бацыд аргъуанмæ, æмæ йын адæм æгуыппæгæй æнхъæлмæ кастысты йæ ныхасмæ. Фæлæ уый, æнæдзургæйæ райста сойын цырагъ æмæ бацыд, аргъуаны мидæг цы стыр Дзуар уыд, уымæ. Изæр кæй уыд, уымæ гæсгæ аргъуаны уыди талынг.



Æмæ зæронд лæг судзгæ цырагъ цадæг бахаста Дзуарыл тыгъд Йесойы цæсгоммæ; Йесойы сæрыл цы сындзын худ уыди, уымæ йæ куы бадардта, уæд разындысты Йæ сæры тугæрхæмтæ; Йæ цæстытæм Ын æй куы бадардта, уæд Ын сæ адæм федтой цæссыгæйдзагæй. Уый фæстæ йæ цырагъ цадæг бахаста, Йесойы рахиз къух Дзуарыл хуыд кæм уыд, уырдæм, æмæ Йæ сыгъдæг туг кæцæй лæдæрсти, уыцы цæф Ын срухс кодта. Стæй йæ сойдзырагъ цадæг баввахс кодта, Йесойы галиу къух Дзуарыл хуыд кæм уыд, уырдæм, æмæ срухс кодта, уым Йæ цæфæй цы нывонды туг лæдæрсти, Хуыцауæн адæмимæ бафидауыны сæраппонд кæй ныккалдта, уый. Уый фæстæ йæ зонгуытыл æрлæууыд æмæ Ирвæзынгæнæгæн срухс кодта Йæ къæхты цæфтæ, Ног Фæдзæхсты туг кæцæй лæдæрсти, уыдон. Уæд йæ сойдзырагъ бахаста, арц Йесойы фæрсчытæ кæм батыдта æмæ Мыггагмæйы Царды туг æмæ дон кæцæй ракалдысты адæймаджы йæ тæригъæдтæй æрæхсынмæ æмæ йæ балхæнынмæ, уыцы бынатмæ... Æппынфæстаг дзуарылæг судзгæ цырагъ йæ бынаты сæвæрдта æмæ æнæуынæр къахдзæфтæй аргъуанæй рацыд. Аргъуаны адæм æмдзыхæй ныккуыдтой. О, уый æцæг Уарзты «ныхас» уыд: æгæрон Уарзты, æппæтхатыргæнæг Уарзты, Хуыцауы Уарзты ныхас адæймагмæ. Æмæ сеппæт дæр бамбæрстой, Хуыцауы уыцы уарзты цур адæймаджы фыдæхæн бынат кæй нæй, уый. Уыцы Уарзты уæларвон гармонийы хъуамæ баиу уой иууылдæр, æмæ хъуамæ макæй фыдæх бафта уыцы æгæрон Уарзты фурдыл... Афтæ гъе! Дзыллæ бафидыдтой, кæрæдзи бауарзтой сеппæт дæр, неппæтæн дæр Чи ныббарста, уыцы Чырыстийы номæй кæрæдзийæн ныббарстой, æмæ сау фыдæх сау маргъау ацы хъæубæстæй мыггагмæ фæтахти.

* * *

Иу чырыстон лæгæн иннæуыл йæ зæрдæ фæхудти, бацыд аввæ Сисоймæ æмæ йын зæгъы:

— Ахæм æмæ ахæм мæ зæрдæхудты бацыд æмæ дзы хъуамæ мæ маст райсон.

Зæронд лæг ын бафæдзæхста:

— Дæхиуыл фæхæц, Хуыцауы бар бакæн дæ хъуыддаг.

Фæлæ ай къæрттæй цъула не 'ппары æмæ йæ фæндон тæры:

— Мæ маст цалынмæ райсон, уæдмæ не 'рсабыр уыдзынæн.

Уæд ын зæронд куырыхон загъта:

— Хуыцаумæ уал скувæм, ме 'фсымæр,— æмæ зæронд лæг йæ зонгуытыл æрлæууыд.— О, Æппæтхъом Хуыцау,— зæгъгæ скуывта,— мауал ныл ауд, Дæ сæр нæ ницæмæн хъæуы — нæ маст дæр нæхæдæг исæм!

Уæд æфсымæр зæронд лæджы къæхтæм æрхаудта æмæ нырдиаг кодта:

— Нал тæрхон кæнын ме 'фсымæрæн... Ныббар мын!

## РОБОТ-КУКЛА



Америкæйы Иугонд Штатты уадзын райдыдтой роботгонд куклатæ. Куклайы аргъ уыдзæн сæдæ доллæры, фæлæ уый хыгъд зоны дзурын, сывæллæттæн у диссаджы хъазæнхъул, ноджы ма семæ хъазгæйæ фылдæр кæны йæ дзырдуаты нымæц дæр æмæ чысылгай йæ зонд свæййы дыууæаздзыд сабийау. Кукла ныкъулы йæ цæстытæ, йæ цæсгом кæны худæджы æнцъылдтæ, худы, кæуы... Сынтæгыл æй куы æрæвæрай, уæд бафынæй вæййы, йæ хуыр-хуыр дæр ма ссæуы. Дæ армытъæпæнæй йын йæ уадул куы адауай, уæд райхъал вæййы.

# ЗÆРДЫЛДАРÆН БЫНÆТТÆ



Джызæлы Ленины уынджы, 55-æм хæдзар. Ам райгуырди драматург, фыццаг дунеон хæсты хъæбатыр Дадианаты Мæхæмæт *(1882 — 1914)*, немыцаг фыссæг Вольдемар Икскулы хорз хæлар. Къамты: номарæн къæй Дадианы-фырт æмæ Икскулæн; Мæхæмæты цырт Джызæлы уæлмæрдты; Мæхæмæты автограф. Къамтæ нæм радта Дадианаты Тамарæ.





Цъары фыццаг фарсыл:
*инæлар Абысалты Елхъан.*

Цъары дыккаг фарсыл:
*Мыстулатæ. Хъамаджын у инæлар Елмæрза.*

Цъары æртыккаг фарсыл:
*Æлдаттаты Алыксандры чызг Тамарæ.*

Цъары цыппæрæм фарсыл:
*Такъæты Дзаххотт.*

---

*Равдысты къамтæ сты Хетæгкаты Къостайы номыл Литературон музейы æрмæг.*

---

* * *


| | |
|---|---|
| *Технический редактор* | *Виктория БОРАЕВА* |
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Компьютерный набор* | *Соня ДЕГОЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |

*Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А.*
*Регистрационный номер Ш-0132*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дугæй» ист кæй у, уый.

**Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств,**
**Союз писателей РСО-Алания**

Подписано к печати 06.10.01.. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л.10. Учетно-изд. л. 8,36. Тираж 1400 экз. Заказ № 437.

*Адрес редакции: 362040, г. Владикавказ, пр. Мира, 25.*
*Телефоны: 33-69-66; 33-31-58; 33-69-62; 33-31-24.*

Журнал отпечатан на Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева
362011, г.Владикавказ, ул. Тельмана, 16.



Индекс 73247

